4

# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

ИЮЛЬ • 2025 • АВГУСТ

4



ІУАЩХЬЭМАХУЭ

2025

# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокІ**

**июль 4 август**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ
ІуэхущІапІэм къыдегъэкІ

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакІуу Хъанджэрий, БищІо Борис,
Гъут Іэдэм, Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь),
Тэтрокъуэ Астемыр, Тхьэгъэзит Юрэ,
ТІымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ

НАЛШЫК
2025

# Псалъащхьэхэр

## ЖьантIэ


*ТхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ илъэс 95-рэ ирокъу*

**НэщIэпыджэ Замирэ.** Зи гугъэр мыухым мыухщ и къарур................ 3
**Истэпан Залинэ.** ТхакIуэ, усакIуэ, зэдзэкIакIуэ цIэрыIуэр ягъэлъапIэ...................................................... 10
**Сэхъурокъуэ Хьэутий.** Шу пашэ...................................................... 14
**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.** АдыгэлI Iущ...................................................... 15
МэшбащIэ Исхьэкъ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр............................... 21
**МэшбащIэ Исхьэкъ.** *Усэхэр*...................................................... 25
**МэшбащIэ Исхьэкъ.** Уафэнэ. *Роман*...................................................... 39
**МэшбащIэ Исхьэкъ.** Кастро Фидель сызэрыхуэзар............................ 60

*ТхакIуэ, щIэныгъэлI МафIэдз Сэрэбий къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу*

**ХьэкIуащIэ Мадинэ.** ЛъэпкъылI щэджащэт........................................ 65
**Мэлей ФатIимэ.** Пщы зэрыхьэ бей мэхъу............................................ 68
**МафIэдз Сэрэбий.** Пшэрыхь зыхущанэхэр........................................ 72
**МафIэдз Сэрэбий.** ЩIакIуэ фIыцIэ. *Повестым щыщ*................. 104


## Литературэ щIэныгъэ. Критикэ


**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** «Зепхьэну мыфейдэми адыгагъэр, щымыIэ ар зезыхьэм къефIэкIа».................. 143


## Усыгъэ


**Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ.** *Усэхэр*.................................................... 157


## Публицистикэ


**Истэпан Залинэ.** Хэхэс гъащIэмрэ нобэрей си дунеймрэ................. 166


## «Iуащхьэмахуэм» и псалъалъэ


**БищIо Борис.** Адыгэ псэлъафэхэр.................................................... 172

---

**Мыкъуэжь Людмилэ.** Псалъэжьрэ къуажэхьу зэхэлъ псалъэзэблэдз.................................................... 174

*ТхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ илъэс 95-рэ ирокъу*





# ЗИ ГУГЪЭР МЫУХЫМ МЫУХЩ И КЪАРУР

Урысейм ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм и зэфIэкIымрэ лъэпкъым хуищIа Iуэхушхуэмрэ пщалъэ гуэркIи къыпхуэлъытэнукъым. Илъэситху дэкIмэ, зы лIэщIыгъуэ ирокъу абы къикIуа гъащIэ гъуэгуанэр. А гъуэгум хэта дэтхэнэ зы махуэри IуэхукIэ, акъылкIэ, гупсысэкIэ гъэнщIауэ щытащ икIи а псори дахэу зэкIэлъыхьауэ ди пащхьэ кърихьэри, лъэпкъ тхыдэм пкъы быдэ хуэхъуащ.

Лъэпкъ щэнхабзэм, урысей, дунейпсо литературэхэм хэлъхьэныгъэ куу хуэзыщIа лIы щыпкъэм и къалэмыр иджыри егъабзэ, жылагъуэ гъащIэми щыжыджэрщ нобэр къыздэсым. Абы и псалъэр ялъытэ, и IэдакъэщIэкIхэр ядж, лэжьыгъэм, гъащIэм зэрыхуэIущым и фIыгъэкIэ республикэм, къэралым, лъэпкъым къахуэщхьэпэн куэд зэфIегъэкIыф.

Къыщалъхуа лъахэмрэ къызыхэкIа лъэпкъымрэ я къуэ пэж МэшбащIэ Исхьэкъ и гъащIэр зэрыщыту тхэным триухуащ. СатыриплI хъу усэхэм щегъэжьауэ, адыгэ тхыдэм кууэ дризыгъэплъэж романхэм я деж щиухыжу, тхылъи 100-м щIигъу къыдигъэкIащ абы. И тхыгъэхэр бзэ куэдкIэ зэрадзэкIащ, и творческэ гъуэгуанэмрэ жылагъуэ Iуэхухэм щызэфIигъэкIамрэ папщIэ литературэ саугъэтхэр, дамыгъэ лъапIэхэр, орденхэр, медалхэр къыхуагъэфэщащ.

ПщIэ къыщIыхуащI а псом ефIэкIыу хэлъ цIыхугъэрщ МэшбащIэм и щхьэр зыгъэлъапIэр, и гум и къабзагъымрэ и псэм и хьэлэлагъымрэщ и гъуэгур хуэзыгъэнэхур. ГъащIэм и дыджым къимыгъэшу, ехъулIэныгъэм и щхьэр имыгъэуназэу къэгъуэгурыкIуати, цIыху нэсу къызэтенащ, жылэм пщIэ къыхуащIрэ лъэпкъым илъытэу.

*МэшбащIэ Исхьэкъ 1930 гъэм Краснодар щIыналъэм хыхьэ Щхьэщэхуж къуажэм къыщалъхуащ. 1951 гъэм Адыгей педагогикэ училищэр, Горький Максим и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтыр 1956 гъэм ехъулIэныгъэкIэ къиухащ. КПСС-м и ЦК-м и Парт школ нэхъыщхьэм журналистикэмкIэ и факультетым щеджащ. 1949 гъэм щегъэжьауэ и тхыгъэхэр къытрадзэ.*

*Абы лъандэрэ тхакIуэм адыгэбзэкIэ къыдигъэкIащ и усэхэмрэ поэмэхэмрэ зэрыт тхылъхэр: «ЦIыху лъэщхэр», «Си дуней», «УэрэдыщIэ», «Вагъуэ бын», «Пшыналъэ», «Псысэ-гупсысэхэр», «Лъэмыжхэр», «Дыгъэгъазэ», «Дыжьын уэшх», «Гъатхэ уэгум и уэрэд», «Шу мафIэ», «Вагъуэ лъагэм и нэхупс», «Махуэбгым и дыгъэ хуабэ», «ФIым и лъагъуэ», «Тхылъищ хъу тхыгъэ къыхэхахэр», «ТхылъитI хъу усэ, поэмэ къыхэхахэр», «Зэманым и шэрхъ», «ПсынэщIэж», «СатыриплIхэр», «УсэкIэ тха псысэхэр», нэгъуэщIхэри. Романхэу: «Ягъеяхэм япэплъэжыркъым», «ЦIыхур тIэу къалъхуркъым», «Жэщ лъагъуэхэр», «Бзикъуэ зауэ», «ЩIыгу хъурей», «ФIы щIэи, псым хэдзэ», «Гуащэней», «Мывэ щхьэлхэр», «ГъэритI», «Хьан-Джэрий», «Ридадэ», «Адыгэхэр», «КъуэкIыпIэмрэ КъухьэпIэмрэ», «Айшэт», «Джасус», «ЩIыгумрэ уэгумрэ щызэпыхьэм сыт щыIэр?», «Ирахуахэр», «Хэхэсхэр», «Тхылъ тIощI хъу тхыгъэ къыхэхахэр», нэгъуэщIхэри. Ильэс зэхуэмыдэхэм Мейкъуапэ, Краснодар, Налшык, Москва урысыбзэкIэ къыщыдэкIащ тхылъ куэд.*

*МэшбащIэм адыгэ литературэм хуищIа хэлъхъэныгъэм папщIэ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ цIэ лъапIэхэр къыфIащащ, Кубаным гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, СССР-мрэ Урысей Федерацэмрэ я Къэрал саугъэтхэм, Шолоховым, Островскэм я цIэкIэ щыIэ литературэ саугъэтхэм я лауреатщ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и саугъэт нэхъыщхьэри къратащ.*

*Къыщалъхуа и хэкум и литературэм зэрызригъэужьам папщIэ абы къыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» урысей орденым и II, III, IV нагъыщэхэр, «Лъэпкъ Зэныбжьэгъугъэ» орденыр, «УФ-м ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр, «Адыгейм и ЩIыхь» медалыр, Адыгэ Республикэм и Къэрал Советым-Хасэм и «Хабзэ. Къалэн. ЩIыхь» дамыгъэ нэхъыщхьэр, Абхъазым къыщратащ «ПщIэмрэ ЩIыхьымрэ» орденыр, «Кубаным и зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхъэныгъэм папщIэ» медалым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ. Исхьэкъ илъэс куэдкIэ щытащ Адыгэ Хэку Советым, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм я депутату, иджыпсту УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэтщ.*

*МэшбащIэм итхащ Адыгэ Республикэм и Гимным щIэль псалъэхэр. АдыгэбзэкIи урысыбзэкIи и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ купщIафIэ-*

*хэм нэмыщI, урыс тхакIуэшхуэхэм я тхыгъэхэр, КъурIэныр адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ, и усэ куэдым макъамэ щIалъхьэри, уэрэд цIэрыIуэ хъуащ. Абы и IэдакъэщIэкIхэр инджылызыбзэкIэ, испаныбзэкIэ, нэмыцэбзэкIэ, китаибзэкIэ, франджыбзэкIэ, хъэрыпыбзэкIэ, тыркубзэкIэ, чеххэм, лыхъхэм, болгархэм я бзэхэмкIэ зэрадзэкIащ.*

*МэшбащIэ Исхьэкъ Адыгэ Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм илъэс 60-м нэблэгъауэ и тхьэмадэщ, Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я союзым и тхьэмадэм и къуэдзэщ, СНГ-м хыхьэ къэралхэм я ТхакIуэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и ГъэзэщIакIуэ гупым и унафэщIым и къуэдзэщ, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Ипщэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм егъэщIылIауэ лажьэ Нэхъыжьхэм я советым хэтщ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэщ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Абхъаз Академием я академикщ.*

*Адыгэ къэрал университетымрэ Мейкъуапэ къэрал технологие университетымрэ щIыхь зиIэ я докторщ, Мейкъуапэ къалэм щIыхь зиIэ и цIыхущ.*

## ТхакIуэшхуэм и къежьапIэр



Исхьэкъ къызыхэкIа лъэпкъым Щхьэщэхуж къуажэм и губгъуэхэм япэу гъавэ щытрасащ, аращ я унагъуэцIэр къызытекIари – мэш бэв хасащ. Бакъ ипхъу и анэ МыIуминати зыщыщ Дэунэжхэ аращ щетIысэхар. ЛъэпкъитIми я сабийхэр а жылэм къыщалъхуащ, я лъэ щытеуващ, гъащIэм и дыджымрэ и IэфIымрэ щызыхащIащ.

Исхьэкъ и адэр ицIыхужыркъым. И ныбжьыр илъэс 50 иримыкъуауэ, сабиитхум ящхьэщыукIуриикIащ ар. ТхакIуэм и ныбжьыр илъэсищ къудей ирикъуауэ арат абы щыгъуэ.

– «Уи адэм и Iуэху щIэкIэр, и гупцIанагъыр, и хьэлэлагъыр, и цIыхугъэр, и зекIуэкIэр...» – жиIэурэ и хъыбарым хэтурэ си анэм сигъэцIыхужащ, фIыуэ сигъэлъэгъуащ си адэр. Абы и ныбжьэгъухэм къызэраIуэтэжамкIи, ар лIы быдэт, лэжьакIуэшхуэт. Ар хахуэу, лIыгъэ хэлъу зэрыщытар къуажэдэсхэм зэIэпахыу ягъэхъыбарырт, псалъэм папщIэ, и дамащхьэм хьэжыгъэ къэп телъу зригъэзыхыурэ етIуанэ къэпыр дзэкIэ къиштэу щытауэ жаIэж. Уи гуащIэрэ уи пщIэнтIэпскIэ къэблэжьам нэхъ лъапIэрэ нэхъ IэфIрэ зэрыщымыIэр ищIэрти, зыщымысхьыжу лажьэрт. Уеблэмэ щIыр ивэу, зы выр лъэрымыхь хъуати, си адэм пхъэIэщэр зыпщIэхилъхьэу етIуанэ вым и гъусэу щываи къыхуихуащ. Мис апхуэдэт си адэр, – игу къегъэкIыж Исхьэкъ. – Гугъу ехьащ ди анэр, си шыпхъу нэхъыжьитIыр, Аслъэнхъанрэ Гуэщсымрэ, фэрэкI узыфэм ихьащ, си къуэшищымрэ сэрэ зы шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIу диIэти, ари гуузу лIащ гъаблэ зэманым.

Къапщтэмэ, ди сабиигъуэр зыхиубыда лъэхъэнэр гъаблэ зэманти, псом я дежкIи гугъуехьышхуэт. Ди адэшхуэмрэ анэшхуэмрэ мыхъуамэ, дэри дыкъелыну къыщIэкIынтэкъым абы, ахэр хуабжьу

къыддэIэпыкъуащ. Фызабэу, сабий быну къэна и пхъур Дэунэж Бакъ и деж ишэжри, къытхуэсакъащ. Ди адэр пасэу лIэуэ ибэу дыкъызэрынар къыттрагъэхьэлъакъым адэшхуэмрэ анэшхуэмрэ, Бакъ адэ папщIэу диIащ. Си анэшхуэ Чэбэхъан Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ Беслъэней жылэм щыщт, Хьэтухэ япхъут.

Си адэшхуэр фIыуэ щыгъуазэт адыгэ тхыдэм – тхылъым къриджыкIауэ аратэкъым, атIэ гъащIэм щызэхихат. ПщылIыпIэм ита и адэ Хьэжумар хьэзабу телъар и щхьэкIэ игъэунэхуат, жаIэжуи зэхихат. Абы и гурыхуагъэр умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым, хъыбарыжьхэри, псысэхэри, тхыдэм щыщхэри куэду ищIэрт, ахэр къиIуэтэжынкIэ Iэзэ дыдэт. Япэ дыдэ нарт Сосрыкъуи, Сэтэнеи, Iэдиихуи, Лъэпщи я гугъу къысхуэзыщIар аращ. Ди анэшхуэмрэ ди анэмрэ КъурIэным пщIэшхуэ хуащIу щытащ, дахэу еджэрт, нэмэз ящIырт. КъикIыр къызгурымыIуэ пэтми, сфIэфIт си анэр абы щеджэкIэ сыщIэдэIуну.

## БлэкIам и дерсыр щапхъэу къытхуихьу

Адыгэм и тхыдэр къыщыгъэлъэгъуэжа роман купщIафIэ куэд и Iэдакъэ къыщIэкIащ МэшбащIэм. Абыхэм укъыщеджэкIэ блэкIамрэ нобэмрэ зэрызэрипхыфыр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Адыгэм и дыгъуасэм хэта нэпсымрэ гузэвэгъуэмрэ, зэныкъуэкъумрэ зауэ гуащIэмрэ, хьэзабымрэ гухэщIымрэ уи нэгу къыщIэзыгъэхьэ сатырхэм укъоджэри, тхылъыр зэхуэпщIыжа нэужь, адыгэу укъызэралъхуам уримыгушхуэнкIэ Iэмал имыIэу гум къинэр лъэпкъым къыдекIуэкIыу щыта хабзэрщ, пэжыгъэрщ, гуапагъэрщ, лIыгъэрщ, хахуагъэрщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Исхьэкъ и романхэмкIэ къэкIуэнум дыхуэзышэ гъуэгур тхуегъэнэху.

– Дэ ди блэкIам къыхэтхын хуейр гуIэгъуэмрэ нэпсымрэкъым, атIэ лIыгъэм, зэпIэзэрытыныгъэм, гуапагъэм я щапхъэрщ, ахэр дерс яхуэхъуну къысщохъу си тхылъым еджэхэм, – жеIэ абы. – Уи лъабжьэм и къежьапIэмрэ уи блэкIам къыхэпх дерсымрэщ къэкIуэнум и гъуэгур зыубзыхур.

Ди щхьэщыгу ит дыгъэр илъэс мин бжыгъэ лъандэрэ и хуабэмкIэ гуашэу апхуэдэщ, лъэпкъ зэхэгъэж имыщIу, апхуэдабзэщ цIыхур псы Iубыгъуэ хуэзымыгъалIэ псыIэрышэхэри, гъавэ къызытрах щIы берычэтри. Апхуэдэ гупсысэщ си тхыдэ романхэм щыпхышар. Уи лъэпкъым и узыфэхэмрэ и гурыфIыгъуэхэмрэ умыщIэмэ, уи дыгъуасэмрэ нобэмрэ зумыгъэпщэфмэ, тхакIуэ, лэжьакIуэ, политик е цIыху зэпIэзэрыт къыпхэкIыну?

Сэ сызыхуейр зыщ – адыгэм и тхыдэ пэжымрэ и щэнхабзэ къулеймрэ къыдэкIуэтей щIэблэм ящымыгъупщэнырщ. ИкIи абы теухуауэ си щIэджыкIакIуэхэм я гупсысэхэр къыщысхуаIуатэм деж си гуапэ мэхъу.

## Псалъэмрэ бзэмрэ зи лъабжьэ

Исхьэкъ и романхэм цIэрыIуэ ящIар езым и закъуэкъым, атIэ ди лъэпкъыр къэрал куэдым къащригъэцIыхуащ, адыгэм и псэкупсэ къулеигъэр нэгъуэщIхэм захригъэщIэфащ. Абы къыдэкIуэуи, и IэдакъэщIэкIхэм къыдэкIуэтей щIэблэм я лъэпкъ зэхэщIыкIыр зэфIигъэувэу, хэхэс адыгэхэм фIэщхъуныгъэ яхилъхьэжу, ди тхыдэм дерс щхьэпэ куэд къыхыдигъэхыу къызолъытэ. А псом езгъэфIэкIыр адыгэбзэкIэ зэрытхэращ. Урысейм и тхакIуэ нэхъыфIхэм хабжэ МэшбащIэ Исхьэкъ анэдэлъхубзэкIэ тхэжу и хэку зэрисыжым къыпэкIуэ фIыгъуэр пщалъэ гуэркIи къыпхуэлъытэнукъым.

Абы зэрыжиIэмкIэ, тхакIуэр щыпсэун хуейри щылэжьэн хуейри къыщалъхуа и лъахэрщ. И адэжь хэкум гурыщIэ къабзэ хуимыIэмэ, абы и тхыдэм щымыгъуазэмэ, и блэкIамрэ и щыIэкIэмрэ имыщIэмэ, лъэпкъ таурыхъхэмрэ уэрэдыжьхэмрэ щIамыпIыкIамэ, и анэдэлъхубзэр имыгъэшэрыуэмэ – лъэпкъ тхакIуэ щыIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Ар Москва щылэжьэну куэдрэ ирагъэблэгъащ: Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и Правленэм и секретару, ТхакIуэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и ГъэзэщIакIуэ гупым и унафэщIым и къуэдзэу, «Октябрь» литературэ-художественнэ журналым и редактор нэхъыщхьэу... Зэгупсысыпхъэт, ауэ егупсысакъым. «Сэ сыкъулыкъущIэкъым, сэ сытхакIуэщ, сылъэпкъ тхакIуэщ. Сэ сIэщIэлъ Iэщэ нэхъыщхьэр си адыгэбзэрщ. Сыт Москва сыкIуэкIэ сызытетхыхьынур? Зыщысхъуэжынут абы. Сэ сызэреплъымкIэ, тхакIуэр и лъэпкъ хэсыжын хуейщ, и лIыхъужьхэм къаухъуреихьу, арыншамэ купщIэ зиIэ гуэри IэщIэтхыхьынукъым», – жеIэ абы.

А купщIэр къигъуэтын папщIэ, куэд «зэрегъэдзэкI» тхакIуэм, къыкIэлъыкIуэ тхыгъэм иужь щихьам деж. Езым къызэрыджиIамкIэ, ику иту къапщтэмэ, зы романыр зы илъэскIэ егъэхьэзырри, зы илъэскIэ етхыж. Дауи, куэд щIэбджыкIын, зэбгъэзэхуэн хуей мэхъу, ар жанрым къыхуигъэув къалэнщ. Ар сыт щыгъуи йоджэ ди щIэныгъэлIхэм адыгэм теухуауэ ятххэм. Абы и мызакъуэу, роман зэхуэмыдэхэм иужь иту ар щылэжьащ Москва, Ленинград, Краснодар, Тбилиси, Ставрополь, Истамбыл, Париж, Тегеран, Дамаск, Каир щыIэ архивхэм. Абы и IэкIэ иIыгъащ лIэщIыгъуэ зэхуэмыдэхэм адыгэхэм я щыIэкIэ-псэукIэм теухуауэ зыплъыхьакIуэ цIэрыIуэхэм ятхахэр, блэкIа жыжьэм къыщыхъуа-къыщыщIахэм ехьэлIауэ ятхыжа дэфтэр гъэщIэгъуэнхэр. ЩIиджыкIащ урыс офицерхэм, генералхэм я гукъэкIыжхэр, хамэ къэралхэм щыщ тхакIуэхэм, тхыдэтххэм, дипломатхэм я IэдакъэщIэкIхэр.

## ГурыфIыгъуэмрэ гугъуехьымрэ къагъэщI дуней

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я цIыхум езым и дуней иIэжу къысщохъу. Ар тхакIуэмэ, а къигъэщI романым щопсэу, къигъэщI образхэм къаухъуреихьу. Абы теухуауэ МэшбащIэм жеIэ:

– Литературэращ си гъащIэ хъужыр. Сыщыпсэу «дунейм» и гугъу пщIымэ, ар сыщытхэ стIолым деж щесхьэкI гъащIэращ. КъызэрыгуэкI цIыхум къыгурыбгъэIуэфынукъым тхакIуэм и художественнэ дунейр зыхуэдэр, абы къысхуихь гурыфIыгъуэмрэ гупсэхугъуэмрэ яхуэсIуатэкIэ сызэхащIыкIынукъым. Ауэ, ухуей-ухуэмейми, а гъащIитIыр зэдепхьэкIын хуей мэхъу. ИтIани, сэ насыпыфIэ сызыщIыр си лэжьыгъэм къысхуихь дэрэжэгъуэрщ. Тхэным сыхилъэса? – мы дызытет дунейр сщогъупщэж. Абыи щокIуэкI а псори: цIыхухэр къыщалъху, щолIэж, апхуэдабзэу фIыуэ щызэролъагъу е щызэщоIей, щызэфIонэ, щызокIуж, щогуфIэ, щогумэщI...

Сэ дыкъэзыгъэщIа Тхьэшхуэм фIыщIэ хузощI тхакIуэ зэчийр къызэрызбгъэдилъхьам папщIэ. Сызэрытхэфым си гур хегъахъуэ, си псалъэкIэ си лъэпкъыр, си хэкур, цIыхугъэр зэрысIэтыфым сринасыпыфIэщ. Ауэ, пэжщ, литературэ лэжьыгъэр – гурыфIыгъуэм и закъуэкъым, атIэ гугъуехьышхуэщ. Хьэткъуэ Ахьмэд зэрыжиIэу щытам хуэдэу, узыхуей псалъэр а дакъикъэм къэбгъуэтыныр гугъущ – мастэкIэ псыкъуий къэптIыным хуэдэщ.

ЦIыхухэр тхакIуэм и цIэрыIуагъым, и щIыхьым йохъуапсэ. Ауэ абыхэм ящыщу мащIэ дыдэщ тхакIуэр зэрыщхьэзакъуэр зыщIэр. ТхакIуэр сыт щыгъуи и закъуэу къыбгъэдонэ тхылъымпIэ напэ хужьым. Абы нэхъ гъунэгъу дыдэу иIэ цIыхури сэбэп къыхуэхъуфынукъым а зыхуэныкъуэ псалъэр къигупсысынымкIэ, и нэгу щIэт образыр и кIэм нигъэсынымкIэ, сюжет гъэщIэгъуэн итхынымкIэ. Ягъэгушхуэфынущ, чэнджэщ иратыфынущ, ауэ и тхылъымпIэ напэр из ящIыфынукъым.

Илъэс 70-м щIигъуауэ литературэ губгъуэм ситщи, зы сатыр щызмытха зы махуи блэкIакъым.

А губгъуэм къизыш нэгъуэщI къалэн куэди и пщэ дэлъщ Исхьэкъ. Адыгэм и Iуэху дэгъэкIынми, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэр егъэфIэкIуэнми хузэфIэкI хелъхьэ. Гу лъызотэ хэгъэгу Iэтащхьэхэм япыщIауэ зэрыщытым, УФ-м и Жылагъуэ палатэм лэжьыгъэшхуэ щрегъэкIуэкI, щIэх-щIэхыурэ Москва мэлъатэ. АбыкIэ жысIэну сызыхуейр тхакIуэр политикыу икIи жылагъуэ лэжьакIуэ лъэщу  зэрыщытыфым и щапхъэ къызэригъэлъагъуэрщ.

– ТхакIуэхэр жылагъуэ гъащIэм пэIэщIэу щытыфынукъым, – жеIэ абы. – ЦIыхур зыгъэпIейтейхэмрэ дунейм къыщыхъу-къыщыщIэхэмрэ си нэр хуэзуфIыцIу си хьэлкъым. Сэ япэми сыхэту щытащ жылагъуэ Iуэхухэм – Адыгэ областымрэ Краснодар краймрэ я цIыхубэ депутатхэм я Советым сыщылэжьащ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм сыхэтащ. Ар тхакIуэм зэран къыхуэхъурэ? НтIэи хьэуи жыпIэ хъунущ. Зэран къыщIыпхуэхъур зэман куэд зэрыпфIихьырщ, ауэ и сэбэпынагъыр нэхъыбэщ. Сыту жыпIэмэ, дунейм щекIуэкIымрэ гъащIэр зэрызэхэлъымрэ кууэ ухегъэгъуазэ. Ахэр умыщIэмэ, сыти уи тхакIуэ?!

УФ-м и Жылагъуэ палатэм утыку къыщисхьэну нэхъ сфIэщхьэпэр лъэпкъ Iуэхуращ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Урысейм и шынагъуэнша-

гъэр щыпсэу лъэпкъ цIыкIухэм я зэкъуэтыныгъэм епхауэ къызолъытэ. Нобэ Урысейм япэ щигъэщын хуейр сыт? Иджыри зэ къытызогъэзэжри, жылагъуэм и зэкъуэтыныгъэрщ.

## Гъуэгуанэм къыпызыщэ

И ныбжьыр илъэс 95-рэ хъуми, и лъэр жану, игурэ и щхьэрэ зэтелъу, цIыхубэм пщIэшхуэ къыхуащIу апхуэдэщ Исхьэкъ. Илъэсищэм нэблэгъами, и лъэкIыныгъэмрэ акъылымрэ тыншу иропсэуф. «Си щхьэ сыщыгугъыжу, гъащIэм къыспигъаплъэ гугъуехьхэм сазэрыпэлъэщын къару сиIэу сыкъогъуэгурыкIуэ, – жеIэ абы. – КъызэхъулIахэри куэд мэхъу, къыздэмыхъуари мащIэкъым. Творчествэм и гугъу пщIымэ, си лъагъуэр сэ езым пхысшыжащ – абы сропагэ. Зыри къыздэмыIэпыкъуауэ жысIэфынукъым. Сыту жыпIэмэ, щIэгъэкъуэнышхуэ къысхуэхъуащ тхэныр зи IэщIагъэ си урыс ныбжьэгъухэр: си япэ тхылъхэр Москва къыщысхудэзыгъэкIауэ щыта Чуковский Корней, Светлов Михаил, Литинститутым сыщIэсу гу къыслъатэу, УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм сыхэзыгъэхьа Михалков Сергей, Кончаловская Наталье, си хэкуэгъухэу КIэрашэ Тембот, КIыщокъуэ Алим, Еутых Аскэр, Кулиев Къайсын, нэгъуэщIхэри. Ноби си тхылъхэр къысхудэзыгъэкI, мылъку зыбгъэдэлъ си ныбжьэгъухэм сахуэарэзыщ.

Исхьэкъ и къалэмыр иджыри матхэ. Иужьрейуэ абы къыдигъэкIа «Уафэнэ» тхылъыр теухуащ Леонардо да Винчи и анэ адыгэ бзылъхугъэм, ар утыку къыщрихьауэ щытащ Налшыки. Иджыпсту тхылъ тедзапIэм щIэлъщ ТIрахъуэ Лу теухуауэ итхар, «Лу»-щ романым фIищар.

Илъэс 95-м ебакъуэмэ, зэлэжьыну романым гъунэ ирилъащ МэшбащIэ Исхьэкъ. Ар Iуэхуншэу, тхыгъэншэу зэи щысакъым, иджыри шы жэр тес шуууэ и творческэ гъуэгуанэм къыпещэ. И гугъэхэмрэ мурадхэмрэ иджыри иухакъыми, и къаруми зэфIэкIми Тхьэм къыхупищэ ди нэхъыжь лъапIэм.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,**
*АР-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я журналист*

# ТХАКIУЭ, УСАКIУЭ, ЗЭДЗЭКIАКIУЭ ЦIЭРЫIУЭР ЯГЪЭЛЪАПIЭ

Адыгэ Республикэм, Кавказ Ищхъэрэм, Урысей Федерацэм я щэнхабзэм зи IэдакъэщIэкIхэмкIэ увыпIэшхуэ щызыубыда тхакIуэ, усакIуэ, адыгэ литературэм и классик МэшбащIэ Исхьэкъ и илъэс 95-м и щIыхькIэ пшыхь дахэ къыщызэрагъэпэщ Адыгэ Республикэм и къалащхьэ Мейкъуапэ.

ТхакIуэ цIэрыIуэм и гъащIэм, лэжьыгъэм теухуа зэхыхьэм хэтащ АР-м, КъБР-м, КъШР-м я лIыщхьэхэу КъумпIыл Мурат, КIуэкIуэ Казбек, Темрезов Рашид, Абхъаз Республикэм и вице-президент Бигвавэ Беслъэн, Абхъазым и президенту щыта Бжание Аслъэн, Краснодар крайм и Iэтащхьэм и администрацэм Къэрал кIуэцI политикэмкIэ и департаментым и унафэщI Бородавкэ Александр, Адыгэ Республикэм и япэ Президенту щыта Джарым Аслъэн, а къулыкъум пэрыта, АР-м и къэрал чэнджэщэгъу ТхьэкIушынэ Аслъэн, къэрал, политикэ лэжьакIуэ Абдулатипов Рэмэзан,  УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр, Федеральнэ Зэхуэсым сенатору щыIэхэр, лъэпкъ интеллигенцэр, министрхэр, депутатхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.

Ди республикэм икIащ КъБР-м и Iэтащхьэр зи пашэ лIыкIуэхэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Говоров Сергей, КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу щыIэ Зумакулов Борис, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз сымэ.

ЗэIущIэр къызэIузыха, АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат къызэрыхигъэщамкIэ, ди лъэпкъэгъу лIы щэджащэр щалъытэр Кавказ Ищхъэрэм и закъуэкъым, атIэ къэрал щэнхабзэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа цIыху цIэрыIуэщ. МэшбащIэ Исхьэкъ и махуэ лъапIэм ирихьэлIэу къэрал IэнатIэ лъагэхэр зыIыгъ унафэщI куэдым хъуэхъу телеграммэхэр къыхуагъэхьащ.

КъумпIылыр къеджащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир ди лъэпкъэгъу тхакIуэ цIэрыIуэм къыхуигъэхьа телеграммэм:

«ПщIэ зыхуэсщI Исхьэкъ Шумахуэ и къуэ! Уи ныбжьыр илъэс 95-рэ зэрырикъуамкIэ си гуапэу сынохъуэхъу. Литературэ зэчий къызэрымыкIуэ зэрыббгъэдэлъым, куэд зэрыпхузэфIэкIым, фIыуэ плъагъу IэнатIэм уи гур етауэ узэрыпэрытым я фIыгъэкIэ Iэзагъ ин къызыкъуэпхыфащ, тхакIуэ, усакIуэ, зэдзэкIакIуэ цIэрыIуэ ухъуащ, лъэпкъ щэнхабзэм зиужьыным уи Iыхьэшхуэ хэплъхьащ. Хэкупсэ цIыху Iущу, жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру ухэту, Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и Адыгей къудамэм и тхьэмадэ къулыкъум илъэс

куэд щIауэ узэрыпэрытым пщIэшхуэ къыпэкIуащ. Узыншагъэ быдэ уиIэу, угушхуэу куэдрэ упсэуну, фIыуэ щыIэ псори къохъулIэну сынохъуэхъу», – итщ телеграммэм.

Республикэ Iэтащхьэм МэшбащIэ Исхьэкъ иритыжащ УФ-м и Президентым къыбгъэдэкI ФIыщIэ тхылъыр. Апхуэдэуи къеджащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил къигъэхьа телеграммэм: «ПщIэ зыхуэсщI Исхьэкъ Шумахуэ и къуэ! Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынохъуэхъу уи илъэс 95-мкIэ. ТхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэр иджырей классикыу, гъащIэ гъуэгуанэ телъыджэ къэзыкIуа цIыхуу укъызэралъытэр къэблэжьащ. Лъэпкъ куэду зэхэт урысей литературэм илъэс куэд щIауэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуэпщIу, адыгэбзэр пхъумэу укъогъуэгурыкIуэри, Тхьэм ухущIигъэхьэ», – итщ телеграммэм.

Къэрал УнафэщIхэм жаIа псалъэхэм щыхьэт техъуэу, КъумпIыл Мурат къыхигъэщащ МэшбащIэм и зэчиймрэ и зэфIэкIымрэ куэд щIауэ адыгэ литературэм и классик зэращIар, и цIэр лъэпкъ Iущыгъэмрэ хэкупсагъэмрэ я джэлэс зэрыхъуар.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщI Матвиенкэ Валентинэ и цIэкIэ тхакIуэм ехъуэхъуащ Адыгейм и сенатору УФ-м щыIэ Хъупсырокъуэ Мурат, Къэрал Думэм и УнафэщI Володин Вячеслав и цIэкIэ абы зыхуигъэзащ АР-м къыбгъэдэкIыу Къэрал Думэм депутату щыIэ Резник Владислав.

УФ-м и Президентым и Полномочнэ лIыкIуэу Ипщэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Устинов Владимир и хъуэхъу псалъэм зэIущIэм къыщеджащ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу Адыгейм щылажьэ Дрокин Сергей.

Абхъаз Республикэм и Президент Гунбэ Бадрэ МэшбащIэм къыхужиIа псалъэ гуапэхэр утыкум къыщигъэIуащ республикэм и вице-президент Бигвавэ Беслъэн. Абдежым Беслъэн къыщеджащ АР-м и Президентым и Унафэм – МэшбащIэ Исхьэкъ къыфIащащ «Абхъаз Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м, КъШР-м я Iэтащхьэхэу КIуэкIуэ Казбекрэ Темрезов Рашидрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек жиIащ: «Уэ уи дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр, Шумахуэ и къуэ Исхьэкъ – ар Урысейм ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужьым и Дыщэ Вагъуэрщ, ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэм уи зэфIэкIхэр зэрылъагэр къызэрилъытарщ икIи ар пхуэфащэ дыдэщ!

Уи IэдакъэщIэкI псоми къыхощ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ. Урысейм лъэпкъ куэду зэхэт и цIыхубэм я щэнхабзэ къулейр нэхъри гъэбэгъуэным, лъэпкъхэр нэхъри зэкъуэувэным уэ хуэпщIа хэлъхьэныгъэр къыпхуэмылъытэным хуэдизщ.

Ди щхьэр пхудогъэщхъ, пщIэ зыхуэтщI Исхьэкъ Шумахуэ и къуэ, уи лэжьыгъэфIхэм, илъэс куэд хъуауэ дяку дэлъ зэныбжьэгъугъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым укъыщалъхуа щIыналъэм хуэдэу укъызэрыхущытым папщIэ. Гушхуэ зыкIуэлъ нэхъыжь гуапэу укъогъуэгурыкIуэ, щIэблэм, уи ныбжьэгъухэм, уи зэчийм пщIэ хуэзыщIхэм щапхъэ дахэ, гъуазэ уахуэхъуу.

Си гум къыбгъэдэкIыу сынохъуэхъу узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщыгъэ уиIэну, уи творческэ ехъулIэныгъэхэм я къигъэхъуапIэр мыкIуэщIыну!».

КъэпсэлъапIэр хуит зыхуащIа, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий мелуан зыбжанэ хъу адыгэ лъэпкъым, къэралыгъуэ 53-м щыпсэу ди лъэкъэгъухэм къабгъэдэкI хъуэхъу псалъэ зэрыт тхылъыр иритащ МэшбащIэм.

– Исхьэкъ и тхыгъэхэм утепсэлъыхьыну къызэрыгуэкI Iуэхукъым, ауэ абыхэм ящыщ зыбжанэ нобэ хуэдэ махуэм уигу къыумыгъэкIыжынкIэ Iэмал иIэкъым. Ар адыгэ лъэпкъым и тхыдэ напэкIуэцIхэр, Кавказ зауэм теухуахэр къызыхэщыж тхылъхэрщ, – жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий. – Ахэр щитха лъэхъэнэм, Совет Союзым и зэманым, зы щыуагъэри удынышхуэу къыптехуэжынкIэ хъунут, апхуэдиз цIэрэ-щхьэрэ иIэу Исхьэкъ нобэ ди пащхьэ имытынри хэлъащ. Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр апхуэдизу пэжу, захуэу къигъэлъэгъуэжащи, ди блэкIар зэрихъумам, тхыдэр зэритхыжам я закъуэкъым, атIэ ди къэкIуэнум гъуазэ хуэхъу тхыгъэ купщIафIэхэщ. Аращ зэIэпахыу ахэр ноби щIаджыр, псэуну, заужьыну жэрдэм зиIэхэм гъуазэ щIахуэхъур. ФIыщIэ ин пхудощI ди лъэпкъыр бунэтIу, Урысей иным ис лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэхуаку зэгурыIуэныгъэрэ пщIэрэ къыдэпхьэу узэрылажьэм папщIэ. Ар псом хуэмыдэу нобэ дызыхуэныкъуэщ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ илъэс 14 хъуауэ уи жьауэм сыщIэту сызэрылажьэм сызэрыригушхуэр. ДАХ-м и тхьэмадэ къулыкъур зэрызесхьэрэ, Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ Исхьэкъ си унафэри IуэхущIафэри есхьэлIэу, абы и арэзыныгъэм Iуэхум сытригъэгушхуэу сыдолажьэ. ДАХ-м и щыIэныгъэри, и зыужьыныгъэри МэшбащIэм и Iулыджым куэдкIэ епхащ. Илъэс 14-м къриубыдэу, Исхьэкъ и гъусэу, ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу къэрал куэдым дыщыIащ, зэIущIэ куэд едгъэкIуэкIащ. И Iущагъым, гупсысэкIэм цIыху куэд еунэтI, ноби и акъылым дыхуэныкъуэщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, лъэпкъыр зэкъуэзыудыну хуей бий куэд щыIэщ.

Исхьэкъ, фIыщIэ пхудощI уи Iущагъ къыдэпхьэлIэу укъызэрытхэтым щхьэкIэ. Уэ пхуэдэхэм я фIыгъэкIэ ди лъэпкъми Урысеишхуэм ис адрей лъэпкъхэми я къэкIуэнур зэрыкIыхьынум шэч къытесхьэркъым.

Пшыхьым къыщыпсэлъа псоми къыхагъэщащ адыгэбзэр, адыгэ щэнхабзэр хъумэным МэшбащIэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрахуищIар, жылагъуэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIихар. Ар УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэтщ лъэпкъ, дин зэхущытыкIэхэм епха Iуэхугъуэхэм елэжьу.

Апхуэдэуи жаIащ тхакIуэр хэкупсэ ину зэрыщытыр, Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и къару зэрыхилъхьэр. Къапщтэмэ, абы куэд хузэфIэкIащ Кавказ Ищхъэрэм, Абхъазым щыпсэу лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэныбжьэгъугъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ егъэфIэкIуэным, Кубанымрэ Адыгеймрэ я зэгъунэгъугъэр гъэбыдэным теухуауэ.

Урысейм ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь МэшбащIэ Исхьэкъ фIыщIэ яхуищIащ къызэхуэсахэм, къыхужаIа псалъэхэр и гуапэ зэрыхъуар къыхигъэщащ. Апхуэдэуи дыщIигъуащ и хэку цIыкIум, Урысеишхуэм зэрырипагэр.

**ИСТЭПАН Залинэ**

# ШУ ПАШЭ

Урысей Федерацэмрэ хамэ къэралхэмрэ (Иордание, Сирие, Тырку, Израиль, Германие, Голландие, США, Абхъаз) щыIэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ 17 къызэщIэзыубыдэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм къызэрилъытэмкIэ, пхужымыIэн хуэдизу куущ МэшбащIэ Исхьэкъ адыгэ, урысей лъэпкъ щэнхабзэм я мызакъуэу, дунейпсо литературэми яхуищIа хэлъхьэныгъэр.

УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым и унафэщIым и къуэдзэ, Адыгэ Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ, СССР-мрэ УФ-мрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Шолоховым, Островскэм я цIэкIэ щыIэ литературэ саугъэтхэм я лауреат, Дунейпсо Адыгэ Хасэм  и саугъэт нэхъыщхьэр зыхуагъэфэща, Урысейм ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь МэшбащIэ Исхьэкъ Адыгэ Республикэм, Кавказ Ищхъэрэм, Урысей Федерацэм я щэнхабзэм увыпIэшхуэ щызыубыд тхакIуэщ, усакIуэщ. Абы и IэдакъэщIэкIхэр къыщацIыху Кавказым, Урысейм, КъуэкIыпIэ Жыжьэмрэ Гъунэгъумрэ щыIэ къэралхэм.  МэшбащIэм и тхылъхэр инджылызыбзэкIэ, испаныбзэкIэ, нэмыцэбзэкIэ, китаибзэкIэ, франджыбзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ, тыркубзэкIэ, чеххэм, лыхьхэм, болгархэм я бзэхэмкIэ зэрадзэкIащ. 1953 гъэ лъандэрэ абы къыдигъэкIа тхылъхэм я тиражыр мелуани 3-м щIигъуащ. Мейкъуапэ къыщыдэкIащ Исхьэкъ и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса том 17 хъу тхылъхэмрэ (адыгеибзэкIэ) том 20-у зэхэтхэмрэ (урысыбзэкIэ).

МэшбащIэ Исхьэкъ къалэм къызэрищтэрэ лъахэмрэ лъэпкъымрэ я IэфIагъыр, я дахагъыр хъуэпсэгъуэу къегъэлъэгъуэж, умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым гухэлъ пшыналъэмрэ прозэ купщIафIэмрэ щыщIэныгъэншэу къызэрехъулIэри.

Абы и IэдакъэщIэкIхэр лъэпкъ псо зыщIэппIыкI хъун защIэщ, и дэтхэнэ тхыгъэри адыгэм и тхыдэ куущ. Исхьэкъ и романхэм къыхэщыр блэкIа жыжьэм и лъэужьым и закъуэкъым, атIэ къэкIуэнум хуэкIуэ гъуэгури IупщIу къыхобелджылыкI.

И тхыгъэхэм я закъуэкъым ди шынэхъыжьым дызэригъэгушхуэр. Ар ноби къытхэтщ и жэрдэмымрэ и псалъэ Iущымрэ лъэпкъым къыхуэсэбэпу. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэу къызэрыддэлажьэрэ дэ дгъэунэхуащ ар хэкупсэу, жылагъуэм къыщыхъу демократие зэхъуэкIыныгъэхэм псынщIэу хэзагъэу, къызыхэкIа и лъэпкъымрэ къыщалъхуа и хэкумрэ я зыужьыныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ папщIэ и псэр итыну хьэзыру дунейм зэрытетыр. Гу къабзэкIэ зыхещIэ абы лъахэм къыщыхъу псори. Литературэми гъащIэми щекIуэкIыу хъуам гудзакъэ иIэу якIэлъоплъ. Нэхъыщхьэращи, и акъыл жанымрэ и псалъэ Iущымрэ и чэзум къигъэсэбэпыфу, сыт хуэдэ Iуэхуми и хэкIыпIэр псынщIэу къигъуэтыфу, езым и дуней тетыкIэмрэ и цIыхугъэмрэ нэхъыщIэхэм щапхъэ тхуэхъуу ди япэ ит нэхъыжьыфIщ.

МэшбащIэм и ныбжьыр илъэс 95-рэ зэрырикъур Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгейми щагъэлъапIэ. Абы и махуэшхуэм и щIыхькIэ еджапIэхэм, щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр щокIуэкI.

Исхьэкъ и зэфIэкIымрэ адыгэм и цIэр жыжьэ зэригъэIумрэ дагъэгушхуэм и закъуэкъым, атIэ абы и тхыгъэхэм дерс къыхыдох, блэкIар ди нэгу къыщIэдгъэхьэжыфын хуэдизу къытхуеIуатэ, ар ди нобэрей гъащIэм едгъапщэурэ лъагъуэ пхытшыфыну Iэмал къыдет. Иджыри куэдрэ тхуэузыншэну, и IэдакъэщIэкIхэр дунейм къытехьэну, шу пашэу ди япэ итыну дыхуохъуахъуэ!

**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,**
*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ*

## АДЫГЭЛI IУЩ

Илъэс куэд щIащ сэ МэшбащIэ Исхьэкъ ныбжьэгъу сызэрыхуэхъурэ. ЗекIуэ и вакъэ лажьэркъым жыхуаIэу, си напщIэм телъ а ныбжьэгъугъэр къыздисхауэ щытар КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щызэпысча гъуэгуанэхэрат: I969 гъэм туристхэм срагъусэу Сириемрэ Ливанымрэ сыкIуат. Абы щыгъуэ сэ илъэс тIощIрэ щырэ сыхъуу арат, а зекIуэм и фIыгъэкIэ къэзгъуэта си ныбжьэгъур сэ нэхърэ илъэс 15-кIэ нэхъыжьт. Ауэ, нэхъыжьыфIти, сигъэныбжьэгъуу, сигъэгушхуэу сызригъэгъусащ. Апхуэдэу щIэхъуар зыкъомкIэ елъытагъэнт ди Iуэху еплъыкIэхэр зэрызэтехуэм, хэхэс гъащIэр натIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэм ехьэлIауэ къыдэфыкI узхэмкIи дызэрызэщхьым.

Дэнэ щIыпIэ дыкъыщыхутами, дэ къэтлъыхъуэр 1763 - 1864 гъэхэм екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэжьым и зэранкIэ зи лъахэр къэзыбгынэу хэхэс псэукIэ бзаджэр зыгъэва ди лъэпкъэгъухэм я щIэблэхэрат. ИкIи къэдгъуэтырт апхуэдэхэр. Ауэ...

Адэжьхэм я хэкум ирамыгъэзэгъа ди лъэпкъэгъу насыпыншэхэм а хамэ щIыпIэхэми псэупIэ щратыртэкъым: 1967 гъэм израилыдзэхэр къызытеуа щIыпIэхэр адыгэхэм нэхъыбэу хэщIапIэ ящIа куейхэрати, мо тхьэмыщкIэ къомым, я щхьэр щIахьэри, адэ-мыдэкIэ егъэзыпIэ щащIат. Мис ахэр къэгъуэтыгъуафIэтэкъым. Ауэ абыхэм захуэдмыгъазэу ди гум тхутегъэхуэнутэкъыми, дымыщхьэхыу къэтлъыхъуэрт ахэр. Псом хуэмыдэу темыпыIэжыр, емызэшыжыр усакIуэ МэшбащIэ Исхьэкът. Адыгэхэм я щхьэм кърикIуа насыпыншагъым теухуауэ сэри ди гъусэхэми дымыщIэ куэдым щыгъуазэт ар. А хъыбар гуауэхэм дыщIигъэдэIуу сыхьэт бжыгъэкIэ дыщигъэст. Дызыхуэза ди лъэпкъэгъухэм къыджаIэхэр и дэфтэрым иритхэрт, ахэр зи тегъэщIапIэрэ гущIэм зыкъыдэзыгъазэ усэщIэхэм дригъэдаIуэрт нэхъ иужькIэ.

Сириемрэ Ливанымрэ дыкъикIыжа нэужь, МэшбащIэр куэдрэ ялъыгъуэзащ унафэщIышхуэхэм. Зыхуейр лIот? ХамэщIым щыпсэу адыгэхэм я дунейр зэрыкIыфIыр яжриIэу, абыхэм зыгуэркIэ защIэгъэкъуэн зэрыхуеймкIэ лъаIуэу арат. Ауэ «уи мыIуэху зумы-

хуэ», къыжраІэ мыхъумэ, къапих щыІэтэкъым. «Зи мыІуэху зезыхуэ» усакІуэм хузэфІэкІрати, тІысырти, усэбзэкІэ и щхьэм хуэтхьэусыхэжырт, адыгэхэм я тхыдэр лъабжьэ зыхуищІ усэ уахътыншэхэр итхырт. Абдежхэращ дунейм къыщытехьар нобэ ди лъэпкъэгъуу хъуам яІурылъ «Адыгэхэр» уэрэд цІэрыІуэр къызытращІыкІа усэр.

Илъэс щэ ныкъуэм щІигъуащ си ныбжьэгъу нэхъыжьымрэ сэрэ дызэрызэрыцІыхури, абы адыгагъэу, цІыхугъэу дэслъагъур сэркІэ щапхъэфІщ, ауэ Исхьэкъ ещхь хъугъуафІэкъым, псом япэрауэ, и талантышхуэмкІэ, итІанэ – и дуней тетыкІэ дахэмкІэ. Абыхэм щІэхъуэпсын, Исхьэкъ удэплъейуэ псэун хуейуэ аращи...

2006 гъэм Истамбыл щекІуэкІырт Дунейпсо Адыгэ Хасэм и VII Зэхуэсышхуэр. Дауи, МэшбащІэ Исхьэкъи абы кърихьэлІат. Гухэхъуэт а Лъэпкъ Хасэшхуэм литературэмкІэ игъэува саугъэт лъапІэр си ныбжьэгъу нэхъыжь МэшбащІэм и роман телъыджэхэм папщІэ къызэрыратыр плъагъуныр. Апхуэдэ гуфІэгъуэ куэд си нэгу щІигъэкІащ Адыгэ Республикэми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми я цІыхубэ тхакІуэ, РСФСР-ми СССР-ми я Къэрал саугъэтхэр зыхуагъэфэща си ныбжьэгъу нэхъыжь МэшбащІэ Исхьэкъ. Абыхэм я закъуэкъым Исхьэкъ адыгэхэр дызэригъэгуфІэр, дызэригъэгушхуэр – Хэку литературэм хуищІа хэлъхьэныгъэ инхэм папщІэ, МэшбащІэм кърататщ къэрал дамыгъэ лъапІэ куэд, Адыгэ Республикэми Краснодар куейми абы къыхуагъэфэщащ цІыхушхуэхэр зэрагъэпажэу яІэ дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэхэр.

Жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтыр, ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр, мамырыгъэр гъэбыдэным псэемыблэжу зэрыбгъэдэтыр къалъытэри, МэшбащІэ Исхьэкъ къыхуагъэфэщащ «Мамырыгъэм щІэбэн» дыщэ медалыр, Урысей лъэпкъ фондым и «Обществэм зэригъэлъапІэ» дыщэ щІыхь нагъыщэр, Урысейм «ЛэжьыгъэмкІэ и ЛІыхъужь» цІэ лъапІэр.

Дауи, мис а псори къалъытащ абы Мейкъуапэ къалэм щІыхь зиІэ и цІыху цІэр къыщыфІащми.

Дуней псом и цІыху цІэр къыпфІащыну пхуэфащэщи, ари къыплъагъэсауэ Тхьэм дигъэлъагъу, си ныбжьэгъу нэхъыжьыфІ Исхьэкъ!

**ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд,**
*Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м, Адыгэ Республикэм, КъШР-м щІыхь зиІэ я журналист*





**Путин Владимиррэ МэшбащӀэ Исхьэкърэ.**



**МэшбащӀэ Исхьэкърэ ХьэфӀыцӀэ Мухьэмэдрэ.**

2 Заказ №1683


а Машбаша












*Сурэтхэм:* **МэшбащIэ Исхьэкъ щагъэлъапIэ пшыхьым.** *Мейкъуапэ. 2025*



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **усакIуэ Бицу Анатолэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Зумакулов Борис, МэшбащIэ Исхьэкъ, тхакIуэхэу Къэрмокъуэ Мухьэмэд, МафIэдз Сэрэбий сымэ.**





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **МэшбащIэ Исхьэкъ, урыс тхакIуэ Белов Василийрэ и щхьэгъусэмрэ, тхакIуэ КхъуэIуфэ Хьэчим, усакIуэ Созаев Ахъмэт сымэ.**

# МэшбащIэ Исхьэкъ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

## УСАКIУЭ ТЕЛЪЫДЖЭ

УсакIуэ псалъэр гупсысэ куу зыхэлъ Псалъэшхуэщ. Ар щIэбгъэщIэрэщIэни щыIэкъым. Ар уэри фIыуэ уощIэ, Исхьэкъ. Дауи, уэ езыми къыбгуроIуэж узэрыусакIуэр. Сэри абы щыхьэт сытохъуэ. Ауэ, сэ сыщынэхъыжькIэ, а Псалъэм щIызогъу: уэ уусакIуэшхуэщ, гу губзыгъэ зи бгъэм къыщеуэ уусакIуэ телъыджэщ. Кавказым и усакIуэ нэхъ ин дыдэхэм уащыщщ.

**КУЛИЕВ Къайсын.**
*1981*

## УИ НЭГУ КЪЫЩIЕГЪЭУВЭ

МэшбащIэ Исхьэкъ и усыгъэ тхылъхэм укъыщеджэкIэ уи нэгу къыщIохьэ абы и къуажэгъу Iущхэм я дунейр, я псэукIэ-щыIэкIэхэр, я хьэл-щэнхэр. Къыпщохъу абыхэм урахьэщIэу, урапсэлъэгъуу. Усыгъэм и къалэн нэхъ лъапIэу хъуар гъэзэщIа щохъу Исхьэкъ и тхыгъэхэм – Iуэхур апхуэдэу щIыщытыр си ныбжьэгъу МэшбащIэр усакIуэ нэсщи аращ.

**РОЖДЕСТВЕНСКИЙ Роберт.**
1981

## ТХЫДЭМ И ПЭЖЫР

МэшбащIэм и усэхэр сыт щыгъуи узыгъэпIейтейщ. Ахэр зи IэдакъэщIэкIыр зи акъылыр тIыса, дунейм и пIалъэ зыщIэ адыгэлI нэсщ. УсакIуэшхуэщ. Куэдым зэрыжаIэщи, Исхьэкъ и усыгъэхэм я тегъэщIапIэр и лъэпкъ тхыдэращ. А тхыдэм и пэжырщ абы и усэхэр псэ быдэ, удэзыхьэх зыщIыр, езы усакIуэм пщIэрэ щIыхьрэ къыхуэзыхьыр.

**ДАНГУЛОВ Саввэ.**
*1971*

## РАСУЛРЭ ИСХЬЭКЪРЭ

Кавказ Ищхъэрэм и усыгъэм Гамзатов Расул иIэмэ, МэшбащIэ Исхьэкъ зыхуэлажьэ абы и прозэри насыпыншэкъым. Расулрэ Исхьэкърэ зэбгъэдэпх хъунукъым – тIуми талантышхуэ ябгъэдэлъщ, къызыхэкIа лъэпкъхэри Урысейм и литературэри зыгъэбжьыфIэ цIыху цIэрыIуэхэщ.

**ИСАЕВ Егор.**
*1981*

## ПСЭ ДАХЭКІЭ ЗЫХЕЩІЭ

МэшбащӀэ Исхьэкъ адыгэлӀ Ӏущщ, укӀытэ зыхэлъщ. Гу къабзэрэ псэ дахэкӀэ зыхещӀэ абы Урысейми езым и лъахэми щекӀуэкӀ псори. Литературэми жылагъуэ гъащӀэми щекӀуэкӀыу хъуам гудзакъэ иӀэу якӀэлъоплъ. И тхакӀуэгъухэм къащхьэщыжу хуежьакъэ – зыкӀи къыпхуикӀуэтынукъым. Абы и дуней тетыкӀэри и лэжьэкӀри цӀыхур зэхъуапсэм хуэдэщ.

Литературэ нэсым пэлъэщыр вы бланитӀщ: талантымрэ емышыжу лэжьэнымрэщи, а тӀумкӀи Алыхьыр къыхуэупсащ си ныбжьэгъу МэшбащӀэ Исхьэкъ.

**БОНДАРЕВ Юрий**

## ЛЪЭПКЪЫБЭ ТХАКІУЭ

Сэ куэдрэ слъэгъуащ МэшбащӀэ Исхьэкъ дэнэ щӀыпӀи – Якутиеми, Краснодари, Смоленски, Налшыки, Ростов куейми – цӀыхухэр гуапэу къызэрыщыӀущӀэр. Апхуэдэу щӀыщытыр гурыӀуэгъуэщ: Исхьэкъ зи тхакӀуэр адыгэхэм я закъуэкъым – ар лъэпкъыбэ урысей литературэр япэкӀэ зыгъэкӀуатэ шу пашэхэм ящыщщ.

**СОРОКИН Валентин**
*1991*



## ДИ ГЪАЩІЭМ И ГЪУДЖЭЩ

«ТхакӀуэ нэхъыфӀ дыдэу плъагъур хэт сымэ?» – жаӀэу къыщызэупщӀхэм деж япэ зи цӀэ къисӀуэхэм ящыщщ МэшбащӀэ Исхьэкъ. Абы и творчествэр зэрыщыту гъэнщӀащ тхакӀуэм ди лъэпкъым хуиӀэ лъагъуныгъэшхуэмкӀи, нэпс къабзэу хущӀигъэкӀымкӀи. Исхьэкъ и тхыгъэу хъуар адыгэхэм ди тхыдэм, ди гъащӀэм я гъуджэщ, абы ӀупщӀу къощ езы тхакӀуэм и псэ къабзагъри, и гур зыхуэлажьэри. Иджыри куэдрэ тхурелажьэ а гумрэ псэмрэ.

**КІУВЭ Риммэ**

## И ТХЫЛЪХЭМКІЭ ДЕГЪЭГУФІЭ

Тхьэр арэзы къыпхухъу, Исхьэкъ, схуэмыгъэтӀылъыжу сыкъызэджа уи тхылъ телъыджэмкӀэ сыбгъэгуфӀащ. Уи ехъулӀэныгъэхэм дяпэкӀи хэбгъэхъуэну, дызыщыгуфӀыкӀын тхылъхэр уи Ӏэдакъэм къыщӀэкӀыу куэдрэ утхуэпсэуну си гуапэщ.

**ДЖУСОЙТЫ Нафий**

## БЗЭР КЪУЛЕЙ ЗЫЩІ

Адыгэбзэр зыхъумэхэм, къулей зыщӀхэм ящыщщ МэшбащӀэ Исхьэкъ. Абы Алыхьым къыӀурилъхьащ адыгэ псалъэм и дахагъри, и

шэрыуагъри, и лъэщагъри. Мис а псори IэкIуэлъакIуэу къызэригъэсэбэпращ Исхьэкъ и тхыгъэхэр уахътыншэ зыщIыр, дэнэкIэ щыIэ адыгэми я гумрэ я псэмрэ щIыдыхьэр, езы тхакIуэр зыгъэцIэрыIуэр.

**ШАЩIЭ Къазбэч**

## ЗИ ГУАЩIЭР ИН

Адыгэ тхакIуэ, усакIуэ щэджащэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ и къалэмыпэм къыщIэкIащ тхыгъэ купщIафIэ куэд – усыгъэ телъыджэхэр, роман гъуэзэджэхэр, ахэр Адыгейм и литературэм и лъагапIэ хъуащ, ди лъэпкъым и цIэмрэ и пщIэмрэ жыжьэ щагъэIуащ. Исхьэкъ и усыгъэхэр гъэнщIащ гъащIэм и пэжыпIэкIэ, уи акъылыр зыгъэлажьэ, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къозыт гупсысэ жанхэмкIэ. ТхакIуэм и романхэм лъабжьэ яхуэхъуар адыгэ тхыдэрщ – пасэрей адыгэ дзэпщ Ридадэ деж къыщыщIэдзауэ XIX лIэщIыгъуэм къэс.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**

## ПЩIЭ ЗИIЭ



Си ныбжьэгъу адыгэ тхакIуэшхуэ МэшбащIэ Исхьэкъ зи щIалэгъуэ дахэм насыпыфIэу къыхэтэджыкIахэм ящыщщ. Сэ ар соцIыху щыстудента илъэсхэм лъандэрэ. Си щхьэгъусэ, сурэтыщI Кончаловская Наталье занщIэу гу лъитат а щIалэщIэр усакIуэшхуэ зэрыхъунум. Ар икIи щыуатэкъым. СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьэну абы тхылъ зэрестамкIэ сэри сыщыуатэкъым.

МэшбащIэ Исхьэкъ ящыщщ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм нэхъ пщIэшхуэ дыдэ щызиIэхэм. Абы пщIэ хуэзымыщIрэ ар фIыуэ зымылъагъурэ яхэткъым лъэпкъыбэу зэдэлажьэ ди тхакIуэхэм. МэшбащIэм хуэфащэу пещэ и ныбжьэгъу нэхъыжьыфIхэу щытахэу КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Гамзатов Расул, Кугультинов Давид сымэ я IуэхущIафэ дахэ псоми.

**МИХАЛКОВ Сергей.**
2001

## УСЫГЪЭМ ЗЕЗЫГЪЭУЗЭЩI

Зыми шэч къытрихьэну къыщIэкIынкъым МэшбащIэ Исхьэкъ зэчий ин зыбгъэдэлъ усакIуэшхуэу зэрыщытым. Дауи, аращ абы псалъэ гуапэ куэд щIыхужаIэри, дяпэкIи нэхъыбэж щIыхужаIэнури. Ар адыгэ усыгъэм и зэфIэкIым зезыгъэузэщI, зыгъэбжьыфIэ усакIуэшхуэщ.

**ИВАНОВ Всеволод.**
*1971*

## УРЫСЕЙМРЭ КАВКАЗЫМРЭ Я КЪУЭ

Талант ин зиIэ, тхакIуэшхуэ, и лъэпкъым хуэпэж, и псэм пищIу и лъахэри Урысейри фIыуэ зылъагъу МэшбащIэ Исхьэкъ и творчествэ лъэщым щхьэкIэ гъунапкъэншэу фIыщIэ хузощI. И роман телъыджэхэмкIэ къыдит гуфIэгъуэр щэрэ минкIэ гъэбэгъуауэ езым тхьэм къыбгъэдилъхьэж.

**ПРОКУШЕВ Юрий.**
*2001*

## ЛЪЭПКЪЫР ЗИЩIЫСЫР

Сыкъеджэн щIэздзэри, схуэмыгъэтIылъыжу и кIэм сынэсыху сиIыгъащ МэшбащIэ Исхьэкъ и «Хъан-Джэрий» роман лъэщым. Ар адыгэ лъэпкъым и тхыдэм и гъуджэщ. Апхуэдэ романхэращ Урысей прозэр дунейпсо литературэм и фIыпIэхэм ящыщ зыщIыр. А тхыгъэм къеджэм, шэч хэмылъу, къищIэнщ адыгэхэм я хэкумрэ езы лъэпкъымрэ зищIысыр, абыхэм тхыдэшхуэ зэраIэр.

**АРХИПОВ Владимир**

*Усэхэр* МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ

## ӀИДАДЭ

Ди унэишэщ нобэ — хьэгъуэлIыгъуэщ,
Лыдыжу уафэм щызэщIонэ вагъуэр,
Уэрэдыр мэIур жыжьэ дыдэ,
Уэредэ-ӀидадэI

Гур кIэлъопхъэрыр а уэрэдым,
ЛIэщIыгъуэ куэдкIэ йокIуэтыжри,
Зэманыр къыщохутэжыр и пасэрей унэм.
Щызыхыумыхт а унэм — «уэридадэ»,
Iурт уэрэд папщIэу «Ӏидадэ, уоу, Ӏидадэ»…

Ӏидадэ, Ӏидадэ, ди шынэхъыжь,
КъуэкIыпIэ пшэплъым кIуэцIрокIыр лъы лъэужь,
Уи дзэр зауэм къикIыжащ хэщIыншэу,
Уи дзэр зауэм къикIыжащ уэрыншэу, Ӏидадэ!
Уоу, Ӏидадэ, Ӏидадэ…



ЛIыхъужь хабзэу утеувэу щIакIуэкIапэм,
Ущызауэм уемыпцIыжу напэм,
ЩIакIуэкIапэм теджэла уи хьэдэр
Пэплъэххакъым напэншагъэ дыдэ.

Иджы уэ зэи вагъэбдзумэр
Щумыхьыжыну гъатхэ губгъуэм,
Техьэлъэу гуауэр я унагъуэм,
Адыгэр лъахэм щыпхуэщыгъуэрт…

Пасэрей адыгэ лIыхъужь щылъху,
КIэсэгъу лъэпкъ щхьэхуитым и къуэ пажэ,
Фыплъэт: жьыми щыгъуэурэ зеущэху,
ЗауэлI нэсыр хьэдэу къытхуашэжыр.

Уоу, Ӏидадэ, Ӏидадэ, ди шынэхъыжь,
Пщэдджыжь пшэкIэплъым пхокIыр лъы лъэужь.
Уи дзэр зауэм къикIыжащ хэщIыншэу,
Уи дзэм къытхуигъэзэжащ уэрыншэу, Ӏидадэ!
Уоу, Ӏидадэ, Ӏидадэ…

ЩIэплъыпIэм адэкIэ Iуащхьэжьым
зы Iуащхьэжьыр
Къыпоувэж, сатыру зэдекIуэкIыу.
Илъэсхэр блокI, зэманыр ирагъэкIрэ
Тщагъэгъупщэжу гъэпцIагъэм и гужьгъэжьыр.

ЛIэщIыгъуэ дапщэ блэкIа, махуэ дапщэ!
Уэрэдыжьым ноби и щIалэгъуэщ,
ГуфIэгъуэкIэ зэхишэу дауэдапщэр,
Уэридадэр щоIу ди хьэгъуэлIыгъуэм!

## ХЬЭКIУВ ЩХЬЭДЭХЫПIЭМ ТЕЖЫХЬА ЛIЭЩIЫГЪУЭ

Плъэт: ХьэкIув щхьэдэхыпIэр ижыхьащ и пIэм,
ДаIуэт: щымщ щхьэдэхыпIэр,
Зэгуэр псыгъуэ лантIэу къыхэжа чэщейри
Мывэм хэтщ щыму, уафэм дэплъейуэ.
КъыщещI къуэкIыпIэм пшэкIэплъ щхъуэкIэплъыкIэр,
И бзий зэмыфэгъухэр аузым къыдикIэу.
Еплъыт, лъыкъым нобэ изыIэр а пшэплъыр,
Уафэ джабэр дыгъэшхуэм и гуащIэм егъэплъыр.

ЛIэщIыгъуэ бжыгъэхэр и ныбжьу,
Бгым къыкъуоужри щIэрыпсу акъужьыр,
Гынымэ гуащIэр иджыри зэрихьэу,
Нобэр къыздэсым мыкIыж уIэгъэжьыр
Къэзыхь пшэ Iэрамэр кърелъхьэр си пащхьэм.

Зэманым лIэщIыгъуэу зэхилъхьэж гъэхэр,
Хозэрыхьыжыр ди тхыдэ кIыфIыгъэхэм.
Мылылъэ къуршыжьыр зи псыпэ къежьапIэ,
Къуршыпсым щыгъупщэркъым нобэм къэс:
ЗауэлIым зэгуэрым къыщIэхури напIэм,
Къыхэхуэгъащ мы псы щIыIэм нэпс ткIуэпс!

## УБЫХХЭР

Адыгэ лъапсэжьым и жыг къудамэбэм,
И къудамэ быдэу псэугъащ убыхыр.

Пхуэхъумакъым, си лIэщIыгъуэ, убыхыбзэр,
Иригушхуэу лъэпкъым хэлъа хабзэр.

Хы ФIыцIэ Iуфэм зэдекIуэкI къыр блынхэм
Щхьэ щымыпсэужрэ убых бынхэр?

ЛIэщIыгъуэ блэкIа, жэуап ептыфыну
КъэкIуэну лIэщIыгъуэу къыппыувэнум,

Дыгъэ уахътыншэм, дызытет щIыгум,
Мо пшэ Iэрамэу пхысыкIым уафэгум?

Уахътыншэм хухихыркъым зэи пIалъэ,
Абрэмывэм нэхърэ нэхъ быдэщ псалъэр.

Псэуахэщ убыххэр, згъуэтыжкъым лъэпкъыжьыр,
ХэкIуэдэжащ зэман бзаджэм лъэужьыр.



Бгыщхьэхэм, тафэхэм фIащауэ иреджэу
Къигъэнащ убыхым псалъэ Iэджэ.

Псалъи, пшыналъи, лIэщIыгъуэм и гъыбзи
ХэкIуэдэжащ зэман хъыжьэ, гуузым и гъуэзым.

Топышэ фиям игъэIуа макъыжь дыджым,
Бгыхэм иджыри къыщеджэдыхьыр.

Къуршыжь зи щхьэр тхъуахэм я макъ щхьэукъуэжыр,
Джэрпэджэжым къегъэушыжыр.

Бзэ тIэщIахари щыхэтыр дэнэ?
Къигъуэтыжынущ ари зэманым.

Хутыкъуэу зэгуэрым джэла тхыдэр
Къэувыжынущ иджыри лъэ быдэу!

АДЫГЭХЭР

Адыгэ щIыналъэм адыгэр щопсэу,
ШэрджэскIэ къеджэу мы дуней псор,

ЩыгуфIыкIыу дыгъэм, уэшхым пэплъэу гъатхэм,
Щопсэу адыгэр я адыгэ лъахэм.

Сыт уэ хэпщIыкIыр абыхэм я гъащIэм,
Я уэрэдым, пшыналъэм, я гъыбзэу
къиIукIым гу лъащIэм?
Сабий цIыкIу къыдалъхуамэ хьэблэм,
Жыг хухасэу мэгуфIэ зэрыжылэу.

Фочауэ макъкIэ щагъэIур дунейм —
Ди хэкум нобэ къыщалъхуащ сабий.
Адыгэ щIыналъэщ адыгэр щыпсэур,
ШэрджэскIэ къеджэу мы дуней псор.

ЩIыхугъэм и хьэтыркIэ худачых залымым,
Пагагъэр хэту я лъым, къэрабгъэр я Iумпэму,
Гум и Iущыгъэр, псалъэм и быдагъэр
Мы дунеишхуэм къабгъэдилъхьа тыгъэщ.

Уэзгъэлъэгъуарэт ахэм я къэфэкIэр,
УезгъэдэIуарэт я уэрэд жыIэкIэм,
ХьэгъуэлIыгъуэм щызэхашэ джэгум
Адыгэшыр зэрыщагъэджэгур!

Зэманыжь бзаджэ блэкIам и щэхухэр
Ноби зыхъумэ къамэ Iэпщэхухэм,
Топауэ макъым щIыр игъэзэджызджу,
Зэрыщытар къатощыжыр гъуджэу.

Куэд щIауэ гынымэм и гъуэзыр
Къыщхьэщыхьэжкъым аузым,
Щыфиижкъым топышэр губгъуэм,
Къашэм нысащIэ, хъыбарегъащIэу
Фочхэр щагъауэр я хьэгъуэлIыгъуэрщ.

Адыгэ щIыналъэм адыгэр щопсэу,
ШэрджэскIэ къеджэу мы дуней псор.
ЩыгуфIыкIыу дыгъэм, пэплъэу уэшх Iумахуэ,
ЩIэблэр япIыр, трашэ гъуэгу махуэ!

## ПШЫНЭ

Фыдыхьэшхынк1и хъунщ ауану,
Ауэ си гум ирихьыр ди адыгэ пшынэрщ,
И макъамэ къызэрыгуэкIыр
Гугъущэ демыхьу зэригъэIу щIыкIэр.

ПщыкIутI къудейми зэрыхъур пшынэ Iэпэр.
ЯгъэIу пшыналъэр сытым хуэдэу гуапэ!
Пшынэ Iэпэм къыщIадзэм джэгуу,
НэхъыфI щыIэнуи къэкIкъым уи гум.

Уи рояли, уи пианини —
Зыми лъэкIынукъым, ещхьу пшынэм,
Гущэкъу уэрэдыр къригъэкIыну,
Си лъэпкъ макъамэр къысхуигъэIуну.

Дуней псом щагъэвухэр сыт зищIысыр,
Зи пэрмэныр абыхэм кърагъэжэх щытхъупсыр?
Адыгэ пшынэм къыхилъхьауэ си лъым,
Хэтщ си лъынтхуэм адыгэ пшыналъэр.



БлокI илъэсхэр, гущIэм задигъазэу,
Ауэ зэманым иIэкъым къэгъазэ,
Си лъэпкъым и гур ноби кърегъауэ
Iэпэ пщыкIутIым ягъэIуа пшынауэм!

## ЦЕЙ

Адыгэ цейуэ, цей гъуапэхуу,
Къуршыщхьэ уэс чэсейр зи теплъэ,
Шууей ныбжьыщIэр уогъэгушхуэ,
Ущыгъщи, и лъыр зэщIэбгъаплъэу.

Уи кIэкъуащIитIри, бзу дамэу,
ШэщIащ, шыгъажэм ухыхьамэ,
Дахагъэ щапхъэм уримардэщ,
Жьы жэрми ухузогъадэ.

Пщыхьэщхьэ пшэплъым, нэхущ пшэплъым
УхабзыкIауэ арагъэнщ,

ЩIэптхьэкъур хэтми, зэ къыптеплъэр,
Къохъуапсэу узыщитIэгъэн.

Хьэзыр пщыкIутIри загъэуардэу,
Щхьэж къэс иIэжу и къалэн,
Вагъуэ пщыкIутIу бгъэм щолыдыр,
Хъыбарыжь куэд хуахъумэу тхыдэм.

Уи дыпIэхэр къурш лъагъуэ хужьхэу,
ДэкIуей-къехыжу птонэхукI,
Нартыжь пэлъытэу ди лIыхъужьхэм,
Урашугъусэу укъокIуэкI.

ЗищIысыр бгъэунэхуащ гъэрыпIэр,
ГуфIэгъуи гуауи зэбнэкIащ,
Щхьэхуитыныгъэм нэхъ бгъэлъапIэ,
ЩымыIэуи укъекIуэкIащ.

КъыщодэхащIи акъужь мащIэр,
КъыщыпкIэрихми гынымэ,
КъыптелъэщIыхьурэ бын папщIэу,
Уихуакъым игу адыгэ анэм.

Адыгэ цейуэ, цей гъуапэхуу,
Къуршыщхьэ уэс чэсейр зи теплъэ,
Шууей ныбжьыщIэр уогъэгушхуэ,
Ущыгъщи, и лъыр зэщIэбгъаплъэу.

Уи кIэкъуащIитIри, бзу дамэу,
ШэщIащ, шыгъажэм ухыхьамэ,
Дахагъэ щапхъэм уримардэщ,
Жьы жэрми ухузогъадэ.

Ди хъыбарыжьхэм, уэрэдыжьхэм
Я Iущагъ нурыр уэ къыпхопс,
Сэ усхуадами ди нэхъыжьхэм,
Кавказ лъэпкъ псоми хъуащ уекIупс.

## АКЪУЖЬ КЪАБЗЭ

Хэшыпсыхьауэ фи макъамэр си лъым,
ФыкъыхоIукIыр, бгырыс пшыналъэхэ,

ЦIыхугъэ нэсым фрипщалъэу,
Мазэ бзийхэр шыкIэпшынэ налъэу.

Къуршыщхьэ тхъуар зыхуеплъых удзыпцIэм
Хэджэгухь пщащэ нэ фIыцIэм
И дыхьэшх макъыу къызэрылъэлъыр
Къоджэрэзэхыр къырым псыкъелъэу.

КъыхоIукIыжыр бгым телъ уэс къабзэм
ЛъэгущIэт ящIахэм яуса гъыбзэр,
ГъэпцIагъэкIи топкIи яхуэмышынэу,
ЗауэлI лIыхъужьу хэкум къинахэр.

Къурш пэлъытэу, къахуэмыланджэу,
Хэку хуитыныгъэм дыкъыхураджэу,
Зэхызох иджыри къызэрыджэр.
ГъэпцIагъэкIэ къытранахэр ныджэм
Ноби хамэщIхэм щолъэуджыджэ.



Бгырыс пшыналъэу си гущIагъщIэлъхэ,
Зи макъамэ пэжыр акъужь къабзэ!
Дыгъэ бзийхэр хэухуэнащи фи лъым,
СыводаIуэр, гущIэм зыкъигъазэу!

Къуршыпс къиуауэ, зэм фожэхыр,
Зэм фыуэшх щабэ укIытэхщ...
КъуэкIыпIэ пшэплъу зэщIэвгъаплъэ
Си лъынтхуэм хэтщ бгырыс пшыналъэр!

## СИ АДЫГЭБЗЭ – СИ АНЭДЭЛЪХУБЗЭ

Зыгуэрхэм куэдрэ, къеджэу уазым,
Ирагъэщхьыф анэдэлъхубзэр
ЯупIэщIыжакIэ гъуаплъэ щайм,
Щысхьыншэу игъукIыж псыкъуийм.

УкъытекIыжмэ бэзэрым,
Уимыхьыфыну жыжьэ дыдэ
ЖаIэф, я напIэри мыхуадэу,
Уагъэкъуэншэжу, яхуумыдэм.

Си адыгэщIу, сыщалъхуа щIыналъэ,
КъысIурыплъхьащи уи бзэр си пшыналъэу:

СедэIуэфынущ бзур зэрыбзэрабзэм,
Макъамэр зэригъэIум акъужь къабзэм,
Гуапагъэу гъащIэм щызыхэсщIэ псор,
Сэ къызэрысщIэр къысIурыплъхьа бзэрщ.

Вагъэбдзумэр щызохьыр адэжьхэм я хьэсэм,
ЩIыгулъ пшэрым псалъэ жылэхэр хэссэу.
Псалъэм псалъэр пызгъэувэжрэ — сатырхэр
Зэхэслъхьэжу адыгэбзэ усэу.

## ИСЛЪЭМЕЙ

Пщэдджыжьым къуэкIыпIэм пшэплъ къыщищIым,
Iэгум илъ дэпым нэхъ нэхъ гуащIэу,
МафIэ жьэражьэ къыпщIащIа нэхъей,
Укъызэщ Iегъаплъэ ислъэмейм.

Я тхыпхъэхэр лIэщIыгъуэ Iэджэхэм,
А къафэм щызэхэджэжащи,
Зэми ар пщащэ Iэпэ щабэщ,
Зэми уэгу вагъуэ лыду гуапэщ.

Ислъэмей, щызэщIэплъэ си лъым, щыджэгу,
КIагъэпшагъэ къыщхьэщыхьар си щхьэщыгу
Уи жьапщэкIэ зэбгрыхуж,
Уи уэшхкIэ тетхьэщIыкIыж.
Къысхуежэх къыдэжауэ аузым
Зэрылъэлъу къежэх къуршыпсу.

Пхызолъагъуэр си напэр, си щIыхьыр,
Уи зы хъуаскIэу уи къафэм сыхохьэр.
МафIэм егуэщIэкI ислъэмей,
Лъагъуныгъэ хъыбарегъащIэу,
Къэлъэтыхь, къэлъэтыхь ЩIы хъурейр!

## УДЖ

Пшынауэр поплъэ хьэтиякIуэм жиIэнум,
Уджыр щришэжьэнум и пшынэм.

Хьэщыкъ зэхуэхъуахэм я IутIыжыгъуэщ
Нэхущыр. Удж епшэжьэну игъуэщ.

ИрешэкIыр щауэм пщащэр,
Iэгур Iэгум еIущащэу.
Гухэр хъуами нэхъ пIейтей,
ТIури хуейкъым дэлэл лей.

Джэгум и кIэух къафэ уджым
Хьэщыкъхэр поплъэ мы жэщ телъыджэм.
НыбжьыщIитIым я пщэдей махуэр
Къигъэлъэгъуэнущ мы уджым нахуэу.

КъокIуэкI мы хабзэр игъащIэ лъандэрэ:
Я Iэхэр уджым щызэрыубыдрэ
ЩIалэ къуданхэм, тхьэрыкъуэ пщэхухэм
ЗэхуаIуатэу я мурад щэхухэр.



Поплъэ пшынауэр хьэтиякIуэм жиIэнум,
Щришэжьэнум уджыр и пшынэм.
Хьэщыкъ зэхуэхъуахэм я IутIыжыгъуэщ
Нэхущыр. Удж епшэжьэну игъуэщ.

## ЗЕЛЪАТЭ

Къыпхуеуэхэр Iэгум щIэбгъэплъу уи лъэгум,
ФIыуэ плъагъур къыдэпшамэ джэгум,
«Зелъатэ» къафэм къомэщIэкI утыкур.
Псалъэ хэмылъу,
Гухэм, зелъатэу,
Щэхуу яIыгъ псори зэхуаIуатэ.
Пщащэ IэлъэщI кIапэм
ЗэрымыщIэу лъэIэсамэ Iэпэр,
Ещхьу мафIэ дэпым
Къес IэлъэщIым Iэгур.

МафIэм илыпщIынущ зылъэIэсыр,
Гухэлъ пщтырым ныбжьыщIэгур есыр.
Нэхъри зэщIигъанэу мафIэ пщтырыр,
Щауэр джэгу утыкум щызолъатэ.

3 Заказ №1683

ТIури дыщымщ — аращ ди лъэпкъ хабзэр,
Гухэлъыр зыIуатэр лъагъуныгъэбзэрщ.
Псэ къэпIейтейхэр игъэхьэкъувыкъуу
«Зелъатэм» дызэпещIэ лэгъупыкъуу.
Гум лъагъуныгъэ мафIэ щIэмынамэ,
«Зелъатэ» укъэфэн пхулъэмыкIыну.

КъызэщIоплъэ нэхъри мафIэс гуапэр,
Къигъэлыдащи пщащэ Iэлъэщ I кIапэм.
«Зелъатэ» къафэм кърихьэкI гухэлъыр
Къыпхыхьамэ, упщIыIужкъым уи лъыр.
Iэлъэщ I кIапэм щIигъэна мафIэс,
А уи мафIэм куэдрэ сегъэс!

## ХЬЭГЪЭУДЖ МЫХЬЭМЭТ

ЩаIуэтэжкIэ тхыдэм и хъыбар,
СыщедаIуэкIэ бзум и уэрэд,
КъыщешхкIэ гъатхэ уэшх дызыпэплъар,
Си гум укъокIыр, Мыхьэмэт.

ЩхъуэкIэплъыкIэу зэщIигъаблэу щIыгур,
Пшынэ Iэпэу джэгумэ дыгъэ бзийр,
ГуфIэу зызэIуихмэ пщащэ нэгум,
Мыхьэмэт, уэ укъокIыжыр си гум.

IупщIу хызолъагъуэр уи пшыналъэм
Си илъэс блэкIахэм я сурэт,
Сабиигъуэм и макъ зэрылъэлъыр,
Къуырш щхьэ хужьхэр. Уэри — Мыхьэмэт.

Еуэ пшынэм, еуэ тегушхуауэ,
ЩIалэ хъужа гур ирихужьауэ,
Уи макъ лъэщкIэ къыхэбдзэм уэрэд,
СедэIуэнт семышу, Мыхьэмэт!

Шыщхьэмыгъазэу уанэшыр зэщIэплъэу,
Хэлъэдауэ Шыхулъагъуэм, irижэу уафэгум,
Вагъуэхэр хъуаскIэу и лъэгу къыщIэлъэлъу,
Мыхьэмэт, къыщIегъэхьэр си нэгу
уи пшыналъэм!

Щыблэр губжьауэ зэрыщыуэм щыгум,
ТекIуэныгъэ гугъум къикIуа гъуэгум
Я гугъу къысхуэщI, уафэхъуэпскIыу си лъым,
Мыхьэмэт, къыхэгъэхьэ уи пшыналъэр!

Узэрихьэлу, къэгъэушыж адыгэр,
Къызэригъэушым ещхьу щIылъэр дыгъэм.
Лъагъуныгъэ макъамэу, зэман къакIуэм и джакIуэу,
Мыхьэмэт, уи уэрэдыр къысхуокIуэ!

Джэгум лъэгум щремыщIэ еш,
Пшынэм зэи гъыбзэ хремыш.
Уи ужь къихъуэ ныбжьыщIэхэм уэрэд
Пхуаусынущ уэ, Мыхьэмэт!



*СатырипплIхэр*

ЗЭМАНЫМ И ШЭРХЪ

Уахъты кIэншэм и щIыхуэ пшыныжыпхъэ
Стелъ хуэдэ, сыкIэлъожэ зэман шэрхъым.
Сяпэ итми, ищIэркъым къэувыIэ,
ЗэщIэплъауэ, гъущIышыр щIегъэIэ.

УАФЭМ ИГЪУЭЩЫХЬА ПШЭ ХУЖЬ

Пшэ хужьыр ныбжьу щIэлъщи уафэ лъащIэм,
ЕгъэпIейтей мы си псэр псэху имыщIэу…
Къуршыщхьэ лъагэхэм къыщежэх жьыбгъэ,
Щхьэ щIыIэр ноби гум и лъащIэм щыкъугърэ?

ДУНЕЙ ЩЭХУМ

Пшапэр зэхэуэм, къыщIэкIынущ мазэр,
Псэхэр къытхуигъэнэхуу, тхуигъэкъабзэу.
Уахътыншэу итми уэгум мазэм и бзийр,
Мамыру псэуфыркъым, зи, мы дунейр.

## КЪАРУ МЫУХ

Уахътыншэ щIэмытми мазэм и щIагъым,
ГугъапIэм зэи лIэжын и мыгугъэ.
Зэгуэрым шэчыншэу сщыхъунущ хьэкъ мыр:
Зи гугъэр мыухым мыухщ и къарур.

## МАФIЭ УЖЬЫХЫЖ

Бжьыхьэ уэфIым и мафIэ дыхьэрэным
И бзий зэмыфэгъухэр зэбгредз щхьэхынэу...
Ди блэкIахэм щыщу къытхуэнэжыр
И сахуэ закъуэрщ мафIэ ужьыхыжым.

## ШХУЭIУ

Къызатащи зы шы емылыдж,
ЕщIыр зэм ислъэмей, зэм мэудж!
Сыт хуэдиз и IэфIагъми щIалэгъуэм,
СIыгъщ сыт щыгъуи и шхуэIур нэхъ Iэгъуэу.

## УЭШХЫМ СОШЭС

Сытым щыгъуи согъэщIагъуэ мы гупсысэр:
Дэнэ щыIэ нобэм къэс си шы мыгъасэр?
Зэшыгъуэ схуэмыхьыжыр зыщхьэщысхыу,
Сошэсыр уафэгъуагъуэ уэшхым!

## ХЭТ КЪЫЗЭДЖАР?

Хэт а сымыцIыхуу сэ къызэджэу
ЦIыхухэм хэпшэхъуэжыр зэуэзэпсэу?
АрагъэнкIэ хъуну щIауэ Iэджэ
Епсэлъэну къилъыхъуар мы си псэм?

## ТЕНДЖЫЗ ФIЫЦIЭМ СЫЩЫХЭПЛЪЭКIЭ

Тенджыз Iуфэу псым щигъэIум и дауш
Аргуэру си гум къыщокIыж си лъэпкъыр —
Къегъэзэжри тхыдэм, хэмыщIауэ щыщ —
БлэкIамкIэ зэщIеIулIэ си Iэпкълъэпкъыр.

## ЛЪЭХЪЭНИПЛI

Мазэ пщыкIутIыр кIэншэу хэтщ илъэсым,
Лъэхъэнипл Iу егуэшыжыр мы дунейр.
Ахэм ящыщу зы къыхуэтым уи псэм,
ПлъэкIыфынукъым укIуэну уи пщэдейм.

## IЭЛЪЫН

Къысщыдыхьэшх, ухуейм сыкъэщI ауан,
Пхуэзгъэгъуфынущ, узолъагъури фIыуэ.
Ауэ мы си гугъапIэм и Iэлъын
СIэрылъар згъуэтыжыркъым, кIуэдауэ.

## ГУГЪАПIЭМ И ПЩАЛЪЭ

ЩIымахуэр икIри, къытхуэкIуащ гъэмахуэр,
ЩIыр къоушыжыр, жейкIэ зигъэнщIауэ.
КIыфIым щыхэтми, къыщыстепси нэхур,
Къэхъуакъым псэр гугъапIэ щызгъэщIауэ!

## КЪЭБЛЭЖЬ УИ IЫХЬЭЩ

КъыщIожыр псынэр, псыежэх хъужыну,
ИужькIэ тенджызышхуэм хэхуэжыну.
ЛIэщIыгъуэхэр зи ныбжь жыгей абрагъуэр
Iуэхуншэм, йогъукIыжыр итырыгъуу.

## УАФЭ ЛЪАЩIЭМ И ЖЫХАПХЪЭ

Жыг тхьэмпэр жьыбгъэм егъэщхъыщхъыр,
КъызэщIеубыдэр жьым жыг щхьэкIэр.
Жыг щхьэкIэ бапхъэр и жыхапхъэу,
Уафэм и лъащIэр зэщIепхъанкIэ.

## ДЖЭРПЭДЖЭЖ

Пщэдджыжь аргуэру къыщIэкIынущ дыгъэр,
Ауэ сфIэмыIэфIыж иджы пшэкIэплъыр.
Сыджэ пэтми, хэзмыхыжу си гугъэр,
Джэрпэджэжырщ къыпэджэжыр си псалъэм.

## ЖЬУДЖАЛЭ

Жьуджалэм къыщежыхьыр губгъуэм,
Къыщыхуауэ пIэрэ Тхьэм и ней,
ЩхьэегъэзыпIэ хуэхъун абгъуэ
Къыщилъыхъуэу пIэрэ мы дунейм?!

## ЖЫГ ЗАКЪУЭ

Жыг закъуэ, имыгъэщхъыу и щхьэр,
Щытщ уардэу, губгъуэхэр къиплъыхьу.
Апхуэдэ жыгым, сымыдзыхэу,
Сопсыхри, си шыр сэ изопхыр.

## СИ АЛЪПЫР

Си гугъапIэ-гупсысэхэр алъпырщ зэзгъэщхьыр.
ГъащIэ, кхъыIэ, зэи абы ущымыхьэ.
Ар сфIэкIуэдмэ, тепщэ схуэхъунущ зэшыгъуэр,
Щалъэхъауэ къысфIэщIу нэгъуэщIым и губгъуэм.

## ГЪЭМАХУЭ – БЖЬЫХЬЭ

Гъэмахуэ шылэ бадзэуэгъуэм
Дэ щIыIэтыIэм дыщIохъуэпсыр.
Къыдолъытэж гъэмахуэр игъуэу,
Бжьыхьэ уэтIпсытIыр къызэрысу.

## НЭХЪ ИНЫР

Жыгхэр, бгыхэр, цIыхухэм я нэхъ иныр
Сыт щыгъуи занщIэу нэхъ къыIуедзэр уи нэм,
Нэм къыпхуимыщтэу псэкIэ къулейсызыр
Нэхъ инхэм хузэгуопыр угъурсызу.

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ

# УАФЭНЭ

*Роман*

## Япэ Iыхьэ

*1449 гъэ, Жылэжь.*

*Хы ФIыцIэмрэ Мэуэт хымрэ я зэхуаку.*

Хы ФIыцIэмрэ Мэуэт хымрэ я зэхуаку щIыпIэм, Жаней пщыгъуэм, уэркъыцIэ зезыхьэу щыта Джыраджэ зэшищыр щыпсэугъащ. Зэкъуэшхэм я нэхъыжьитIым унагъуэ ямыухуауэ, илъэс щэщIым, щэщIрэ щым иту дунейм ехыжахэщ. Зыр щакIуэ кIуауэ мыщэм IэщIэкIуэдащ, адрейр щыблэм иукIащ. Ещанэр, нэхъыщIэ Екъуб, и закъуэщ унагъуэ зиIар. Ауэ ари адыгэ щIыгужьым щытхъакъым: и фызри езыри щыблэм иукIауэ щытащ. Илъэс тIощI хъуа Кэтэринэ пщащэ цIыкIумрэ илъэс пщIыкIухым ихьа Лу-Бланэ щIалэщIэмрэ къащIэнащ абыхэм.

Псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэныр бжэн закъуэр зи пашэ мэлиблымрэ шэщымрэ щыблэ мафIэм химысхьэу къызэрынарщ. Зи Iэ сэмэгур мафIэм писыкIа Лу-Бланэ щIалэщIэм елъытауэ, Кэтэринэ зыри къызэрыщымыщIар жылэдэсхэм зэрагъэщIэгъуэнур ящIэртэкъым. Хэт сыт хуейми жиIэрт: «Щыблэ Тхьэшхуэр къахуэсакъащ», «Я пхъур ди пашэн, дедэIуэн хуейуэ къытхуигъэнащ». Тхьэхэр куэду зэрыщыIар иджыри зыщымыгъупщахэм «щхьэрыутIыпщ дызэрыхъуар къыдгурыIуэжын, зыкъэтщIэжын хуейщ» жаIэрт. Урым чыристан диныр зыIэщIэлъхэм ягъэхъыбарыр нэгъуэщIт: «Сыт зыкъэщIэж! Тхьэшхуэм уафэм къытхуригъэха Исусщ дэ ди Тхьэр!». Ислъам диныр адыгэхэм къахэзыхьэхэр абыхэм псалъэкIэ, къамэкIэ япэщIэтт: «Емынэ-талор зи жьэ жьэдыхьэнхэ, сыт хуэдэ Тхьэ зи гугъу фщIыр! Ди Алыхь лъапIэу лъагэу, дунеягъэр къэзыгъэщIауэ зыгъэпсэум ар къыфхуидэнкъым, и хьэдрыхэ лъэмыжым фытригъэхьэни, ислъам диныр зи фIэщ хъу цIыхухэр щигъафIэ ахърэт жэнэтым фригъэхьэнкъым, игу къывэбгъэнщ. Абы и лIыкIуэ Мухьэмэд Бегъымбарыращ зи жыIэ фыщIэтын хуейр. Абы и псалъэ захуэхэм фыщIэмыдэIумэ, зыдэвмыщIэж тхьэмыщкIагъэхэмкIэ и дунейм фыщигъэпшынэнущ, ауэ зыкъэфщIэжмэ, къыфхуигъэгъунущ, и жэнэтыбжэри къыфхузэIуихынущ».

«Джыраджэхэ щыблэ Тхьэшхуэр зэбга лIакъуэщ, защывдзей, фагъэунэхъунщ» – апхуэдэ псалъэ дыджхэмкIэ Жылэжь дэсхэр ящымэхъашэу яхуэпсалъэрт ибитIым, гущIэгъу тIэкIу яхузиIэу щытахэри тIэкIу-тIэкIуурэ япыIукIуэтыжащ, нэмыплъ ират хъуащ. Гум еуэ а псалъэхэр щызэхихкIэ, Кэтэринэ губжьыртэкъым, гузэрыдзи ищIыртэкъым, и дэлъху нэхъыщIэм зыкъримыгъащIэу, езыр-езыру игъэвырт. Ауэ зы махуэ гуэрым Лу-Бланэ къыжриIам Кэтэринэ къигъэуIэбжьащ:

– Сыт, Кэтеринэ, мыпхуэдэу дыщхьэзакъуэу, дытхьэмыщкIэу дунейм дызыхутетыр? – жиIам нэхъ гуузыжи дыщIигъужащ: – Мы гъатхэм щыблэ мафIэм дызэрисара?

Бжьыхьэ махуэ щIэращIэр къытеункIыфIауэ къыщыхъуащ Кэтеринэ, ипкъ псыгъуэр зыIэт лъэкIампIэ екIухэр щIэсысащ, лыр зэриупщIатэ сэ цIыкIу Iэпыхуар къищтэжри, гумащIэу къеплъащ:

– Уэрэ сэрэ дызэдэлъхузэшыпхъущ, сыт апхуэдэу щIыжыпIэр, си дэлъху цIыкIу?

– «Тхьэр зэбга лIакъуэ, унагъуэ» къытхужаIэ... Ди куэбжэпэм блэкIхэркъым, къытпакIухь...

– Ара ар щIыжыпIэр? – Кэтеринэ щабэу хэщэтыкIри, и дэлъху нэхъыщIэр зыгъэнэщхъей Iуэхур хузэпкърихащ: – Къыдэбиин хуэдэу дэ зыми ди ягъэ едгъэкIакъым. Ди адэми, адэ къуэшхэми зэи зыри IейкIэ къахуэпсэлъакъым. Ди анэри, зэрытщIэжщи, губзыгъэу, цIыхуфIу щытащ. Иджыри и нэIэ къыттетщ, къыткIэлъоплъ. Апхуэдэ псалъэ мышыухэр уигу щIумыгъэхьэ. Махуэр дахэу зэрыбгъэкIуэнум, пщэдей фIы къызэрыдэкIуэнум егупсыс. Пэжщ, тхьэмыщкIагъэ къытепсыхащ, ди унагъуэр зэрипхъуащ, ауэ дэ дыпсэущ, дыузыншэщ.

– Арами, сэ псори IэшэкIэ къызоджэ...

– Апхуэдэу къоджэм пщэдей езым къыщыщIыжынур ищIэу пIэрэ, гъащIэр зэмыфэгъу Iэджэу зэхэлъщ. Мыдэ къакIуи, IэплIэ зыхуэзгъэщI. – И дэлъху нэхъыщIэм IэплIэ иришэкIри, нанэм хуэдэу иущиящ: къыпфIаща цIэм и мыхьэнэр зэи зыщумыгъэгъупщэ. А къыпщIэнакIэ къомым себгынукъым, сахурикъунщ сэ абыхэм. Укъэфэфрэ? КъэфэкIэ зымыщIэ адыгэ щыIэн хуейкъым...

Къытехьэ, уэрэд бжесIэурэ, Iэгу сыпхуеуэурэ укъэзгъэфэнщ. Укъыздэхъуну къыпфIэщIмэ, сэр дыдэр сыкъыбдэфэнщ, Лу-Бланэ.

Джыраджэ Кэтеринэ и гур хэхъуэу уэрэд жиIэурэ къыдэфащ и дэлъху нэхъыщIэм. Лу-Бланэ зэуэ и къафэр зэпигъэури, шэнт цIыкIум тетIысхьащ.

– Уезэша? – и дэлъху нэхъыщIэр къыщIэмыфэр зыхуихьынур имыщIэу щIэупщIащ Кэтеринэ.

– Хьэуэ... – жиIэри, щхьэусыгъуэ къигупсысащ Лу-Бланэ: – Си сэмэгурабгъум сыплъэщIигъэхьэркъым.

– Арамэ Iуэхукъым... Узэрезгъэсам хуэдэу укъафэмэ, си дэлъху цIыкIу, уесэжынущ, – щхьэусыгъуэ зэрищIар и шыпхъум къыгурыIуауэ, хуэсакъыурэ и анэкъилъхум жреIэ: – Иджыри зэгуэр дыкъызэдэфэнщ, умыгузавэ абы щхьэкIэ.

– Сыгузавэркъым, ауэ уэ дахэу укъофэ. Ди анэми дыкъигъафэу щытащ, пщIэжыркъэ? Пщэдей пщыхьэщхьэ дыздэкIуэну нысашэ джэгум укъыщагъэфамэ, дэгъуэ хъунут...

– Апхуэдэу щыжыпIэкIэ, – Кэтеринэ и уафэнэ къилыдыкIымкIэ къыхуэгуфIэри, къыдэгушыIащ, – ари пхуэсщIэнкъэ, хьэулейщIыхьэхужьу сыкъыбдэфа уи гугъэрэ.

Лу-Бланэ игу щIэныкъуэр адэкIэ иущэхужыфакъым:

– Дауэ укъызэрыфэнур, нысашэ джэгум урамыгъэблэгъауэ?..

УпщIэм хуэхьэзыра хуэдэ, Кэтэринэ жэуап иритыжащ и дэлъхум:

– Ди анэм жиIэу щытар пщыгъупщэжа: адыгэ джэгухэм, хьэдагъэхэм, хасэ зэхыхьэхэм кIуэ мыхъумэ, ирагъэблагъэркъым.

Лу-Бланэ  зэхихам хигъэгупсысыхьащ, и нэхъыщIагъэкIэ зыхуимыгъэфащэми, и цIыхухъу пыIэм хуэфащэу къилъытэри, и шыпхъу нэхъыжьым хуигъэуващ:

– Абы щыгъуэм, Къарэжь укъыдэфэнукъым!

– АбыкIэ укъэзгъэгугъэфынукъым, Лу-Бланэ.

– Сыт щхьэкIэ, зы махуэ хым укъыхимыгъэкIыжу, къыпщыдыхьэшхыу нэпкъым зэрытетар пщыгъупщэжа?!

– Сэ зыри сщыгъупщэркъым. Сэ къезмыгъэжьа адыгэ хабзэр сэ скъутэжынукъым. ПыIэ зыщхьэрыгъым щхьэтепхъуэ зытелъыр къыдиш мыхъумэ, пщащэм щIалэр къыдиширкъым. Си насыпмэ, абырэ сэрэ дызэрихьэлIэнкъым...

– Уэ хуабжьу адыгагъэм утетщ... – гъумэтIымащ Лу-Бланэ. – Адрейхэр зэрыхуейуэ мэпсэу...

– Адыгагъэ уэри пхэмылъу щытамэ, мы къызжепIэхэр къызжепIэнтэкъым. Ди нэхъыжьхэм къытхуагъэна хабзэр дэркIи, сыт хуэдэ адыгэм дежкIи пщэрылъщ. Дэ ар дымыхъумэжмэ, хэт зыхъумэнур? – Кэтэринэ и псалъэр гушыIэкIэ иухащ: – Сыт ар, садыгъунсахьынкIэ укъыстешыныхьрэ?

Лу-Бланэ  и шыпхъум хупиупщIащ:

– Зыми уихьынукъым! А уэ пхъумэ сэ цIыкIум хуэдэ сиIэщ сэри.

– А ды-дыд! Сыту упхъашэ...

– Сыпхъашэкъым, си адэм, адыгэпщ Рэдэд хуэдэу, сызахуэну сыхуейуэ аркъудейщ.

Кэтэринэ щапхъэу къыхуахьам жэуап иримытыжу къытенакъым:

– Узэрыгушхуэ Рэдэд хьилагъэкIэ урыс пщым иукIауэ къыхэнащ хъыбарыжьхэм. Лъэпкъым и нэгу щIэкIа тхьэмыщкIагъэхэм ящыщщ ари. Ди щIыгурэ ди уафэрэ нэхъ гурыфIыгъуэ диIэкъым дэ. – Кэтэринэ тIэкIурэ щыму щытри, и псалъэм къыпищащ: – Сэри сыгумахэкъым!

– Нобэ лыцIыкIулыбжьэ IэфI пхуэсщIынущ. Жьэгум лъахъшкIэ шыуаныр схупылъхьи, псынэпс къабзэ схуигъахъуэ. Пщэдджыжьышхэ зэдэтщIынщи, къуажэ шыгъажэм дыкIуэнщ.

Зэхихар игъэщIагъуэу, Лу-Бланэ  къэуIэбжьащ:

– Дызыхагъэхьэну дэ абыхэм?..

– Шыгъажэр зы цIыхукъым зейр, къуажэ псом яйщ.

– Хьэнцэгуащэр къезышэкIа щIалэ, хъыджэбз цIыкIу хьэрылъхухэм сызэрызыхамыгъэхьар пщыгъупщэжа...

– Лу-Бланэ! – Кэтэринэ и макъым зригъэIэтащ, уафэ гуфIэм хуэдэ и нэ дахитIыр и дэлъхум триубыдэри, макъ щабэкIэ иухыжащ: – Ди адэм игъащIэм и жьэ къыжьэдэкIакъым апхуэдэ псалъэ мыхъумыщIэ.

– Пэжщ, пэжщ, – Лу-Бланэ  жиIар щIилъэфыжри, илъагъу мыхъу КъарэжькIэ иухыжащ: – Къарэжь хьэжь-кхъуэжьри цIыху тэмэмкъым.

– Сыт жыпIа? – зэхихар игъэщIагъуэу, Кэтэринэ иджыри зэ Лу-Бланэ еупщIыжащ: – Хьэжь-кхъуэжь жыпIа? Ар ди анэм жиIэу щытащ, – бжэныл шыпс тепщэчыр зыIыгъ Кэтэринэ здэщытым къыщынащ, ауэ щIэхыу зыкъищIэжащ. – АтIэ, ди анэ дрещхьын хуейкъэ? Шхэн бухмэ, ислъам диным къызэригъэуву, шыкур Алхьэмдулилахь жыIэ.

– Шыкур Алхьэмдулилахь, уи ерыскъыр къабыл тхурехъу.

– Иджы тщIэнур пщIэрэ?

– Шыгъажэм дыкIуэну жыпIатэкъэ?

– Ди шым дышэсу дыкIуэну жысIащ.

– Дэ тIур уанэм дихуэну?

– Уанэ темылъу дышэсынщ...

Кэтэринэ и псалъэр и кIэм нимыгъэс щIыкIэ, пщIантIэм цIыхухъу макъ къыщыIуащ. ХэтынкIэ хъуну ар, кърегъэкIыу щыдаIуэм, Лу-Бланэ и шыпхъум зыкъригъэщIэжащ:

– Зи гугъу ящIыр бжэщхьэIум тетщ жыхуаIэращ, Къарэжьщ ар зи макъыр. Сыту пIэрэ зи Iуэху зэрихуэр?..

– ПыIэ зыщхьэрыгъыр пыIэ зыщхьэрыгъым пежьэу хабзэщ, кIуэи еупщI.

– Ди куэбжэпэм щыпщIэр сыт?

Дэлъхум и упщIэ пхъашэр зэхэзыха Кэтэринэ унэм щIэкIри, илъагъур имыщIэщыгъуэми, адыгэ хабзэм тету, Къарэжь зыхуигъэзащ:

– Куэбжэм укъыщхьэпрымыплъу, къеблагъэ.

– НобэкIэ сыныфхуеблэгъэн мурад сиIэкъым, ауэ мо уи дэлъху нэхъыщIэ гурбиянымрэ уэрэ, Джыраджэхэ япхъу, шыгъажэм фезгъэблэгъэну сыкъыфхуэкIуащ.

– Тхьэм уигъэпсэу, уигу дыкъызэрыкIам папщIэ... – жылэм зызыпыIуадз, щыблэр зытебга унагъуэм къахуэфIу закъыщигъэхъуну зи мурад Къарэжь зыкъримыгъащIэу, Кэтэринэ жриIащ: – шыгъажэм дыхамыгъэхьэнуми, шы дэри диIэщи, абыкIэ дынэкIуэнущ.

– Ардыдэщ, фэ къызэдэвгъэжэнухэм нэхърэ мынэхъ Iейуэ дэри диIэщ шы, – дыщIигъуащ Лу-Бланэ, игурэ и щхьэрэ зэтелъу.

Къарэжь дыхьэшх нэпцI зищIу ежьэжащ, арщхьэкIэ къызэтеувыIэжри, къеупщIащ:

– Фи шымкIэ шыгъажэм фыхэтынущ?.. Дэгъуэщ, дэгъуэщ, мурадыфIхэр фиIэщ... Сэр фIэкIа хэмытами, нэхъыжьхэм езгъэдэнщ ар. Зывмыгъэгувэ!

ТIури унэм щыщIыхьэжым, Къарэжь и пащхьэ куэдыIуэ зэрыщыжиIар къыгурыIуэжри, Лу-Бланэ нэбгъузкIэ Кэтэринэ хуеплъэкIащ, къысхуэгъэгъу, кърегъэкI-кърымыгъэкIыу, и щхьэр ирихьэхри, жьэгу мафIэ зэхэкIыжам пэрытIысхьэжащ. Кэтэринэ и Iэр псым къыхихыжри, и Iэпхъуамбэ псыгъуэхэр зырызыххэу пилъэщIыкIыжурэ, и дэлъху нэхъыщIэм и щысыкIэр фIэдыхьэшхэну еупщIащ:

– Сыт, шыгъажэ бзу, уи дамэхэр ехуэхыжауэ ущIыщысыр?

– Уей, сымыщIэ...

– ДяпэкIэ жыпIэм уегупсысурэ псалъэ. НакIуэ, дишми и щхьэм жьы щIедгъэхунщ, къытщымэхъашэхэми я нэм дыщIэплъэнщ.

Шым тIури зэдытесхэу я пщIантIэм щыдэкIым, Лу-Бланэ зыгъэгузавэмкIэ и шыпхъум еупщIащ:

– Къыдэжьэну жызыIар цIыху тэмэму къэплъытэрэ уэ?

– Ар дэ тхузэхэгъэкIынкъым. Сыту куэдыIуэм уегупсысрэ уэ!

Лу-Бланэ зигъэлIу, и шыпхъум жэуап иритыжащ:

– Адыгэ дунейр гугъуехь защIэу зэхэлъщ зэрыжаIэр сигу къокIыжри аращ.

– Адыгэхэм я закъуэ уи гугъэрэ гугъуехьыр зи натIэр... Тхьэм къытхуигъэфэща гъащIэр екIурэ-ещхьу къэткIун хуейщ, ар къыдгурыIуапхъэу къысщохъу. Ауэ къыдгурыIуэркъым. Мис, илъэс псо хъуащи, дыхегъащIэ гуауэм... ЗыIыгъ быдэу, сыкъэубыд! – Кэтэринэ шым елъэдэкъауэщ, шхуэмылакIэр иутIыпщри, щIигъэпхъуащ.

Япэ шууей къызэдэжэр ирагъэжьати, Джыраджэхэ я шум гу къылъатакъым, ауэ Нэпабэ лIы жьакIэ-пащIэ Iувым илъагъур игъэщIэгъуащ:

– Модэ мо удитIыр!..

– Хэт уд жыхуэпIэр! – Къарэжь Нэпабэ пэрыуэри, зригъэущэхужащ, къыIухьахэм захуигъэзащ: – ТIэкIу фыкъэгувами, игъуэм фыкъэсащ, адрей къэжэгъуэм уи ныбжь итхэм гъусэ уахуэсщIынщ, Лу-Бланэ.



– Хьэуэ, хьэуэ, – жиIащ Кэтэринэ, – дэ шыгъажэм деплъын къудейуэ аращ, армыхъумэ, дыхэтыну дыкъэкIуакъым. Аракъэ, си дэлъху?

– Аращ, Кэтэринэ, – Лу-Блани игурэ и щхьэрэ зэтелъу и шыпхъум жэуап иритыжащ.

Абдежым къызэдэжэ шы гупым япэ итыр лъэпэрапэри, джэлащ, къыкIэлъыжэхэр къажьэхэуэжри, псори зэтеукIуриящ. ЛIитIым удын ягъуэтауэ, зыр иукIауэ шыхэм я щIагъ къыщIахыжащ.

– НакIуэ, – илъэгъуа тхьэмыщкIагъэр игу щIыхьауэ, Лу-Бланэ еIущIэщащ Кэтэринэ, – унэм дыгъэкIуэж...

Кэтэринэ игу зэрыгъуар нахуапIэ хъуащ: шыгъажэм къыщыхъуа щIэщхъур Джыраджэхэ я лажьэу Жылэжь щагъэIуащ. Нысашэ джэгури тхьэмахуэ пIалъэкIэ ягъэIэпхъуащ.

## ЕтIуанэ Iыхьэ

*Шыгъажэм и иужьрей махуэ,*
*Бгъащхъуэр уэгум щит зэман – къулъшыкъу.*

Дыгъуасэ къэхъуа гузэвэгъуэм унагъуищэ хуэдиз хъу Жылэжь зригъэущэхуауэ къурш къуэладжэм дэсщ. Бгыщхьэм удэкIуейрэ укъеплъыхмэ, щхьэр егъэуназэ. И лъабжьэм ущыту удэплъеймэ, уафэгумрэ пшэ пытхъахуэ есхэмрэ фIэкIа зыри плъагъуркъым.

ЩIымахуэм чэнжу, гъатхэмрэ гъэмахуэмрэ кууэ, псышхуэкIи псы цIыкIукIи узэджэ хъуну Пхъэпс Жылэжь дож. Абы и бгъуитIымкIэ

мывэ унэ зэпыIудзахэр къыщытщ. Гъуэгу бгъузэ зэхэIуэнтIахэр лъэс лъагъуэурэ зэбгрокI, жылэм къыдыхьэу, дэкIыжу. Жылэм и гъунэр шыгъажэ щащI щIыпIэращ, Жылэжь и гуфIэгъуэ Iуэхухэр щыдахыр. Абы жылэ Iуэхухэри, пщыгъуэ Iуэхугъуэхэри щаубзыху, хасэхэр щызэхашэ. Адэ пэIудзауэ къыщыт бгы лъабжьэм кхъэ кIэщIэтщ.

Башыпэм зи жьэпкъыр тегъэщIауэ бжьыхьэ дыгъэм зезыгъэу нанэр къуэм и къуэ Къарэжь еупщIащ:

– Сыт, бгъэжь, дыгъуасэрей тхьэмыщкIагъэм нэмыщI жылэм щыхъыбарыр?

– Дыгъэр жылэм къыдопсэ, лIахэр егъей, Мэуэт хыр къоукъубей, генуэз-итальянхэм дапоплъэ.

– Жылэм сыт щыхъыбарыр жысIауэ аращ сэ, емынэм имыхьын, адрей къэхъухэм щхьэкIэ тхьэ сэ сымыгузавэ... Уи шынэхъыщIэри къэлъагъуэркъыми нобэ, дэнэ щыIэ ар? – и нэгу зэлъахэр зэхихри, нанэр дэIуащ. – Абы и шы лъэ макъракъэ къэIур? – ПщIантIэм къыдыхьэжа Бэчыр зыхуигъэзащ: – Фэсыжьапщий, пцIащхъуэ.

– Жыжьэ сыщыIакъым, нанэ, си шым тIэкIу зезгъэукъуэдияуэ аращ.

– Арамэ, Iуэхукъым... Си жьыщхьэ сызэвдзыхыжыну нэпкъым улъыхъуэ сфIэщIащ, – дыхьэшхыурэ къуэрылъхум дэгушыIащ фызыжьыр.

– Сыт мы жыпIэр! – Бэчыр зэхихам къигъэуIэбжьащ.

– Уи фIэщ мыхъумэ, си пцIащхъуэ, уи къуэш нэхъыжьым еупщI.

– СеупщIынщ, ауэ а щIэпхъаджагъэр щIэ жиIэкIи, хуэсщIэнукъым.

– Мыдэ мыр... – щIогубжьэ Къарэжь и шынэхъыщIэм: – Апхуэдэ щIэ бжесIа сэ, угъурсыз?

– КъызжепIакъым, ауэ...

– Сыт «ауэр»! – Къарэжь и нэр кърригъэкIыу Бэчыр хуилъащ.

– УкъыстемыкIие! Iуэху хъуаи уэ нэхърэ сынэхъыщIэмэ... Зэхэпхрэ, си адэм и анэ, мыр къызэрыстегуауэр?..

– Къыптегуауэркъым, – Бэчыр зэмыжьа жэуапщ и анэшхуэм кърityжар, – и макъым зригъэIэта къудейуэ арщ. Мы дуней залымым фыщызэмыныкъуэкъу. Нэхъыжь-нэхъыщIэр зыщывмыгъэгъупщэ, гущIэгъу зыхэвгъэлъ.

– Джыраджэ зэш-зэшыпхъум...

Бэчыр жиIэну зыхуеяр и анэшхуэм IэщIипхъуэтри, жригъэIакъым:

– Бэяу! Мы Тхьэр зэбгам я гугъу зэхэзвмыгъэх... Абыхэм я адэшхуэм сэ къызищIам фIэкIа хэмылъами... Тхьэм къыхуимыгъэгъуу, Тхьэр къебгащ абы, сэри себгащ... Сыт мы зи гугъу тщIыр... Мыдэ нартхэм, ди адэшхуэхэм зэрахьа хабзэ мыхъумыщIэхэм ящыщщ нэпкъым щыдзыжын жыхуэсIар, ар лIыжь Iущ гуэрым зэрызахригъэнар си адэшхуэм жиIэжу зэхэсхащи, къыфхуэсIуэтэжынщ. ГущIэгъу нэхъ къысхуэфщIынкIи хъунщ. Хъунщ, фи нэщхъхэр къысхузэхэвмыукIэ, фIыуэ сыкъэвмылъагъуу аракъым, ауэ, итIани...

Пасэрей лIыжь-фызыжьхэр жьы дыдэ хъуа нэужь, гущэхэм хапхэжырти, сабийхэм зэракIэлъыплъым хуэдэу, нысэхэм зэрахьэжырт.

НысэфIым гущэр щыщIигъэхъаекIэ, «Лай-лай, си гущэ, лай дыщэр си лIым и адэшхуэрщ» жиIэрт. Нысэ бзаджэм «Лай-лай, си лIым и адэжь, хэлIыхьын адэшхуэ, хэунэхъухьын адэшхуэ» жиIэурэ гущэр щIиупскIэрт. ЛIыжьыр цIыкIу щыхъужкIэ, фэлъыркъэбым ирагъэтIысхьэжырти, пкIэунэм палъхьэжырт. «Фэлъыркъэбщхьэпсыр нэхъ быдэу пхэ, нысэ, армыхъумэ, дэ дыпсэ махэ лъэпкъщ» жиIэрт лIыжьым. Нысэхэм ахэр шхэгъуэ къэс пкIэунэм къыпахырти, ягъашхэурэ, ирагъэтIысхьэжырти, палъхьэжырт.

«ЛIыжь зехьэныр Iуэху къэгъанэщ, нысэхэр ягъэхьэулей» жаIэрти, лIыжьхэр джабэм ирадзыхын хуейуэ нартхэм унафэ ящIащ. Апхуэдэу псэухэурэ, цIыхухэр ягукIэ зэхуэдэкъым-тIэ, гущIэгъу зыхэлъ щIалэ гуэрым и адэшхуэр джабэм щимыдзу, дигъэтIысхьэри, шхын щимыгъащIэу, зыхуей-зыхуэныкъуэхэр хуищIэу щIидзащ.

Махуэ гуэрым лIыжьыр щIалэм къеупщIащ: «Сыт жылэм щыхъыбарыр?» «Дыгъуасэ ди псыхъуэм дыщэ кхъуэщын щалъэгъуащ цIыхухэм, ауэ псым ирихьэхри, ягъуэтыжакъым. КъытфIэщIагъэнщ жаIэри, къыхэкIыжахэщ. Дыщэ кхъуэщыныр нартхэм псым зэрыхалъэгъуар пэжщ, ауэ яIэщIэкIащ». «Дыщэр къэзыгъуэтым еину унафэ щыIэ?» – щIэупщIащ лIыжьыр. «ЩыIэщ», – иритыжащ щIалэм жэуап. «Абы щыгъуэм пщIэнур сэ бжесIэнщ: псыхъуэ нэпкъым тет жыгым и къудамэм дыщэ кхъуэщыныр фIэлъщ. Абы идз ныбжьращ псым къытридзауэ ялъэгъуар. Иджы а дыщэ кхъуэщыныр жыгым къепхьэхыжмэ, ууейщ, си щIалэ». И адэшхуэм щIалэм къыжриIар пэжт, къуажэдэсхэм гу залъримыгъатэу, Iуэхур зэфIихащ.

Дыщэ кхъуэщыным и къэгъуэтыкIэ хъуар цIыхухэм хуабжьу гъэщIэгъуэн ящыхъуащ.

Пщыхьэщхьэм щIалэм гъуэмылэ ихьри, кIуащ и адэшхуэм деж. ЛIыжьыр къеупщIащ: «Дыщэ кхъуэщыныр къэбгъуэта?» «Къэзгъуэтащ». «Сыт иджыри жылэм щыхъыбарыр?» «Дыгъэр къыщыкъуэкIкIэ, япэ идз нурыр къэзылъагъур жылэ тхьэмадэ ящIыну яубзыхуащ. Япэ дыгъэбзийр зрагъэлъагъуну нартхэр жылэм щыдэкIкIэ, къыкъуэкI дыгъэр псоми зэдалъагъу». «Армэ, си щIалэ, уэри абыхэм я гъусэу жылэм дэкIи, хы нэпкъым теувэ. Япэ бзийр хы щхьэфэм щытеплъагъуэкIэ, дыгъэр къыкъуокI жыIэ».

КъыкIэлъыкIуэ махуэм щIалэм и адэшхуэм къызэрыжриIам хуэдэу ищIащ. Абы и Iущагъыр цIыхухэм аргуэру ягъэщIэгъуащ, къызэрагъэгугъари ягъэзэщIащ. Жылэм и тхьэмадэу ар щагъэувым, нарт хасэм хэтхэм зэхахыр ягъэщIагъуэу яжриIащ: «Тхьэм фигъэпсэу, ауэ си дыщэ кхъуэщыныр къызэзыгъэгъуэтари, дыгъэм и япэ бзийр сэзыгъэлъэгъуари, гущIэгъу гуэр схэлъмэ, къысхэзылъхьари, си адэшхуэращ. Ди нэхъыжьхэм куэд ялъэгъуащ, куэдым гу лъатэ, Iущыгъэ куэд ябгъэдэлъщ. Ахэр дэркIэ лъапIэныгъэшхуэщ, абыхэм яхэлъ Iущагъым пщIэ хуэтщIын хуейщ. Нобэ щегъэжьауэ, ди нэхъыжьхэр дунейм ехыжыхукIэ, дгъафIэу ди унэ исыжыну нарт хасэм хабзэу щызогъэув».

Апхуэдэу жьы хъуахэм ятеухуа унафэр нартхэм къаригъэщтащ.

Нарт щIалэм и хъыбарыр къиIуэтэжыху, фызыжьым башыр и жьэпкъым щIэгъэкъуауэ щысащ. Щиухым, блэ уэным хуэдэу и щхьэ псыгъуэр къиIэтри, и нитIыр къригъэцIуукIыу щIэупщIащ:

– Зэхэфха, жьэмейхэ, нарт хъыбарыр? Фэ жыфIэхэм сыхуейкъым сэ. Уэращ зи гугъу сщIыр, Къарэжь, хуабэм игъэмэха къуалэжьым хуэдэу, уи дамитIыр гуэлэлу щхьэ ущыс? Сыт Джыраджэхэ я мыгъуитIыр шыгъажэм къапшэу, жылэр щIебгъэлъэпэуар?..

– Сэракъым... – и шынэхъыщIэм и цIэр кърsuccessfulимыIуэу, щхьэкIэ иригъэлъагъуурэ жеIэ, – мобы еупщI.

– Абы жиIэнур сэ куэд щIауэ сощIэ. Уэращ сэ сызэупщIыр.

– Моуэ зыщIыпIэ сежьащи, сыкъызэрысыжу ныбжесIэнщ.

– КъэувыIэ жысIакъэ! Уи щIыбыр къэгъазэт, угъурсыз. Мэ, а уздежьам мыри здэхь! А-оу, мывэжьым хуэди мы уи щIыбыр, си Iэпщэр бгъэузащ. Хэт узыщыдыхьэшхыр уэри, зи шхалъэр узын, – Бэчыр иредзри, трелъэфэж: – А, си щIалэ, псы щIыIэ тIэкIу къысхуэхь. – Псы Iэгубжьэм хэIубэри, жиIащ: – КъысIубгъэхуа псым ухуагъадэу узэIэпах-уагъафIэу упсэуну ди Тхьэшхуэ-Дыгъэм сыпхуелъэIунщ, си щIалэ. Абы нэмыщI Тхьэшхуэ сэ сиIэкъым, сызэхихыну сыщогугъ. Уи къуэш нэхъыжьым сыхуэмыарэзыуи аракъым. Фэ зэкъуэшитIым нэмыщI, мы дуней нэху-мазэхэм гугъапIэ щызиIэкъым сэ. Зэзэмызэ сыкъэгубжьу сынывэшхыдэ, фи щIыб сиуэ щхьэкIэ, зыкъысхуэвмыгъэгусэ, сигу жьы дезгъэхуу аркъудейщ. Жэм лъакъуэм и шкIэ иукIыжыркъым. АтIэ, сыт тщIэн, сыт мыгъуэм дыхуит, жьыр токIри, щIэр тохьэ, щыжаIэ дунейм дытетщ. – ИтIанэ и макъыр иришэхри зэIущэщэжащ: – Сыт къэхъунур жьыри щIэри дунейм зэдытетмэ...

– АрщхьэкIэ, нанэ, «жьыр токIри, щIэр къохъу» уэракъэ жызыIар?

– Сэракъым, уи адэшхуэ Зезэрахьщ жызыIар!

– Си адэшхуэр сщIэжыркъым сэ...

– Уи насыпщ зэрумыщIэжыр ... Ари сызымыгъэтхъахэм ящыщщ. ХьэжыщI сокIуэ жиIэри, Мысыр пшахъуэм щыкIуэдащ, къигъэзэжакъым. Фи адэр Абрэдж къэкIухьакIуэ-вакъэшхри абы къыкIэрыхуртэкъым... Ахэр Iуэхукъым, блэкIа къэхъукъащIэ мыфэмыцхэм сыт иджыри дрипIейтейкIэ. Модэ уи шынэхъыжьу зи къэшэгъуэ блэкIыр, си гыбзэ зытехуа Джыраджэ лъэпкъым я деж щIеплъэкIыр пщIэмэ, фызыпIыжар сэращ, сщумыбзыщIу къызжеIэ.

– Дэнэ щысщIэн... Шыгъажэм къызэрыригъэблэгъар сощIэ.

– Ар жылэм я дежкIэ щэхужкъым, хьэдагъэм си нэр щращIу къыщызжаIащ. Умыгузавэ, яжесIэжыни къэзгъуэтащ. Ауэ къыспадзыжам си щхьэфэцыр къигъэтэджащ. Уи пэр иумышэкI, чыристаныцIэ зезыхьэ Джыраджэхэ япхъу Кэтэринэ удыр сигъэгъэнысэну зэхэсхащ. Ар уи къуэш нэхъыжьым къызищIэмэ, дунейм тезгъэтынкъым. ПщIэIамэ, къызжеIэ. Армырамэ, уэри удэзгъэкIуэнщ абы! УбзыщI уи щэхур сымыщIэу уи мыгугъэ. Дауэ фэ тIум, сэ сыфщхьэщыту, – фы-

зыжьым и башыр и лъэгуажьитIымкIэ иубыдри, и Iэ уэдхэр и Тхьэшхуэ-Дыгъэшхуэм хуишийри жиIащ, – а нэ щхъуантIэ удым щхъухькIэ зыдевгъэхьэха!

Джыраджэ Кэтэринэ нэхърэ зы илъэскIэ нэхъыжь Бэчыр зэхиха псалъэхэм тIэкIу ягъэуындэрэщхъуами, зыкъищIэжри, и щхьэ хужиIэжащ: «Си гум щыщIэмрэ щыхъэмрэ мыбы дэнэ щищIэр... Дауэ щхъухькIэ сызэрыдихьэхынур, зи нитIыр си нэгу щIэмыкIым, зы удыгъи хэлъкъым абы. ЦIыхуфIщ, Iущабэщ, анэм хуэдэу и дэлъху нэхъыщIэр епI. Ауэ си къуэш нэхъыжьми Кэтэринэ гухэлъ хуищIауэ къысщохъу... Си щэхур зыми жесIакъым, ар зи щэхур си закъуэщ...»

– Сыт пхужымыIэр, си пцIащхъуэ? – анэшхуэм иджы нэхъ щабэ зыкъищIыжауэ Бэчыр йоупщI, дэгушыIэ хуэдэурэ дыщIигъужащ: – ЩIыпIэ хуабэм, хы гъунэм узэрылъэтэнра узэгупсысыр? Умыгузавэ, къэхъунщ апхуэдэ зэмани.

– Уи упщIэм жэуапу естынур сщIэркъым... Ауэ Кэтэрини Лу-Блани теухуауэ сщIэр бжесIэнщ.

– А зи цIэ къипIуа Iэшэм сэ сыткIэ сыхуэныкъуэ!

– Лу-БланэкIэ гуэныхь къыбохь...

– Сумыгъэсэж. Си гыбзэ техуащ абыи. Сэ зи гугъу сщIыр ар зытемыхуа уд напэншэращ. – Бэчыр жиIэнIауэ хунэмысу, анэшхуэр пщIантIэм къыдыхьа гъунэгъу фызыжьым пэмыплъами, пежьащ:



– Къеблагъэ, Лашын, къеблагъэ. Уи гур гузавэми гуфIэми къыджеIэ, къэтIыс.

– Сыт щхьэкIэ сыгузэвэн, Гуащэхужь, сыпсэущ, сылъэрытетщ, Алыхь лъапIэу лъагэм жиIэмэ. Уэ дауэ ущыт? Сыноплъри, дыгъуасэ хуэдэу, уи цIэр бгъэпэжу, унапэ хужьщ.

– Аращ-тIэ, фи Алыхь жыхуэпIэр щызыгъэIэ ди Тхьэшхуэ-Дыгъэшхуэм дэри дибгынакъым, фэри игу къывэмыбгъэу фегъэпсэу. Фэ чыристан диным и пIэкIэ, ислъам диныр къывегъэщтэ.

– Аращ, аращ, Гуащэхужь... Дызыщыщ адыгэ лъэпкъым дахэкIыжу дэнэ дыкIуэн, ящIэр дощIэ.

– Сэ сыадыгэкъэ! Сыадыгэ фызыжьщ, ди Тхьэшхуэ-Дыгъэшхуэ зыщызгъэгъупщэркъым армыхъу. Чыристан диныр Джыраджэ уэркъныкъуэхэм яIыгъати, къащыщIар бощIэ, щыблэм зэрылъэпкъыу IэщIэкIуэдащ. КъащIэнауэ тхьэр зэуахэми къапэщылъщ апхуэдэ кIуэдыкIэр.

– Апхуэдэ IуэхукIэ, Гуащэхужь, си Алыхьышхуэ, сыкъэхъумэ, сэ дэIуэгъу сыпхуэхъунукъым, Джыраджэ лIакъуэм яхууиIэ гужьгъэжьыр зыщыгъэгъупщи, уи лIэжыгъуэм тобэ къэхьыж.

– Сыт жьыщхьэ, сыт тобэ, – зей башым и пэр Гуащэхужь щIым тригъауэурэ къррикIутащ, – си щхьэр умыгъэуз, адыгэ-нартхэр гъащIэ кIыхьу щытащ, сэри сыхуейщ си щIалэ мыдаIуэхэм я гуфIэгъуэ слъагъуну. Мис а уэ пцIыхуу щыта... – Джыраджэ Къэлэубат и цIэр къыжьэдэху пэтрэ, Бэчыр къызэреплъам къигъащтэри, гъунэгъу фызыжьым еупщIащ: – А къомым нэхърэ нэхъыфIт мы пIыгъыр зищIысыр къыджепIамэ.

– Мы сӀыгъыр, Алыхь лъапӀэу лъагэм зигу игъэфӀын Гуащэхужь, пщэдджыжьышхэ хьэлывэщ. Фыхэзнынкъым жысӀэри къэсхьащ.

– Тхьэм уигъэпсэу, ди гуапэу зыӀудгъэхуэнщ. – Хьэлывэр здашхым, Гуащэхужь Бэчыр жреӀэ: – Уи Ӏуэху иужь ит, си пцӀащхъуэ, уи шым тӀэкӀу къегъэжыхь, уи ныбжьэгъухэм яхыхьэ. Дэ дыгъэ бзийм тӀэкӀу дыхэсынщ, жытӀэну диӀэр мащӀэ?

ФызыжьитӀыр я закъуэу къызэхуэна нэужь, Гуащэхужь и мыхабзэу и гум илъыр кърикӀутащ:

– Тхьэ арам, къыдэхъулӀари мащӀэкъым, къытщыщӀари нэхъыбэжщ. Еууей, еууей, фӀыуэ умылъагъум удэкӀуэкӀэ утхъэн? Си Къэлэубат гущэ сытелӀэу, сишэну сежьэурэ, си псэлъыхъухэр ӀузгъэкӀуэтурэ, псэлъыхъуншэу сыкъигъэнатэкъэ. Сытми, мы щӀалитӀым я адэшхуэрат япэу къысщӀэупщӀари, сыдэкӀуащ. Зэдэдгъуэта щӀалэр илъэситхум ихьа къудейуэ, зы жэщ гуэрым пӀэм сыкъыхинэри, сигу къыдэмыхьэ лӀыр жылэм дэшэсыкӀри, абы лъандэрэ къигъэзэжакъым. КъыщыщӀари зэрыхъуари зыщӀэр мо Тхьэшхуэ-Дыгъэшхуэрщ. КъыщӀэна щӀалэ закъуэми сыӀуплъэхукӀэ, слъагъу мыхъу и адэр сигу къигъэкӀыжырт. Ауэ сыт сщӀэн, силъ щӀэтт, къэслъхуат, спӀат, унагъуэу згъэтӀысыжат. Абыи, и адэм хуэдэу, сигъэунэхъуа мыхъумэ, сигъэтхъакъым. Ари Пщызэ итхьэлауэ, хьэдэу къысхудашэжащ. Сыт а къомыр щӀыбжесӀэжыр, Лашын, уэри уощӀэж, а гуауэр хуэмышэчу, си нысэм унэ щӀыбым деж щыт пхъэгулъейм зыкӀэрищӀэу зэрызитхьэлэжар. Абыхэм къащӀэна щӀалитӀым си къуэми си нысэми я хьэл яхэлъкъым. Ар Ӏуэхукъым, си насыпщи, я адэшхуэм ещхь хъужахэкъым.

– А ды-дыд, сигу къэбгъэкӀыжащ псори! – Лашын ахэр имыщыпэзэхэхми, и щхьэфэцыр зэрытэджар и нэгум иплъагъуэрт.

– Ӏух адэ, зыкъыздебгъэкӀуу... Гугъуехь зи гъащӀэм хэмыт цӀыху щыӀэ! Сэри сащыщщ абыхэм. Зыгуэр бжесӀэнщ иджыри, ӀэпэкӀэ къызэмыӀуса а сызыхуэшхыдэ Къэлэубат насыпыншэм и хьэл гуэрхэр яхэлъщ си щӀалитӀым.

– НтӀэ мыгъуэ, Гуащэхужь, нтӀэ мыгъуэ, япэу фӀыуэ плъэгъуам бэлыхь куэд дэпшэчащ. Дэри мащӀэкъым тхьэ тлъэгъуар, а уэ узыхэта гугъуехь гъунэншэм укъызэрелар согъэщӀагъуэ ...

– Сыбзылъхугъэ быдэт, си Тхьэшхуэ-Дыгъэшхуэр къыскъуэтти, мис аращ сыкъезыгъэлар.

– Тхьэ арам, Гуащэхужь, ди Алыхь лъапӀэу лъагэм, уадыгэмэ, ӀэщӀыб уимыщӀыну, и нэӀэ къыптригъэт зэпытщ. СыкӀуэжынщ-тӀэ сэ, си гуэгушхэри згъэшхакъым, я къау-къау макъыр зэхызох.

– Хъунщ, хъунщ, уи гуэгушхэр мыхъуамэ, иджыри Ӏэджэми я щхьэфэ диӀэбэнт, уэ зыра мыгъуэщ губампӀэдэхыу сиӀэжыр... Джыраджэ Къэлэубат хузиӀа гухэлъыр уэ япэу бжесӀауэ аращ Лашын, ди зэхуаку дэмыкӀыну сыпщогугъ. Сыхуейкъым цӀыхухэм я жьэ сыжьэдэхуэну...

– Ар къызжумыӀами хъунут... – «Ар зымыщӀэ Жылэжь дэсыжу къыщӀэкӀынукъым», Лашын игукӀэ Гуащэхужь хужиӀэри, – шэч къытумыхьэ абы, – жиӀэри и гур игъэзэгъащ.

– Дзыхь пхуэзмыщIу щытыгъамэ, си гъунэгъуфI, си щэху пхуэсIуатэрэт... – пщIантIэм дэкIыжа гъунэгъу фызым Гуащэхужь гъумэтIымэу кIэлъидзыжащ: – УцIыху тэмэмкъым уэри...

## Ещанэ Iыхьэ

*Бжыхьэпэ мазэ,*
*Мэуэт хы нэпкъым деж.*

Бжьыхьэпэ дыгъэ щабэр уафэгум къыщопс. Мэлыхъуэ пыIэ хужьыр зи уэс щыгу Пепау бгыр жыжьэу къолъагъуэ. Мэуэт хым и уэр джэгурилэхэр зэкIэлъыжэ-зэщIэмыхьэу, ныбжьыщIищыр – Кэтэринэ, Лу-Бланэ, Бэчыр – сымэ зытес нэпкъ мылъагэм къыIуохьэ, IуокIыж. Хыпс щIыIэтыIэр я лъакъуэм къыщыщIэлъадэкIэ, зэрыгъэгуо-зэрыгъэдыхьэшхыу щIопхъуэхэр. Мыжыжьэу хъуакIуэу щыт шыхэр дыхьэшх макъ къыздиIукIымкIэ маплъэ. Зым и щхьэр хешри, мэщыщ. Адрейм, хы Iуфэм къыщыхъур къыфIэмыIуэхуу, удзыр ехъу. Жьы мащIэ къыкъуэуам удзыпэр щIиупскIэу щхьэпрокIри, мэз лъапэм зыщеудыгъу. Пшэ гъуэща закъуэми, щта нэхъей, генуэз-итальянхэм я къалэ Каффэ здэщыIэ Тафэрыс (Къырым) дыгъэ къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ зрегъэхь.



Пхъэпс шы Iэл зизыудам хуэдэу, псыр и нэпкъитIым яреудэкI тIуащIэм къыщыдэкIкIэ, имынэIуасэ хыр щилъагъукIэ, шынэу къызэтеувыIа хуэдэу мэхъури, итIанэ зэрыхъу ирехъу жиIэу, къыздежэх джабэм хуемыплъэкIыжу, зыхэкIуэдэну хым холъадэ.

А лъэныкъуэмкIэ плъэуэ щыс Лу-Бланэ жеIэ:

– Пхъэпс си гур щIоуз.

– Сыт щхьэкIэ? – Бэчыр щIоупщIэ.

– ПсынэщIэж къабзэу зэхэт Пхъэпс Мэуэт хы утхъуам хехьэри, еуфIей.

– Арат жыхуэпIэр... – зэхихар Бэчыри фIэмыгъэщIэгъуэн хуэдэу, и щхьэ хужеIэж, и шынэхъыжь Къарэжь игу къызэрыпылъэдар фIэфI зэрымыхъуар фэкIэ къимыгъэлъагъуэу.

– Ди Пхъэпси сыт щыгъуи къабзэкъым... – Каффэ здэщыIэ адрей хы нэпкъымкIэ Кэтэринэ здэплъэм ар жиIэри, дыщIигъужащ: – Хым псынэ цIыкIухэр, псышхуэхэр хэмылъадэу, уэшх хэмышхэу щытамэ, апхуэдэу уэр хъунт. Тамтэрэкъей деж Псыжь Мэуэт хым щыхолъадэ, адрей IуфэмкIэ Тэн къыщыхолъадэ, езыри IузэвкIэ хы ФIыцIэм хохьэж.

– Пэжщ, Кэтэринэ, пэжщ, – Бэчыр и гуапэу жиIащ.

– Дэнэ щыпщIэр? – Лу-Бланэ езым ищIэр Бэчыри зэрищIэр фIэгъэщIэгъуэну щIэупщIащ.

– Къарэжь жиIэу зэхэсхащ. Абы нэмыщIи вжесIэнщ: генуэзхэм я къалэ Каффэ мо лъэныкъуэмкIэ къыщысщ.

– Абы нэхъ жыжьэIуэу, хы ФIыцIэм и адрей IуфэмкIэ, КъуэкIыпIэ Византие жыхуаIэ къэралым и къалащхьэр, и цIэр

4 Заказ №1683

къысхуэщIэжыркъым, щысщ, – Лу-Бланэ и ныбжьэгъу нэхъыжьым жиIам дыщIигъужащ.

– Константинополь, – Кэтэринэ и дэлъху нэхъыщIэм игу къигъэкIыжащ.

Бэчыр а псори игъэщIагъуэу зэдэлъхузэшыпхъум еупщIащ:

– Ари дэнэ щыфщIэрэ?

– Ар къыджезыIэн шынэхъыжь димыIэми, апхуэдэхэр дэзыгъэщIэн адэ диIащ, – пидзыжащ Бэчыр Кэтэринэ.

Бэчыр и шым и щыщ макъым щыри зэригъэплъэкIащ: лъэхъу илъым хуэдэу къакIуэ шым Къарэжь зэрытесыр къацIыхуащ. Шым къемыпсых щIыкIэ къажреIэ:

– Мыдэ мыхэр... Сыт мыбдеж IуфщIыхьыр?

Лу-Бланэ мыгупсысэххэу уанэгум исым жэуап иритыжащ:

– Уанэгум укъемыпсых щIыкIэ ущIэупщIэныр адыгагъэми цIыхугъэми къемызэгъми, бжетIэнщ мыбдеж IутщIыхьыр.

– Куэдым хэзыщIыкIыу, зи нэхъыщIагъэр зымыщIэж щIалэ, си шы IумпIэр бубыдрэ сыкъебгъэпсыхамэ, нэхъыфIат уэ.

–Укъезгъэпсыхынкъэ.

– Иджы арэзы сыкъэпщIащ, уи гулъытэншагъэри пхузогъэгъу. Сыт-тIэ мыбдеж щыфщIэр?

– Гукъыдэж уиIэмэ, уэри къеблагъэ.

– Мы дуней дахэм сыт гукъыдэж щIызимыIэнур?.. – Къарэжь ар жиIэри, щIэупщIащ: – Себгъэблэгъэну, мыр фи пщIантIэ, Джыраджэхэ япхъу?

– Мы хы Iуфэр адыгэ щIыгужьщ, укъыдогъэблагъэ.

– Ар къызжепIащ... Ауэ мыдеж щыфщIэр сщIэну сыхуейт.

Къарэжь и псэлъэкIэмрэ и зыщIыкIэмрэ Бэчыр хуэмышэчу, Кэтэринэ и псалъэр IэщIихащ:

– А уэ зэрыжыпIауэ, нэхъыжь, махуэ дахэм, хы гупсэхум дыхоплъэ, уафэ щэхум дыхудоплъей.

– Уэракъым, щхьэгъавэ, сызэупщIар! – Къарэжь и шынэхъыщIэм хуэгубжьащ. – Модэ унэм кIуэжи, уи анэшхуэм пхъэ хуэкъутэ уэ.

– Пхъэ къутар гъущапIэм щIэзщ...

– Уи щхьэр сымыкъутэ щIыкIэ, унэм кIуэж жыхуэсIэр уэракъэ! – ИтIанэ макъ нэхъ щабэкIэ Лу-Бланэ зыхуигъэзащ: – Ухуеймэ, уэри щIыбырысу фи деж уезгъэхьыжынщ. Дэ, Кэтэринэ сэрэ, дишхэр дгъэхъунщ, дызэдэуэршэрынщ. Сыт уэ, Кэтэринэ, жыпIэнур?

– Хьэуэ, хьэуэ! – Кэтэринэ и дэлъху нэхъыщIэ Лу-Блани, жэуапым пэплъэ Бэчыри яIуплъэри: – Апхуэдэфэ къыдумыплъ, дэ дыунэншэкъым.

– Ар уэзгъэщIэнукъым! – Лу-Бланэ Кэтэринэ и Iэпэр иубыдри, я шым шэсыжащ.

Зыкъомрэ кӀуауэ къызэплъэкӀри, Бэчыр къуажапщэмкӀэ кӀуэжу ялъэгъуащ. Къарэжь Ӏэпкълъэпкъышхуэр и закъуэу хы Ӏуфэм къыӀунащ.

## ЕплӀанэ Ӏыхьэ

*Жылэжь.*

*Махуэр пшыхьым нэблэгъащ.*

Дыгъэр зэпэхъурейуэ, хы къуагъым, КъухьэпӀэ Византиер здэщыӀэ лъэныкъуэм, щотӀысэхыж. Мазэхэр хуэм-хуэмурэ щӀыгум къыщхьэрохьэ. ЩӀалэ цӀыкӀухэмрэ хъыджэбз цӀыкӀухэмрэ я джэгу макъхэмрэ ягъэзэгъэж былымхэм я бу макъымрэ тӀэкӀу-тӀэкӀуурэ Жылэжь щобэяуж, хьэ закъуэтӀакъуэм я банэ макъ зэхэпх мыхъумэ. Джыраджэхэ я Ӏэщхэр – зи тхьэкӀумэшхуитӀыр къыгуэлэл бжэн ерыщыр зи пашэ мэл зыбжанэмрэ шы закъуэмрэ – чэт-шэщым щӀагъэхьэжащ.

Лу-Бланэ илъэситхум щихьа къудейм Къыч зыфӀища хьэ къуэлэным и щӀыбагъ лъакъуэхэр щӀэупщӀауэ, и тхьэкӀумэхэр къызэфӀигъэувэ-ирихьэхыжу пщӀантӀэ щымым щосакъ.

Вагъуэ зырызхэри, гъуэрыгъуапщкӀуэ зэдэджэгу нэхъей, уафэгу щэхум щоуфэразэ. Дыгъурыгъуум и макъ гуиих дэгури, Джыраджэхэ япэмыжыжьэу къыщоӀу. Абы пэджэж хуэдэ, Жылэжь дащӀыхьа къамылыщхьэ мэжджытым и муӀэзин Мачыхъу и макъ псыгъуэр, укъигъащтэу, къэӀуащ.

Жьэгу дэпыр зэӀызыщӀэу щыт Лу-Бланэ гъумэтӀымащ:

– Къригъэжьащ иджы...

– Апхуэдэу жумыӀэ, ислъам диныр къэзыщтахэм ягу къобгъэнщ.

– Абыхэм сызэхахрэ сэ?..

– Абыхэм узэхамыхми, абы зигу ета ди адэмрэ ди анэмрэ узэхахынщ жызоӀэри аращ...

– Ара жыхуэпӀэр... – Лу-Бланэ Кэтэринэ зэмыжьа псалъэ дыщӀигъужащ: – Арагъэнщ-тӀэ Щыблэ тхьэшхуэм абыхэм къахуимыгъэгъуар... Уэри уи чыристаныцӀэр зэхъуэкӀыж, армыхъумэ, сэ къысщыщӀам хуэдэ зыгуэр къыпщыщӀынщ.

– Лу-Бланэ! – и дэлъху нэхъыщӀэм и пӀэр хуищӀыжу здэщытым, щтауэ къызэплъэкӀащ Кэтэринэ, итӀанэ нанэ цӀыкӀу хуэдэ щабэу жиӀащ: – Дапщэрэ бжесӀа уигу фӀы ибгъэлъыну, Ӏейм уемыгупсысыну. ФӀы зигу илъым къыпэщылъыр фӀыщ. ФӀымрэ Ӏеймрэ дунейм щызэпылъ щхьэкӀэ, фӀыр щынэхъыбэщ, ем токӀуэ. Ар ди анэми къыджиӀэу щытащ, зи нэӀэ къыттет Лашыни жеӀэ зэпыт.

– АрщхьэкӀэ, Къарэжьрэ Бэчыррэ я анэшхуэм жиӀэр нэгъуэщӀщ, къытхужиӀэхэм сагъэшынэ... Ауэ бжесӀэнур пщӀэрэ, Кэтэринэ, зэшитӀыр апхуэдизу щӀызэмыщхьыр сыт? Бэчыр и къуэш нэхъыжьымрэ и анэшхуэмрэ елъытауэ цӀыхуфӀщ, гущӀэгъу хэлъщ.

– Дунейм тет псори я бзэкӀи, я псэукӀэкӀи, гупсысэкӀэкӀи, я дыхьэшхыкӀэкӀи, я къэгубжьыкӀэкӀи зэщхьу щытамэ, – Кэтэринэ зыкӀи къыхэмыщтыкӀыу жиӀащ, – дунейр гъэщӀэгъуэныжынутэкъым.

Уэрэ сэрэ зы адэрэ зы анэрэ дыкъалъхуами, тIури дызэщхькъым. Ауэ абы къикIыркъым зылъ тщIэмыту.

Лу-Бланэ зыгъэгузавэ Iуэхур къыфIыдрихьеящ:

– Ауэ уэ IэлъэщI птелъщ, си закъуэу унэм сыкъинэмэ...

Кэтэринэ зэрыдахэм нэхърэ нэхъ дахэж къэхъуауэ, и дзэ хужьыпсхэр къыIупсу къэгуфIэри жиIащ:

– Лу-Бланэ, си дэлъху нэхъыщIэ дыщэ, ди адэ-анэм къыджаIар пщыгъупщэжа? Щауэр игъащIэкIэ бысымщ, пщащэр хьэщIэщ, унагъуэ ихьа нэужь, нэгъуэщI лъэпкъым бысымгуащэ хуохъу. Ауэ, Лашын зэрыжиIэу, дыщэ къыпыщэщу жэнэтым псэлъыхъу къысхуикIми, сэ ар сщIэнукъым, сэзыгъэщIэни дунейм къытехьэнукъым.

Лу-Бланэ зэхихар и гуапэ хъуами, тIэкIу дигъэкIри, и шыпхъум хуищIыжа пIэм хэгъуэлъхьэжурэ егиящ:

– Сыт-тIэ, «дэ дыунэншэкъым» жыпIэу Къарэжь хы Iуфэм щIыщыжепIар?

– Мыдэ мыбы къызиудэкIыжыр... – Кэтэрини и пIэ хэгъуэлъхьэжурэ жэуап итыжащ.

– УэзудэкIыжыркъым, зыхуэсхьынур сщIэртэкъыми бжесIауэ аращ.

– Си адыгагъэм жызигъэIа мыхъумэ, нэгъуэщIкъым.

– Арамэ, хъунщ, – Лу-Блани и шыпхъум жэуап иритыжри, щIэупщIащ: – Хэт дэ тIум зи псысэ къэIуэтэгъуэр?

– Сэращ, пщыгъупщэжа? КъэдаIуэ, апхуэдэу щыхъуакIэ, кIыхьщ жыпIэу уримыгъэзэшмэ.

– Ар зэрыжыпIэжми елъытащ, Кэтэринэ.

– УкъызэредаIуэми елъытащ ар, – Кэтэринэ и дэлъху нэхъыщIэм дэгушыIащ, и псысэри жиIэжын щIидзащ. – Зы къуажэ гуэрым, ди Жылэжь нэхърэ мынэхъ цIыкIуу, мынэхъ ину, ЕрстэмкIэ еджэу илъэсищэ къэзыгъэщIа лIыжь гуэр дэсащ. А лIыжьым къуищрэ зыпхъурэ иIащ. Зыхьыжыну узыр къыщеуалIэм, и къуэхэм яжриIащ: «Сэ куэд мыщIэу сылIэнущи, вжесIэнур вгъэзащIэ. СыщылIэну жэщыр мазэхэу щытынущ.

А жэщым шу гуэр ди куэбжэпэм къыIухьэнущи, фи шыпхъу Дахэнагъуэ ефти футIыпщыж».

ЛIыжьым зэрыжиIауэ, дунейм ехыжащ, жэщ гуэрым шу щIалэр къэджащ, япэу зэхэзыха нэхъыщIэм и къуэш нэхъыжьым жриIащ: «Ди адэм и уэсятыр щыдгъэзэщIэн хуей пIалъэр къэсащ». «Ди адэм ажал уз къеуэлIауэ, хъыжьпIыжьу жиIам щхьэкIэ, зищIысыр дымыщIэ лIым ди шыпхъур еттыну?». НэхъыщIэм нэхъыжьым жиIар идакъым: «Ди адэм жиIар згъэзэщIэнущ сэ, пэрыуэгъу къысхуэхъуми сыпэувынущ». Ар жиIэри, жэщым и шыпхъур щIишри, шум иритащ.

– ЗищIысыр умыщIэ цIыхум уи шыпхъур дауэ зэрептынур? – шхыдащ Лу-Бланэ.

Кэтэринэ зэхихам игъэдыхьэшхащ икIи пидзыжащ:

– Нэху мэщри, нэхъыжьхэм я шыпхъу закъуэр ялъагъуркъым. Иджы яхуэпщэфIэн, унэр яхузэлъыIузыхын, яхуэжьыщIэн, яхуэ-

дыжэн, нэхъ мыхъуми, жыхафэр яхуэзыпхъэнкIын яIэжкъым. КъыдэпщIар сыт, жаIэри, нэхъыжьитIыр нэхъыщIэм телъащ. Унагъуэ Iуэхур псори зи пщэ къыдэхуа шынэхъыщIэр езэшри, и шыпхъум и щхьэ кърикIуар зригъэщIэну Тхьэ иIуэри, ежьащ.

Зэшищыр щыпсэу щIыпIэм и Iэгъуэблагъэм щыщIэупщIащ, игъуэтакъым. Нэхъ жыжьэуи IукIащ, бгым зэпрыкIащ, псыхъуэхэми тафэхэми зыщиплъыхьащ, щыщIэупщIащ.

– Хы ФIыцIэмрэ Мэуэт химри зэпрысыкIа? – щIэупщIащ Лу-Бланэ.

– Абыхэми зэпрысыкIыну и мурадт, ауэ симылъэпкъэгъухэм сахыхьэкIэ бзэр сщIэркъым, я щыIэкIэ-псэукIэми, я цIыхугъэми сы-щымыгъуазэу сыт яхэсщIыхьын жиIэри, я щIыпIэм щылъыхъуэурэ езэшри, гъуэмыли имыIыгъыжу, и гугъэри хихыжауэ, унэ гуэр бгы лъабжьэм къыщилъэгъуащ. Мобы зыгуэр щызагъэшхынщ, жери унэм екIуэлIащ. ЩIыхьэмэ, жьэгу мафIэр зэщIэгъэнауэ, тхъурыжь егъа-жьэри, бзылъхугъэ пэрысщ. И щIыбагъым зэрыIуплъэу къыгурыIуащ и шыпхъур зэрыарар. ГуфIэхэу IэплIэ зэрашэкIри, и дэлъхум шэджа-гъуашхэ иригъэщIу здэщысым, гуибл ихуэн хуэдиз пхъэ IэплIакIуэ и дамащхьэм телъу, зылI пщIантIэм къыдыхьащ, ар щыхыфIидзэм унэр игъэзджызджащ. Унэм къыщыщIыхьэжым, и зы Iэпхъуамбэм хуэдиз хъу лIым щхьэщыувэри, хуеплъыхащ.

– Сыт мыпхуэдизу ди хьэщIэр щIызэпуплъыхьыр? Мыр си анэ къилъхуа си дэлъху нэхъыжьищым я ещанэрщ, а пщыхьэщхьэм сы-къозытарщ.

– Сыт жыпIэр, нарт зэшищым я шыпхъу, си нэр плъыза къудейуэ аращ...

Дахэнагъуэ и лIым еупщIащ:

– Сыт къыпщыщIар, зыгуэрым уигъэгузавэрэ?

ЛIым зэхимыха хуэдэу зищIащ.

– Нартхэм ди шыпхъу Лъэтэней дахэр иныжь гуэрым зэрыри-хьэжьам теухуауэ сыт жыпIэн, щыкъу щIалэ?– зыхуигъэзащ щIалэм малъхъэм.

– Зыхьри сукIынщ, яхьри къэсхьыжынщ, – жиIэри, зэшищым я нэхъыщIэр шэсыну хуежьащ.

– Къэгъазэт, си благъэ! Нарт хэгъэгум исым я нэхъ лIышхуэхэр, сэри сахэту, иуж дихьат, зыри тхуещIакъым армыхъу. Къэгъазэ, мар-жэ хъужын, къэгъазэ, упэлъэщынукъым!

ЩIалэр зыкъомрэ кIуауэ, мывэ унэ ин гуэрым, мывэ сэрейкIэ къэщIыхьам, ирихьэлIащ. Удыхьэн, удэплъэн хуэдэу щыттэкъыми, и аркъэным мывэшхуэ пищIэри, пщIантIэм дидзащ, абыкIэ езыри щхьэпрыпщащ. Унэм щыщIыхьэм, хэгупсысыхьауэ щыс бзылъху-гъэр къилъэгъуащ, «Ухэт?» – жиIэу щеупщIым, «Сыт мыгъуэм укъи-хьа, хэт зи ужь уихьар? Уэри сэри дыкъелынкъым сыкъэзыхьа иныжьым, укъыздикIам кIуэжи нэхъыфIщ» – Лъэтэней щIалэм къыжриIащ.

«Умыгузавэ, а жыхуэпIэм сэ зыри къызищIэн лъэкIынукъым, уэри уи жагъуэ езгъэщIынукъым. Сэ зы лъэIу пхузиIэщ. Иныжьыр къэушмэ, Жьакъ жыхуаIэ и уанэшыр къыздрихамкIэ схуеупщI».

Иныжьыр къэушу, ефэ-ешхэр щиублэм, Лъэтэней егуэпэкIыурэ щIэупщIащ: «Уи шы екIур, зыми ямыIэр – дэнэ къипха?» Иныжь тхьэгъэпцIым жраIар и гуапэ зэрымыхъуар имыбзыщIу: «Хуабжьу укъопцIэ, Итам-Тыкужьым нэсу, жаншэрхъыр зыгъэджэгу НэщIгъущIыдзэ удыжьым игъэхъу шы гуартэм яхыхьэу, си Жьакъ хуэдэ кърихужьэу узыхьыжын щIалэ къыкъуэкIын уи гугъэмэ!»

Лъэтэней дахэ къищIа хъыбарыр щIалэм щыхуиIуатэм, иныжьым жыхуиIа Итам-Тыкужь лъэныкъуэмкIэ ежьащ.

– УкъэдаIуэрэ? – Кэтэринэ зыри жызымыIэ и дэлъху нэхъыщIэм еупщIащ.

– СынодаIуэ... А щIалэм цIэ иIэкъэ?..

– И цIэр жысIакъэ?.. Ашэмэзщ и цIэр. Адрей и шынэхъыжьитIым я цIэр...

Лу-Бланэ и шыпхъур зэпиудащ:

– Адрей тIум я цIэр къыумыIуэми хъунущ, зыуи сщIынукъым...

– НтIэ, а зи цIэр къэпщIэну узыхуея Ашэмэз кIуэм-кIуэурэ, бгъащхъуэ гуэрым бзу цIыкIур кърихуэкIыу къилъэгъуащ. Бзу цIыкIум гужьеяуэ зыкъридзыхри, Ашэмэз и шы сокум зыкъыхидзащ. Бгъащхъуэм щихъума бзу цIыкIум къыжриIащ щIалэм: «Тхьэм уигъэпсэу, ди хьэщIэ лъапIэ, сыкъызэребгъэлам папщIэ. Уэри Iуэху мыщхьэпэ ухэхуэмэ, сыбдэIэпыкъужынщ». «Уэ къысхуэпщIэфыну мыгъуэр сыт, апхуэдэ Iуэху сыхремыхуэ», – жриIэщ Ашэмэз бзу цIыкIуми, игъэлъэтэжащ.

МахуитI хуэдэ дэкIауэ, псыхъуэм дэлъ мывэжьхэм дэнауэ дэлъ бдзэжьейм ирихьэлIащ, ар къыдихыжри, псым хиутIыпщхьэжащ. «Тхьэм уигъэпсэу, си псэупIэр сыбгъэгъуэтыжащ. Гузэвэгъуэ ухэхуэмэ, сэри сыбдэIэпыкъужынщ», – къыжриIащ бдзэжьейм. «КъысхуэпщIэжынIауэ сыт пхузэфIэкIын?», – жиIэри ежьэжащ.

Мазэ ныкъуэ хуэдизкIэ иджыри кIуауэ, мащэм ихуа дыгъужьым хуэзащ Ашэмэз. Ари тафэ хуитым къытригъэхьэжри ежьэжащ. «Уи фIыгъэ къызэбгъэкIащ, цIыхуфI, лъэпощхьэпо урихьэлIэмэ, сэри, хэт ищIэрэ, щхьэпэ сыпхуэхъужынщ». «КIуэ, дыгъужь, уи ширхэм яхыхьэж, уи фIыгъи сыхуейкъым, уи ягъэ къызумыгъэкIи», – жери кIэлъыгуоуащ.

Лу-Бланэ хужымыIэу зыгъэгумэщI Iуэхур адэкIэ хуэIыгъыжакъым:

– Ашэмэз хуэмыфащэ пагагъэ хэлъщ.

– Пагагъэ-фэрыщIыгъэ тIэкIу зыхэмылъ цIыху щыIэ... – Кэтэринэ дыхьэшхащ. – ЯщIэр хъурэ-мыхъурэ щIэупщIэркъым, ящIа нэужь хущIогъуэж. Ар цIыху псоми яхэлъу жысIэркъым, ауэ апхуэдэхэри, нэгъуэщI цIыкIуфэкIухэри зыхэмылъ щыIэкъым... Дэри аращ, апхуэдэхэм зыкIи дефIэкIыркъым. Дэнэт сыздынэсар? Апхуэдэу Ашэмэз кIуэм-кIуэурэ, жаншэрхъыр игъэджэрэзу, цы зыджу щыс удым и бгъэр и плIэмкIэ едзэкIати, щэхуу бгъэдыхьэри, узианэщ икIи узиадэщ жери и бгъитIым я зым IупэкIэ лъэIэсащ. НэщIгъущIыдзэр къащтэри жиIащ: «Узымылъэгъуа мы си нэхэр Тхьэм сIих, щIалэ мыгъуэ, дэни укъиукI!» «Укъызэмышхыдэ, ди анэ, сэ шыхъуэу сыкъыпхуэкIуащ».

«Ушыхъуэнуи?.. ЖэщицкIэ сишхэр умыгъэкIуэду бгъэхъумэ, ещанэ махуэм шыщIищ къалъхунущи, ухэзгъэдэнщи, узыхуейр къыхозгъэхынщ. Шыхъуэ умыхъуу, зыгуэр бгъэкIуэдмэ, уэ уэсщIэнур сэ сощIэ». «Деплъынщ, ди анэ», – уд фызыжьым жиIам арэзы техъуащ Ашэмэз. НэщIгъущIыдзэм нартыху пIастэ ищIри, шэ и гъусэу иригъэшхащ Ашэмэз. Жэщ щыхъум, шибл зыщIэщIа гум иригъэтIысхьэри, хъупIэм ишащ. Ашэмэз гъуэгу тетурэ езэшати, и закъуэу къызэригъанэу жейм хилъэфащ. Къыщыушыжам, шыхэр щытыжтэкъыми, къэуIэбжьащ. Лъыхъуэу псы Iуфэм щыIухьам, зыдэIэпыкъуа бдзэжьейр къеупщIащ: «Сыт къэхъуар?». «НэщIгъущIыдзэм сыхуэшыхъуэти, сыIурихащ, сыкъыщыушыжам шыхэр бгъуэтмэ, къащтэ. БгъэкIуэдмэ, уэсщIэнур си Iуэхужщ жиIащ». «Абы щыгъуэм умыгузавэ, сэ псы щIагъым щыслъэгъуащи, къыпхухэсхужынщ».

Ашэмэз шы табыныр къихужри, хъупIэм къигъэзэжащ. НэщIгъущIыдзэр гум игъэщIеикIауэ къыздэкIуэм, шыхэр хъупIэм иту илъагъури, гуфIащ: «Сыту фIыт, си щIалэ, ари зы жэщти, хэщIащ».

ЕтIуанэ жэщми, Ашэмэз хэжаери, игъэхъу шыхэр фIэкIуэдащ. Iэхэлъахэм ит бзу цIыкIум гу къылъитэри, къеупщIащ: «Сыт къыпщыщIар, сыт узыгъэгузавэр?». «Згъэхъу шыхэр згъуэтыжыркъым» щыжиIэм, «НэщIгъущIыдзэм ишхэр нетIэ уафэм дэлъэтейуэ слъэгъуащи, иджыпсту къыпхуесхухыжынщ. Абы нэхъ ущIэгузэвэн Тхьэм къыуимыт!», – къыжриIащ.



Арати, шибл зыщIэщIакIэ пщэдджыжьым къагъэса удыр аргуэру щIалэм къыщытхъуащ: «Афэрым, си щIалэ, ари зы жэщти, хэщIащ».

Ещанэ жэщ гуэрым Ашэмэз щхьэукъуэри, шыхэр бзэхащ. Iэгъуэблагъэри, тIэкIу нэхъ жыжьэхэри къызэхижыхьри, игъуэтыжакъым. Зэгуэр зыдэIэпыкъуа дыгъужьым хуэзэри, къеупщIащ: «Сыт уи фэр пыкIауэ къэплъыхъуэр?» «Ныжэбэ сфIэкIуэда шыхэм солъыхъуэ». «Ар Iуэху-тIэ, уи щхьэр псэущи, гуфIэ, сэ шы табыныр мэз Iувым щыслъэгъуащи, иджыпсту къыпхуесхулIэжынщ».

Иджы шибгъу зыщIэщIа гукIэ къэкIуа НэщIгъущIыдзэм и шы гупыр щилъагъум Ашэмэз жриIащ: «ЛIы нэсу укъыщIэкIащ, си щIалэ, жэщищри хъарзынэу ипхащ. Иджы укъызэрызгъэгугъам тету, шыщIищ къысхуалъхуащи, хэди, узыхуейр къыхэх. ТIур дахэ дыдэщ, ещанэр уэдыжь цIыкIущ, шы пщIыкIэ уигъэлIэн мыхъумэ, уигъэтхъэнукъым». «Ди анэ, сэ сыцIыху къызэрыгуэкIщ, сышыхъуэ къудейщ, а дахитI жыхуэпIэр схуэIыгъынкъым. Мо шыщIэ уэд цIыкIур къысхуэбгъэфащэми, срикъунущ». «Ар хъункъым, си щIалэ, хэгъэгухэр къызэпыпчу, апхуэдиз гъуэгур къэпкIуауэ, НэщIгъущIыдзэм ущигъэшыхъуэм, мыбы фIэкIа къуипэсын игъуэтакъэ къысхужебгъэIэу, ар уэстынукъым, мыдрей шыщIэ дэгъуитIым я зыр къыхэх, махуэ пхухъу. УэркIи дахэщ, сэркIи псапэщ, си щIалэ». «Сэ къыхэсхыр къызэптыну сыкъэбгъэгугъащ, ди анэ, мо шыщIэ уэдыжь цIыкIур къыхызох. Адрей тIум я хьер улъагъу». «Абы щыгъуэм щхьэпэн Тхьэм пхуищI, узот, гъуэгу махуэ».

Ашэмэз гъуэгу къытехьэжауэ къэкIуэжу, гуащIэмащIэу къащыхъуу, УэдкIэ зэджа шым къыжриIащ: «Сэ си анэм сэр нэмыщIкIэ зы шы

закъуэщ къилъхуар. Абы и цIэр Жьакъщ. ЗыгуэркIэ, ар здэщыIэмкIэ Iуэху ущиIэу дыкIуэмэ, нэхъыжьым къарукIэ сыпэлъэщынукъыми, ар бжызоIэ». «КъыбгурыIуащ Iуэхур зыIутыр. Ауэ уи анэ къилъхуа Жьакъ дауэ къыдэбгуа хъуну?». «Сэ дыгъуасэ дунейм сыкъытехьа къудейщ. Си анэм и быдзышэ зэ закъуэ сIухуауэ аращ, Жьакъ тIэу щIэфащ. Дзыхь къысхуэпщIмэ, згъэзэжынщи, НэщIгъущIыдзэм сыкъимылъагъуу, си анэм и быдзышэ зыIузгъэхуэнщи, си шынэхъыжь Жьакъ къыстемыжын хуэдэу сыкъыпхуэкIуэжынщ»...

Нарт Ашэмэзи Лъэтэней къызэригъэгугъамкIэ къигъэпцIэжакъым. Иныжьым и зыгъэпсэхугъуэ зэманым тригъахуэри, Лъэтэней дахэр и шыплIэ къыдигъэтIысхьэри, гъуэгу къытехьэжащ. Ашэмэзрэ Лъэтэнейрэ зытес Уэд иутIыпщу зы жэщ-махуэкIэ къэсыжыфыну щытащ, ауэ яхьа пщащэ дахэр къидыгъужащ жриIэгъэIэну хуэмейуэ, иныжьыр къыкIэлъыпхъэрмэ, фIэигъуэу, къызэплъэкIыу, хуэмурэ къэкIуэжырт.

– Лъэтэней дахэр фIыуэ къишэжащ, – жиIащ Лу-Бланэ игу мызэгъауэ, – ауэ и анэ къилъхуа Дахэнагъуэ сыт и хъыбар, и малъхъэ иныжьми сыт жиIар?

– Ахэри хэтынущ жысIэжым, – Кэтэринэ и дэлъху нэхъыщIэр игъэсабырри, и хъыбарым къыпищащ: – Иныжьыр къэушри, Лъэтэней унэм щIэсыжтэкъым. Жьакъ зыщIэт шэщым жащ. «Уэ маржэ, Жьакъ-Жьакъ, щхьэгъусэфIкIэ сызыщыгугъа Лъэтэней пщащэ дахэр унэм щIэсыжкъым, къыздисха щIыпIэм залымыгъэкIэ яшэжауэ къысщохъу!». «ЯхьыжыхукIэ, зыбгъэтхъэжу уефэ-уешхэу, ужейуэ удэтын хуеякъым». «НэгъуэщI къызжепIэн щумыгъуэтакIэ, Жьакъыжь, уи нэхэр бзум кърашхыкIауэ, дыгъужьхэм узэхашхыхьауэ, уи къупщхьэхэр бдзэжьей Iус хъуауэ Тхьэм сигъэлъагъу», – жиIэри, гъущI бжэгъукIэ шым хэуэри, Ашэмэз кIэлъыжащ Иныжьыр.

Ар Ашэмэз щилъагъум гуфIащ, ишми псынщIэ зригъэщIакъым. ГъущIчыданэм къыхэщIыкIа щIопщымкIэ къеуэ пэтми, Жьакъ зылъэщIэмыхьэ и шынэхъыщIэм еджащ: «Си анэ укъилъхуарэ пэт, мы къыстесым щхьэ себгъэукIрэ?». Уэд цIыкIуми къыкIэлъыджэм жреIэ: «УиукIыну ухуэмеймэ, зыгъэлъэпэрапи, а мэхъаджэм къыщыщIым еплъ». Жьакъ зыщигъэлъэпэрапэм, Иныжьыр абрэмывэжьым хуэдэу щIым техуащ. КъыIэщIэхуа джатэр Ашэмэз къипхъуатэри, Иныжьым и щхьэр пиупщIащ.

Ашэмэзрэ Лъэтэнейрэ шы зырызым шэсыжри къежьэжащ, Жьакъ Лъэтэней жриIащ:

– УIэнэщIу бгъэзэжыну, нартыпхъу? Мо нэпсеижьым цIыхухэм къатриха дыщэ-дыжьын мылъкур си шхалъэ щIагъым щIэлъщ...

– ЗалымыгъэкIэ сыкъахьащ, щхьэхуит сыхъуауэ зэрызгъэзэжыр куэд и уасэщ,– жиIэри Лъэтэней Ашэмэз хуеплъэкIащ.

– Пэжщ, дэ хамэ мылъку щхьэкIэ фи щIыпIэм дыкъэкIуакъым.

Уэд цIыкIум идакъым:

– Мылъкур зейхэм ирагъуэтыж.

– Узахуэщ, си шынэхъыщIэ, – Жьакъи арэзы дэхъуащ Уэд.

Ашэмэз шыхэм яжриIащ:

– Лъэтэней зэрыжиӀэм хуэдэу тщӀынущ. Зыгуэрым ухигъаплъэу къысщохъу, ди шыпхъу.

– Зыр си адэм Каффэ къысхуриха Ӏэлъынырщ. Адрейр... СщӀэркъым зэрыжысӀэнур... Ауэ пщӀэнуи сыхуейщ, си анэм щынафэ щабэм къысхухищӀыкӀа, цӀыхухъу зытемыплъа бгъэщӀэпхитӀым я зыр... Ахэр здэщылъхэр сэр нэмыщӀ цӀыхум ищӀэркъым. Сэ жысӀэн хуейти жысӀащ, уэ пщӀэнуӀамэ, ухуитщ.

– Уэрамэ, Лу-Бланэ, сытыт пщӀэнур?.. – Кэтэринэ и дэлъху нэхъыщӀэм еупщӀащ.

– Сэратэмэ, Жьакъ жиӀарат сщӀэнур.

Кэтэринэ тӀэкӀу дигъэкӀри, и дэлъхум еупщӀыжащ аргуэру:

– Ара жыхуэпӀэр?.. НтӀэ, Ашэмэзи, Лъэтэнеи, Жьакъи, Уэди уэ узэрыхуейм хуэдэу ящӀащ. Иныжьым цӀыхухэм къатриха дыщэ-дыжьынхэр гушхуиблым къралъхьэри, шибл щӀэщӀауэ Дахэнагъуэ зыдэс жылэм къэкӀуэжри, тхьэмахуэкӀэ ешхахэщ, ефахэщ, джэгуахэщ. Я гуфӀэгъуэ махуэхэр зэфӀэкӀа нэужь, Ашэмэзрэ Лъэтэнейрэ шуищэ гъусэ къыхуащӀри, я жылэм къэкӀуэжахэщ. НыбжьыщӀитӀым, Ашэмэзрэ Лъэтэнейрэ, я нысашэ дахэр махуибл джэгукӀэ я жылэм щекӀуэкӀащ.

Кэтэринэ къиӀуэтар мыпхуэдэу иухыжащ:

– «ФӀы зыщӀэм фӀы къохъулӀэ» щӀыжаӀэр аращ.



Лу-Бланэ къыжраӀэжар пэжу къэхъуами, шыпсэу яӀуатэми, егупсысурэ жейм хилъэфэжащ.

## Етхуанэ Ӏыхьэ

*Махуэку пщэдджыжь,*
*Джыраджэхэ я куэбжэпэм деж.*

– Лу-Бланэ! – Бэчыр джащ.

– Бэчырщ ар... – Лу-Бланэ щӀэкӀыну зыкъеӀэт.

– Шхэ, сэ иджыпсту... – Кэтэринэ унэм къыщӀэкӀри, Бэчыр жриӀащ: – Къеблагъэ, Бэчыр, уи ныбжьэгъу нэхъыщӀэм пщэдджыжьышхэ дозгъэщӀынщ.

– Тхьэм уигъэпсэу, Кэтэринэ, – Бэчыр пщащэ нэфӀэгуфӀэм и пащхьэ шым къыщепсыхащ,– себлагъэми хъунут, ауэ Лу-Бланэрэ сэрэ дишхэр псафэ тшэну дызэгурыӀуащ... Ауэ... сщӀэркъым зэрыжысӀэнур... си къуэш нэхъыжьым жиӀэхэр уи фӀэщ умыгъэхъу...

Кэтэринэ къыжраӀам къигъэуӀэбжьащ, ауэ зыкъищӀэжри, нэхъ макъ теубыдакӀэ Бэчыр еупщӀащ:

– Уи шынэхъыжьым сыт хуэдэ щэху къысхуиӀэр? Сэ сымыщӀэ гуэр пщӀэмэ, къызжеӀэ.

– СщӀэ мыгъуэкъым, сытми жызоӀэ армыхъу. Зымахуэ хы Ӏуфэм къыщыбжиӀахэращ щӀыжысӀэр... Зыгуэр хэсщӀыкӀыу щытамэ, пщызбзыщӀынутэкъым, Кэтэринэ. Сэри зыгуэр сигу пхуилъщи, къыпхуэсӀуэтэнщ... Ауэ псым хэлъ пхъэр мэф, гум илъ хуабэр бгъэм допыхьэ...

– Бэчыр!.. – гуфӀэжу къеплъ щӀалэ къуапцӀэм и цӀэр пхъашэу зэрыжиӀар къыгурыӀуэжащ Кэтэринэ.

Гуапэу зэплъу щыт Кэтэринэрэ Бэчыррэ имылъагъуу, пӀащӀэу унэм къыщӀэкӀри, Лу-Бланэ  и пцӀэгъуэплъыр шэщым къыщӀишри, шэсащ. Бэчыри абы и ужь иуващ.

ЗэрымыщӀэкӀэ гупсысэ куум хэхуа Кэтэринэ шууитӀым якӀэлъыплъри, и кӀапэмкӀэ къыдэджэгу Кыч хуемыплъыхыу, унэм щӀыхьэжащ. И дэлъхум къыхутригъэува пщэдджыжьышхэр Ӏуихыжыну хуежьа щхьэкӀэ, Бэчыр къыхуиӀуэта зэмыжьа гугъапӀэр зыхуихьынур имыщӀэу, жьэгу мафӀэм ӀутӀысхьэри, и щхьэ хужиӀэжащ: «Сыт мы зэшитӀым къыздалъэгъуар? Я анэшхуэм сыкъилъагъу хъуркъым, сэ сыӀуэхутэкъым, зэрылъэпкъыу къыттеплъэ хъуркъым. Ар зэшхэм ящӀэу пӀэрэ? Къарэжь зыхуей псори хужыӀэми, Бэчыр хъуэрыбзэкӀэ къызопсэлъыхъу. Фи анэшхуэм ахэр къищӀэмэ, фэри сэри дыздригъэхьынщ... ЖысӀэ мыгъуэр сыт. Си дэлъху нэхъыщӀэр и закъуэу унэм къыщӀэзнэу зэи сымыщӀэну апхуэдэ. Лашын жыхуиӀэ модрей дунейм си анэмрэ си адэмрэ я гур щызгъэпсэхунщи нэхъыфӀщ. АрщхьэкӀэ, уи закъуэныр гуфӀэгъуэ? Аракъэ-тӀэ си дэлъхум и закъуэну сыщӀыхуэмейр? Дыпсэумэ, тхуэфащэ насып гуэри дгъуэтынщ дэри. Дыщысынкъым, тхузэфӀэкӀыр ди щхьэ хуэтщӀэжынщ, зытхъумэжынщ, зыми ди гугъу къедгъэщӀынкъым, зэран зыхуэдгъэхъункъым. Апхуэдэу жысӀэ щхьэкӀэ, къытпэщылъри тщӀэркъым. Сыту пӀэрэ къытпэплъэр? Си анэм жиӀэу зэрыщытащи, си адэри арэзы техъуэрт абы – ар зыщӀэ цӀыху иджыри дунейм къытехьакъым икӀи текӀыжакъым».

Кэтэринэ къыщыщӀар къыгурымыӀуэу, и Ӏэпкълъэпкъхэр къэкӀэзызащ, и нэкӀущхьитӀри плъыжь къэхъуащ. Дыгъэр унэм къыщӀэпсэми, дунейм зиудыгъуа-зиущэхуауэ Кэтэринэ къыщыхъуу, щхьэгъубжэ бгъузэмкӀэ плъащ, дэӀуащ. Зы цӀыхум и макъи, бзу уэрэди, хьэ къугъ макъи жылэм къыдэӀукӀыртэкъым. Къэхъуар къыгурымыӀуэу, щӀыгур зэ-тӀэу щӀиупскӀэри, унэр игъэсысащ, Ӏэнэри шэнтри жыхафэм щызэриудэкӀащ, япэу зэгупсысар и дэлъху нэхъыщӀэрати, унэм къыщӀэжащ. ЩӀылъэр иджыри нэхъ мащӀэу зэсысыжри, бэяужащ.

Уафэр щыму щӀыгум щхьэщытщ. Зыри имылъэгъуа хуэдэ дыгъэми и гъуэгуанэр екӀу, жьы мащӀэри гузэвгъуэ хэта тхьэмпэхэм ящӀеху, хыр гъунэгъущи, и уэр къэкъуалъэхэм я щыщ макъыр зэхыбох.

Лу-Бланэ  къэкӀуэжу Кэтэринэ щилъагъум, куэбжэр хуӀуихри, жриӀащ:

– Дунейкъутэжым укъыхэкӀыжамэ аращ, Лу-Бланэ!

– ЩӀыгур тӀэкӀу сыса щхьэкӀэ дунейкъутэж къэхъуа ... – Лу-Бланэ и шыпхъум ар жриӀэри, щӀэупщӀащ: – Уэ дауэ ухъуа?

– Узигъусэтэкъыми, сыгузавэрт.

– Угузэвэн хуеякъым... ЩӀыгусысыр къызыхэкӀыр пщӀэркъэ,

Кэтэринэ? УмыщIэмэ, сэ бжесIэнщ. Нэсрэн нарт тхьэмадэр тхьэншэ Пакъуэм пщэхъукIэ Iуащхьэмахуэ бгым кIэрипхащи, ар щыгурымым щIыгур егъэсыс.

– Хэт къыбжезыIар ар?

– ЩIыгур щысыскIэ, ущIэгузэвэн щыIэкъым, къызжиIащ Бэчыр.

– Нэсрэн нарт тхьэмадэм и хъыбар зэхихами, и пэжыпIэр ищIэркъым абыи. Дэнэ щыIэ хъыбарIуатэр?

– Бэчыри?.. Абы зыгуэрхэр хужаIэми, щIалэ Iущщ, Кэтэринэ, игукIи, и псэкIи къабзэщ, абы хуэбгъэдэн щIалэ ди жылэ дэскъым...

– Лу-Бланэ, си дэлъху нэхъыщIэ цIыкIу, – Кэтэринэ хъуэрыбзэкIэ къыжраIари къыжезыIари игу къэкIыжри, къэдыхьэшхащ, – жыпIэм къикIыр пщIэрэ, хьэмэрэ, зыгуэрым лIыкIуэ укъысхуищIа?

– Сэ уэр нэмыщI сызэдэIуэн цIыху дунейм щызиIэкъым... Къызэрысщыхъур бжесIэу аращ...

– Умыгузавэ, си псэ закъуэ, – Кэтэринэ и дэлъху нэхъыщIэм дэгушыIэжащ, – а къызэрыпщыхъур къыбдэсщтэмэ, къытщыщIынур пщIэрэ? Я анэшхуэм я унэм сэри сришхыхьынщи, уэри я куэбжэпэм ублигъэкIынкъым.

Лу-Бланэ къыщылъэтащ:

– Апхуэдэ къуащIэмэ, зэшитIри я анэшхуэри дунейм тезгъэтынкъым.



– ПхуэщIэну апхуэдэу?..

– Кэтэринэ, укъысщымыдыхьэшх, сыгушыIэркъым сэ...

– Си фIэщ мэхъу, си фIэщ мэхъу. Арауэ щытмэ, сэри схуэщIэнур сэ сощIэж, ар уэзгъэщIэнкъым сэ. – Лашын къакIуэу къилъэгъуати, гуфIащ Кэтэринэ: – Къеблагъэ, Лашын, къеблагъэ.

– Сыкъеблэгъащ, Кэтэринэ, сыкъеблэгъащ, щIыгусысым фигъэщтамэ жысIэри, сыкъыфхуэкIуащ. Дауэ фыхъуа, Алыхь лъапIэу лъагэм и нэфI зыщыхуэн си гъунэгъуфIхэ? И дуней хьэхум дыщегъэунэху, аращ и щIыр щIигъэсысри, и щыблэр щIигъэауэри, и жьыбгъэр къыщIригъэапщэри. Аращ, си хъыджэбз, уэри, си щIалэ, Гуащэхужь насыпыншэм къыфхужиIэхэр фигу щIэвмыгъэхьэ, абы жиIэхэр жезыгъэIэ гугъеуэ иIэщ абы. Фэ абы фи Iуэху хэлъкъым... Ара мыгъуэщ, лъагъуныгъэр мафIэшхуэщ щIыжаIэр... ЩIыгусысым фимыгъэщтамэ, сыкIуэжынщ сэ.

Джыраджэхэ я пщIантIэм Лашын зэрыдэкIыжу, Лу-Бланэ и шыпхъум еупщIащ:

– Сыт гукъеуэ... лъагъуныгъэ Лашын жыхуиIэр?..

– СщIэркъым... – жиIэу Кэтэринэ и дэлъху нэхъыщIэм жэуап иритыжами, зэхихам гупсысэм хидзащ...

*ЗэзыдзэкIар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ**

*КъыкIэлъыкIуэнущ*

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ

# КАСТРЭ ФИДЕЛЬ СЫЗЭРЫХУЭЗАР

*ГукъэкIыж*

Кастрэ Фидель и лIэныгъэм дэщIыгъуу лъэхъэнэ псо иухащ, дунейм иджыри зы къэгъэшыпIэ къызэринэкIащ, зэрыщытам хуэдэу дяпэкIэ зэи зэрыщымытыжынур игъэбелджылыуэ, – жеIэ МэшбащIэм. – Кубэм дыкIуауэ Фидель сызэрыхуэзэрэ илъэс 30 дэкIами, сэ ар ноби си нэгум щIэтщ – лIы щхьэпэлъагэ, жан, малъхъэдис къару къызыпкърыкI цIыху гъуэзэджэ, политик щэджащэ.

1990 гъэм накъыгъэм и 3-м Кубэм кIуэну ежьат СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и лIыкIуэ гуп. Абы хэтт КПСС-м и ЦК-м и секретарь Бакланов Олег, Совет Союзым и ЛIыхъужь, япэ бзылъхугъэ космонавт Терешковэ Валентинэ, Социалист Лэжьыгъэм тIэунейрэ и ЛIыхъужь, еджагъэшхуэ Уткин Владимир («Воевода» ракетэр зыщIа конструкторыр аращ), хыдзэ адмирал, СССР-м и цIыхубэ депутат Сорокин Алексей сымэ. ЛIыкIуэ гупым я гъусэт МИД-м и лэжьакIуэрэ журналисту цIыху 15-м щIигъу.

Пщэдджыжьым сыхьэти 10-м псори дыщызэхуэсащ «Внуково-2» аэропортым. Кубэм и лIыкIуэу Совет Союзым щыIэм и фIэхъус псалъэхэмрэ гупым ди унафэщI Бакланов Олег зэрызыкъытхуигъэзамрэ яужькIэ, дэ дитIысхьащ «Ил-86» правительственнэ кхъухьлъатэ Iэхуитлъэхуитым. Бакланов Олег гупым хэтхэм саригъэцIыхуащ:

– МэшбащIэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэр адыгэ тхакIуэщ, усыгъэ, прозэ тхыгъэ куэд и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Аращ жызыIар: «Нэм илъагъур щхьэм нэхърэ нэхъ лъапIэщ» псалъэхэр.

– Ар сэракъым жызыIар, Олег Дмитриевич, – псалъэ Iущхэр зейр сэрауэ зэрыжаIэр си гуапэми, Баклановым жиIар сымыгъэтэмэмыжу хъунутэкъым. – Ар ди лъэпкъ псалъэжьу аращ.

Апхуэдэу зэIухауэ, куэд щIауэ зэныбжьэгъухэм хуэдэу дызэрызэпсэлъам дэ нэхъ зэблагъэ дызэхуищIащ Гаванэ дыщынэсым ирихьэлIэу.

## Ныбжьэгъу Фидель

Дэ къытIущIащ революцэ щытыкIэм ит Кубэм и унафэщIхэр, Кастрэ Рауль я пашэу. Къытпежьахэм яхэтт СССР-м и лIыкIуэу а къэралым щыIэ Петров Юрэ. ФIэхъус къыдаха нэужь, дэ къалэм дашащ икIи хъыбар къыдагъэщIащ пщыхьэщхьэм Кастрэ Фидель дызэрыхуэзэнумкIэ.

ПIалъэ къагъэлъэгъуам ирихьэлIэу удз гъэгъахэр щаIыгъ хадэ щIыIэтыIэ цIыкIум деж къыщытIущIащ Кастрэ Фидель, хабзэ хуэхъуауэ зэрихьэ зауэлI фащэмкIэ хуэпауэ.

Ар псэлъэгъу гъэщIэгъуэнт, и псэлъэкIэм узыIэпишэрт, куэд щIауэ и нэIуасэ цIыхухэм ядэуэршэрым хуэдэу къыдэпсалъэрт. ТIэкIу дэкIауэ ерыскъы Iэнэшхуэ къыщащта пэшымкIэ дыщрагъэблагъэм, Фидель унафэ ищIащ:

– Дэ мы плIанэпэм деж дытIысынщ, бзылъхугъэхэм (Терешковэ Валентинэрэ Кастрэ Рауль и щхьэгъусэ Вильмэрэ) Iэнэ щхьэхуэ яхуэвгъэув.

Дакъикъэ зыбжанэм и кIуэцIкIэ Iэнэхэр унафэ ящIам тету къаузэдащ. Кастрэ Фидель шагъыр фадэбжьэ иIэтри жиIащ:

– Кавказус поэтус!

Тэрмэшым а псалъэхэр зэредзэкI:

– Кавказым щыщ усакIуэ, псалъэ жыпIэну зыкъыпхуагъазэ.

Си гугъатэкъым лIыкIуэ гупым ди унафэщIыр къагъанэу япэ псалъэр сэ къызатыну, икIи Баклановым сыхуеплъэкIащ.

– Къэпсалъэ, Исхьэкъ Шумафович, – сытрегъэгушхуэ абы.

Асыхьэтым сэ гу лъызотэ Фидель иIэта бжьэм ит фадэр сысейм хуэдэу шагъыр плъыжьу зэрыщымытыр, атIэ зэрышагъыр хужьыр икIи жызоIэ:



– Ныбжьэгъу Фидель, санэплъ зэрыт си кумбыгъэр санэху зэрыт ууейм езгъэунтIэIу хъунукъым.

– Сыт щхьэкIэ? – щIоупщIэ Кастрэ.

– Ди къэралым «хужь» псалъэр хуагъадэ граждан зауэр щекIуэкIым Дзэ плъыжьым къыпэщIэта белогвардеецхэм, ахэр ягу къегъэкIри. Дэ ди къэрал ныпым, уэ фIыуэ бощIэ, и фэри плъыжьщ...

– Апхуэдэу щыхъукIэ дэ иджыпступцIэ «хужьыдзэр» дгъэкIуэдынщ, – жеIэри Фидель санэхур иреф, санэплъыр кърырегъакIэ.

Си хъуэхъум сэ къыхэзгъэщащ Кубэ революцэм и зэхэшакIуэм и лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ, ар зэрыпсэлъакIуэ Iэзэр, зи щхьэхуитыныгъэм щIэбэн лъэпкъ куэдым зэращапхъэр. Совет Союзым Фидель фIыуэ къызэрыщалъагъури пщIэшхуэ къызэрыщыхуащIри жысIащ.

Си гъусэу гупым хэта адрейхэми жаIащ Кастрэ Фидель хуэгъэза псалъэ гуапэ куэд. Абы и жэуапу Кастрэ къыддэгуэшащ дунейпсо политикэ ухуэкIэми абы Совет Союзымрэ социалист къэралхэмрэ щаубыд увыпIэми теухуауэ иIэ гупсысэхэмкIэ, къыджиIащ Кубэм и цIыхубэр щхьэмыгъазэу икIи хахуэу я щхьэхуитыныгъэм зэрыщIэбэныр.

Кубэм щыдгъэкIуа япэ тхьэмахуэм кIэух хуэхъуащ зы жэщмахуэкIэ Варадерэ зыгъэпсэхупIэм дызэрыщыIар, бдзэжьей дещэу, хым зыщыдгъэпскIыу, псы щIыIум кхъуафэжьейкIэ къыщыткIухьу.

КъэралитIым я зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ Iуэхугъуэ зыбжанэ зи пщэ дэлъ Баклановыр ахэр зэфIэхыным яужь итащ. ЛIыкIуэ гупым хэта къэрал къулыкъущIэхэр Гаванэ и мызакъуэу Ку-

бэм и нэгъуэщI къалэхэми щыIащ, лъэныкъуитIми я фейдэ зыхэлъ зэгурыIуэныгъэхэмрэ документхэмрэ Iэ традзащ. Псалъэм папщIэ, Сантьяго-де-Кубэ къалэм и фэеплъ щIыпIэхэр зэдгъэлъэгъуащ, и тхыдэм нэIуасэ зыхуэтщIащ. Къалэдэсхэм дащыхуэза зэIущIэр иухащ Кубэмрэ Совет Союзымрэ я зэныбжьэгъугъэм теухуа пшыхьымкIэ. ЖыпIэнуракъэ, а къэралым и дэнэ щIыпIэ дыщымыIами, Совет Союзым и лIыкIуэхэр нэфIэгуфIэу драгъэблагъэрт, я нэхъыбэм урысыбзэ зэращIэри тфIэгъэщIэгъуэнт.

Терешковэ Валентинэрэ сэрэ ди пщэрылъхэр зэхуэдэу жыпIэ хъунут: ар бзылъхугъэ жыджэрхэм, жэрдэмщIакIуэхэм яхуэзэрт, егъэджакIуэхэмрэ дохутырхэмрэ епсэлъылIэрт, сэ – щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм, тхакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм, артистхэм.

Дэ тIур дызыхэт зэIущIэхэм чэзу ищIауэ, ауэ димыгъэхуу зыкърригъэхьэлIэрт Кастрэ Рауль и щхьэгъусэ Эспин Вильмэ. И щIалэгъуэм ар хэтат 1959 гъэм екIуэкIа партизан зэщIэхъееныгъэмрэ революцэмрэ.

Дызыхуэзэ цIыхухэм зыкъытхуагъазэрт ди къэралым, абы щызекIуэ политикэм, ди цIыхухэр зэрыпсэум, ди щэнхабзэм, гъуазджэм теухуа упщIэхэмкIэ. Адыгэ Республикэм сызэрыщыщыр къащIа нэужь, къащIэупщIэрт адыгэхэми. Пэжщ, ди зэпсэлъэныгъэхэр зэдзэкIакIуэ хэмыту екIуэкIыртэкъым. Зэзэмызэхэм Вильмэ къыддэIэпыкъуну делъэIурт, ар щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыху Iущт.

Егъэлеиныгъэ лъэпкъ хэмылъу жысIэфынущ зэIущIэхэр икъукIэ гуапэу, гукъинэжу, зэIухауэ зэрекIуэкIар. СощIэж, Кубэмрэ Совет Союзымрэ я зэныбжьэгъугъэм и щIыхькIэ цIыху мин зыбжанэ кърихьэлIэу Гаванэ щекIуэкIауэ щыта зэIущIэшхуэр. Ди къэралым и лIыкIуэ гупыр зыхэта зекIуэм къызэщIиубыдэ Iуэхухэм я кIэух Iыхьэт ар. Абы къыщыпсэлъащ Кастрэ Фидели Бакланов Олеги. ЗэIущIэм хэтащ СССР-м и лIыкIуэу Кубэм щыIэ Петров Юрэ икIи а махуэ дыдэм и пщыхьэщхьэм посольствэм дыщигъэхьэщIэжащ.

Посольствэм дыщрагъэблэгъа пщыхьэщхьэм къэхъуа зы Iуэхугъуэ мыбдеж къыщысIуэтэжыну сфIэигъуэт. ЗэIущIэм щIидзэным ипэ къихуэу Петровым зыкъысхуегъазэ:

– ЗыгуэркIэ сынолъэIунут, Исхьэкъ Шумафович. Ефэ-ешхэр щекIуэкIкIэ, кхъыIэ, Кастрэ Фидель и къуэдзэм бгъэдыхьи фIыщIэ хуэщI, псалъэ гуапэ зыбжанэкIэ зыхуэгъазэ, абы и щIыхькIэ зы бжьэ къызэдэфIэт. Ди лэжьакIуэхэм щыщ зы щIалэ зэдзэкIакIуэ пхуэхъуфынущи, ар езыр къыввгъэдыхьэнщ.

– Юрий Владимирович, си гуапэу схуэгъэзэщIэнущ уи лъэIур.

– Ефэ-ешхэ нэужьым Фидель къэкIуэнущи, фэ мо пэшымкIэ фыщIыхьэнщ, – жеIэри, дыздэкIуэнур сегъэлъагъу.

ЛIыкIуэм и лъэIур згъэзэщIащ. Кастрэ парт IуэхухэмкIэ и къуэдзэм и гуапэ хъуащ сызэрепсэлъар. Кубэм зиужьыну, Фидель яхуэузыншэну, езыри ефIэкIуэну сыхуэхъуахъуэу жесIа псалъэхэр гунэс зэрыщыхъуар нэрылъагъут.

Пщыхьэщхьэшхэр зэфIэкIа нэужь, сэ сунэтIащ ди лIыкIуэм сигъэлъэгъуа пэшымкIэ. Абы и щIыхьэпIэр яхъумэрт зауэлI щхьэпэлъагэхэм. Ди посольствэм сызэрыщыIэр, ар СССР-м и щIыналъэ пэбжу зэрыщытыр къызгурыIуэрти, Фидель и щхьэхъумэхэм щхьэкIэ сыкъызэтемыувыIэу сокIуэ. Ауэ хъумакIуэхэр къыщыспэувым, мыжыжьэу къыщыт Вильмэ абы гу лъетэри, къокIуатэ икIи абыхэм саблешри, пэшым сыщIешэ. Къыхэзгъэщыну сызыхуейт, Кубэм я лIы пашэм и гъащIэм ещэхэр абы куэдрэ къызэребгъэрыкIуар икIи арат Фидель и щхьэхъумэхэр апхуэдизу сакъыу, зыми дзыхь хуамыщIу щIыщытыр.

А пщыхьэщхьэм посольствэм щызэхаубла зэIущIэр нэху щыху екIуэкIащ. ХьэщIэхэр зэбгрыкIыжа нэужь, Петров Юрэ къызжеIэ:

– Щхьэхъумэхэм уащыIууам шыIэныгъэшхуэ бгъэлъэгъуащ, фIыщIэ пхузощI абы папщIэ. Сыт пщIэн, ар абы я лэжьыгъэщ.



Сэри сыдэгушыIэжащ дыщызэрыцIыхуа япэ махуэм щегъэжьауэ ныбжьэгъу къысхуэхъуа щIалэм (дэ нобэр къыздэсми дызэныбжьэгъущ): «Пэжщ, Юрий Владимирович, си насыпу сакъелащ абыхэм».

## Мейкъуапэ – Гаванэ

Дыкъыщежьэжыну махуэм дагъэщIа пщыхьэщхьэшхэм, Петров Юрэ и псэупIэм щекIуэкIам, Кубэм щыщу Кастрэ зэкъуэшитIырщ щыIар. Iэнэр зезыгъакIуэр Фиделрэ Петровымрэт. Сэ Рауль сыбгъэдэст, урысыбзэкIэ зэзэмызэ дызэпсалъэу. ЗэIущIэр гуапэу екIуэкIырт, къызэхуэсахэр дахэу зэдэгушыIэу зэхэст.

– Рауль, фэ фыкъэдаIуэркъым, – жиIащ Фидель, Раулрэ сэрэ дызэрызэпсалъэм гу лъитауэ. Ар щызэхихым Рауль къэтэджри, и къуэшым жиIэм щыту едэIуащ.

ИужькIэ къызжеIэ:

– Къуэш нэхъыжьыр къыщопсалъэкIэ, гу зылъыптэжыну къыщыпхуигъэлъагъуэкIэ, ущыту уедэIуэн хуейщ ди хабзэмкIэ.

Абы сигу къигъэкIыжащ дэри нэхъыжьым пщIэ хуэпщIу ущыту уедэIуэн хуейуэ дызэрихабзэр. Псалъэ къыщызатым, сэ жысIащ:

– Сэ Кавказым щынэхъыжь дыдэ лъэпкъхэм ящыщ зым сыщыщщ. Си лъэпкъыр – адыгэхэр – игъащIэми къогъуэгурыкIуэ щхьэхуитыныгъэм щIэбэну. 1959 гъэм Кубэм революцэ къыщыхъуауэ, уэ, ныб-

жьэгъу Фидель, узипашэ цIыхубэр текIуауэ щызэхэтха илъэсыщIэ жэщым сэ усэ стхауэ щытащ уэрэ уэ уи гъуса зауэлI хахуэхэмрэ фи лIыгъэм и щIыхькIэ. Сыхуейт си анэдэлъхубзэмкIэ стха а усэм иджыпсту сыкъыфхуеджэну.

Усэм къеджэн суха нэужь, куэд дэмыкIыу ди посольствэм и библиотекэм къэрахри Петров Юрэ къыхуахьащ усэхэр щызэхуэхьэса «Москва – Гавана, Гавана – Москва» тхылъыр. Абы урысыбзэрэ испаныбзэкIэ зэдзэкIауэ си усэ зыбжани итт. АдыгэбзэкIэ сыкъызэджа усэ дыдэм Петровыр урысыбзэкIэ (Рождественский Роберт зэридзэкIауэ щытат ар) къеджащ, итIанэ Фидель абы испаныбзэкIэ къеджащ. А псом кIэух хуэхъуащ къуэш зэхуэхъуахэм зэхуэтщIа IэплIэ быдэхэр.

А зэманым си нэгу щIэкIауэ щыта псори си гум илъу илъэс куэд хъуауэ къыздызохьэкI, си гукъэкIыж нэхъ гуапэ дыдэхэм ящыщ зыуэ. Абы щыгъуэ Щхьэхуитыныгъэм и хытIыгум дыкъикIыжу Москва дыкъэкIуэжу гъуэгу дыздытетым, сэ сегупсысырт цIыхухэм я пащхьэ тхакIуэм щихь пщэрылъ нэхъыщхьэмрэ жэуаплыныгъэмрэ я инагъым, пэжымрэ фIымрэ я джакIуэу ар зэрыщытым, а псор щIэджыкIакIуэм и деж нихьэсын зэрыхуейм.

Дунейм тет цIыхухэр зэщхькъым: я теплъэкIи, я гурылъкIи, зыщыщ лъэпкъкIи, зэрахьэ динкIи. Зэхуэдэу абыхэм яIэр, тобэ ирехъуи, я псэкупсэрщ. ФIы къащехъулIэми, Iей я нэгу щыщIэкIми, ахэм захъуэжыркъым: илъэсищэ, щитху, мин ипэкIэ зэрыщытам хуэдэу псэ хьэлэлщ, гумащIэщ, жумартщ, цIыхуфIщ, абы къыдэкIуэуи нэпсейщ, гущIэгъуншэщ, фыгъуэнэдщ, фейдэщIэкъущ. Ауэ сыт щыгъуи цIыхум япэ иригъэщу игъэнэхъ лъапIэр и щхьэ хуищIыж пщIэмрэ и щIыхьымрэщ.

Дэ, тхакIуэхэм, нэхъапэхэм къытпаубыдырт «нып плъыжьым хуэпэжу» щапхъэфI зытепх хъун лIыхъужьхэр зыхэт тхыгъэхэр къэдгъэщIыну. Дзэ Плъыжьым и зауэлIыр лейзехьэу «щытынкIэ» а зэманым Iэмал зимыIэт. ГурыIуэгъуэщ апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм дызыхуишар: лъэхъэнэр, цIыхухэр, зэманыр зэрыщыта дыдэу къэгъэлъэгъуэжыныр пэжым бгъэдишри, лъэныкъуабэ ищIащ.

Дэ ар къызэднэкIри, цIыхум и псэкупсэ дунейр, ар плъыфэбэу зэрызэхэлъыр къэгъэлъэгъуэным дыхуэкIуащ. Кастрэ Фидель и деж къэдгъэзэжынщи, Кубэм и цIыхубэм я дежкIэ ар щхьэхуитыныгъэм и дамыгъэ хъуащ. Абыхэм я дежкIэ Фидель революцэм и джакIуэщ, цIыхубэ хуитыныгъэм и щхьэщыжакIуэщ икIи зигу пщтырыр цIыху къызэрыгуэкIхэм яхуэгъэза лъагъуныгъэкIэ гъэнщIа гъуазэщ.

*ТхакIуэ, щIэныгъэлI МафIэдз Сэрэбий*
*къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу*





# ЛЪЭПКЪЫЛI ЩЭДЖАЩЭТ

МафIэдз Сэрэбий Хьэжмэстафэ и къуэр Аруан районым хыхьэ Джэрмэншык къуажэм 1935 гъэм январым и 23-м къыщалъхуащ. Къуажэ еджапIэр къиуха нэужь, 1950 гъэм ар Налшык дэт педучилищэм щIотIысхьэ. Абы иужькIэ я къуажэм дэт курыт школым пэщIэдзэ классхэм щрегъаджэ. Зы илъэс нэхъ дэмыкIыу, Налшык егъэзэжри, еджэным пединститутым щыпещэ.

Пединститутым (1957 гъэм къыщыщIэдзауэ университетщ) щыщIэса илъэсхэм Сэрэбий дехьэх адыгэхэм я тхыдэр, я хабзэр, я щыIэкIэ-псэукIэр джыным. ИкIи зэхуихьэсыжу щIедзэ ди адэжьхэм къащIэна IуэрыIуатэр. Псом хуэмыдэу ар а Iуэхум нэхъ хэкъузауэ йолэжь 1969 гъэм къыщыщIэдзауэ – Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым ува нэужь. Ар япэщIыкIэ щIэныгъэ лэжьакIуэ къызэрыгуэкIыу щытащ. ИужькIэ этнографиемкIэ секторым и унафэщI къулыкъур къыхуагъэфащэри, IэнатIэм илъэс куэдкIэ пэрытащ.

Миклухо-Маклай и цIэр зэрихьэу Москва дэт институтым МафIэдзым и кандидат диссертацэр 1974 гъэм щыпхегъэкI. 1989 гъэм къыкIэлъыкIуэ диссертацэр пхегъэкIри, Сэрэбий къыфIащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор цIэр.

5 Заказ №1683

1968 гъэм дунейм къытохьэ МафIэдзым и япэ повестыр – «ЩIалэгъуалэм я гъуэгу» зыфIищар. Ар зытеухуар блэкIа лIэщIыгъуэм и 50-60 гъэхэм студент щIалэгъуалэм я псэукIарщ. Нэхъыбэуи абы зи гугъу щыщIар еджакIуэ щIалэгъуалэм я Iуэху еплъыкIэхэрщ, я зэхущытыкIэхэрщ, щIыщIэр къыщаIэт лъэхъэнэхэм ирахьэкIа лэжьыгъэрщ.

МафIэдзым тхыдэм теухуа и япэ повестыр – «ЩIакIуэ фIыцIэр» – 1974 гъэм къыдокI. Ар тхыдэм пэжу къыщыхъуа Iуэхухэм ятещIыхьащ. ТхакIуэм Къэбэрдейр Урысейм гухьэным ипэ къихуэ лъэхъэнэхэм адыгэ лъэпкъым и псэукIар къегъэлъагъуэ. Ар зытеухуар Къырымымрэ Тыркумрэ къикI зэрыпхъуакIуэхэм адыгэ лъэпкъхэм драгъэкIуэкIа бэнэныгъэрщ. Тхыдэм къыщыхъуа а Iуэхугъуэ хьэлъэр тхакIуэм ди пащхьэ къызэрырилъхьэр Къырым хъаным гъэр ищIа, фIыуэ зэрылъагъу ныбжьыщIитIым я гъащIэмкIэщ. Насып яIэу, бийм къаIэщIокIри, абыхэм я хэку къагъэзэж, ауэ щIалэр и лъэпкъэгъухэм яIэщIокIуадэ.

А тхыгъэм къыщыщIэдзауэ тхакIуэм и творчествэм тхыдэм увыпIэшхуэ щеубыд. Ар щынэрылъагъущ «ХьэщIэ махуэр» (1983) тхылъми. А цIэ дыдэр зезыхьэ повестым нэмыщI, абы хыхьащ «Нэчыхь», «Шыдыгъу», «Дыгъуасэ даукIауэ щытамэ» тхыгъэхэр. «ХьэщIэ махуэр» «Гъыбзэ хуэфащэт» романым и зы Iыхьэщ, абы зи гугъу щыщIар лъэпкъ щIэблэщIэр атэлыкъхэм деж зэрыщагъасэрщ. А пычыгъуэр зыхэт романыр щхьэхуэу къыхудагъэкIыным шэч къыщытрихьэм, зи гугъу тщIы тхылъым хигъэхьащ. «ХьэщIэ махуэр» зытеухуар революцэм ипэкIэ адыгэхэм яIа псэукIэрщ.

МафIэдзым и «Гъыбзэ хуэфащэт» романыр 1992 гъэм дунейм къытехьащ. Романым щекIуэкI Iуэхугъуэхэр зэхьэлIар лъэпкъым и гъащIэм нэхъ шынагъуэу хэта лъэхъэнэрщ – Екатеринэ ЕтIуанэр пащтыхьу щыщыта зэманырщ. А гъэхэм Урысейм Къэбэрдейм къытеуэныр щIегъэхуабжьэ – Глазенапрэ генерал Булгаковымрэ я дзэхэр кърашэ. А зауэ гуащIэ екIуэкIам япэщIыкIэ къуажэ 80, иужьыIуэкIэ 200-м нэблагъэ щызэхакъутащ, цIыху мин Iэджэ щызэтраукIащ, Къэбэрдейм и унафэщI пщыхэмрэ уэркъхэмрэ лъэпсэрыхыр къыхуагъэкIуащ. Кавказым теухуауэ генерал Булгаковым жиIахэр тхакIуэм и тхыгъэм къыщехь: «Кавказыр жэнэтщ, абы лъы хуэдгъэжар пщIэншэ хъуакъым, а щIыр нэгъуэщI гуэрым къыхуэбгъэнэныр делагъэщ». Абы ищIыIужкIэ 1793-1794 гъэхэм тало узыр къожьэ икIи абы цIыхуи 10 къэс 9-р ехь. Тхыгъэм лъэпкъ гъащIэм и лъэныкъуэ куэд къызэщIеубыдэ.

МафIэдз Сэрэбий и «Мыщэ лъэбжьанэ» романыр 1998 гъэм къыдэкIащ. Ар зытеухуар Жанхъуэт Кушыку Къэбэрдейм и тепщэу щыщыта зэманымрэ Кавказ зауэмрэщ. Иужьрейм цIыхубэм къахуихь насыпыншагъэ мыухыжыр къызэрыгъэлъэгъуар а зауэр къежьэн ипэ къихуэу зыхуей игъуэту псэуа зы унагъуэм и тхыдэмкIэщ. Абы и лIыхъужь нэхъыщхьэ Билъостэнрэ и щхьэгъусэмрэ хъыджэбзитIрэ щIалитIрэ яIэщ. Абыхэм ящыщу романым и кIэухым къанэр адэмрэ абы и зы пхъумрэщ. Гукъутэщ а унагъуэм исхэм къащыщIри: анэмрэ япхъу нэхъыщIэмрэ псым етхьэлэ, зыубыдыну яужь къихьа сэлэт-

хэм зрамыту. Я къуэ нэхъыжьыр лъыщIэжыныгъэм зэрымыщIэкIэ хокIуадэ, щIалэ нэхъыщIэм Вельяминовым и дзэм щезауэм и щхьэр хелъхьэ. Зэщхьэгъусэхэм япхъу нэхъыжьыр генерал Ермоловым щIасэ хъыджэбз ещIри, куэд дэмыкIыу дунейм йохыж. Апхуэдэ Iуэху псэзэпылъхьэпIэхэм тепсэлъыхь щхьэкIэ, романым гупсысэ нэхъыщхьэу пхышар зыщ – лъэпкъыр зэрыпхуэмыгъэкIуэдынурщ, абы и псэр хэхыгъуафIэу зэрыщымытырщ.

МафIэдзым и творческэ лэжьыгъэм тхыдэтхымрэ тхакIуэмрэ я зэфIэкIыр зэкIуу щызэхэлъщ. Тхыдэм фIыуэ зэрыхищIыкIым и фIыгъэкIэ къэбэрдей лъэпкъым и гъащIэ блэкIам нэхъ и лъэхъэнэ шэщIахэр къехутэж, тхыдэм псэ хелъхьэж икIи цIыху псэукIэм и сурэт пэж тхылъеджэм и пащхьэм ирилъхьэныр хузэфIокI. И хэкумрэ лъэпкъымрэ тегузэвыхьыныр, игу щIэузыныр, дэтхэнэ зыми и бэлыхьымрэ зыгъэгулэзымрэ цIыху гъащIэм зэрыщыту епхыныр МафIэдзым и прозэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ. КъызэрыгуэкI къэIуэтэкIэ иIэ щхьэкIэ, тхакIуэм и тхыгъэхэм гупсысэ куу ящIэлъщ, гъащIэр зыубгъуауэ къызэщIаубыдэ икIи ар лIыхъужьхэм я гъащIэм зэригъэпIейтейр хыболъагъуэ.

1990 гъэхэм якухэм МафIэдзым екIуэкI зэманыр къэгъэлъэгъуэным къытрегъэзэж. 1994 гъэхэм дунейм къытохьэ повестищ. Абыхэм ящыщ зыщ «Мыхъур» зыфIищар – бзылъхугъэ ныбжьыщIэм къытепсыха насыпыншагъэм теухуар. Зи адэ-анэри щхьэгъусэри зыфIэкIуэда, сабий сымаджэр и закъуэу ипIыну къызыхуэна цIыхубзым и щIыхьыр зэрихъумэн, гъащIэм щызрихьэлIэ щхьэхуещэ напэншэхэм зэрапэлъэщын къару къыкъуокI.

ГъэщIэгъуэнщ «Дзэ уз» ауан повестыр, адэшхуэм и дзэр къызэреузам сочиненэ тезытхыхьа еджакIуэ хъыджэбз цIыкIум и хъыбарыр. «Щыхьэт нэпцI» тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ цIыху псэукIэм и зэхэлъыкIэ гъэщIэгъуэнхэр. Апхуэдэм дежи, тхакIуэм къызэрыхигъэщхьэхукIамкIэ, нэхъыщхьэр цIыхугъэ нэс пхэлъыныращ, уи щIыхьыр пхъумэжыныращ.

Тхыдэ щIэныгъэм, псом хуэмыдэу этнографием ехьэлIауэ тхылъых, къэхутэныгъэ лэжьыгъэу 40-м нэблагъэ къыдигъэкIащ МафIэдзым. Абы и лэжьыгъэхэм тхыдэм и лъэныкъуэ зыбжанэ къызэщIаубыдэ: абы хохьэ диным иращIылIэ Iуэхухэм къыщегъэжьауэ адыгэ хабзэм нэс. 1994 гъэм къыдигъэкIа «Адыгэ хабзэ» тхылъыр лъэпкъым и дежкIэ зыхуэбгъэдэ хъун щымыIэ фIыгъуэу къалъытэ. Иужьу абы дунейм къытригъэхьащ «Адыгэхэр: хабзэхэмрэ традицэхэмрэ» монографиер.

МафIэдз Сэрэбий СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым хэтащ, «КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащауэ щытащ. Ар ящыщщ емызэшыжу адыгэ лъэпкъым хуэлэжьа цIыху телъыджэхэм. ЩIэныгъэм, культурэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ, абы тIэунейрэ къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр.

**ХЬЭКIУАЩЭ Мадинэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*

# ПЩЫ ЗЭРЫХЬЭ БЕЙ МЭХЪУ

*МафIэдз Сэрэбий и «ЩIакIуэ фIыцIэ» повестым ипкъ иткIэ*

МафIэдз Сэрэбий и «ЩIакIуэ фIыцIэ» повестыр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм 1974 гъэм япэ дыдэу къыщыдэкIауэ щытащ. Мы тхыгъэр, МафIэдзым и адрей IэдакъэщIэкIхэми ещхьу, зытеухуар адыгэхэм я тхыдэрщ, пасэ зэман лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ хабзэхэрщ, дэтхэнэ зы лъэпкъыжьми хуэдэу лъэхъэнэ жыжьэхэм щыпхаша лъагъуэхэм зыIуигъэува IэнатIэхэмрэ а лъагъуэхэм къыщагъуэта тхыдэ Iэужьхэмрэщ. ЦIыхубэр зэрыкIуэну гъуэгур зыгъэлъагъуэр пщыр арат, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ жылэм и унафэщIри, абы дэлъи дэси зи IэмыщIэ илъри арат.

Адыгэ литературэм дауэ къыхэщрэ пщыхэр? Сыт хуэдэ увыпIэ тхыгъэхэм абыхэм щаубыдыр? Яхуэфащэу пIэрэ я увыпIэхэр? УпщIэхэр куэд мэхъу. Абыхэм я жэуапхэр къэтхутэн папщIэ МафIэдз Сэрэбий итха «ЩIакIуэ фIыцIэ» повестым хэт Бибей къуажэпщыр нэхъ гъунэгъуу зэдгъэцIыхунщ. Гу лъывэзгъэтэну сыхуейт зы Iуэхугъуэм: МафIэдзым и лIыхъужь нэхъыщхьэхэм ящыщ Бибей и IуэхущIафэхэр псалъэжьхэмкIэ IэкIуэлъакIуэу белджылы, нахуэ ещI тхакIуэм.

Пщыхэм ехьэлIауэ икъукIэ адыгэ псалъэжь куэд диIэщ. Ахэр, дауи, абыхэм я гъащIэм, я псэукIэм, я дуней тетыкIэм, я Iуэху зехьэкIэм къигъэщIащ. А псалъэжьхэм щыщ языныкъуэхэр пщым щотхъу, «жьантIэ дыдэм дагъэтIысхьэ». Псалъэм папщIэ, «Пщы зэрыхьэ бей мэхъу» псалъэжьымкIэ гурыIуэгъуэ мэхъу цIыхубэм я деж пщым и мыхьэнэр зэрыщылъагэр. Ауэ языныкъуэ псалъэжьхэм абы «IэнэкIэр къылъагъэс», хущIобжэ: «Пщаерэ уаерэ». ТIури щIагъуэкъым жыхуиIэщ. Мыбдежми наIуэщ бэм пщым хуаIэ лъагъуныгъэр.

Зытепсэлъыхь Iуэхугъуэр нэхъ кууэ къригъэлъэгъуэн папщIэ МафIэдзым псалъэжьхэр, зэкIэщIэпч мыхъу псалъэ зэпхахэр (фразеологизмхэр) игъуэу, шэрыуэу куэд дыдэрэ повестым къыщегъэсэбэп. Тхыгъэр зытеухуа лъэхъэнэм къэрымыдзэр «мацIэм нэхърэ нэхъыбэу» **[М. С.]** адыгэщIым щIэх-щIэхыурэ къытеуэрт. Къэрым хъаным и лIыкIуэхэм адыгэхэм унафэ къыхуащIат щIэблэ къэжэпхъар иратын хуейуэ. Къуажэпщ Бибей и хьэщIэщым щIэс нэхъыжьхэр гуащIэу абы иризэдауэрт. ЛIакъуэлIэшхэм, дыжьыныгъуэхэм щIалэ танэхэр, хъыджэбз къэжэпхъахэр къэрым-тэтэрхэм етын хуейуэ жаIэрт. Щэбэтыкъуэ лъхукъуэщом ар идэртэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы ищIэрт хэт и бын къэрымхэм иратынуми. ДауикI, мэкъумэшыщIэхэм я бынырт. Дыжьыныгъуэ уэркъ гуэрым ар къыфIэмыIуэхуу: «Еттынщ, щхьэр псэумэ пыIэ щыщIэркъым», – щыжиIэм, Бибей къогубжь:

– Абы ептынур щхьэкъэ? Сыт напэншагъэ, сыт адыгэ напэ? Дауэ? Дапщэщ? Тенджызыр исми си пыIэ хисхьэркъым! Ара?! **[М. С.]**

А псалъэжьымкIэ лIакъуэлIэшхэм, дыжьыныгъуэ уэркъхэм къагуригъэIуащ ахэр зэрымызахуэр. (Зыр гузэвгъуэ хэхуамэ, ар

лъэпкъым псоми я зэхуэдэ гузэвэгъуэщ. Аращ псалъэжьми и мыхьэнэр). Абыхэм я жыIэ едаIуэу мэкъумэшыщIэ бынхэр иримытын мурад быдэ зэриIэри къагуригъэIуащ.

Мыбдежым наIуэу къыхощ Бибеипщым и акъылыфIагъэр, абы и блыгущIэтхэр лIакъуэлIэшти мэкъумэшыщIэти жиIэу зэрызэхимыдзыр. Апхуэдэукъэ-тIэ къуажэпщыр зэрыщытын хуейр?

Абы адэкIэ пщым ищIыну унафэм псори къызэрыпэплъэр къыхэщу Щэбэтыкъуэ Бибей жреIэ:

– Е дылIын, е дылIэн. БэлагъыкIыр зыIыгъым хьэ къарибгъу щогугъ. Уэращ цIыхухэм я гугъапIэр. **[М. С.]**

Сыт мы псалъэжьхэмкIэ тхакIуэм жиIэну зыхуейр? Щэбэтыкъуи абы хуэдэ адрей къуажэдэсхэми гугъапIэу яIэр пщыращ. Абыхэм я фIэщ мэхъу пщым унафэ тэмэм зэрищIынур, уэркъхэр ихъумэу, мэкъумэшыщIэхэр хьэ шхыпIэм къызэрыримынэнур.

Сыт итхыр МафIэдзым Бибей теухуауэ? «Адыгэ хабзэм щхьэкIэ Бибей и плIэм фэлъыр къыдригъэхыфын хуэдизщ». **[М. С.]** Мы фразеологизмэм шэрыуэу къегъэлъагъуэ пщы тхьэмадэм и хьэлыр: сыт хуэдэ хьэзабми гугъуехьми пэщIэтынущ адыгэ хабзэм щхьэкIэ, хабзэр езыр зэгъэщIылIэжар лъэпкъыр, цIыхур аращи. Абы ипкъ иткIэ и цIыхухэм я хъумакIуэщ, къыщхьэщыжакIуэщ.

Сэ сыпщы тхьэмадэщ, сэ сщIыр унафэщ жимыIэу, къуажэм Iуэху къыдэхъуамэ, лъэпкъ унафэ щIын хуеймэ, мыр нэхъ лIыфIщ жыхуаIэхэмрэ нэхъыжьхэмрэ и хьэщIэщым щызэхурегъэшэсри йочэнджэщ. ИтIанэщ унафэ къыщащтэр.

Кърым сэмэнхэр здэщыIэр къэахутэну шу гуп Бибей щригъажьэкIэ, и къуэ Аслъэнбэчкъым пашэу, Iэтащхьэу игъэувыр, атIэ нэхъ щIалэ жан, зауэ хуэIухуэщIэхэм нэхъ хуэIэижь Жанболэтщ. Пэжщ, МафIэдзым зэритхымкIэ, пщыкъуэ Аслъэнбэч акъылыншэкъым, IэщакIуэщ, хуэфэщэж лIыгъи хэлъщ, ауэ, итIани, лъэпкъ, хэку Iуэхухэм нэсмэ, ууейсысей иIэкъым. Бибей и псалъэр захуэщ.

Повестым къызэрыхэщымкIэ, Бибей лIы ныбжь къигъэщIащ, лIыхъужьыгъэшхуэхэр зэрихьэу кърым тэтэрхэм, нэгъуэщI бий жагъуэхэм дзэм и пашэу япэщIэтащ. Бийм щышынэн, къикIуэтын, гумэщIэн жыхуэпIэхэр ауи и пщIыхьэпIэ зэи къыхэхуакъым. Аракъэ лIы нэсым, пщы тхьэмадэм и щапхъэри?!

Ауэ къэхъуащ ар къэзыгъэдзыха Iуэхугъуэ: и къуэ закъуэ Аслъэнбэч яукIауэ щызэхихам. Бын нэщIэбжьэ зымылъэгъуа пщыр уеблэмэ магъ, и нэпс шыугъэр и жьэпкъыпэмкIэ къыпыткIуу. Бибей игъэгуIэрт адыгэм и бий фIыцIэм лIэужьыншэу къуажэпщыр къызеригъэнам. Къуэпс къыдэжыжынутэкъым. АдыгэлIыр жыгей жыгым ирагъэщхь хабзэщ. Ауэ Бибей езым и жыгыр уэздыгъейуэ илъытэжат. Псы нэпкъ задэм щхьэщыт уэздыгъейм, жьы хъумэ, и лъахэц къарууншэхэм ямыIыгъыжыфу псы жагъуэм хэкIуэдэжынум. Сыт хуэдэ псалъэжь абы и щхьэм хужиIэжыр: «Насыпыр мыгуэшщ. Дэ арагъэнт къытхуигъэфэщар...» **[М. С.]**

И быныр зэрымыпсэужыр ищIэ пэтрэ абы темыпсэлъыхьу, ар, зэрыжаIэу, имыгъеижу, адыгэщIымрэ лъэпкъымрэ лъапсэрыхыр къахуэзыгъэкIуэну зи мурад кърым зауэлIхэр щIыгум ихужыным, адыгэщIыр хуит къэщIыжыным Бибей иужь итщ.

Сыт тхылъеджэм илъагъур? Мис Бибей и псалъэхэр, и жэуапыр, Щэбэтыкъуэрэ Жанболэтрэ къыщыхуэгуIэкIэ: «Уи IэкIэ щIэплъхьэжари мылIа хуэдэщ. Зауэ щыхъукIэ, зыгуэри яукI». **[М. С.]**

Хэт апхуэдэ лIыгъэ зыхэлъыр? Хэт апхуэдэ гуауэм иримыщIыкIыр? Пщы тхьэмадэ Бибейщ. Ар хэтми Щэбэтыкъуэ жиIакъэ: «БэлагъыкIыр зыIыгъым хьэ къарибгъу щогугъ».

Сыт хуэдиз акъылыфIагъ бгъэдэмылъми, Щэбэтыкъуэ хуэдэ ныбжьэгъу-чэнджэщэгъухэр имыIэу щытмэ, псалъэжьым зи гугъу ищI бэлагъыкIыр Бибей хуэIыгъыну пIэрэт? Пэж дыдэу, хузэфIэкIынури мащIэ дыдэт. Ауэ девгъэгупсысыт: щымыуэ щыIэ? Бибеи аращ къыщыщIар. Тэтэрыдзэр щыхагъэщIам щыгъуэ къаIэрыхьа къуентхъхэм ящыщ адыгэхэм къадэмышэса уэркъхэм Бибей тыгъэу щахуригъашэм Щэбэтыкъуэ идатэкъым. Абы щыгъуэ Бибей и ныбжьэгъур мызахуэу игъэуват, нобэ къыддэмышэсамэ, зыщIэгупсысыжынурэ етIуанэ гъуэгу къыткъуэувэнущ, жери. А унафэмкIэ Щэбэтыкъуэ мыарэзыуэ Бибей иридзат: «Делэ и гъуэмылэ пэшхщ». **[М. С.]**

Къуажэпщыр а псалъэхэм къагъэгубжьами, къуентхъхэр щагуэшым и ныбжьэгъу лIыжьым хуригъэшат тыгъэхэр, ауэ Щэбэтыкъуэ Iихын идакъым: «Пщым и тыгъэ бзаджэ пылъщ сыт щыгъуи», – жеIэри. **[М. С.]** Ауэ Бибей щыуат. Къуажэпщым и гуауэр тIуащIэ (и къуэ закъуэм иужькIэ и щхьэгъусэри дунейм щехыжым) щыхъум, абы хэпщIыкIыу зитат. «Апхуэдэу къыщIидзыжыну хуэбгъэфэщэнтэкъым зи хьэмтетыгъуэу щыта Бибей. Ихауэ зыкъыхурамытIэми, абы и уэркъхэм я щIыб къыхуагъазэрт, щхьэж зыхуейр ищIэрт, илэжьырт». **[М. С.]** «Уэркъыжьрэ дыгъужьрэ», – аращ абыхэм яхуэфащэ адыгэ псалъэжьыр.

Мис абы иужькIэ Бибей хуабжьу зыщIэгупсысыжат, зэрыщыуари къыгурыIуэжат. Арат езым и щхьэкIэ «Щэбэтыкъуэ деж кIуэуэ щIекIужар. ЛIыжь губзыгъэм къыжриIауэ щыта псоми IэкIэ теIэбат... Зэрыуэршэра къудейм пщы тхьэмадэр игъэпыIащ». **[М. С.]**

ДевгъэдаIуэт Бибей и псалъэхэм, дыкIэлъывгъэплъыт абы и «лIыжь» гупсысэ шэщIам, дривгъакIуэт абы и псалъэжь-лъагъуэхэм: «Хэт нэхърэ хэс! Зэ щыуахэми, си хьэлэлагъкIэ я нэр исщIынщ. Си ахъырзэманыгъуэм, си хьэмтетыгъуэм иджыри езгъэщхьыжат. АрщхьэкIэ хьэмтетыгъуэ дэнэ къыщына, хьэм гъунэ тенэжу сыкъыщIидзащ!» **[М. С.]**

Пщым и лъэкIыныгъэр инщ. Къуажэ псо и IэмыщIэ илъщ. И Iэщ цIыкIуи и Iэщышхуи хузэрахьэ, ягъэхъу, и гъавэри, зэрыжаIэу, къыхуашэжри и гуэн хуракIутэж. Уеблэмэ, гъавэншэми, пщыр гузэвэнукъым. ЖиIэкъэ псалъэжьым: «Пщым и шхын шындырхъуом къекIэцI» (дэнэ кърахми къыхуамыгъуэту хъунукъым, жыхуиIэщ.)

Ауэ цIыхубэр къыкъуэмытмэ, пщыр щIэгъэкъуэныншэщ. Жылэдэсхэрщ абы и бампIэр къыдэзыIыгъыр, и гурыгъузхэри щхьэщызыгъэур. Аращ, Бибей бэм я къэкIуэнум езыгъэгупсысри: «Къуажэпщыр мэгугъэ щIэблэр къыдэплъейуэ и хэкум хуэпэжыну, абы и хуитыныгъэм хуэлэжьэну». **[М. С.]**

Бибей зи цIэр тхыдэм къыхэнэжыну лIыхъужьхэм ящыщщ. ЩIэблэм игъэщIагъуэу, иригушхуэу абы и цIэ ириIуэнущ, щыгъупщэнукъым хэкум папщIэ и къуэр шапэIудз зэрищIар. Аракъэ-тIэ лIыгъэ жыхуаIэжыр?!

Пщым и щхьи зыми хуигъэлъэхъшакъым; и щхьэ, и хэку хуитыныгъи зыми хэутэн иригъэщIакъым; берычэтымрэ хъерымрэ къызытекI щIыгур, ижь-ижьыж лъандэрэ пасэрейм къыхуагъэна щIыналъэр бий фIыцIэм джэгуалъэ иригъэщIакъым. А Iуэхугъуэхэр и щыхьэткъэ Бибей и щхьэ пщIэ хуищIыжу зэрыпсэуам?!

Бибеипщ, и уахътыр къэсри, дунейм ехыжащ. Сыту пIэрэ къапэплъэр Щэбэтыкъуэ сымэ? Кърым тэтэрхэр аузым дэзщ. Уеблэмэ унагъуэхэм хьэщIэ зыхуащIащ. ХьэщIэр тхьэм и лIыкIуэкъэ? Адыгэхэм зэкIэ зашыIэ, хьэщIапIэрынэр зэрыемыкIури ираIуэкIыфыркъым, «ауэ абы я хьэщIэхэр шха иужькIэ бжэм еплъхэм ящыщтэкъым». **[М. С.]**



«Кхъуэр зыщцышынэн имыгъуэтмэ, Iуащхьэм докIуей» жиIакъэ пасэрейм? Бибей псэужкъым. Аращ тэтэрхэр къащIытегуплIар. Ауэ иремыгугъэ: абыхэм я шым куэд ижынукъым. Бибеипщым хуэдэ адыгэхэм иджыри къахэкIынущ.

**МЭЛЕЙ ФатIимэ,**

*«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и редактор, тхакIуэ*

МАФIЭДЗ Сэрэбий

## ПШЭРЫХЬ ЗЫХУЩАНЭХЭР

Адыгэ лъэпкъ зэхэтыкIэм, адыгэ хабзэм щIыпIэ ин дыдэ щиIыгъщ бзылъхугъэмрэ цIыхухъумрэ я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэм. ЖыпIэ хъунщ, уеблэмэ, ар адыгэ гъащIэм, псэукIэм и зы нэхъ купщIафIэ дыдэхэм ящыщ Iуэхугъуэу, адыгэ хабзэр нэсу къыбгурыIуэн щхьэкIэ апхуэдэ зэхущытыкIэм и щэху псори пщIэн хуейуэ. Псалъэм щхьэкIэ, къапщтэмэ, адыгэ хабзэм дэтхэнэ зыми и пащхьэ иригъэувэу, псом япэ иригъэщу щытащ нэхъыжьым пщIэ хуэщIыныр, абы и жыIэ гъэзэщIэныр, абы и лъэIу гульытэншэ ямыщIыныр. Псом хуэмыдэу, жьы хъуа, къарукIэ зыри зыхузэфIэмыкIыжхэм. Абы щыгъуэми, лъэIу хъуамэ, бзылъхугъэ фызыжь и лъэIу уебакъуэ хъунутэкъым. Ауэ чэнджэщ е унафэ теухуамэ, адыгэ лIыжь и псалъэ щхьэдагъэIухыртэкъым.

ЛIыжьым и жыIэр тIу зымыщIым яхэтт бзылъхугъэхэри цIыхухъухэри. ИтIанэми, апхуэдэ лIыжьым бзылъхугъэ къелъэIуауэ, а бзылъхугъэ къелъэIуар мысабийуэ балигъыпIэ иувауэ щытмэ, нэхъыжьым зэи игъэщIэхъуртэкъым, и щхьэ хилъхьэну щытми. Адыгэ хабзэм цIыхухъу нэхъыжьым япэ иригъэщ щымыIэми, а нэхъыжьым езым япэ сыт щыгъуи бзылъхугъэр иригъэувэну хьэзыру щытащ. Дауи, апхуэдэ нэмысыр бзылъхугъэм езым и хьэл-щэн дахэмкIэ къилэжьыжын хуейт.

Мы Iуэхум и гугъу щыпщIым и деж Iэмал имыIэу къэлъытапхъэщ щIалэ цIыкIухэмрэ хъыджэбз цIыкIухэмрэ, цIыхухъумрэ цIыхубзымрэ, лIыхэмрэ фызхэмрэ я гъэсэкIэ, псэукIэ, я зэгурыIуэкIэ, дэтхэнэ зы лъэбакъуэ, зы псалъэ нэгъунэ адыгэ хабзэм зэригъакIуэу, къилъытэу зэрыщытар. ЦIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ я зэхущытыкIэм псори щыубзыхуат, я лэжьыгъэм деж къыщыщIэдзауэ я гуапагъэмкIэ иухыжу, я IэщIагъэм къыщежьэрэ я псэлъафэхэми нэсу.

Адыгэ лъэпкъ зэхэтыкIэм, ар занщIэу жыIэн хуейщ, сыт щыгъуи цIыхухъур нэхъапэ иригъэщу, бзылъхугъэхэр – анэр адэм, фызыр лIым, шыпхъур и дэлъхум, дэтхэнэ зы IэлъэщI зытелъри пыIэ зыщхьэрыгъым, – цIыхухъухэм едэIуэн, абы я унафэм щIэтын, абы нэхъ пщIэ лей яхуэщIын хуейуэщ хабзэм зэрыщигъэувыр. Абы куэдым кърахыр адыгэ хабзэм, адыгэхэм я бзылъхугъэхэр дэкъузауэ яIыгъыу, ахэр ягъэпщылIу, ягъэунэIуту щытауэщ. Ауэ мыбы и деж Iуэхум узэрыбгъэдыхьэщ, хуитыныгъэу убжымрэ залымыгъэу къэплъытэмрэщ. КIэщIу жыпIэмэ, цIыхухъу гъащIэмрэ бзылъхугъэ гъащIэмрэ зэщхьэщыкIыныгъэ иIэкъым, мори модрейри машхэ, мори модрейри мэжей, жыпIэурэ зэпэбгъэув нэужькIэ дызыхуэкIуэнур арагъэнущ: мори модрейри тутын йофэ, мобыи модрейми фадэ я хьэрэмкъым, н. къ. Дыхуей-дыхуэмейми, бзылъхугъэхэм езым я гъащIэ яIэжщ, икIи ар щыдахэр, щынасыпыр, щыекIур цIыхубзыр гуфIэгъуэкIэ щыгъэнщIам и дежщ. Абы сабий зехьэнри, быным IэфIу яхуэпщэфIэнри хэту.

Псоми зэрытщIэщи, адыгэ унагъуэхэм хэхъуэр фIыуэ ялъагъуу, абы щыгуфIыкIыу, ар зэраIэтыфкIэ яIэту апхуэдэт сыт щыгъуи. Аркъудей уегупсысмэ, сыт хуэдиз гуфIэгъуэ цIыкIуфэкIу, гу зылъыдмытэу насып жьгъей куэд, щтэIэщтаблагъэрэ гузэвэгъуэ куэдрэ пыщIа унэм къихъуа дэтхэнэ зы сабийми. ИтIанэми, Iыхьэ лейм икIауэ, адыгэ унагъуэхэм я гуапэ хъурт щIалэ цIыкIу къахэхъуамэ. Абы и щыхьэту къэплъытэмэ ущыуэнукъым адыгэ бзылъхугъэхэм зэрахьэу, фIащу щыта цIэхэр: Хуэмей, Ямыдэ. ЗэшыпхъуитI-щы зэтралъхуамэ, ахэр зыфIащыр нэхъыщIэ цIыкIур арат, щIалэ яIэным, ягъуэтыным зэрыщIэхъуэпсыр, абы я нэ къызэрыхуикIыр апхуэдэ щIыкIэкIэ къагъэлъагъуэу. Хъыджэбз цIыкIу фIэкIа къызэрымыхъуэ унагъуэм я нэхъ кIасэ цIыкIум адыгейхэм фIащу щыташ Шыгъуэтыж, дэлъху зыгъуэтын, зытралъхуэн кърахыу. Апхуэдэу щIалэ цIыкIухэм фIащ цIэхэми мыхьэнэшхуэ иIэт: Псэун, Упсэу, Псэбыдэ, ГъущIыпсэ, н. Ахэр ауэ сытми къагупсысауэ къэплъытэ хъуну къыщIэкIынкъым, сабийхэр, псом хуэмыдэу щIалэ цIыкIухэр, гъукIэм хуахьу, абы кIыщыпскIэ (язынықъуэхэм «лъащэпс» жаIэ) ирагъэгъэпскIыу зэрыщытари хэту. Абы дзадзур гъащIэм хуигъэпсу, хуипсыхьу, куэдрэ псэун хуейуэ къикIыу арат.



ЩIалэ цIыкIухэм нэ лейкIэ еплъу щытар адыгэхэм я закъуэтэкъым, икIи абы щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ. Япэрауэ, пасэрей зэманыжь дыдэхэм къыдежьауэ, хъурылъхур, щIалэ цIыкIур, лъэпкъым и къупщхьэу, лъэпкъ мыгъэкIуэду къалъытэрт. Ахэр лъэпкъым и лъабжьэт, и хъумакIуэт. МыдэкIэ укъэIэбэмэ, етIуанэращи, цIыхухъухэр зауэлIт, къыщхьэщыжакIуэт. Ещанэуи къапщтэмэ, мэкъумэшыщIэ, лэжьакIуэ унагъуэм дежкIэ щIалэхэр унагъуэм хъер къезыхьэлIэм и мызакъуэу, пIэщхьагъ ягъуэтурэ лъэпкъыр зыгъэбагъуэт. АдэкIэ зыгъази, адэ-анэр жьы хъуамэ, щIалэхэр, цIыхухъухэр абы я щIэгъэкъуэнт, япIыжынкIэ абыхэм ящыгугъыу.

Адыгэхэм зэрыжаIэмкIэ, хъыджэбз цIыкIухэр хамэ бынт. Ахэр зы унагъуэм къыщохъури, нэгъуэщI унагъуэм щопсэу, я гъащIэр щахь. Аращ адыгэхэм щIалэ цIыкIур япэ ирагъэщыныр къызыхэкIыу щытар, армыхъумэ хъыджэбз цIыкIухэр нэхъ жагъуэу ялъагъуу, нэхъ ягъэикIэу аратэкъым. Уеблэмэ, ар адыгэ бзылъхугъэхэм фIащу щыта цIэ куэдым уи фIэщ ящIыр: Дыгъэнэху, Гуащэпагуэ, ГуащэIэфI, ЛъапIэ, Дахэуэс, Дахэнагъуэ, ДыгъэцIыкIу, нэгъуэщI Iэджэхэми.

Абы и лъэныкъуэкIэ нэгъуэщI щапхъэхэри куэду къэпхь хъунущ. Унагъуэм къралъхуа хъыджэбз цIыкIухэр нэхъ ягъафIэу, нэхъ къащхьэщыжу къагъэхъурт. Абыхэм хуэгубжьыртэкъым, щIэкIиертэкъым, къагъащтэртэкъым, уеблэмэ щагъэджэгукIэ ину драдзейртэкъым, атIэ хуэсакъыу къаIэтрэ тIэкIурэ яIыгъа иужькIэ кърахьэхыжу арат. Хъыджэбз цIыкIухэр щIапIыкIырт гукъэкI яIэу къэхъуным, гуапэныгъэм, тэмакъкIыхьагъым, гулъытэ яхэлъыным, Iэ щабэ-Iу щабэу, цIыху зрагъэхъуэпсэфу, къыдахьэхыфу щытыным. Абы щхьэкIэ хъыджэбз цIыкIухэм я джэгукIэ, зэрыджэгу хьэпшып нэгъунэ щхьэхуэт.

Дауи, абы къикIыртэкъым щIалэ цIыкIухэр гулъытэншэу, къакъыуэ[*] къэгъэхъун хуейуэ. Абы къикIыр хъыджэбз цIыкIухэр бзылъхугъэ хьэл-щэн дахэм зэрыщIапIыкIырт, щIалэ цIыкIухэр лIыгъэмрэ гушхуэныгъэмрэ зэрыхуаунэтIым ещхьу.

Хъыджэбз цIыкIухэр акъыл жану, гушыIэр къагурыIуэу, гудзакъэ яхэлъу, абы щыгъуэми, бзаджагъэ тIэкIум хуэмыхамэу, сытми я дзыхь ирамыгъэзу, шынэ-укIытэ яхэлъу ягъасэрт. Уеблэмэ, зи хьэл-щэныр ягу ирихьа хъыджэбз цIыкIум щхьэкIэ иджыри къыздэсам нэхъыжьхэм жаIэ: «ЦIыху къэгъэпцIэкIэ ещIэ». ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абы къикIыркъым хъыджэбзым пцIы иупсу, гъусэ хуэхъуахэр гъэпцIагъэкIэ къришэкIыу. Абы адыгэхэм кърахыу щытар хъыджэбз цIыкIур цIыху гъэсауэ, дэтхэнэ зыми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуигъуэтыфу, дэтхэнэ зыри и бзэ IэфIымрэ и щытыкIэ, зыщIыкIэ дахэмрэкIэ къихьэхуфу зэрыщытын хуейр арат. Абы сабийр щIупIыкIыну, ар хьэлу къебгъэщтэну тыншкъым.

Мыри жыIапхъэщ. Адыгэхэр бзылъхугъэм зэи щыгугъыу щытакъым лIыгъэ зэрахьэну, хахуагъэ къалъыкъуэкIыну, къарукIэ, лъэщыгъэкIэ зыгуэрхэр зыIэрагъэхьэн папщIэ никъуакъуэу. Абыхэм я къарур, апхуэдэу жыпIэ хъунумэ, я къаруушагъэрт, я гуащIэмащIагъэрт. КъэскIати, къэщтати, гумащIэ къэхъуати, дзыхати, жаIэу, адыгэхэм зэи цIыхубзхэр уэим ящIыртэкъым. Уеблэмэ къэрабгъагъымрэ цIыхубзыгъэмрэ зэпэлъытауэ, зэрагъэхьышхуэ щымыIэу ябжырт. Абы щхьэкIэ 1870 гъэм Н. Ф. Грабовскэм мыпхуэдэу итхыгъащ: «ЩIалэ, лIы шынэкъэрабгъэу зыкъэзыгъэлъэгъуахэм физкIэ, цихуэкIэ йоджэ. АдыгэлIыр пцIыхуу ущытын хуейщ, апхуэдэ дзым къикIыр пщIэн щхьэкIэ... Ар зрахъуэнам къылъыкъуэкIынкIэ хъунур ди щхьэщыгу итырщ зыщIэр. «Физщ, къэрабгъэщ, цихуэщ» зыжрамыгъэIэн щхьэкIэ, абы сытри ящIэфынущ, я гъащIэр халъхьэну щытми».

Апхуэдэ зэгъэпщэныгъэм адыгэ бзылъхугъэхэр игъэукIытэу, игъэпуду щытауэ пIэрэ, ямыщIэныгъэм къыхэкIыу е зыщагъауэмэ нэхъ къащтэу, пасэм ди деж щыIа куэдым зэратхам ещхьу? Ар къэпщIэн щхьэкIэ адыгэ бзылъхугъэхэри пцIыхуу щытын хуейт. Япэрауэ, апхуэдэ зэгъэпщэныгъэр нэхъыбэу къэзыгъэсэбэпу щытар езы цIыхубзхэрщ. Абы я IэлъэщIыр зытралъэфрэ къэрабгъэу къыщIэкIа цIыхухъум ирату щытащ: «Мэ, мыращ уэ пхуэфащэр», – жаIэурэ. Ар нэхъыбэу къыщыхъур цIыхухъухэм ялъ ямыщIэжамэ е я бзылъхугъэ – я анэ, я шыпхъу, я щхьэгъусэ – лей къылъысауэ, ахэр къикIуэтауэ, шынауэ щалъагъум и дежт. Куэдрэ къэхъурт зауэ IэнатIэм лIыгъэ щызезымыхьам, къэрабгъэу бийм къыпикIуэтам «пIынэкIэ» зэджэу щыта физ пыIэ цIыкIу щыщхьэратIагъэ, залымыгъэкIэ ар абы и щхьэм щыфIакъуэ, зи псалъэ епцIыжам и пыIэр гъуанэ зэращIу щытам хуэдэу. Ди нэхъыжьхэм зэрыжаIэжымкIэ, апхуэдэу пIынэ зыщхьэракъуа цIыхухъум зы бзылъхугъэ дэкIуэнутэкъым, дэкIуауэ

---

[*] Къакъыу – никъуэделэ; мыделэ-мыгубзыгъэ. /Придурковатый.

щытами, къикIыжынут, бгъэдэсынутэкъым. Ар къэгъани, шурылъэс, фэ зехьэ джэгукIэхэм деж лIыгъэ хэлъу зыкъыщызымыгъэлъэгъуа щIалэхэм я анэшхуэхэм я псэлъафэу щытащ: «Къевдзыхрэ шы лъабжьэ фщIыртэкъэ, фэ цIынэкIэ къэспшыныжынт».

ЦIыхухъухэм зэрахьэ лIыгъэр бзылъхугъэхэм я напщIэ телъу щытауэ къэплъытэ хъунущ. Псалъэм щхьэкIэ, цIыхухъухэм сыт хуэдэ лIыгъэ зэрамыхьами, абы и гугъу езыхэм ящIыжыну емыкIушхуэт, ауэ анэхэр, щхьэгъусэхэр абы иригушхуэным, ирипэгэным зыри халъагъуэртэкъым, насыпыфIагъэ, гуапагъэ фIэкIа. Абы и лъэныкъуэкIэ Беслъэней къуажэм щыщ ПIатIэ Абдулчэрим къытхуиIуэтэжауэ щытар гъэщIэгъуэнщ. Къанокъуэхэ я пщы щIалэ гуэр, зекIуэ, зауэ-банэ жыхуэпIэхэм хуэгуитIщхьитIу, къытехуэри зэшэзэпIэу лIат. Ар ягу щIыхьауэ щыгъуэну къэкIуа зэныбжьэгъухэр гуащэм еупщIат, жаIэ, дауэрэ ухъут, зиуIэжа хьэмэрэ зыгуэрым къиуIа, зыфIэуаIа, жаIэри. Арати, зи щхьэгъусэр лIыгъэншэу зылъытэ фыз ябгэм жэуапу къитащ: «Хэт къиуIэнт, на-а гущэ! Пшапэр зэхэуамэ, тхьэуэ дызэзыгъэпсалъэ, мо куэбжэпэм нэмысынут. Унэм къакIуэу къауIэнт? Зыгуэрым фIэуэн, уIэгъэ ищIын... Ди тхьэ, абы и фэр фэнду якъуатэмэ, мэкъуауэхэм псы хурахь мыхъутэмэ, апхуэдизкIэ бадзэ дзэкъапIэ хуэдиз хъуну гъуанэ имыIэу псэуащи».



Мыбы щыхьэт тохъуэ К. Ф. Сталь и псалъэхэри: «ЦIыхухъум и ныбжьри, и дахагъри, и къулеигъэри адыгэ бзылъхугъэхэм я дежкIэ зыми щыщтэкъым, абы лIыгъэ имыIэмэ».

Бзылъхугъэ гуащIэмащIэм, къарууншэм, дэIэпыкъуэгъу зимыIэм къыщхьэщыжыну, ар сыт хуэдэ шынагъуэми, гугъуехьми щихъумэну и къалэнт дэтхэнэ зы адыгэ цIыхухъуми. ЩыцIыкIум къыщыщIэдзауэ, ахэр абы щIапIыкIырт. Арауэ жаIэ къызытекIари «ЦIыхубз пшэрыхь хущанэ» псалъэжьри. Хъыбархэм абы и къежьапIэ хъуар зэтемыхуэу къыхощ. Адыгэ лъэпкъ псоми зэдаIэ пэтрэ, мыбы къикIымрэ лъабжьэ хуэхъуауэ жыхуаIэмрэ зэтехуэркъым. Язынықъуэхэм къызэраIуэтэжымкIэ, цIыхубзым шы пщэрыхьщ къыхуагъэнар. НэгъуэщIу жыпIэмэ, шым и пщэм дэлъу къахьыф. Адрейхэми апхуэдэщ хуагъэфащэр: шырыхь, шым къыхуэIэт хьэлъэ, шым къыхуэшэ хьэлъэ, къ. Мыбыхэм дэтхэнэми бзылъхугъэм мылъку гуэр къыхуагъэнауэ аращ къарыкIыр, къаIуатэр. Ауэ нэхъ тэмэму къыщIэкIынур, ар дауэрэ щымытами, цIыхубзым езы пшэрыхьыр къызэрыхуагъанэу щытар арагъэнущ.

Абы щыгъуэми жыIэн хуейщ: пшэрыхьыр мылъкукъым, хьэпшыпкъым, къулеигъэ гуэркъым. Ар пщым и гъусэу сыт щыгъуи къыздришэкIыу щыта пщы гъусэхэм ящыщ щIалэщ. НэгъуэщI зыри щIымыгъуми, пщым пшэрыхь имыIэу зэи пщIантIэм дэкIыртэкъым, губгъуэм ихьэртэкъым. «Пшэрыхь» псалъэм иджыпстуи адыгэ лъэпкъ зырызхэм, абы бжьэдыгъухэри яхэту, къэрах «щIалэ», «гъусэ», «нэхъыщIэ», н. къ.

Иджы зэрыхъур арат: пщым, и пшэрыхьым фIэкIа щIымыгъуу, губгъуэм е щIыпIэ зэгъуэкI хуэдэхэм бзылъхугъэ къыщыхуэза-

мэ, езым гъусэншэу зыкъигъанэрэ а бзылъхугъэр и пшэрыхьым иригъэгъэкIуэтэжу, ар здэкIуэм нригъэгъэсыжу. Ар мышынэн, къулейсызыгъэ къыщымыщIын щхьэкIэ сытри ящIэну зэрыхьэзырым псалъэжьыр къытекIауэ жызыIэхэм я гупсысэкIэр нэхъ тэмэму къыщIэкIынущ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, цIыхубзым пщIэ лей хуэфащэт, абы и Iуэхур нэхъапэ ирагъэщырт хэт и Iуэхум нэхъри. Ар я къалэнт пщыми, дэтхэнэ зы адыгэми. ИкIи шыплIэкIэ къахъ мылъкум нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъапIэт апхуэдэ пщIэмрэ щIыхьымрэ.

Тхыгъэжьхэм къазэрыхэщымкIэ, адыгэхэм емыкIушхуэу къалъытэрт бзылъхугъэхэмрэ сабийхэмрэ уебиину, лъы щIэжынкIэ абыхэм уапихьэну. Ар зыщызыгъэгъупщэ дэтхэнэ зыми, зыкIи имыгъэзэкIуэжыфыну, и напэр зытрихыжырт. Абы щыгъуэми, Iэмал имыIэу щыттэкъым а бзылъхугъэхэмрэ сабийхэмрэ мыадыгэну. Сыт хуэдэ лъэпкъым щымыщами, сыт хуэдэ диным имытами, абыхэм уи Iэр ялъикIуэныр, уи Iэщэ ятепшэщIэныр гуэныхьым и мызакъуэу икIи емыкIушхуэт. «Абы гурыIуэгъуэ ещI, – итщ адэкIэ тхыгъэм, – адыгэхэм я деж уIэгъэ хъуа цIыхубзрэ сабийрэ уащрихьэлIэныр пыухыкIауэ зэрымащIэ дыдэр».

А щIыкIэм тету, щIалэхэр сыт щыгъуи бзылъхугъэхэм къащхьэщыжыну, абы я щIыхьыр яхъумэну зэрагъасэм ещхьыркъабзэу, хъыджэбз цIыкIухэри хуагъэIущырт акъыл гуакIуэу, гуапэу, Iэ щабэ-Iу щабэу къэтэджыным, дэтхэнэ зы цIыхухъуми пщIэ хуащIу, нэмыс кIэлъызэрахьэу, ахэр зэрыцIыхухъур, дэчых зэращIэн хуейм щIыгъуу, лIыгъэ зэрахьэн зэрыхуейр зэи абыхэм щамыгъэгъупщэу щытыным.

Апхуэдэ гъэсэкIэм – щIалэхэр гушхуауэ, шыщхьэмыгъазэу, я къару якъуэлъыр сыт щыгъуи ящIэжу, цIыхубзхэм я бзылъхугъэ напэр хъумэным я гур теухуауэ къэтэджыным – хуэунэтIат адыгэ унагъуэм илъ хабзэри, адэ-анэхэм я зэфIэкIри, нэхъыжьхэм я жэрдэмри.

Адыгэ гъащIэм мыхьэнэшхуэ щаIэт сабий джэгукIэхэм, IуэрыIуатэм, псалъэжьхэм, н. къ. Абы и закъуэтэкъым. Псалъэм щхьэкIэ, къащти зэгъапщэ адыгэ бзылъхугъэ фащэмрэ цIыхухъу фащэмрэ. Бзылъхугъэ фащэм псынщIагъэ, дырийпсырыигъэ лъэпкъ емызэгъыу, ар уардэу, бжьыфIэу зехьэн хуеймэ, цIыхухъу фащэр зыщыгъыр бгъащхъуэ лъэтэнум ещхьщ. Апхуэдэущ е апхуэдэу щытын хуейщ адыгэ бзылъхугъэ къэфэкIэмрэ цIыхухъу къэфэкIэмрэ зэрызэщхьэщыкIри. Зыр къазыр псым зэресым хуэдэмэ, адрейр уэгум шыкIэ щес нарт щауэм ещхьщ. Апхуэдабзэщ бзылъхугъэ IэщIагъэхэри: хэдыкI, уагъэ ищIэ, данлъэч, адэкIэ Iэби, сабий зэрызэрахьэр, шхынщIафэу яIэхэр, н. къ.

А псом хъыджэбз цIыкIухэр илъэсищ-тхум щыщIэдзауэ яфIэщу хуагъасэрт, балигъ хъумэ, унэ ихьэмэ, къащхьэпэжынухэр зэи зыщамыгъэгъупщэу. ЩIалэ цIыкIухэм ещхьу зэраныну зыфIэфI хъыджэбз цIыкIухэм, ерыщу зызыгъэкъиинхэм, щхьэхынэу зыщIезыгъэххэм щамыгъэгъупщэу ягу къагъэкIыжырт: «Уэ ухъыджэбз цIыкIущ». Абы къикIырат: уэ дэчых пщIэуэ, зумыгъэгусэу, псоми я гур къэпхьэхуфу, губзыгъэу, кIэщIущ цIыкIуу укъэхъун хуейщ. ЩIалэ цIыкIухэм

щхьэкӀэ: «Уэ ущӀалэ цӀыкӀущ», «Ар щӀалэ цӀыкӀущ», – жаӀэмэ, ахэр хуиту арат тӀэкӀу зэранынуми, тӀэкӀу еӀуящӀэнуми. ЗэщӀэмыкъуауэ, зэкӀэлъымыкӀуэу, бэлэбанэу щытми хуагъэгъунут щӀалэ цӀыкӀухэм, ауан ящӀ нэхъыщхьэ мыкӀуэу.

ЩӀалэ цӀыкӀухэр тӀэкӀу зэранми, хьэлэболэми, хъыджэбз цӀыкӀухэм я дежкӀэ ар къезэгъыну дуней зы Ӏэмал щыӀэтэкъым. «ЦӀыхур бэшэчу щытын хуейщ», – жыхуаӀэм адыгэхэм щӀалъхьэу щыта гупсысэр щӀалэ цӀыкӀухэмрэ хъыджэбз цӀыкӀухэмрэ я деж щызэтехуэркъым. ЩӀалэхэм, лӀыхэм я дежкӀэ абы къикӀыр уӀэгъэ хьэлъэ яшэчын, къаруушхуэ зыгуэрым хэлъхьэн, тегъэкӀуэдэн хуейуэ щытмэ, хъыджэбзхэм, бзылъхугъэхэм щхьэкӀэ ар нэхъыбэу я хьэл-щэн дахэ къагъэлъэгъуэн, шыӀэ яхэлъын, дэчых ящӀэн, тэмакъкӀыхьын хуейуэ арат. Бзылъхугъэр зэрыбэшэчын хуейр шыӀэныгъэ хэлъымкӀэт.

Хъан-Джэрий мыпхуэдэу етх: «Хьэл зэпӀэзэрытыр, жиӀар игъэпэжыныр, псалъэ итам трагъуэтэжыныр адыгэхэм я хьэл нэхъыщхьэ дыдэщ. Абы щыгъуэми, фитӀнэуэ щытыным нэхърэ нэхъ икӀагъэ щыӀэу адыгэхэм ящӀэркъым». Мыр нэхъыбэу зэхьэлӀар цӀыхухъухэрщ. Ауэ бзылъхугъэхэм – псом хуэмыдэу хъыджэбзхэм – я деж Ӏуэхур нэсамэ, нэхъыщхьэр псынщӀагъэ, щхьэпсыгъэ гуэр ямылэжьынырт, щыуауэ лъэбакъуэ пхэнж ячу, я адэ-анэм, я лъэпкъым и напэр трамыхынырт. ГъэпцӀагъэкӀэ щагъэуэну, ягъэжэкъуэну гу лъызыта бзылъхугъэр и псалъэ епцӀыжкӀи, жиӀам темытыжкӀи емыкӀу хуащӀыртэкъым. Псом хуэмыдэу, щӀалэмрэ хъыджэбзымрэ я зэхуаку дэлъа зэхущытыкӀэр псалъэмакъ гуэр щхьэкӀэ хъыджэбзым зэхикъутэу щикӀуэтыжым и деж.



ЩӀалэ цӀыкӀумрэ хъыджэбз цӀыкӀумрэ я гъэсэкӀэм пасэу, илъэситӀ-щым щыщӀэдзауэ, зэщхьэщыкӀыныгъэ ягъуэтырт. Ар нэхъыбэу зэхьэлӀар гуапагъэрт, гъэфӀэныгъэрт, укӀытэрт. Псалъэм папщӀэ, щӀалэ цӀыкӀухэм илъэсиплӀ-тхум нэсыхуи пцӀанэ цӀыкӀуу къакӀухь хъууэ щытамэ, хъыджэбз цӀыкӀухэм илъэс-илъэситӀым бостей, гъуэншэдж цӀыкӀу щатӀагъэрт, ар зэрыдахэм, зэрыцӀугъэнэм щхьэкӀэ зигъэщӀагъуэу, зигъэлъагъуэу ирагъасэрт, сыт и лъэныкъуэкӀи балигъхэм ар хуагъэдахэу, щытхъуу, едэхащӀэу. ЩӀалэ цӀыкӀухэм щыгъынщӀэ хуадарэ ахэр зэплъыжу гу лъатамэ, ауан ящӀу щытащ, ар хуагъэщӀэгъуэным и пӀэкӀэ. Абдеж къыщыщӀэдзауэ, щӀалэ цӀыкӀухэри хъыджэбз цӀыкӀухэри есэрт зэрызащӀын хуейм, щытыкӀэу яӀапхъэм. Псом хуэмыдэу, хъыджэбз цӀыкӀухэм зыхалъхьэрт ӀэкӀуэлъакӀуагъэр, бзылъхугъэ хьэл щабэхэр.

Мыхьэнэшхуэ дыдэ хуащӀырт хъыджэбз цӀыкӀухэм я фэм зэрызиукъэбзым, я теплъэм, я дахагъым зэрызиужьым. Дауи, зэрыжаӀэщи, тхьэм къримытамэ, балигъхэр абыхэм зыкӀи ядэӀэпыкъуфынутэкъым, ауэ хуэсакъырт я Ӏэпкълъэпкъ пщыкӀутӀыр зэхуэдэным, я увыкӀэ, тӀысыкӀэ, къэкӀухьыкӀэхэм кӀэлъыплъыжу есэным.

А псом ефӀэкӀыжу, адыгэхэм Ӏэмал гуэрхэри яӀэт, езыхэм дахэщ жыхуаӀэм хуэдэу, сабийм, псом хуэмыдэу хъыджэбз цӀыкӀухэм, я зыужьыкӀэр, я хэхъуэкӀэр яунэтӀынымкӀэ. Псалъэм щхьэкӀэ, дунейм

къытехьа дзадзу цIыкIум и напэ, и натIэ, и тхьэкIумэ зэхуакухэм фызгъалъхуэм, бынжэр зэрыпиупщIу, сабийм и лъэныкъуэмкIэ къэна бынжэ лъэдакъэм къижа лъым щыщ щихуэрт, и нэ къэмыпщIахэр быдзышэкIэ, шкIэрышэкIэ щIилъэщIыкIырт, сабий зыгъуэта цIыхубзым и гъэшыр къэкIуа иужькIэ.

Адыгэхэм ятеухуауэ пасэу ятха тхыгъэхэм къазэрыхэщыжымкIэ, сабий къалъхуагъащIэр псы къежэхымкIэ занщIэу ягъэпскIыу щытащ, щIымахуэти, гъэмахуэти жамыIэу. Апхуэдэм ущрохьэлIэ Дж. Интериано, нэгъуэщIхэми ятхыгъэм. Уеблэмэ, адэкIэ ятхыр фIэщщIыгъуейщ: сабий ягъэпскIар зы жэщ-зы махуэкIэ щIыбым къыданэу, щIыбым дагъэлъу щытауэ. Дауи, мыхэр иджырей ди зэманым зыгуэркIэ иридгъэунэхуну зыри дгъуэтынукъым. Къэнэжыр хуэдгъэфащэу е пэжщ, е пцIыщ, жытIэну аращ. ИтIанэми, а зэман жыжьэм, XVI лIэщIыгъуэм и пэхэм деж, адыгэхэм псэуалъэу, унэу яIар чы-бжэгъум къыхэщIыкIарэ ятIагъуэкIэ зэщIэежауэ зэрыщытар къэплъытэмэ, унэ кIуэцIымрэ щIыбымрэ хуабагъэ и лъэныкъуэкIэ зэщхьэщыкIыныгъэшхуэ яIауэ къыщIэкIынукъым. Абы мыри щIыгъужыпхъэщ: пасэм, хабзэм къызэрищтэмкIэ, адыгэ цIыхубзымрэ сабиймрэ щызэIэпыкIыу щытар унэратэкъым, атIэ е гуэщырт, е Iуэ хуэдэхэрт. Ар зи хабзэу щытари адыгэхэм я закъуэкъым. ИкIи апхуэдэр хабзэ щIэхъуам и лъабжьэр куущ. Нэхъыбэу къызэралъытэу хуагъэфащэр арат: сабий зыгъуэт бзылъхугъэр «къабзэкъым».

Гу лъытапхъэщ мыпхуэдэ адыгэ хабзэми. ЛIэщIыгъуитIщы хуэдэкIэ узэIэбэкIыжмэ, адыгэ хъыджэбз цIыкIухэм я шэфэл къэкIуэгъуэ мыхъу щIыкIэ (илъэсибгъу-пщIым щитым) куэншыбэ щрагъэтIагъэу щытащ. Куэншыбэм хъыджэбз цIыкIум и Iэпкълъэпкъыр, и бгым къыщыщIэдзауэ и шхулъэхэм нэс, быдэу зэщIикъузэрт, и бгырыпх щIэпхапIэр псыгъуэу, и шхужьхэр лъагэу, езыр ичауэ, лъакъуэ лъагэу къэхъун щхьэкIэ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэу къалъытэр арати, куэншыбэм хъыджэбз цIыкIум и бгъэхэр къигъэкIыртэкъым. Зи бгъэ ин бзылъхугъэхэр адыгэхэм унэ ихьауэ, щхьэгъусэ яIэу, сабий ягъашхэу, япIу къалъытэрт. КIэщIу жыпIэнур аракъэ, адыгэхэм хъыджэбз дахэ зыфIащу щытам кIэрыплъагъуэу, уи нэ къыфIэнэу бгъэ иIэ хъунутэкъым. ИкIи IэкIуэцIыр и бгыу, жыхуаIэм пэжагъ гуэрхэр хэлъщ.

Абы къыхэкIыу, хъыджэбз цIыкIум япэ дыдэ куэншыбэ щыщатIагъэм и деж абы и Iэпщэр Iэпхъуамбэшхуэмрэ IэпхъуамбапщэмкIэ къапщырт. Ар тыншу къекIуэкIмэ, хъыджэбз цIыкIум и пщэм апхуэдитI и гъумагъын хуейуэ къалъытэрт. Ауэ нэхъыщхьэр хъыджэбз цIыкIум и бгым и гъумагъыр арат. Абы и бгым и гъумагъ хъунур къащIэн щхьэкIэ Iэпщэр къызэрапща Iэбжьэр Iуданэм традзэрти, апхуэдиплI къыпачырт. Арат хъыджэбз цIыкIум и бгым и гъумагъын хуейр: е езы хъыджэбз цIыкIум и Iэпщэм и гъумагъым хуэдизу плIы, е и пщэм и гъумагъым хуэдизу тIу. Апхуэдэу къыхаха Iуданэр хъыджэбз цIыкIум и бгым къемыкIуэкIмэ, ар хуэдагъэ тIэкIу нэхъ Iуамыгъэахуэу е зыри ирамыгъэшхыххэу, ягъэнэщIырт, Iуданэр

къекIуэкI хъухункIэ. Мыбы ирахауэ щытауэ, апхуэдэ адыгэ куэншыбэхэр Санкт-Петербург и музейм, «кунсткамерэ» жаIэу Пётр Езанэм къызэригъэпэщауэ щытам, иджыри щIэлъщ. Абы зым и бгыр сантиметр 48-рэ, адрейм ейр сантиметр 52-рэ хъууэ аращ.

УщIэупщIэну игъуэщ, дауи, адыгэхэм дахагъэ жыхуаIэм хъыджэбзыр бгы псыгъуэу, бгъэ лъэпкъ имыIэу, ауэ шхужь лъагэу щытын хуейуэ къыщIалъытэр сытым къыхэкIагъэнкIэ хъуну пIэрэ, жыпIэу. Ауэ абы и жэуапыр къэгъуэтыгъуафIэкъым. Адыгэхэр къэгъани, лъэпкъ зэмыщхь куэдым дахэ зыфIащым и нэщэнэхэр аркъудей жыжьэу зэтехуэркъым. Абы къыхэкIыу, лъэпкъ зэпэщхьэхуэхэм дахэм кърахыр нэсу зыми жиIэфыну къыщIэкIынукъым. Уеблэмэ, ар езы лъэпкъхэм ящыщхэми пыухыкIауэ къыпхуаIуэтэфынукъым.

Псалъэм къыдэкIуэу къэтхынщи, пасэрей Индием бзылъхугъэм щхьэкIэ дахэщ, жаIэнумэ, абы и шхужьхэр пылым ейм ирагъэщхьу щытащ. Япон пщащэхэм япэм щыгъуэ я дзэхэр фIыцIэу ялэурэ загъэдахэрт. Африкэм щыпсэу лъэпкъ щхьэхуэхэм я пщэр нэхъ кIыхьыхукIэ нэхъ дахэу къалъытэрти, я бзылъхугъэхэм, сабий щIыкIэ щIадзауэ, я пщэм уэрдыхъу иралъхьэурэ хашырт. Апхуэдэщ Амазонкэ и Iуфэм Iус лъэпкъхэм я бзылъхугъэхэм я Iупэ лъабжьэр зэрыхъукIэ нэхъыбэу къызэрыIуашыр, Китай цIыхубзхэм я лъакъуэхэр цIыкIуу къагъэнэн щхьэкIэ, я лъащхьэхэр къыдивыкIыжауэ, пхъэ вакъэ цIыкIу лъатIагъэу зэрыщытар, н. къ.

Лъэпкъ зэмыщхьхэм я бзылъхугъэхэм загъэдэхэн щхьэкIэ ямыщIэ щыIэтэкъым. Хэти тхьэкIумэм, хэти и пэм тхьэгъу иралъхьэрт, хэти и щхьэцыр игъэкIырт, хэти пиупщIырт, хэти и Iэбжьанэхэр кIыхьу пигъэкIыкIырт, хэти цIыплъу пилыкIырт. Уеблэмэ, зы лъэпкъым къыхэкIахэу, ауэ я зэхущытыкIэкIэ зэтемыхуэхэр дахэ жыхуаIэм зэрыбгъэдыхьэр щызэмыщхьыр Iэджэрэщ. Къапщтэмэ, Европэм щыпсэу лъэпкъ куэдым, абы урысхэри яхэту, мэкъумэшым елэжь, щIым пыщIа цIыхухэм бзылъхугъэ дахэу къалъытэу щытар цIыхубз пшэр тIатIэшхуэхэрт, нэкIущхьэплъ хъужахэу, Iэпэпщ-Iупэпщхэу. Абы щхьэкIэ, мэкъумэшыщIэ унагъуэм щыщ хъыджэбз IэпцIупцI цIыкIур джэгу щыкIуэм и деж, пшэрышхуэу закъыщигъэхъун щхьэкIэ, бостей дапщэ иIэми щащIэ-плIащIэу щитIагъэрт, и нэкIум сэхусэплъ еуэрт.

НэгъуэщIут дахагъэм зэреплъыр а лъэпкъ дыдэхэм ящыщу тепщэ унагъуэм къыхэкIахэр. Абыхэм я дежкIэ дахэр хъыджэбз фагъуэ, гъур, зи Iэпхъуамбэ псыгъуэ лъы зыщIэмытхэр кIыхьу, фэ пIащIэ ятеукъуэдиям ущызэкIэщIэплъу щытмэ арат.

Мы псом и гугъу щIэтщIыр бзылъхугъэхэр дахэу щытын щхьэкIэ абы зезыгъэлIалIэр адыгэхэм зэрамызакъуэр къэдгъэлъэгъуэн къудей щхьэкIэкъым, атIэ дахагъэм «егугъуныр», абы гулъытэшхуэ хуэщIыныр лъэпкъхэм я зыужьыкIэм, я хабзэм, я культурэм щыщу, ар лъэпкъ гъащIэм къыкIэрыпч мыхъуну, абы и пкъыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм хыхьэу зэрыщытар къэлъытэн зэрыхуейрщ. Абы жыжьэ уагъаплъэ. Псалъэм щхьэкIэ, япэм щыгъуэ ди деж щыIа куэдым ятхыж адыгэ бзылъхугъэхэр щхьэкъэIэт ямыIэу ягъэлажьэу, ягъэпщылIу, абы

зы хуитыныгъи ямыIэу, дэкъузауэ яIыгъыу, я унафэр я адэхэм, ялIхэм, я дэлъхухэм ящIрэ езыхэр абы хэIэбэнуи хэпсэлъыхьынуи хуимыту щытауэ.

Япэрауэ, гъэщIэгъуэнщ апхуэдэхэр зытххэм езым я бзылъхугъэхэм ятелъа бэлыхьымрэ хьэзабымрэ зэрамылъагъужыр, а адыгэ цIыхубзхэм я псэукIэ хьэлъэр езыхэм ейхэм ирагъэпщатэмэ, зэщхьэщыкIыныгъэшхуэ зэримыIэнур. БлэкIа зэманхэм дэтхэнэ лъэпкъым я цIыхубзхэра жэнэтым исар? Ари къэгъани, сыт абы Iейуэ хэлъар – фызыр и лIым едаIуэмэ, шыпхъур и дэлъхум фIэлIыкIмэ? Дауи, пэжщ, ар щIубзыщIыни щыIэкъым, адыгэ бзылъхугъэхэр лэжьакIуэшхуэу, псэемыблэжу, щхьэх ямыщIэу зэрыщытар. Унагъуэхэр унагъуэшхуэт. Щхьэгъусэ, бын ягъуэтыжауэ, зэкъуэшитIи, щыи щызэхэсыр мащIэтэкъым. Ахэр я шхынкIи, я щыгъынкIи къызэгъэпэщыныр зи Iуэхур бзылъхугъэ емызэшыжхэрт. Iэщхьэл цIыкIухэмкIэ хьэжэу, IэкIэ ужьгъэу, гухъум къытемыкIыу, гуарцэ Iугъуэм я нэхэр ирифыжауэ, ауэ сытми гугъуакъым абы я IэнатIэр. ИтIанэми, гугъэ пщIы хъунущ: ахэр насыпыфIэт ялIхэм, я дэлъхухэм, я къуэхэм, я тхьэмадэхэм, хуэзэж техыжауэ*, гуэншэрыкъ хуадмэ, цей екIуу хуащIмэ, тэджэлей** хуажьыщIмэ, хуадыжмэ. Насыптэкъэ атIэ фIыуэ плъагъу цIыху бгъэгуфIэну, абы и гуапэ пщIыну?!

АрщхьэкIэ ищхьэкIэ зи гугъу щытщIам хуэдэхэр зытххэм, жызыIэхэм мурад пыухыкIахэр яIэт: лъэпкъым, бзылъхугъэхэмрэ цIыхухъухэмрэ, нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ, къинэмыщIауэ, зэблагъэхэм, зэгъунэгъухэм я зэхуаку зэгурымыIуэныгъэ, хьэргъэшыргъэ дэлъхьэн хуейуэ, ахэр псалъэмакъ мыухыжым хэдзэн хуейуэ. ЦIыхухъум и бэлагъ цIыхубз Iуэхум хиIумэ, цIыхубз мастэнэ къихыкIэр цIыхухъум нэхъ ищIэу игъэувмэ, ар зи фейдэ гуэрхэри щыIагъэнущ. Ауэ, кIэщIу жыпIэмэ, ди тхьэ, адыгэ бзылъхугъэхэм япэм яIэу щыта пщIэмрэ щIыхьымрэ, пIалъэ кIэщI нэхъ дэмыкIыу, нобэрей ди цIыхубзхэм къетыж. Анэр анэу, шыпхъур шыпхъуу, щхьэгъусэр щхьэгъусэу!

А адыгэ бзылъхугъэхэрщ мыпхуэдэхэр зыхужаIар: «Щауэр зыгъэщауэр гуащэщи, гуащэр зыгъэгуащэр щэнщ», «ЦIыхубз зыгъэикIэ щIакIэ*** и уасэкъым», «Жылэм ягъэпуда лIыр фызым къыдехыжри, фызым игъэпуда лIыр жылэми къахудэхыжыркъым», нэгъуэщI Iэджэхэри.

Абы щхьэкIэ ущIэдэуэн щыIэтэкъым. Пэж дыдэт адэм, лIым я унафэр унагъуэм нэхъ зэрыщызекIуэр, абы бзылъхугъэхэр ихауэ зэрыхэмыпсэлъыхьыр. Ауэ Хъан-Джэрий итхами пцIы хэлъкъым: «Унагъуэм и унафэр лIым IэщIэлът... Ауэ адыгэ фызыр апхуэдизкIэ Iэзэт, апхуэдизкIэ губзыгъэу Iуэхум бгъэдыхьэрти, дахэ защIэкIэрэ ялIхэм кърагъэщIэфырт езыхэр зыхуейр, нэхъ тэмэму къалъытэр. ИкIи куэдрэ къэхъуртэкъым ахэр щыуэу е я псалъэ бзэщхъуу».

* Хуэзэж техын – гуэншэрыкъ зэраду щыта дыкIэ щхьэхуэ.
** Тэджэлей – пасэрей зауэлIхэм афэ джанэм и лъабжьэм щIалъхьэу щыта щыгъын.
*** ЩIакIэ – хьэцэпэцэр щаIуэкIэ е щакIыщтэкIэ нэхъ Iейуэ къыхэкIхэр.

Хабзэт, лӀым унафэр ӀэщӀэлъми, чэнджэщэныр унагъуэм и лъабжьэу. Абы щыгъуэми, цӀыхухъу Ӏуэхур пыухыкӀауэ ӀупщӀт, цӀыхубз Ӏуэхури ещхьыркъабзэт. ЦӀыхухъу Ӏуэхухэм и унафэр унагъуэм ис цӀыхухъу нэхъыжьым зэрихьэрт, цӀыхубз Ӏуэхухэр гуащэм е нысэ нэхъыжьым зэрагъакӀуэрт. ЛӀыр фыз Ӏуэхум хэпсэлъыхьыртэкъым, фызри лӀы Ӏуэхум хэӀэбэртэкъым. Ауэ зэрыунагъуэу, зэрылъэпкъыу зэдай Ӏуэхушхуэм щхьэкӀэ псори зэчэнджэщырт, унагъуэр унагъуэ зэӀубзу, зэгурыӀуэу щытмэ. Абы и ӀуэхукӀэ гу лъумытэу блэбгъэкӀ хъунукъым илъэс зыбгъупщӀ ипэкӀэ шэрджэс къуажэ Инжыджышхуэ щыщ Хьэбэчыр Азэмэт къысхуиӀуэтэжауэ щыта хъыбар хьэлэмэтыщэ цӀыкӀур. Ар адыгэ гупсысэкӀэм и купщӀэщ.

«УнагъуэнасыпкӀэсытымуеджэнт»,–жысӀэуАзэмэтсыщеупщӀым, абы кӀэщӀ дыдэу жэуап къызитащ: «ЗэгурыӀуэрэ зэдэӀуэжрэ». ИтӀанэми, сфӀэгъэщӀэгъуэн хъун гуэр къыпищэну зэрыхуейр ӀупщӀу слъагъуу, ар мащӀэу и пащӀэкӀэ щӀэгуфӀыкӀырт, сигъэунэху хуэдэ, къызэплъу. Апхуэдэу тӀэкӀу зыщӀэгупсысыкӀри, сигъэгуфӀэу абы мы хъыбар хьэлэмэтлажьэр къыпищащ: «Пщэдджыжь нэмэзым, жьы дыдэу лӀыжьыр я унэм къыщӀэкӀат. Жэщым уэсыщӀэ къытрилъхьауэ нэху къекӀат. ЛӀыжьыр еплъмэ, абы я бжэщхьэӀум деж щежьэу лъакъуапӀэ гуэрхэр куэбжэмкӀэ дэкӀырт. Ар абы игъэщӀэгъуащ, унэм щӀэсхэм ящыщ езым япэ къэтэджу, и лэжьыгъэ ӀэнатӀэ пэрыхьауэ пӀэрэ, жиӀэри. АрщхьэкӀэ щӀыхьэжрэ зиплъыхьмэ, пцӀыт, и унагъуэм ис псори пщэдджыжь жей ӀэфӀым хэту пщӀыхьэпӀэхэр ялъагъурт. НэгъуэщӀ хэмылъу, лӀыжьым мурад ищӀащ а лъакъуапӀэхэр зищӀысыр, зейр зригъэщӀэну. ИкӀи лъэужьым теувэри ежьащ. ЗыкъОм дэкӀауэ, лӀыжьыр мэз лъапэм нэсащ. Нэса щхьэкӀэ, лъакъуапӀэхэри абдежым щыкӀуэдыжащ. «Тобэ, – жеӀэ абы игъэщӀагъуэу, – мыр сыт телъыджэ?»

Абы нэхъ хэмылъу, мэз чыцэ гуэрэным къыхэӀукӀыу макъ гуэр зэхех: «Ущымыуэт, тхьэмадэ. Зи гугъу пщӀыр сэрамэ, сэ сытелъыджэкъым икӀи сыгъуэбжэгъуэщкъым. Сэ уэ суриунагъуэ насыпщ. Мы си лъэужьыр къэпхуу укъэмыкӀуатэмэ е, зы мащӀэкӀэ ухэжаеу, си лъакъуапӀэхэр адрей къуажэм къыдэкӀахэм, цӀыхухэм, Ӏэщхэм я лъакъуапӀэхэм хэгъуащэу, сумыгъуэтыжатэмэ, сэ уи деж нэгъэзэж сиӀэтэкъым. АтӀэ иджы, апхуэдизу жьыуэ ущӀэтаджэу, си лъэужьыр къыщыпхуакӀэ, хэдэ. Нобэр къыздэсым уэ уи унагъуэкӀэ уиӀащ шыхэри, Ӏэщышхуэхэри, мэлхэри. ДяпэкӀэ абыхэм ящыщу зыщ фиӀэнур. Шыр къыхэпхрэ, жэми мэли фиӀэнукъым, жэм, былым, Ӏэщышхуэ жыпӀэрэ, шымрэ мэлымрэ фыхэкӀыжащ, хьэуэ, мэлырщ сызыхуейр, жыпӀэрэ, абы щыгъуэ уигу къызумыгъабгъэ, ауэ шыми Ӏэщышхуэми уи Ӏыхьэ хэлъыжкъым».

Абдежым лӀыжьыр щхьэкӀуэ жагъуэу хэгупсысыхьащ: апхуэдизу Ӏуэхушхуэр, Ӏуэху гугъур и щхьэ закъуэкӀэ дауэ зэфӀигъэкӀыну, игъэзэжу, унагъуэм исхэм ечэнджэщ мыхъуну пӀэрэ? Арати, аргуэрыжьу макъыр зэхихащ: «Сыт щӀэмыхъунур? ЦӀыху щыхъукӀэ, чэнджэщэн хуейщ. Зы унагъуи щыӀэкъым зы цӀыху закъуэ и акъылкӀэ псэууэ,



6 Заказ №1683

абы сыт хуэдиз Iущагъэ акъылрэ бгъэдэмылъми. «Чэнджащэ щыуэркъым», – жиIащ пасэрейм. КIуэжи, еплъ уи унэм къыщIэбнахэм къыбжаIэм. Ауэ хьэкъ зыщыщI: щым языхэзщ».

А щIыкIэм тету, лIыжьым и унагъуэм я деж къегъэзэж. Ерэ фIырэ къызыгурыIуэ хъуауэ унагъуэм исыр зэхуешэс, иужь дыдэ игъуэта нэрыбгэ цIыкIу иджыри техьэпщIи, псэлъапщIи зыхуимыщIам, зытемыхьам фIэкIа къэмынэу. Зэхуешэсри, Iуэхур зыIутыр ягурегъаIуэ. Абдежым къэхъуа жыхуэпIэр! Псори зэхэлъэдэжауэ зоныкъуэкъу, зодауэ. Зым адрейр гъусэ къещI, щыхьэту къегъэув, шыр зэрынэхъыфIымкIэ, адрейхэм Iэщышхуэр трагъакIуэ, ещанэм мэлыр нэхъ къащтэ. Псоми зэрызагъэзэхуэнрэ зэрызагъэпэжынрэ ягъуэт. Шыр шыкъэ зиунагъуэрэ? Хьэуэ, жэмыр шэщ, лыщ, фэщ! Мэлыр-щэ, иджы? Цы ухуей, ар аракъэ, лыр апхуэдэкъэ? Шэ, жыпIэнумэ, гъэш, кхъуей, жыпIэнумэ, хэх. Дауэ мэлыншэу? Уи унэ хьэщIэ къихьамэ, хуэбукIыну хьэщIэныш къудей уимыIэу?

Къызэрыгъэплъауэ зодауэ псори, арщхьэкIэ лIыжьым зыри игу ирихьыркъым. Апхуэдэ жэуапхэр езым къигъуэтыжыфынут. Ар зыми арэзы ящIыркъым. Щымыхъужыххэм, абы и нысэ нэхъыщIэ цIыкIури кърагъэшащ. ЙолъэIу, хабзэр имыгъэзащIэу зэрытехьар къыхуигъэгъуну. Iэмалыншагъэм ирихулIащ. Псори иужькIэ игъэзэкIуэжынщ. Ауэ а и нысэ нэхъыщIэ цIыкIур дауэрэ еплъыну пIэрэ мы псори щIызэныкъуэкъу Iуэхум?



Нэрыбгэ цIыкIур и пщыжьым щыукIытапэурэ и нысэгъу нэхъыжь зи къуагъым зыкъуиудыгъуауэ къуэтым щэхуу жриIащ: «Тхьэ, мы псоми ягу къэмыкIа сэ сщIэуэ къыщIэмыкIын, ауэ къыщызэупщIкIэ сэри сызэригугъэр хэслъхьэнщ. Сэ сыхэдатэмэ, тхьэ, шыи, выи, мэли къыхэзмыхынт. Сэ нэхъ къэсщтэнт, тхьэ, ди унагъуэм зэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ илъыну, нэхъыжь-нэхъыщIэ тщIэуэ, щхьэж и увыпIэрэ и тIысыпIэрэ имыгъэгъуащэу, зым Iэпыхур зым къиштэжу, дыпсэуну. Арат, тхьэ, сэ къыхэсхынур».

Ар нысэгъу нэхъыжьым и пщыжьым жриIэжащ. ИкIи къэщIэгъуейт абдежым лIыжьым нэхъ игу ирихьауэ зыщыгуфIыкIар: и нысэ нэхъыщIэ цIыкIум и жэуап Iущагъ дахэ зыхэлъыр арат, хьэмэрэ, абы хабзэр имыкъутэу, и жьэр ихауэ и пщыжьым къемыпсалъэу, ар и нысэгъу нэхъыжьым къызэрыжригъэIар арат. Сытми, гуфIэу, арэзы хъуауэ, лIыжьыр, зыIэжьэ химылъхьэу, мэз лъапэмкIэ кIуащ, унэм щIэсхэм къагупсысам щхьэкIэ гуфIэу, пагэу. Абы и лъэбакъуэхэр игъэпсынщIакъым, жакъым, атIэ, зигурэ зи щхьэрэ зэтелъ цIыху зэпIэзэрыту, макъыр къызыхэIукIауэ щыта чыцэ гуэрэным бгъэдыхьащ.

Арати, чыцэ гуэрэным, къэуIэбжьауэ, макъыр аргуэру къыхэIукIащ: сытхэр къэухъу, нетIэ лIыжьыр апхуэдизу гузэвати и гур щIэкIат, иджы ар апхуэдизкIэ зэпIэзэрытщ, Iэдэбщи, и унагъуэ насыпым игъэзэжу, Псатхьэ и гъусэу я унэ бгыкъум тетIысхьэжам ещхьщ. И унэм щIэсхэм апхуэдизу сыт хуэдэ чэнджэщхэр кърают, сытхэр къыжрауIэ?

АрщхьэкIэ мыбы щыгъуи лIыжьыр пIэщIакъым. Зэрыхуигъэфащэм хуэдизкIэ зиIэжьэщ, макъыр зейм шыIэу бгъэдэлъыр игъэунэху хуэдэуи, абы жэуапу мыр иритащ: «Уэ унасыпыр пэжмэ, сэ уэ сыпхуейкъым шыуи, выуи, жэмуи, мэлуи, нэгъуэщI мылъку гуэруи. Хъуну щытмэ, си унэ нэгъэзэж, зэгурыIуэныгъэу, нэхъыжьрэ нэхъыщIэрэ я зэхуаку дэлъын хуей пщIэрэ щIыхьу, унагъуэ нэмысу». Ар щызэхихым, макъым зигъэгувэжакъым: «Апхуэдэ чэнджэщ уэ къозытахэр тхьэм пхуигъэпсэу. Дуней насыпыр, дуней мылъкур зыбгъэдэлъыр нэмыс ящIэу, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, зэхуэарэзыуэ, зым Iэпыхур зым къищтэжу зэдэпсэухэрщ. Ауэ щыхъукIэ, тхьэмадэ, ущагъэуакъым уи унэ щIэсхэм». – «Ар си нэрыбгэ нэхъыщIэ цIыкIурщ», – гуфIэу жиIащ лIыжьым. – «Хъарзынэкъэ, ауэ апхуэдэу езым зэхыумыгъэх. ФIыуэ зэрыплъагъур, узэрыхуэарэзыр къегъащIэ, ауэ ущымытхъу. Зыгуэрым къыщыщIар къыпщыщIынщ. «Ди нысэ цIыкIум и псэ», жаIэурэ ирагъэсати, «си псэ», жиIэу ежьэжат, жеIэ... Хъунщ, абы уэ узэрегуэкIуэжщ. НакIуэ иджы, дгъэзэжынщ унэм. Апхуэдэ нысэ щыбгъуэтакIэ, уреIэ уэ шыри, жэмри, мэлри, мыдрейуэ уи унагъуэ зэдэур зыхуей хъуну псори. ИкIи уиIэнщ».

А щIыкIэм тету, лIыжьым и унэмкIэ кIуэуэ лъакъуапIэхэр уэсыщIэм кIуэцIрыкIыу ежьащ. Езы лIыжьри абы и ужь иту и пщIантIэм дохьэж, и бжэщхьэIум, унагъуэ насыпым ещхьу, лъакъуэ ижьымкIэ йобэкъуэж».



Мыпхуэдэ хъыбар куэд хэтащ, иджыри хэтщ адыгэ IуэрыIуатэм, бэм я акъыл жанымкIэ псыхьауэ. Абы цIыхум я зэгурыIуэкIэр, я псэукIэр зэраухуэр щIэблэм хуаIуатэ, пасэрейхэм я кIэщIущыгъэм, губзыгъагъэм акъыл къыхрагъэхыу, щIалэгъуалэр езыхэм я гъуэгум ирикIуэн, щымыуэн щхьэкIэ. Шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым: ахэр гъэсэныгъэм хуэунэтIащ, адыгэхэм ягъэунэхуа Iуэхугъуэ куэдым къыхахри, е хабзэ, е хабзэм и щIэгъэкъуэн хъуащ. «Мыпхуэдэу щIы, модрейм хуэдэу жыIэ», – уаз гъущэхэр ар зыхуэгъэзахэм я щхьэм куэдрэ ираубыдэркъым. Абы къыхэкIыу, хъыбар кIэщI цIыкIухэр зрагъащIэкIэрэ цIыхум, щIэблэм пэжымрэ екIумрэ зэхагъэкIырт, захуагъэ ялэжьыным хущIэкъуу. ИкIи абы ягъасэр, ягъэIущыр нэхъыщIэхэм и закъуэтэкъым, атIэ нэхъыжьхэри яущийрт. Аращ, дауи, пасэрейхэм щIыжаIэу щытар: «НэхъыщIэ ягъэIущри, нэхъыжь яущий», «Акъыл уасэншэщи, гъэсэныгъэ гъунэншэщ», «Зыгуэр зыщIэ и щIыб сисакIэщэрэт», нэгъуэщI Iэджэхэри.

Хъыджэбз цIыкIухэр щагъасэкIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ иIэт абы я щхьэцыр ягъэкIыу щыщIадзэ зэманым. Ар къызыхэкIыр щхьэцыр зэрихьэфу, ижьыфу зэресэм и закъуэтэкъым, атIэ и щхьэцым ирипагэу, абы хуэсакъыу, имыфыщIу, бэшэчу, IэкIуэлъакIуэу зэрыхущытым куэд иIыгът. Зэрыхабзэти, дзыгъуэ щхьэцыр траха иужькIэ, щхьэц лъэдакъэр, щхьэц лъабжьэр быдэ хъун щхьэкIэ, жаIэрти хъыджэбз цIыкIухэм я щхьэр – мазищ нэхъ дамыгъэкIыурэ, зэкIэлъыкIуэу щэи, плIэи, нэхъыбэри яупсырт. Цыр щабэ цIыкIумэ, мыIувмэ, абы щыгъуэ нэхъыбэрэ зрагъэлIалIэрт, нэхъ пхъашэ, нэхъ пкъы къыщIэувэн

щхьэкIэ. «Цыбэ насыпыбэщ», – жаIэрти, щхьэц зытелъ хъу хъыджэбзхэм нэхъ узыншагъэ ябгъэдэлъу, ахэр нэхъ гуащIафIэу къалъытэрт.

Щхьэцым адыгэ бзылъхугъэхэр иригушхуэ, я напщIэ телъым къыщымынэу, икIи я фащэм, я щыгъыным, я дахагъым щыщ Iыхьэ нэхъыщхьэхэм хабжэу апхуэдэт. Хъыджэбзхэм я щхьэцыр Iэдийм хуэдэу ухуэнарэ едзыхауэ е щхьэ щIыбым щхьэншокъу щыщIауэ щызэрахьэрт. Унэ ихьа цIыхубзхэм я щхьэцыр зы къудамэу яухуэнырти, ар я щхьэ щIыбым щашыхьыжырт, е зы къудамэу щхьэфIэпхыкIым къыщIэщу зэрахьэрт. Пасэ зэманыжьым, XVI, XVII лIэщIыгъуэхэм, тхыгъэжьхэм къазэрыхэщыжымкIэ, зи щхьэгъусэр зимыIэж, зилI зауэм хэкIуэда фызхэм я щхьэ щIыбым щхьэцым щыхрагъэубыдэрэ зэрахьэу щытащ зы гъэпща гуэр – гуэгуш хулъэ е нэгъуэщI. АбыкIэ цIыхум къащIэу арат а бзылъхугъэр зэрыфызабэр, абы гулъытэ лей хуэщIын зэрыхуейр. Апхуэдэ гупсысэкIэр, дауи, иужькIэ къежьауэ арат. Ауэ хабзэ хъуам и лъабжьэу щытар нэгъуэщIщ.

Щхьэцышхуэ тIатIэжу зытелъ бзылъхугъэ ялъэгъуамэ, абы нэ трамыгъэхуэн щхьэкIэ, адыгэхэм щэнейрэ «пу», – жаIэурэ я дамащхьэ сэмэгумкIэ блэубжьытхыкI хуэдэу ящIырт. Щхьэцым бзаджэнаджэ хуэлъэу къалъытэрти, хуэсакъырт. Хъыджэбзхэм я щхьэц налъэ зыIэрагъэхьамэ, ар «вындыпэ» жыхуаIэу щытам ещхьуи къагъэсэбэпырт. Ауэ вындыпэр хъыджэбзым имыщIэу ирагъэубыдрэ, абы зримыпэс щIалэм иужькIэ телIэ хъумэ, щхьэц налъэм цIыху Iэзэ гуэр, ар зи IэщIагъэ тригъабжэрти, щIалэм зэрихьэрт. Нэхъыжьхэм зэрыжаIэмкIэ, сэбэп хъуным къыщымынэу, куэдрэ урихьэлIэрт апхуэдэу зи щхьэц налъэ трагъэбжа хъыджэбзыр абы къыхуей щIалэм и щхьэгъусэ хъурэ зэнэзэпсэу зэдэпсэууэ. Абыхэм къыхэкIыу, зыхуэмей цIыхум щхьэц налъэ Iэрагъэхьэртэкъым, здыхуэзам и деж щыхыфIадзэртэкъым, мафIэм пэрадзэу ягъэсыртэкъым, атIэ цIыхум, бзухэм къащыIэрымыхьэн щIыпIэ щагъэпщкIурт е щIым щIатIэрт, зыми зыкърамыгъэлъагъуу.

Щхьэцыр адыгэ бзылъхугъэхэм я фащэм хабжэу зэрыщытам и щыхьэту къэпхь хъунущ Гуащэгъагъ дахэ теухуауэ зы шапсыгъ хъыбар гъэщIэгъуэн. Ар мыдрей адыгэхэм яIэкъым. Хъыбарым къызэрыхэщымкIэ, Къанщобий къеIэза фызым къриухылIат, и узыфэр къешынэуэжмэ, къэятэжмэ, тригъазэу, абы и деж игъэзэжыну, хыхьэжу дэпсэуну. «Ар Къанщобий хузэфIэмыкIыну, и щхьэгъусэ тхьэIухудыр игу пымыкIыну шэч ищIмэ, – жиIат физ Iэзэм, – Къанщобий и Гуащэгъагъ дахэ зрырегъэтIэщIи, жыхафэгум ирырегъакIуи, кърырегъэкIуэж. ИтIанэ абы зыщIиIэжьэн зэрыщымыIэр къыгурыIуэнщ».

Физ Iэзэм къызэригъэIущам хуэдэу, Къанщобий елъэIуащ Гуащэгъагъым. Арати, Гуащэгъагъ икIи къэгубжьакъым, икIи зигъэкIэрэхъуакъым, икIи зигъэгусакъым. ЗитIэщIри, и лIым щыхуэкIуэм, щIакIуэм хуэдэ и щхьэцышхуэр и гупэмкIэ иридзыхащ, къыщыбгъэдэкIыжым и щIыбымкIэ иридзэкIыжащ. А щIыкIэм

тету, фыз Iэзэр зыхуеяр къехъулIэн дэнэ къыщына, Къанщобий и Гуащэгъагъ лъапIэр нэхъри нэхъыфIыжу илъагъу хъури, и уз къэятэжар хэтIэсэхукIэ зиIэжьащ.

Щхьэцыр нэхъ кIыхьыхукIэ, нэхъ IувыхукIэ адыгэхэм ар зытелъ бзылъхугъэр нэхъ дахэу, нэхъ екIуу, нэхъ насыпыфIэу къалъытэрт. Унэм имыхьа хъыджэбзхэм нэхъыбэу пыIэ щхьэгуэ цIыкIу ящхьэрыгът. Абыхэм пыIэншэуи, щхьэфIэпхыкI ятемылъуи къакIухькIэ емыкIу пылътэкъым. Ауэ щхьэгъусэ зиIэ цIыхубзым, ар къызэрашэрэ илъэс ирикъухункIэ, Iэмал имыIэу щхьэрыгъын хуейт пыIэ къуаншэ (шыкъу лъагэ зэрытыр). Абы сабий игъуэта и ужькIэ и тхьэмадэм тхьэлъэIу цIыкIу ирищIэкIырти, зэтехьахэмэ, ар езым къыщхьэрихырт, зэтемыхьамэ, нэгъуэщI зыгуэрым къыщхьэригъэхырт. Абы и ужькIэ IэлъэщI фIэкIа абы зэи пыIэ щхьэритIэгъэжыртэкъым.

Псалъэм къыдэкIуэу жыIэн хуейуэ къыщIэкIынщ: иджырей ди къэфакIуэхэм яхэт цIыхубзхэм нэхъыбэу щхьэратIагъэр пыIэ къуаншэ лъагэрщ е абы ещхьу да, купсэ кIыхь зэрыт пыIэщ. Ауэ щыхъукIи, зэрыжытIащи, пыIэ лъагэ шыкъу зэрытыр щхьэрызытIагъэу щытар нысащIэхэрщ, къызэрашэрэ илъэс иримыкъуахэрщ. Абы щыгъуэми щIыгъужыпхъэщ: пасэм щыгъуэ унэ ихьа адыгэ бзылъхугъэ утыку къихьэрэ къафэу щытакъым. Къафэр хъыджэбз дэсхэрт, мис а пыIэ щхьэгуэ цIыкIу зыщхьэрыгъхэрт. КIахэ адыгэхэм деж къыщызэтенащ а хабзэр. Уеблэмэ, къэбэрдейхэм иужькIэ хабзэ яхуэхъужа, хьэгъуэлIыгъуэм и деж пхъужьыбжьэ къыхыдох, жыхуаIэр а бзылъхугъэ унэ ихьар къызэрымыфэжым къытекIащ. И дыщ къэкIуэжауэ, зи дэлъху и хьэгъуэлIыгъуэ хэт пхъужьыр гушыIэурэ щIалэхэм къытралъафэрти, къагъафэ хуэдэу ящIырт, итIанэ укъэфащ, уи щхьэгъусэм е уи тхьэмадэм джэгу ухыхьэжауэ бзэгу худумыгъэхьыжынумэ, дыгъэфIэж, Iэнэ къытхуэухуэ, жаIэрти ираубыдылIэрт. Ар япэхэм пхъужьым бжьэ «хуэпакIэ», иужькIэ нэхъри укъэкIуатэмэ, фадэбжьэ къудейкIэ зэфIигъэкI хъуащ. Унэ ихьа, пIэщхьагъ зиIэ хъуа бзылъхугъэхэр къытехьэрэ къафэмэ, емыкIу ящIу щытащ нэгъуэщI лъэпкъхэми. Псалъэм щхьэкIэ, а хабзэр куэд мыщIауэ яхэлъащ французхэми, инджылыз бзылъхугъэхэми.

Хъыджэбз дэсхэм IэлъэщI зытралъхьамэ, абы и кIапитIыр я жьэгъум деж щызэрадзэу хабзэт. Щхьэгъусэ зиIэ, унэ ихьахэм щхьэфIэпхыкIым и кIапитIыр щхьэц лъабжьэм щIалъэфырти, я щхьэ щIыбымкIэ щызэрадзэрт. Къуэрылъху, пхъурылъху зыгъуэта фызхэм я щхьэ щIыбымкIэ щIаша щхьэфIэпхыкI кIапитIыр къращэкIыжырти, я натIэ гупэм и деж щызэрадзэжырт. Апхуэдэ IэлъэщI зытелъхьэкIэмкIэ дэтхэнэ зы адыгэми гугъу демыхьу зэхигъэкIырт бзылъхугъэр хэту щытми. Псом хуэмыдэу, абы мыхьэнэ иIэт щIалэ физкъэмышэхэм хъыджэбз дэсхэмрэ унэ ихьа нысащIэ цIыкIухэмрэ зэхамыгъэгъуэщэн щхьэкIэ.

Мыпхуэдэ хабзэр адыгэхэм зэрамылъытэжрэ куэд щIауэ къыщIэкIынущ. Сыту жыпIэмэ, адыгэ хъыбарыжь гуэрым хэтщ щхьэгъусэ, пIэщхьагъ лъыхъуэ щIалэр хъыджэбзаплъэ и ныбжьэгъу

фыз къэзышам и деж къэкIуауэ. А щIалэм хъыджэбз хэдэкIэ къыхихар мыдрейхэм ещхьтэкъым. Ар и ныбжьэгъум гурыIуащ пщэдджыжьым жьыуэ къуажэм дэс пщащэ цIыкIухэр псыхьэ щыкIуэкIэ яхэплъэу, игу ирихьым нэ ирищыну, абы лъыхъуну. Апхуэдэу пщэдджыжьитI-щы кIуащ. ИтIанэ псэлъыхъуум къыIэщIэлъэгъуащ езыр зылъыхъуэм хуэдэ бзылъхугъэ дахэ, икIи зимыгъэгувэу и ныбжьэгъум жриIащ и хэдэну къыхихар. Ар а и ныбжьэгъум и фызыр арат. Сытми, апхуэдэу зэрыщытыр къримыгъащIэу, абы и щхьэгъусэр и ныбжьэгъум иритащ. Ар иша иужькIэщ фызми Iуэхур хэIущIыIу щищIыжар. Абы кърикIуамрэ зэрыхъуамрэкъым иджыпсту нэхъыщхьэр. Iуэхур зыIутыр а щIалэ хъыджэбзаплъэ кIуам хабзэу щытар зэрызэхигъэгъуэщарщ. ФIэщ щIыгъуейщ псыхьэ кIуа адыгэ нысащIэ цIыкIум IэлъэщI темылъауэ, абы бзылъхугъэ унэ ихьахэм я IэлъэщI зытелъхьэкIэр имыщIауэ. Дауи, мыбы нэхъыбэу щыуар щIалэращ. ИтIанэ хъыбарым нэгъуэщI мыхьэнэи иIэщ: адыгэхэм я ныбжьэгъу зэрагъэпэжыр, адыгэм сыткIэ уелъэIуами, уимыгъэщIэхъуу, сытым уехъуэпсауэ щытми, ар къыппимыубыду зэрыщытар къигъэлъэгъуэнырщ.

А Iуэхум ехьэлIауэ мыбыи гу лъытэн хуейщ: адыгэхэр хуэткIийт бзылъхугъэ цIыкIухэм я напэр, я щIыхьыр яхъумэжыным, унэ ихьа цIыхубзхэр я щхьэгъусэм хуэпэжыным, цIыху зыхуамыгъэпсэлъэным. Хъыджэбз ягъэделар, ягъэулъияр лъэпкъ псом я дежкIэ напэтэкъым, щхьэфIэхт. Апхуэдэхэр зэрымыщIагъэкIэ зыгуэрым ишамэ, къэхъурт щабзыщI, ауэ нэхъыбэм гуфэ пцIанэкIэ и адэ-анэм хурагъэшэжырти, уасэри зэIэпахыжырт. Гуфэ пцIанэр гущхьэ зытемылът. ЗэрытщIэщи, пасэм щыгъуэ нысашэ зэрыкIуэу щыта гум щэкI плъыжьым къыхэщIыкIауэ щхьэ телъащ. Зи щхьэ емыплъыжыфа, зызымыхъумэжыфа хъыджэбзыр зэрашэж гум апхуэдэ щэкI трапхъуэртэкъыми, абы щхьэкIэ «гуфэ пцIанэ» жаIэу арат. КъимыдэкIэ, хъыджэбзым и адэанэр зыдэс къуажэм нэсыжа иужькIэ, ар ауэ сытми гум ирагъэкIыу яутIыпщыжыртэкъым, атIэ гупкIэр хъыджэбзым я куэбжэм хуагъазэрт, витIыр щIагъэхурти, къашэжар гупкIэмкIэ пагъэщэтырт: «Мыбы и IэлъэщIыр жьым трихащ», – жаIэрти. А псомкIи цIыхум зи нэмыс зымыIыгъыжыфа бзылъхугъэм нэмыплъ зэрыратыр къагъэлъагъуэу арат. Апхуэдэр къызыщыщIа хъыджэбзми, ещхьыркъабзэу унагъуэ ис бзылъхугъэ цIыху зыхуэпсэлъами, я щхьэцыр паупщIырт кIагуэу – е хъыджэбзым и адэм, е фызым и лIым. Пасэм щыгъуэ апхуэдэхэр иращэу щытащ хамэ щIыпIэ къикIа цIыхухэм (кърым тэтэрхэм е тыркухэм).

Лъэпкъ куэдми хуэдэу, адыгэхэм щхьэцым мэгъу мыхьэнэ иIэу* къалъытэрт. Абы къыхэкIыу, зэрыжытIащи, цIыхубз щхьэцым хуэсакъырт. Псом хуэмыдэу хуэбэлэрыгъыртэкъым шхын щызэрахьэм, щыпщафIэм и деж. Зи шхынщIафэм щхьэц къыхэкIа цIыхубзым нэхърэ нэхъ хуэмыхурэ мыкIуэмытэрэ щымыIэу ябжырт. Абы къыхэкIыу, ерыскъы зезыхьэ, лэгъупым бгъэдэт дэтхэнэ зы бзылъхугъэми, и

* Мэгъу мыхьэнэ иIэу – плъэмыкIыу удэзыхьэх, узыIэпызышэ къару гуэр хэлъу.

щхьэцыр зэрыщыту щIихъумэу, IэлъэщI телъын хуейт, и нэжьгъуц нэгъунэ къыщIэмыщу дэупщIауэ. Ещхьыркъабзэу ирагъасэрт а физ пщафIэхэм ядэIэпыкъу хъыджэбз цIыкIухэри.

Бзылъхугъэм и щхьэц утIыпщауэ, IэлъэщI темылъу уэрамым къыдыхьамэ, цIыхум къахыхьамэ, абы зы тхьэмыщкIагъэ, гузэвэгъуэ гуэр къылъысауэ икIи апхуэдэр къыщIолъэIумкIэ бгъэщIэхъуну Iэмал закъуэ имыIэу къалъытэрт. А хабзэращ къызытекIари бзылъхугъэм и IэлъэщIыр зытрилъэфрэ къамэ къызэхуизыха лIитIым я зэхуаку дидзэмэ, абыхэм я Iэщэр иралъхьэжу зэпикIуэтыжын хуейуэ, жаIэу пасэм ди деж щыIа цIыху куэдым я тхыгъэм къыхэщри. Ар пэжщ, ауэ мыпхуэдэм деж IэлъэщIыр аратэкъым нэхъыщхьэр. АбыкIэ бзылъхугъэм и гуращэр нэхъри белджылы ищI къудейт. Нэхъыщхьэр бзылъхугъэ лъаIуэм и щхьэцыр къызэрыщIигъэщарат. Абы къикIыр анэм, цIыхубзым худэчыхын зэрыхуейрт, абы и лъэIум уебакъуэ зэрымыхъунурт.

Мыр зэратхрэ илъэс щитIым нэблэгъащ: «Бгырысхэм я бзылъхугъэхэр, IэлъэщI ятемылъу, я щхьэцыр утIыпщауэ, лIитI зэзауэм я зэхуаку дохьэри, лъыгъажэр зэтрагъэувыIэ. Бийм зи ужьыр къиху лIыр бзылъхугъэ зыщIэс унэм щIэлъадэрэ абы и бостей кIэкъуащIэм еIусэмэ, сыкъегъэл, къысщхьэщыж, жиIэу елъэIумэ, ар а цIыхубзым ажалым къригъэлынущ, а къанлым а бзылъхугъэм и щхьэгъусэ, и къуэ, и дэлъху иукIауэ кърахужьауэ щытми. Аращ хабзэр». Мыпхуэдэхэр ди цIыхухъухэм зэрамыщIэжрэ Iэджэ дэкIащ. Жьы хъуа я анэхэр къакIэлъыбжэу, зи шыкIэ къурыкъуу ежьэж щIалэхэр диIэ зэрыхъурэ Iэджэ щIащ. ИтIанэми, бзылъхугъэхэм зэрагъэкIужыфырт лъыкIэ зэбийхэр, фызым и бгъэр цIыхухъу балигъым ирит хуэдэу ищIамэ, ар и бын хъурт. Анэм и быдзышэм, абы хуащI лъагъуныгъэмрэ пщIэмрэ нэхърэ нэхъ гуащIэрэ нэхъ инрэ щыIэтэкъым.

Зэрантэкъым а зи гугъу сщIахэм зыгуэрхэм иджыпсту дригъэгупсысамэ. Ауэ зы анэ и тхьэусыхафэми ублэплъ хъуну къыщIэкIынукъым. НэгъуэщI хэкIыпIэ имыIэжу, абы и къуэ къакъыу хъуам жриIат, и бгъэм теIэбэжурэ: «Мыбы щIуфыкIар хьэрэм пхухъу, къыумыгъазэмэ». Модрейр жагъуэу къэдыхьэшхащ: «Сэ абы къыщIэсфыкIар хьэрэм схухъу, содэ. Уэракъэ къызжезыIауэ щытар бжьэфкIэ супIауэ? ДызэпэкIуэжащ... Узыншэу, узыншэу».

Мо япэхэри, мы яужьри ди адыгэ гъащIэрщ къыщыхъур. Ди адыгэ унагъуэщ щекIуэкIыр. ЗэманкIэ зэпэщхьэхуэ къудейуэ аращ. ИкIи ахэр зи нэгу щIэкI щIалэгъуалэр есэуи щытащ, иджыри йосэ хабзэ ящIэнуми, IупщIэ ящIу, а хабзэм ебэкъуэнуми. Щхьэж къимылэжьа къылъысыжыркъым.

ПсалъэкIэ зэхрагъэхым и мызакъуэу, езыхэм я нэгу щIэкIым щIалэгъуалэр ирагъасэрт анэмрэ бзылъхугъэмрэ хуащIын хуей пщIэмрэ щIыхьымрэ. Мыхьэнэшхуэ дыдэ иIэт зышыIэныгъэм, цIыхугъэм, адыгагъэм. ЛIыр лIыуэ, фызыр физу сыт щыгъуи, дэнэ и дежи, къыщынэн хуейт. Ар зыми щыгъупщэ хъунутэкъым. А зэщхьэщыкIыныгъэр адыгэ хабзэм апхуэдизкIэ щыIупщIт, апхуэ-

дизкIэ щынаIуэти, ищхьэкIэ къызэрыхэщауэ, лIым фызкIэ еджэмэ е фызыр лIым ирагъэщхьмэ, ар тIум я дежкIи емыкIут, напэтехт. Фызым щхьэкIэ «лIыщ», «лIы хъупхъэжьщ», жаIамэ, ар кIуэцIырыкъуэжьу, IэбэкIэ имыщIэу, цIыхубзыгъэм хуэхейуэ, екуэкурэ* щабагъэрэ хэмылъу арат. Ещхьыркъабзэт «фызщ» зыхужаIэ лIыри. Ар дзыхэт, шынэкъэрабгъэт, цIыху гъэфIат, и псалъэм трагъуэтэжыртэкъым.

Абы щыгъуэми, бзылъхугъэм щхьэкIэ лIыгъэ хэлъщ, лIыгъэ иIэщ, жаIамэ, абы щытхъуу, лIыгъэ зезыхьа цIыхухъум къыкIэрымыхуу, уеблэмэ ефIэкIыу къалъытэрт. ЦIыхубз лIыгъэ зыхэлъыр IэщакIуэу, хьэмэрэ лъащэу, зауэу, банэу аратэкъым, Лашын хуэдэхэр ди IуэрыIуатэм ихъумами. ЛIыгъэ зыхэлъу ябжыр я акъыл жанкIэ, я гушхуэныгъэкIэ, я чэнджэщ дахэкIэ е я цIыхубзыгъэ нэскIэ, я щабагъэкIэ цIыхухъу зэщIэплъахэр зыгъэупщIыIуфырт, зи гур щIэхуар зэщIэзыIэтэу лIыгъэм хуэзыунэтIыжыфырт.

Апхуэдэ цIыхубз, хъыджэбз цIэрыIуэхэр къуажэ къэсыхункIэ дэст, а псоми ефIэкIыжхэр хэкум цIэрыIуэ щыхъурт. Ахэр чэнджэщэгъу ящIырт, я псалъэм тIу къыхагъэкIыртэкъым. Дауи, щIалэхэр сыт щыгъуи яужь итт апхуэдэ хъыджэбзхэм ягу зрырагъэхьыным, я нэфI зыщагъэхуэным, уеблэмэ, я лIыгъэкIэ, я губзыгъагъэкIэ, хьэлэлыгъэкIэ ахэр къыдахьэхыу, фIыуэ зыкърагъэлъагъуну. Апхуэдэ хъыджэбзхэм щIэупщIэ яIэт. Абы и лъэныкъуэкIэ хъыбар гъэщIэгъуэн цIыкIу къыджиIауэ щытащ Адыгей къуажэ Хуэдз щыщ Мэкъуауэ ХьэIишэт. Мор щIалэ, мыр щIалэ, жыхуаIэр хузэпещэу, пщы щауэхэри уэркъ щIалэхэри хэту, шыщхьэзэфIэдзэ хуащIу къуажэм зы хъыджэбз дэст. Ауэ хэт къылъымыхъуами, IуигъэкIуэтырт, я хьэщIэщым зы жэщ къыщекIа иужькIэ. Апхуэдэр абы псоми япиубыдырт: «Си анэшхуэм и уэсятщ, ди хьэщIэщым нэху фыкъыщекIмэ, жэуап фэстынщ», – жиIэрти. Ауэрэ кIуэуэрэ зэгуэрым хъыджэбзым я деж зы пщы щIалэ къыщепсыхащ, гъусэу лъхукъуэщо** щIалэ щIыгъуу. Сыт щыгъуи хуэдэу, щIалэхэр хьэщIэщым нэху къыщекIащ. Арати, пщэдджыжьым хъыджэбзым мыр жэуапу яритащ, жеIэ: «Сэ сызыдэкIуэнур пщы щауэр аракъым, атIэ, сишэу щытмэ, абы и гъусэ лъхукъуэщо щIалэрщ». «Ар дауэ?» – жаIэу ягъэщIагъуэу щыщIэупщIэм, хъыджэбзым мыращ жэуапу яритар: «Мы пщы щауэр жэщ кIуам щыжейм щыгъуэ и IитIри и лъакъуэ зэхуакум, и бэкъум дэлъащ. Абы и гупсысэр а и Iэхэр здэщыIам фIэкIыркъым. Иджы мо лъхукъуэщо щIалэм и жеикIар мыпхуэдэущ: и Iэ ижьыр и гущхьэм телъу, и Iэ сэмэгур и щхьэм щIэдзауэ. Абы лIыгъэ зыбгъэдэлъ гу кIуэцIылъщ, акъылышхуэ зезыхьэ щхьэ пытщ. Апхуэдэхэм куэдрэ урихьэлIэркъым. Щыхьэт фыхуеймэ, мыбы дэзгъэкIыжауэ щыта псоми къевгъэгъэзэжурэ факIэлъыплъ. Сэ абы гу лъыстэн хуейуэ си анэшхуэм уэсят къысхуищIауэ щытати, сыщигъэуакъым. Дыпсэумэ, флъагъункъэ».

* Екуэку – укIытэ. /Екуэкуншэ – укIытэншэ.
** Лъхукъуэщо – зи щхьэ нэхъ хуиту щыта адыгэ мэкъумэшыщIэ.

Хабзэт апхуэдэ хъыджэбзхэм я цIэр джэгуакIуэхэм жыжьэ ягъэIуу, абы уэрэдхэр хузэхалъхьэу, джэгу иращIэкIыу. Абы щхьэкIэ упщIэти усэти жыхуаIэр щыIэтэкъым. ДжэгуакIуэм пшынауэр, пхъэцIычауэхэр зыщIигъурти, хъыджэбзым и адэм деж кIуэрт, фIэкIаи хэмылъу, джэгушхуэ зэхаублэрт. Илъэс пщыкIух фIэкIа мыхъуауэ, апхуэдэ джэгу хуащIауэ щытащ мы зи цIэр итIуа Мэкъуауэ ХьэIишэт. Жылэр къызэхуэсри, хьэгъуэлIыгъуэм ещхьу, махуэ псокIэ зэхэтат. ХьэIишэт и адэм абы щыгъуэ джэгуакIуэми, пшынауэми, пхъэцIычауэхэми былым хэдз яхуищIат – Iэщын яхуэхъун яритат.

Куэд щIауэ жаIэ: «Лъэпкъым и хабзэм хэлъ фIыр къызэрыпщIэнур а хабзэм и кIуэцIым бзылъхугъэхэм щаубыд щIыпIэмкIэщ». Абы, дауи, къикIыркъым цIыхубзыр ягъэлъапIэ къудейкIэ псори зэфIэкIыу. Уеблэмэ, дэтхэнэ зы цIыхури, абы бзылъхугъэхэри хэту, ягъэлъэпIэнуми ягъэпудынуми зэлъытар езыр аращ. Апхуэдэущ абы адыгэ хабзэри зэрыбгъэдыхьэу щытар. ИкIи, ауэ щыхъукIэ, адыгэр адыгэ зыщIыр а хэлъа хабзэ дахэрт, ищI нэмысырт, зэрихьэ лIыгъэрт. Иджыри ар апхуэдэу мыувыжмэ, псори джэдыкIэ сабэу къэнэжынущ.

ИщхьэмкIэ тIэкIу къызэрыхэщащи, адыгэ хабзэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщт цIыхур адрей цIыхум пщIэ хуищIу, нэмыс хуищIу къызэрагъэтэджыр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджыпсту Iэджэрэ урохьэлIэ илъэсипщI-пщыкIутхум ит щIалэ танэ, хъыджэбз танэ цIыкIухэм, унэм нэхъыжь къыщIыхьамэ, замыгъэхъейуэ, нэхъыжьхэр щыту, кIуэрэ жьантIэм дэтIысхьэу, абы я пIэм зрагъэукIуриеу, ар емыкIущ, жраIамэ, загъэгусэу, IупщIэ ящIрэ ежьэжу.



Ауэ щыхъукIэ адыгэхэм цIыху гъэса зыфIащым (ар цIыхухъу е цIыхубз ирехъу) и хьэл-щэн нэхъыщхьэ дыдэхэм хыхьэрт нэхъыжьым хуищI нэмысыр. Пэжщ, пасэм щыгъуэ ди лъэпкъым къахыхьа, ди гъащIэм щыгъуазэу щыта зыгуэрхэм ягу ирихьыртэкъым адыгэхэр хэт щхьэкIи къызэрытэджыр, абы цIыхур имыгъэтыншу къалъытэу. Апхуэдэу, XIX лIэщIыгъуэм щыщIидзэ дыдэм ди деж къэкIуа Тэбу де Мариньи и гъусэ бзылъхугъэм, зи цIэр бзыщIауэ къэнам, псом нэхърэ нэхъ игу ирихьатэкъым «цIыхухъу е фыз хэкIуэта къыщIыхьамэ, ахэр унэIуту щытми, укъэтэджын зэрыхуейр». ЦIыхухъухэри мэтэджхэ абы ещхьыркъабзэу, щытIысыжри а зыхуэтэджам «тизе» (тIысыж) жиIэу хуит ищIа иужькIэщ. Мы лъэпкъыр а хабзэ мытыншым зэи ебакъуэркъым, я унагъуэ щиси, нэгъуэщIыпIэ щыщыIи».

Ар тэмэмщ. Адыгэхэм я хьэщIэ, я нэхъыжь и тыншыпIэ щхьэкIэ, абы я зэIузэпэщ щхьэкIэ езыхэм гугъу зрагъэхьыфу, хьэщIэми нэхъыжьми зрагъэлIэлIэфу щытащ, мыбы дакъыгурыIуэну пIэрэ, жаIэу аркъудей я гущхьэ къыдримыдзейуэ, хабзэр, я къалэныр ягъэзащIэу. Псом хуэмыдэу, а нэмысыр ящIын хуейт щIалэгъуалэмрэ бзылъхугъэхэмрэ. Ауэ тэджыным и гугъу пщIы нэужькIэ, тэджыр абы я закъуэтэкъым, атIэ лIыжь дыдэхэми а хабзэр мыубзэщхъуу яIыгът икIи ягъэзащIэрт. Псалъэм щхьэкIэ, уэрамым цIыхубз е хъыджэбз цIыкIу ирикIуэмэ, тхьэмадэ жьакIэхухэми заIэтырт, уеблэмэ щIэупщIакIуэ къыщIыхьахэм щхьэкIэ пIэм хэлъ сымаджэм къэтэ-

джын хуэдэу зищIырт. ИкIи, зэ абы аргуэру къытедгъэзэжынщи, «тэджын», «хуэтэджын» псалъэхэм адыгэхэм кърахыр зыгуэрым щхьэкIэ зыIэтын мыхьэнэм и закъуэтэкъым. Абы къикIырт пщIэ пщIыну, нэмыс пхэлъыну. Апхуэдэу, пщIэ ящIу, нэмыс зэрахэлъыр къагъэлъагъуэу, бзылъхугъэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ къэтэджырт, нэхъыжьым и цIэр жаIэу зэхахами, а нэхъыжьыр къыщепсам и дежи, дунейм ехыжа нэхъыжьым и цIэр ираIуэу, абы и гугъу кърагъэжьами.

Хъыджэбз цIыкIу гъэсам куэдым гу лъитэн хуейт. Псалъэм щхьэкIэ, хъыджэбз цIыкIум нэхъыжьым псы щриткIэ фалъэм и къур е шынакъжьейм и кIыр абы хуигъазэу иритын хуейт, нэхъыжь ар Iызыхым и дежкIэ нэхъ тынш хъун щхьэкIэ. ПщIэ щIыным, нэмыс зехьэным Iуэху жыгъейуэ къыпфIэщIу, ауэ мыцIыкIуу, куэд хэлът. ИкIи, уегупсысу щытмэ, гъэщIэгъуэнщ ди нэхъыжь гуэрым и псалъэхэр: «Сэ, – жиIат абы, – зи псалъэр джатэ къихам хуэдэу, узэреупщIам жэуап къезыт хъыджэбзхэм нэхърэ мэуэ тIэкIу укIытэу, Iэнкуну щытхэр, плъыжь хъухэр нэхъ сигу ирихьырт сыщищIалэгъуэм. Шынэрэ укIытэрэ цIыху гъэсам и нэгу илъын хуейщ. Апхуэдэ цIыхум укъигъэпэжынущ, зэи ущигъэуэнукъым».

Мыхьэнэшхуэ дыдэ иIэт адыгэ хъыджэбзхэмрэ щIалэхэмрэ джэгу щыхыхьэм, гухэлъ щызэхуащIым абы я зэIущIэкIэм, зэпсэлъэкIэм, лъагъуныгъэр зэрырагъажьэм. ЖыIапхъэщ мыр: тхыгъэхэм хэту, куэдрэ урохьэлIэ адыгэхэм япхъухэр залымыгъэ защIэкIэ лIы ирату щытауэ, бзылъхугъэхэм я псалъэри, я гухэлъри зыуи кърамыдзэу, абыхэм я гъащIэр зэрыщыту цIыхухъухэм я унафэ ткIийм щIэтауэ. ПцIы хэмылъу, щыIащ ЩоджэнцIыкIу Алий и Мадинэ дахэ хуэдэу насыпыншэ хъу, насыпыншэ ящI. Ауэ абы хуэдэ лейр иджыри къэмыхъуу хэт шэсыпIэ ихьэфын?! Зэгъэпщапхъэу къыщIэкIынущ и адэ-анэм, и Iыхьлыхэм ящIэу, зэдэарэзыуэ лIы ират хъыджэбзхэмрэ зыми ямыщIэу кIуасэхэмрэ дэтхэнэм нэхъ насыпыншэ нэхъыбэ къыхэкIми. Мыр убзыщI хъунукъым: адыгэхэм пIэщхьагъ щызрагъэгъуэткIэ нэхъыбэу зэрыщытар аращ – щIалэмрэ хъыджэбзымрэ зэрыщIэу, фIыуэ зэрылъэгъуауэ, зэгурыIуауэ зэрышэу, лъэпкъитIри, благъагъэкIэ зэщыгугъыу, зэувалIэу.

Ар уи фIэщ ирихъун щхьэкIэ мыпхуэдэ щапхъэхэр къэпхь хъунущ. Адыгэ щIалэгъуалэр зэи Iэдэм дэлъу, дэкъузауэ яIыгъакъым. Хуэсакъхэрт емыкIу ямылэжьыным, лей зэрамыхьэным, ауэ щIэубыдауэ яIыгътэкъым. ЩIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ хуиту щызэрыцIыхурт икIи щызэдэгушыIэрт хьэгъуэлIыгъуэхэм, гуфIэгъуэхэм, цIыху щызэхыхьэ тхьэлъэIу хуэдэхэм. Пэжт, псом хуэмыдэу хъыджэбзхэр, хьэгъуэлIыгъуэхэм, гуфIэгъуэхэм ауэ сытми кIуэртэкъым икIи ягъакIуэртэкъым. АтIэ, а гуфIэгъуэр е хьэгъуэлIыгъуэр зиIэ унагъуэр хъыджэбзым къеджэн хуейт, абы я нэхъыжьым и цIэкIэ. Апхуэдэу хуит ящIа хъыджэбзым и щхьэм пщIэ хуищIыжу щытмэ, езым и закъуэ тридзэу кIуэнри къезэгъыртэкъым. Ар е и дэлъху, е дзыхь зыхуащI щIалэ, е гуфIэгъуэ зиIэм ящыщ къакIуэу ишэн хуейуэ арат хабзэр. И адэ-анэм хуит зыкърагъэщIу зэрашам ещхьыркъабзэ-

уи, къашэжу кърατыжын хуейт, ари зэрыщыIэну зэман зэраухылIам фIэмыкIыу. ХьэгъуэлIыгъуэ, гуфIэгъуэхэм и деж фIытэкъым икIи екIуртэкъым хъыджэбзыр псэлъэреймэ, дыхьэшхреймэ е къэфэреймэ. ЕмыкIушхуэт щIалэ имыцIыху, имыIыхьлы и гъусэу хъыджэбзым зэгъуэкI зищIмэ. Удж дыдэм щыгъуи ар зы щIалэм куэдрэ къыдэудж хъунутэкъым.

Гухэлъ зыщIа щIалэмрэ хъыджэбзымрэ нащхьэIущхьэкIэ зэрыщIэрт, хъуэр гуэрхэр зэпадзыжырт, зэхуэзэну мурад ящIамэ, абы щыгъуэ дэлэл гуэрхэр яIэ хъурти, абы зэIуагъащIэрт. Япэ дыдэу щызэрихьэлIэм деж нэхъ мыхьэнэ яIэт гушыIэм, хъуэрыбзэхэмрэ щIагъыбзэхэмрэ. ЖыпIэ хъунут я хьэл-щэн зэрыщIэнымкIэ абыхэм бжьыпэр яIыгъыу. ИкIи адыгэ IуэрыIуатэр апхуэдэ хъуэрыбзэрэ щIагъыбзэкIэ къулей дыдэу щытащ. Псоми ягъэунэхуа, зэдащIэ Iэмалхэм къищынэмыщIа, щIалэмрэ хъыджэбзымрэ езыхэм зэдащIэ хэкIыпIэхэри къыхагъэхьэрт. Псалъэм щхьэкIэ, хъыджэбзым игу ирихьа щIалэм хуэзэну Iэмал имыгъуэту щытмэ, абы щIалэм хуригъэхьынкIэ хъунут джэд лъакъуэ, зыгуэр къэгупсыс, къэулъэпхъэщ, жиIэу кърнгъэкIыу. Ауэ игу ирихьу щыта щIалэм зыгуэркIэ игу ебгъа нэужькIэ, афIэкIа си Iуэху къызумыхуэ, дызэпокI, жриIэнумэ, кIапсэ лэрыгъу, и кIапэр зэгуэлъэлъыжауэ, бэлацэ хъуауэ, хуригъэхьырт. Хэт мыIэрысэ IэфIкIэ, хэт мы гуащIэкIэ, хэти кхъужь дыджкIэ зэхуэупсэхэрт, дэтхэнэ эыми щIагъыбзэ гуэр щIэлъу. Ауэ хъыджэбзхэм пашэныгъэр нэхъ яIыгът, ягу иримыхьыр щыпрагъэхынум деж. ЩIалэхэм тыгъэ ящIхэм я нэхъыбапIэм IэфIыгъэрэ гугъэ дахэрэ къраыу апхуэдэт.

А хабзэм тетт хъуэрхэр псалъэкIэ зэпадзыжу щыхъум и дежи. Нэхъыбэм щIалэм хъыджэбзым ифI фIэкIа и Iей къыхигъэщыртэкъым, ауэ хъыджэбзым лъэкI къимыгъанэу щIалэр шыбгъэ крилъхьэрт, жэуапхэм ауаныр иригъэбэкIыу. Мыр апхуэдэ зы щапхъэщ:

Щ I а л э м: Жылэр къехъуапсэрэ псэр игъэтыншмэ... (хъыджэбзым и цIэр пегъэувэ).

Х ъ ы д ж э б з ы м: ЛъащIэм къыщIэпщрэ мырамысэм къепщылIэмэ... (щIалэм и цIэр пегъэувэ).

Щ I а л э м: ДжанэкIэ уэсрэ бгъафэ чэсеймэ...

Х ъ ы д ж э б з ы м: Лэгъуп пкъом къыдэплъурэ хьэнтхъупс щхьэкIэ зиплъыхьмэ...

Щ I а л э м: Пшынэр игъэджэгурэ джэгур игъэдахэмэ...

Х ъ ы д ж э б з ы м: И кIэнтIыIу етIэхъурэ Iуэр хъурейуэ къижыхьмэ...

Щ I а л э м: Щхьэцыгъуэ цIынэрэ шатэ цIынафэмэ...

Х ъ ы д ж э б з ы м: Цей Iэщхьэ лалэрэ «лал» жиIэу къижыхьмэ...

Щ I а л э м: Тхьэрыкъуэ пщэхурэ IуэхущIафэ дахэмэ...

Х ъ ы д ж э б з ы м: Цей къуащIэ телъафэрэ и шы фащэ аршавмэ*...

* Аршав – гъущIхэкI лъэпкъ, дыжьыныфэ-хужьыфэу. /Мельхиор.

Щ I а л э м: Езыр IуэрыIуэдзрэ дзы лъэпкъ имыIэмэ...
Х ъ ы д ж э б з ы м: Гуэншырыкъ лъащхьэхъурэ шыфэ гъур бгырыпхмэ...
Щ I а л э м: Жэщи махуи пхуэусэрэ и усыгъэр фоупсмэ...

Мыпхуэдэ хъуэр зэпэдзыжыр куэдыщэкIейт. Абы къищынэмыщIауэ, щIагъыбзэкIэ щызэпеуэри нэхъ мащIэтэкъым. ЩIагъыбзэхэр нэхъ къыщагъэсэбэп хабзэр щIалэхэм гухэлъ зыхуащIа хъыджэбзым ягу илъыр щраIуэкIым дежт:

Щ I а л э м: Си Iэгум зы ныбгъуэ исщ,
Си гум зы псалъэ илъщ,
СынырикIуэну, зы лъагъуэ,
СыкърикIуэжыну, зы гъуэгу.

Х ъ ы д ж э б з ы м: Ди унэ шэщкъым,
Ди шэщи щхьэгуэкъым,
Гугъу зебгъэхьу, си Iуэху къызумыхуэ.

Щ I а л э м: Къуршыщхьэм дыгъэ щопс,
Къурш лъабжьэм псынэ щIож,
Ягъэ кIынкъым, псы щIыIэ шынакъ дызэдегъафэ.

Х ъ ы д ж э б з ы м: Бещто зэшитхущ,
БырмамытI и закъуэщ,
КIуэр зыгъэжакъуэу,
Жэр зыгъэкIуакъуэ,
Си дэлъху закъуэм фIы щIыуимыгъэхын.



Нэхъ щIалэ ерыщхэр апхуэдэм щхьэкIэ зэтеувыIэртэкъым:

Си щIопщыкъу екIэпцIэкъым,
Сэри сыпцIырышкъым,
Умыгузавэ.
Си псалъэ фадэм къыхэкIкъым,
КIэпхын хужьышхуэр къытумылъафэ.
Гъатхэ мылыфым зумыгъэлъахъэ,
Лъахъэ зэвыр зэпумыуд,
Узэгуэмыуду, фи унэ щIэс,
Сыпхуейй хъумэ, укъэзгъуэтынщ.

ЩIалэмрэ хъыджэбзымрэ я хъуэр зэпеуэм джэгуакIуэхэри щыхыхьэ щыIэт. Псом хуэмыдэу, щIалэ IуэрыIуэдзым хъыджэбзыр натIэрыIуапIэ ищIауэ щимыгъэпсэум и деж. Апхуэдэ хъыджэбзхэр джэгуакIуэм елъэIункIэ хъурт: «Мыр схуIугъэщти, узгъэфIэжынщ», – жаIэу. Мыр апхуэдэ зыуэ ди IуэрыIуатэм къыхэнащ. ДжэгуакIуэр хъыджэбзым къыщхьэщыжат, ауэ щIалэри хуэмыхуу къыщIэкIакъым:

Д ж э г у а к I у э м: ЩIымахуэ щыхъукIэ,
ХьэгъуэлIыгъуэ къыдах,
Гъавэ къэкIуэнкIэ

Шы хьэху къыбощтэ,
Апхуэдэу щытми,
Фащэ уимыIэ,
Уанэжьу уиIэри тхьэджэу мэпсалъэ,
Лъэрыгъыпсыфэрщи, тIуиэ зэпытщ,
И шыныбэпх гущэри зэмыфэгъуищщ,
Ауэ уеплъынкIэ – сыткIэ мыщауэрэ?
АрщхьэкIэ и къамэри хьэхущ,
И шхуэр бэлацэщ,
Гуэншэрыкъ гъурщ,
ГъурыкI и щIопщщ,
Щауэ зи гугъэжу,
Ар къытхыхьат.
Абдеж уитI-ситI, щыжаIэм
Иш гущэм къощэтэх,
Ягъэшэсыжмэ,
Уанэгу къелъыхъуэ,
ХъуэнкIэ къыдощ,
Ар щауэу хэт къищтэн?
Дауи, зыми.
Хуейуэ щытмэ, кIуэжынщ.



Шыбгъэ къралъхьа щIалэр джэгуакIуэм пикIуэткъым:

Уэ джэгуакIуэжьым пщащэр
къыпщыгъупщащ.
ФIыцIэщ, пэрикъэщ,
ГушыIэкIэ имыщIэ.
Убгъэдыхьэм, къогубжь,
Губжьэр екъутэ,
Къэфэну техьамэ,
Пхъэ вакъэ пIытIщ,
ТIэпIыжу, къундэпсо
Чей псо егъэз,
Игъазэрэ кIуэжмэ,
Жэщи-махуи машхэ,
Жыхафэгум нэхърэ
ЖьантIэр нэхъ къещтэ.
Абы и щауэр мытхьэмыщкIэу
жыIэт!
И IитIыр гуахъуэщ,
Гухъу накIэр щIеуд,
Ужьгъэм хэмызагъэ,
Iэпэ задэ мыдэфщ,
Шащхьэ гъэкIуасэщ,
Сытми хэмыплъыхь.

ЛъэнкIэпсу иIэр
ЩIэп тхъуий лэрыгъущ,
Гъунэгъум екIуэкIмэ,
Псори егъэтхьэджэ,
Я деж нэсыжмэ,
Уэншэку ныбэу зекудэ,
И куэ нэгэгъур игъэлыцIурэ,
И анэм кIуэцIотIыхь,
ХьэрэшэкIэ бзаджэщ,
Зи бэу ишхыр къэбщ,
Тхьэр къебгакъэ атIэ
Ар зи нэрыбгэм?

Мыпхуэдэ къебжэкIрэ хъуэрыбзэ куэдрэ ди нэхъыжьхэм иджыри ящIэж. Ар, дауи, щыхьэт тохъуэ адыгэ псэукIэм, щIалэгъуалэм я зэхущытыкIэм абы увыпIэ ин зэрыщаIыгъыу щытам. Псом хуэмыдэу, джэгукIэрэ хъуэрыбзэхэмкIэ къулейт щIопщакIуэхэр.

ЩIопщакIуэ зыхуащIу щытамрэ ар зэрекIуэкIымрэ иужьыIуэкIэ нэхъ зэпкърыхауэ дыкъытеувыIэнщ. Ауэ мыбдежым жыIапхъэщ а щIопщакIуэм бзылъхугъэхэр, псом хуэмыдэу хъыджэбзхэр, зэрыхэту щытар. ЗэрытщIэщи, щIопщакIуэр зыхуащIыр зи къупщхьэ къута е уIэгъэ хьэлъэ зытелъхэрт. ЩекIуэкIыр жэщырт, пшапэр зэхэуа иужькIэ щIидзэрти, нэху щыхункIэ. АтIэ, адыгэ хабзэм къызэрищтэмкIэ, хъыджэбзхэр апхуэдэу жэщ къэтыну адэ-анэм зыщIыпIэ яутIыпщыныр къемызэгът. ИтIанэми, ар дауэрэ хабзэм и пэрыуэгъу хуэдэу мыувами, хъыджэбзхэр щIопщакIуэм хыхьэрт, хэтт, нэхъ нэшхуэгушхуэу, гушыIэрейуэ, тэмакъкIыхьу зыкъигъэлъэгъуэхукIи, нэхъ фIыщIэ хуащIырт. Абы щыгъуэми, хьэгъуэлIыгъуэ, гуфIэгъуэ хуэдэхэм хъыджэбзхэм къемыджауэ, гъусэ ямыIэу ямыгъакIуэмэ, щIопщакIуэм и деж апхуэдэ пэрыуэ щыIэтэкъым. Уеблэмэ щIопщакIуэм мыкIуахэм, щхьэусыгъуэ ящIу, мэхуэл дахыурэ зэзэмызэ фIэкIа мыкIуэхэм губгъэн хуащIырт. Сымаджэм щIопщакIуэ хуащIу зэхэпхауэ, абы зыщыбдзеиныр, а сымаджэм ущIэмыупщIэныр, и Iыхьлыхэм уахуэмыгузэвэныр цIыхугъэншагъэт, адыгагъэтэкъым. КъинэмыщIауэ, щIопщакIуэ укIуэу, зи къупщхьэ сэкъат хъуар тебгъэуныр псапэшхуэу къалъытэрт.

Апхуэдэ щIопщакIуэм щIалэгъуалэм, абы хъыджэбзхэри яхэту, щыжаIэнумрэ щащIэнумрэ хуитт, къэгъазэ щыIэтэкъым, щхьэж и напэ къригъэзэгъыр, и жьэ къиихьу зыхуигъэфэщэжыр арат мардэр, ауэ гушыIэмрэ ауанымрэ фIэмыкIыу. Мыбы щыжаIэ хъуэрхэм, уэрэдхэм, щекIуэкI джэгукIэхэм я нэхъыбэм «щхьэтепхъуэ» лъэпкъ телътэкъым, бэзэрым къызэрытекIат. ИкIи ар адыгэ псэукIэ къызэрыгуэкIым егъэпщэмэ, укъигъэуIэбжьу апхуэдэт, мы щIопщакIуэм и хабзэхэмрэ адрей адыгэ хабзэхэмрэ зэпэуву, зэпэщIэту пIэрэ жыпIэу. Ауэ псори зытеухуар, зытещIыхьар сымаджэр тегъэуныртт, и узыр щыгъэгъупщэнырт.

ЩIопщакIуэм и деж зыгъэгусэ, гукъанэ, зэфIэнэ щыIэтэкъым. Хэт нэхъ IуэрыIуэдз, хэт нэхъ екIуу гушыIэфу сымаджэр тригъэурэ, хэт нэхъ емызэш – арат зытеухуар. Псоми ящIэр ядэпщIэн, жаIэр ядэпIыгъын хуейт. Зыбгъэгусэмэ, угъуалэгъуасэмэ*, псоми натIэрыIуапIэ укъащIу, щIэнэкIалъэу уахэтыну арат, тхьэм и пащхьэ укъикIами. Ауэ щыхъукIи, щIопщакIуэр зэфIэкIа иужькIэ псори и пIэ изэгъэжырт, щIопщакIуэм мор щищIати, мыр щыдэтлъэгъуати, жаIэу ямыгъэхъыбарыжу, зым адрейм иримыхъуэныжу. Апхуэдэу зыгуэрым ухуэпсэлъэжынри гуэныхьышхуэт.

ЩIалэгъуалэр щызэрыцIыхур хьэгъуэлIыгъуэмрэ щIопщакIуэмрэ я закъуэтэкъым. Ахэр хуиту хэтт тхьэлъэIухэм, езыхэми джэгукIэ гуэрхэр къагупсысырт. Гъэрэ щIырэ щызэхэкIым и деж хъуромэ ящIырт, вакIуэдэкI, вакIуэкъихьэжхэм и деж джэгукIэ куэд ирагъэкIуэкIырт. Абыхэм къищынэмыщIа, зи нэчыхь ятхауэ дэс хъыджэбзым деж кIуэхэурэ жэщщыс ящIырт, щIалэ хьэщIэ, хъыджэбз хьэщIэ къахуэкIуамэ, джэгушхуэ иращIэкIырт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, щIалэрэ хъыджэбзрэ зэхуэзэн, зэрыцIыхун щхьэкIэ щхьэусыгъуэ лъэпкъ щыIэтэкъым. Ауэ гухэлъ щIыным, ар япэ хэIущIыIу щIыным нэхъ яужь итыр щIалэхэрт, ахэрат япэ ищыр, нэхъ тегушхуэр. Хъыджэбзым фIыуэ илъэгъуауэ щытми, щIалэм зыкърригъащIэртэкъым, къраIуэкIауэ щытми, занщIэу жэуап яритыртэкъым, арэзы хъуртэкъым. Абы къыхэкIыу, щIалэхэм я мурадым трагъэчыныхьырт, хъыджэбзхэм ар къафIэмыIуэхуу зыщащIым и деж. ЩIалэм и гухэлъым зыгуэр къикIынуми къимыкIынуми зи Iуэхур хъыджэбзыр арат. Хъыджэбзыр игу ирихь къудейкIэ щIалэм и Iуэхур зэфIэкIыртэкъым. Нэхъыщхьэр арат: хъыджэбзым игу ирихьрэ езы щIалэр?

Дауи, пасэм щыгъуэ лъэпкъ къызыхэкIахэр зэхуэмыдэмэ, щIалэми хъыджэбзми ар ящIэрти, зэдэгушыIэ мыхъумэ, гугъэ нэпцIхэр ящIыртэкъым. Ауэ ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа, къуажэ псом я плъапIэ, псори зэхъуапсэ хъыджэбзхэм хуэдэхэм езыхэм уасэ зыхуагъэувыжыфынкIэ хъунут, мыпхуэдэ лIыгъэ зезыхьэм сыдокIуэ, жаIэу. Абы щыгъуэ лъэпкъ зэхэгъэж хэлътэкъым. Хъыджэбзым и мурадыр зыгъэзэщIэфам ишэу арат.

Абы къыхэкIыу, щIалэхэм ягу ирихьа хъыджэбзыр щхьэгъусэ яхуэхъун щхьэкIэ, я лIыгъи, я Iэмал псори ирахьэлIэрт. Дауи, тхьэ щыпIуэж хъунукъым сабий къалъхуахэм я гущэкъу ирабзэу щытащ, и адэр нысэу зэхъуэпсар и къуэм кърригъэшэнкIэ хъунут жыхуаIэм щхьэкIи. Ауэ ахэр мащIэ дыдэт икIи, хабзэщ жаIэ щхьэкIэ, куэдрэ урихьэлIэртэкъым, зи гущэкъу ирабзэнкIэ хъуну дзадзухэр зы махуэм е зы жэщым къызэрамылъхум ещхьу, хьэмэрэ зым щIалэ цIыкIу иIэу, адрейм и щхьэгъусэр е и нысэр уэндэгъурэ абы хъыджэбз цIыкIу къилъхумэ, благъагъэкIэ дызоувалIэ, жаIэу куэдрэ гупыж ящIынкIэ зэрымыхъум хуэдэу. Къэхъумэ, нэхъыбэу къэхъур, щIалэгъуалэр зэхуэзэрэ зэгуакIуэу, итIанэ зэпсалъэрэ зэгурыIуамэ, нэхъыжьхэр зыщIагъэупщIэут. Арат хабзэр.

* Угъуалэгъуасэмэ – угъумэтIымэмэ.

ЩIалэм хъыджэбзыр игу ирихьарэ хъыджэбзыр мыпэрыуэгъуу щытмэ, абы я зэхуэзэным Iуэху пылътэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, пасэм щыгъуэ адыгэхэм яIащ хъыджэбз лэгъунэ, «пщащэ унэкIэ» еджэу. Абы бжэ щхьэхуэ хэлът, нэхъыжьхэм укъамылъагъуу ущIыхьэ хъуну. А пэш лейм – пщащэ унэм – щIалэхэр къакIуэурэ хъыджэбз дэсхэр трагъэуныр, абыхэм ябгъэдэсыныр зыкIи емыкIутэкъым. ЕмыкIур щIалэмрэ хъыджэбзымрэ я закъуэ уэрамым щызэхуэзэу, зыгуэрым и унэ къуагъ е бжьыхьэкIапэ щIэту, цIыхухэр къащIэплъынырт, унэ ямыIэ нэхъей.

Адыгейхэм апхуэдэ пщащэ унэ иджыри яIэщ. И мыхьэнэкIи зэрызихъуэжышхуа щыIэкъым. Пщащэ унэм хъыджэбзымрэ щIалэмрэ я закъуэуи, гъусэ яIэуи щызэхуэзэну нобэми емыкIукъым. ЕмыкIур ямыщIапхъэ ящIэмэщ. Апхуэдэу щIалэм дзыхь щыхуамыщIым и деж пщащэ унэм хъыджэбзым и шыпхъу цIыкIу е и дэлъху цIыкIу щIагъэхьэ хабзэт.

Мамхэгъ къуажэр ХьэкIуринэхьэблэ жыхуаIэм, зыпс цIыкIу фIэкIа я зэхуаку дэмыжу, пэгъунэгъубзэу щысщ. А Мамхэгъ къуажэм щыпсэурт Къуиж Рухь. Абы 1984 гъэм дыщIишэри дигъэлъэгъуауэ щытащ ипхъу хъыджэбз дэсым и пщащэ унэр. ХьэкIуринэхьэблэ къуажэшхуэм клуб хъарзынэ дэтми, щIалэгъуалэм зэман щагъакIуэ хъун нэгъуэщI нэгузегъэужьыпIэ гуэрхэр щыIэми, Рухь зы мэскъалкIэ шэч къытрихьэртэкъым пщащэ унэ и хъыджэбзым зэрыхухихам и пэжыпIэм. Хъунщ, кIуащ щIалэгъуалэр кино, театр, щыIащ клубым. Ауэ ар иухащ, къыщIэкIыжахэщ. ЩIалэгъуалэм ягу зэпыкIыркъым, иджыри тIэкIурэ зэгъусэмэ нэхъ къащтэ. АтIэ, ахэр зыгуэрым и бжыхь джабэм кIэрытмэ нэхъыфI? КъурекIуэжи, ягу пэщыхукIэ зэбгъэдресхэ. Хъыджэбзым и анэри гузэвэнкъым. Аракъэ нэхъ екIури, нэхъ пэжри?!

Я закъуэ... Псалъэхэр нэзмыгъэс щIыкIэ, Рухь и щхьэгъусэм сIэпихащ: «Сыт атIэ? Адыгэ пщащэ цIыкIу ауэ сытми къызэрыгуэкI гуэр и пщащэ унэм къишэнукъым. Модэ кIэмыргуейхэм я пщащэ унэм щIалэмрэ хъыджэбзымрэ къыщIыхьэжамэ, ещанэу макIуэри зыгуэр яхотIысхьэ. Дэ дымамхэгъщ. Бжьэдыгъухэри, шапсыгъхэри, абазэхэхэри дэ тхуэдэщ. Фэ, къэбэрдейхэм, пщащэ унэ фимыIэххэу аращ зэхэсхар».

Арэзы умыхъункIэ Iэмал иIэтэкъым. Абдеж Къэжэр Индрис и уэрэдым щыщ псалъэхэр сигу къэкIыжащ:

Зы анэжь сиIэти, ра-уей-уей,  
КIэмыргуеибзэт, ра-ра-уа,  
Зи бзэр иубыдынурэ си шыпхъу нэхъыщIэм  
ПщэфIапIэм кIуэ мыгъуэри, сиIуэтэжащ.

Мыбы къыдэкIуэу жыIапхъэщ: къэбэрдейхэми яIащ хъыджэбз унэ. АрщхьэкIэ ар нэхъ пасэу яфIэкIуэдащ. Ауэ щIалэрэ хъыджэбзрэ гухэлъ дахэ зэхуащIауэ зэхуэзэн хуей хъуамэ, абы и жэрдэм хилъхьэу

щытащ хъыджэбзым и анэ шыпхъум е хъыджэбзым и дзыхь зригъэз нысэ иIэмэ, ари щхьэхуэу псэууэ. Абыхэм хъыджэбзыр я деж щагъэIэн хуэдэу яшэрти, джэгу цIыкIу иращIэкIырт, абы, дауи, езы щIалэри къырихьэлIэрт. Апхуэдэхэм деж, тIэкIурэ джэгуа иужькIэ, щхьэусыгъуэ гуэр ящIурэ щIалэмрэ хъыджэбзымрэ я закъуэ къызэхуагъанэрт, я гухэлъ нэхъ зэраIуэтылIэн щхьэкIэ. Ар къыщыхъункIэ хъунур щIалэмрэ хъыджэбзымрэ я гурыщIэм зыми шэч къыщытримыхьэжым щыгъуэт.

Гухэлъ зэхуэзыщIа ныбжьыщIэхэр зэрыгъэпэжын щхьэкIэ хабзэт Iэужь – фэеплъ гуэр – зэIэпахыу. Абы нэхъыбэу тезыгъэчыныхьыр щIалэхэр арат. Абы щыгъуэми, Iэужь иритауэ хъыджэбзыр щIегъуэжамэ, абы къэзэуат лъэпкъ къикIыртэкъым. Дауи, гуапэтэкъым Iэужь къратауэ кърагъэкIуэтыжмэ. ЩIалэр хэтт и гурылъыр хъыджэбзым и фIэщ ищIыну, и лъагъуныгъэм щIэныкъуэкъуу, ар къыдагуэшыным щIэхъуэпсу. Ауэ «хьэуэ» жызыIа хъыджэбзым нэгъуэщIкIэ яужь ихьэртэкъым, залымыгъи хуекIуэртэкъым. Бжьынэм Iуэхур щыхуэкIуэр щIалэм хъыджэбзым Iэужь къритауэ, ар икIи Iимыхыжауэ, езы щIалэр нэгъуэщI зыгуэрхэмкIэ еплъэкIыжу гу лъата иужькIэт. «Ди шыпхъур щхьэ игъэпудынкIэ хъуа, щхьэ къигъэпцIа?» – жаIэу, а щIалэр хъыджэбзым и дэлъхухэм бий ящIыныр бетэмалт, абы къырикIуэнкIэ хъуну псори щIыгъуэжу. Абы къыхэкIыу, хъыджэбзхэр Iэужь тыным епIэщIэкIыртэкъым, а щIалэхэми Iэужь къаIэрыхьамэ, ямыгъэгувэу, дзыхь зыхуащI я ныбжьэгъу щIалэ е хъыджэбз лIыкIуэ хуащIырт щIалэм и адэ-анэм, фи къуэм мыпхуэдэм я пхъур и хэдэщи, фылъыхъу, жаIэрти.

Дауи, къэхъуу къыщIэкIынт адэ-анэхэм зы щхьэусыгъуэ гуэркIэ Iуэхур щызэхакъутэ е кIэлъэф щащI. Ауэ нэхъыбэм гуфIэу Iуэхур ирахьэжьэу апхуэдэт, щхьэусыгъуэ егъэлея, Iуэхум зэран къыхуэхъу щымыIэмэ. ЩIалэмрэ хъыджэбзымрэ я лъэпкъкIэ зэхуэдэу, зыр адрейм игу ирихьу, зы къуажэ дэсрэ зэрыщIэхэмэ, унаплъэ сыт жаIэуи хэттэкъым. Iуэхур зэрыхъунумкIэ зэрыщIэхэрт, зыгурыIуэхэрти къыдахырт. Ауэ хъыджэбзым и лъэныкъуэхэм щIалэр зыхуэдэр, зыщыщыр ямыщIэ нэужькIэ, къытщIэупщIа закъуэ, жаIэу хэлъадэртэкъым.

Апхуэдэм и деж я дзыхь ирагъэзу, лыкIэ къагухьэу лIитI-щы я пхъум къыщIэупщIа щIалэр зыщыщ къуажэм унаплъэ ягъакIуэрт: мы благъагъэкIэ къыдэувэлIэну зи мурадхэм сыт я псэукIэ, сытри якъуэлъ, ди хъыджэбзыр зыхагъэхъукIын, зыхагъэфIыкIын яIэу пIэрэ, жаIэрти. Унаплъэм фэрыщIагъ лъэпкъ хэлъ хъунутэкъым. Пэжщ, нэхъыжьхэм гушыIэурэ къаIуэтэжу урохьэлIэ унаплъэ кIуахэм, хуейуэ е хуэмейуэ, зыкърагъэгъэпцIауэ, езыхэр унаплъэ здэкIуахэм къадэщIу, зэрыщымыт кърагъэгупсысауэ щытауэ. АрщхьэкIэ ар къыщыхъур зээмызэххэт, атIэми, унаплъэ зыгъэкIуахэм, езым ябгъэдэлъ щымыIэу, фэрыщIагъ щхьэкIэ а хабзэм пихьамэ.

Унаплъэ кIуахэм къафIэIуэхур здэкIуа унагъуэм я псэукIэм и закъуэтэкъым. Жылэм дыхьа нэужь къахуэзэхэр уэршэрэгъу ящIурэ, псалъэм къыдэкIуэу, абыхэм къащIэрт а унагъуэм сыт я дуней тетыкIэми, жылэ зыхэсым дауэ яхэзагъэми, сыт хуэдэ хъыбар яIэми.



7 Заказ №1683

ИужькIэ ахэр здэкIуахэм я деж еблагъэрт икIи ябзыщIыртэкъым зэрыунаплъэр. ЗэрыжаIэжымкIэ, абыхэм я нэм зыри блэкIыртэкъым: пщIантIэ, псэуалъэ, Iэщ щхалъэ, мэкъуэщ, лъэщапIэ. Псори зрагъэлъагъурт, псоми кIэлъыплъырт. Я пхъур унагъуэ къыздэкIуам ягъэпсэуфыну къалъытэмэ, итIанэ благъагъэкIэ зэувэлIэнуми зэмыувэлIэнуми зэрыщIэжын щхьэкIэ, фынытщIэупщIэ, жаIэрти ягъэзэжырт. ЩIалэм и лъэныкъуэм замыгъэгувэу трагъазэрти, итIанэ Iуэхур къыдахырт.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, унэ ихьэныр, пIэщхьагъ зэбгъэгъуэтыныр ар Iуэху цIыкIутэкъым. Абы нэуфIыцIщхьэрыуэу бгъэдыхьэртэкъым. Псори зыхуэгъэзар лажьэу, шхэжу, я бын зэдапIыжу унагъуэ хъун, жаIэрти арат. Абы щхьэкIэ нэхъыбэу хъыджэбзым и тхьэкIумэр быдэу яIуантIэрт, узыхыхьам захэгъэзагъэ, къеплъэкI щыIэкъым, абы ящIэр ядэщIэ, я хабзэр уи хабзэщ, жаIэурэ. Унагъуэр зэтес хъунуми, унагъуэр лъэныкъуэбэнуми зи ягъэу къалъытэр бзылъхугъэхэрт, абы я жыджэрагъ, гуапагъэ, нэмыс, хьэл-щэн дахэ, цIыху къыдэхьэхыкIэ.

Мыбы и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ иIэт куэдрэ шыбгъэ къралъхьэ адыгэ хабзэу нысащIэр занщIэу и тхьэмадэм техьэу, и гуащэм епсалъэу щымыту, зэман зэрыдагъэкIыу щытам. Куэдым ар къазэрыщыхьури, тхылъхэми зэрихуари аращ: адыгэ унагъуэм къахыхьа нысащIэ цIыкIур щагъэпуд, абы занщIэу епсэлъэну зрапэсыркъым. Шэч хэмылъу, абы апхуэдэу уегупсысыныр къуаншагъэшхуэщ. КIыхь зедгъэщIу, дыкъытеувыIэнкъым мы хабзэм лъабжьэ хуэхъуагъэну Iуэхугъуэхэм. Ауэ мыр, пэж дыдэу, зэхьэлIа хъуар зы унагъуэ щапIу, щагъасэу, нэгъуэщI унагъуэ щыпсэуну яшэ ныбжьыщIэ цIыкIурщ, абы нэмыс иIыгъыныращ, ар щымыуэныращ, къуаншагъэ гуэр имылэжьынырщ, нэхъыжьхэм гузэрыдзэ яригъэщIу, абы я губгъэн къимыхьынырщ. Иджыпсту абыхэм щхьэкIэ зыми зыри къыуитыркъым. НтIэ, тхьэмадэм игу ирихьыну псор хэт къэзыщIэнур? ЗэрегуакIуэщ пщыпхъум е гуащэм я гугъэнумкIэ. Ауэ хэт дауэрэ абы егупсысынуми хуитщ, итIанэми, цIыху, унагъуэ, хьэблэ, гуп щыхъукIэ, зы хабзэ гуэр я зэхуаку дэмылъу псэуфынукъым, псэуаи хъунукъым. НтIэ, щIэр жьы щыхъунукIэ, къыщIэкIуэжынур ящIэу, нэхъ щIалэхэм нэхъыжьхэм нэмыс кIэлъызэрахьэмэ, аращ адыгагъэкIэ, цIыхугъэкIэ зэджэжыр. Шэч хэмылъу, абы нэхъ хуэсакъыу щытар нэхъыжьхэрщ, ауэ щIалэгъуалэми абы я псалъэ щхьэдагъэIухыу е кърах щымыIэу ежьэжу къэхъуртэкъым.

Унагъуэм ис нэхъыжьхэм – гуащэмрэ тхьэмадэмрэ – я нысэ цIыкIум и щытыкIэр, и хьэл-щэныр ягу ирихьмэ, ар акъылэгъу яхуэхъуну, унагъуэм, быным къахэзэгъэну къалъытэмэ, ямыгъэгувэу псэлъапщIи техьэпщIи ящIырти, я нэрыбгэ ягъуэтар зытрагъэхьэрт. Иджы ар, хабзэщ жаIэри, ауэ сытми ягъэзащIэу аращ. Пасэм щыгъуэ абы куэд пыщIат. Мы хабзэм ехьэлIат, псалъэм щхьэкIэ, пасэрей адыгэ унэм гупэбжэрэ шыгъуэгубжэрэ иIэу зэращIри, пэш къэсыхункIэ, зэхуэмызэу, бжэ зырыз зэрыхалъхьэри, къ. Зэрыхабзэу, цIыхухъухэр гупэбжэмкIэ щызекIуэмэ, бзылъхугъэхэм (псом хуэмыдэу нысащIэ цIыкIухэм) я зекIуапIэр шыгъуэгубжэр арат.

И нысэм техьэн, епсэлъэн Iуэхухэмкlэ нэхъ зызыгъэгувэр тхьэмадэрт. Ар щIэмыпIащIэм и щхьэусыгъуэр куэдым яхуигъэхъыбарыртэкъым. Ауэ апхуэдэу нэхъыбэрэ къыщыхъур лIыжьым нэрыбгэ цIыкIу игъуэтам и хьэл гуэрхэр езым къытемыхуэну, зыгуэркIэ псынщIагъэ IэщIэкIыну къыщилъытэм щыгъуэт. Абы щыгъуэми, мыр мыбы зыхевгъанэ, жиIэу унэм ис гуэрми ириубыдылIэртэкъым. АтIэ езыр тэмакъкIыхьу пэплъэрт нысащIэм ищIэнум. Ар унагъуэ зэгъэпэща хапIыкIа нэужькIэ езыр щIэупщIэн хуейт. Хабзэр арат зэрыщытар: тхьэмадэр игъуэ нэсауэ (нэрыбгэ къызэришэрэ илъэс ныкъуэ е зы илъэс хуэдэ дэкIауэ), и нысэм темыхьэ, емыпсалъэ нэужькIэ, езы нысащIэ цIыкIур щIэупщIэн хуейт дадэр къыщIемыпсалъэм, щIызытримыгъэхьэм щхьэкIэ. Ар жриIэрт е и нысэгъу нэхъыжь, е и шыпхъу зыхуэгушхуэ, е я гъунэгъу фыз – лIыжьым щымыукIытэу епсалъэ хъу гуэрым.

Тхьэмадэм, бзыщI хэмылъу, жэуап иритырт зыщIэупщIам. Ар нысащIэм зэрыхуэмыарэзыр пыухыкIауэ жриIэрт. И нысэм дигъуэр зыхимынамэ, нэгъуэщI зыгуэрхэмкIи игу никъуэмэ, тхьэмадэм псэлъапщIи техьэпщIи ищIыртэкъым. Аргуэру и нысэр щIэупщIэмэ, ари къигъэнаIуэрти, пэплъэрт. Апхуэдэххэурэ, и нысэр игу дыхьэ хъуа нэужькIэт тхьэмадэр и нысэм щытехьэр.

Мыхэр узыхуэбэлэрыгъ мыхъун Iуэхуу къалъытэрт адыгэхэм. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, псори зэхьэлIар цIыхубзыр унэ зэрихьэу, ар игъэпсэуфу, и бын зыхуей хуэзэу ипIыфу есэнырт. Зэрышэ-зэбгрыжыжым адыгэхэр зэи хэтакъым. ЛIымрэ фызымрэ зэбгъэдэкIыжыну адыгэ хабзэм хуит щищIыр Iуэхугъуищ къудейт: лIым и акъылым сэкъат иIэмэ, фызым бын къыщIэмыхъуэмэ, зэщхьэгъуситIым я зыр дунейм ехыжамэ. Мыдрейм щыгъуэ, зэлIзэфыз хъуам зэгурыIуэу я бын зэдапIыжын фIэкIа нэгъуэщI щыIэтэкъым. Адыгэ унагъуэм нэхъ тхьэмыщкIагъэшхуэу къихъуэну къалъытэр сабийхэр зеиншэ хъунырт, икIи ар къамыгъэхъуным я къару псори ирахьэлIэрт нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми.



Унагъуэр зэгурыIуэу псэуным теухуат мыпхуэдэ хабзэри: нэгъуэщI лъэпкъым щыщ адыгэхэм нысэу къашамэ, ар зыщIыпIэ ирахьэлIэрти, адыгэбзэ, адыгэ хабзэ ирагъэщIэхукIэ абы щагъэIэрт, итIанэ унэишэу яшэжырт. Нэхъыбэу хамэ лъэпкъ къыхэкIауэ нысэ зыщIхэр пщыжьуэркъыжьхэрт, икIи абы я нысэр къану здрахьэлIэр хабзэ псори мыубзэщхъуу зыщIэ адыгэ унагъуэжьт. Абы нысащIэр щыгъуазэ щащIырт зыхыхьэну унагъуэм илъ хабзэхэм, щыгъуазэ ящIырт и тхьэмадэм сыт и хьэлу щытми, и гуащэм сыт и цIыхунагъми, н.къ.

Куэдрэ къэхъурт щIалэм и къэшэгъуэ хъуауэ, арщхьэкIэ къишэну зыдэгушыIэ хъыджэбз имыIэу. Апхуэдэхэм деж щIалэхэр хъыджэбзаплъэ яшэрт, ауэ нэхъ зэлIалIэр щIалэр къыпрагъэхын, жаIэу аратэкъым, атIэ хъыджэбзым и гум зэремыуэнырт. Дауи, хъыджэбзаплъэ нэхъыбэрэ здэкIуэр хамэ къуажэт, щIалэм и благъэ гуэр зыдэсырт. Абыхэм зы хъыджэбз ягу ирихьмэ, зызэрагъэпэщырти, я благъэ щIалэр хьэщIапIэ хуэдэу къашэрт. Апхуэдэм и деж щIалэм и

ныбжьэгъу е и шыпхъу гъусэ щищIыр мащIэтэкъым. Абыхэм, зэрыхабзэти, джэгу хузэхаублэрт. ЩIалэ хьэщIэм щхьэкIэ ящIа джэгум я гъунэгъу, я къуажэгъу хъыджэбзхэр къашэрт, щIалэр хагъэплъэну, нэ зраща хъыджэбзри яхэту. Ауэ ар хъыджэбзхэм ящIэртэкъым икIи хуэсакъыу ябзыщIырт щIалэр дэтхэнэм ирагъэплъынуми.

Нэхъыжьхэм зэрыжаIэжымкIэ, къэхъурт щIалэр зы хъыджэбзым ирагъэплъыну къашауэ, абы езым нэгъуэщIыр игу ирихьауэ. КъыщIэупщIа закъуэ, жаIэу хъыджэбзыр лIы иратыртэкъым, кърыдэнэжын гузэвэгъуэ ямыIэмэ. ЩIалэмрэ хъыджэбзымрэ зэрыцIыхуу щызэрышэм ещхьыркъабзэу, мыбы щыгъуи лъэпкъитIыр благъагъэкIэ зэувэлIэным пыщIа Iуэху псори ягъэзащIэрт. Мыбдеж щынэхъыщхьэр хъыджэбзым и лъэныкъуэм жаIэнумрэ ящIэнумрэт. Шэч хэмылъу, лъэныкъуитIри хуэсакъырт адыгагъэ, хабзэ яхэлъыным, я зэпсэлъэкIэ, зэгурыIуэкIэм и деж къыщыщIэдзауэ, я зыщIыкIи, зыхуэпэкIи, зэрыжаIэу. Адыгэхэм зэи фIыуэ ялъагъуу щытакъым щыгъын цIугъэнэ. ЖаIэрт: «Делэ къуэлэн и щIасэщ». Ещхьыркъабзэу, я жагъуэт цIыху псэлъэрейхэр, дыхьэшхрилэхэр. Псом хуэмыдэу, щIалэхэр. Абыхэм щхьэкIэ жаIэрт: «Делэ дыхьэшхрилэщ». Хъыджэбз псэлъэрейхэм ираIуэкIырт: «Куэдрэ упсалъэмэ, уи тхьэмадэм и цIэри умыщIэххэу къыхэхуэнщ».

ЦIыхухъухэм я мызакъуэу, бзылъхугъэхэми я жагъуэт хьэпшып лей зыкIэралъхьэн. СэхусэплъкIэ ерыщ цIыхубзхэм губгъэн хуащIырт. Хъан-Джэрий мыпхуэдэу етх: «Адыгэ бзылъхугъэхэм я Iупэр, я напэр ялэу, сэхусэплъкIэ ерыщу щытатэмэ, я гъащIэр ауан хэмыкIыу яхьынт». Зылэн тIэкIур адыгэ бзылъхугъэхэм къызэращтэрэ, хьэл зэрахуэхъурэ куэд щIакъым. Пэжыр жыпIэмэ, адыгэ бзылъхугъэхэм езым къадэхъуа, къыдалъхуа дахагъэм сыт пэувын?! Ар дуней псом теIуауэ зэдащIэрт, икIи гъэщIэращIэ лей хуейтэкъым ахэр. Абы утеIэзэщIыхьыжыным, емыкIум и мызакъуэу, гуэныхьи пылът.



Сыту дыхуэгуитIщхьитI, сыту дыхуэмысакърэ дэ диIа хабзэми, псэукIэми, абы ди бзылъхугъэхэм я дахагъэу щытари хэтыжу. Уи фIыр апхуэдэу IэщIыб пщIыныр къуаншагъэм и мызакъуэу икIи щIэпхъаджэщ. Iупэ цIыплъу ламрэ сыхъэр зытрищIэжа пхъэгулъ хъуам ещхьу щIэгъэуфIыцIыкIа нэщIащэхэмрэ зэикI хуэбгъадэ хъуну къыщIэкIынкъым адыгэ бзылъхугъэхэм яIауэ тхылъхэм къинэжа дахагъэм. ИкIи ар егъэлеяуэ жыIакъым.

Хьэзаб куэд ятелъащ адыгэхэм. Ар нэхъыбэу зыгъэвари цIыхухъухэм я закъуэкъым. Анэхэм, бзылъхугъэхэм я гум ар къадзыгъуэ банэу хэуащ, хэлъщ. НэгъуэщI зыри щымыIами, пхурикъунт истамбылакIуэр, абы лъэпкъыр Iисраф зэрищIар, зэрырикъухьар. ИтIанэми, адыгэхэм, псом хуэмыдэу адыгэ бзылъхугъэхэм, ди хабзэ дахэр, ди бзэр яIыгъащ, я бынхэм IэщIагъэхуакъым. ИстамбылакIуэм и зэманыр арауэ къыщIэкIынущ мы псалъэжьыр къыщежьари: «Хабзэжь хэкужь кърандэркъым». ИкIи адыгэ хабзэр сыт щыгъуи зыдэгъуэгурыкIуа мухьэжырхэм я щхьэр лъагэщ, ди лъэпкъым бгъэдэлъа нэмысымрэ хабзэмрэ яIыгъщи. Ар нэхъыбэу зи фIыщIэри анэхэрщ, бзылъхугъэхэрщ. Абы шэч хэлъкъым.

Абы и щыхьэтщ Тыркум щыIэ адыгэхэм я гъащIэр зыджа нэмыцэ къэхутакIуэ А. Ландманн къихь щапхъэр. Абы зэритхымкIэ, балигъыпIэ иува и пхъур щIыгъуу, адэр тыркухэм я щыхьэр Анкара кIуат. Ахэр автобусым къикIащ. И хъыджэбзыр и ужь ит фIэщIу, адэр цIыху Iувым яхэпшэхъуащ. Зыкъом дэкIауэ къызэплъэкIмэ, хъыджэбзыр абы къыкIэрыхуат, и ужь иттэкъым. Адэм къигъэзэжмэ, абы и пхъур автобусым къыздикIауэ щытам и деж къыщигъуэтыжащ. Абы, уэрамым щызэхэзекIуэ нэхъыжьхэмрэ цIыхухъухэмрэ я гъуэгу зэпимыупщIыну, псори блигъэкIыу, цIыху зэблэу-зэблэфыр щиухынур имыщIэу, ежьэу щыту арат.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэрей ди щIалэгъуалэм абы ещхь хабзэ гуэрхэр зепхьэныр, нэмыс пщIыныр гъащIэм удемыкIуу, укъыкIэрыхуу, апхуэдэу ущытыныр адэмыгугъэу къыщалъытэр мащIэкъым. АбыкIэ бжьыпэр хъыджэбз цIыкIухэм зэраубыдари нэрылъагъущ. Адыгэ хабзэр зыIыгъ, ар зыгъэзэщIэну хэтхэм абы ящыщ языныкъуэхэр щещ щыIэщ: «Нарт, нартушкэ», – жаIэу. Абы нэхърэ нэхъ хьэдэгъуэдахэ къэгупсысыгъуейщ. Япэм нарт, жаIамэ, абы лIыгъэ, пэжыгъэ, захуагъэ, екIуу дунейм тетын кърахыу щыташ адыгэхэм. Иджы цIыху мыгъасэхэр, екуэку лъэпкъ зыхэмылъхэр нарт-хэм я деж нэсахэу, ахэр шыбгъэ къралъхьэ. Уи щхьэр, уи культурэр, уи хабзэр апхуэдизу бгъэпудыныр емыкIущ, хьэдэгъуэдахэщ. ИкIи Iуэхур зыхуэхьар нэгъуэщIхэм къытхужаIэмрэ къыдапэсымрэкъым, атIэ дэ ди щхьэ зэрыдгъэпудыжырщ. Ди хабзэр дэ дгъэлъэхъшэжмэ, ди щхьэ пщIэ хуэдмыщIыжмэ, хэт абы къакIуэу пщIэ къыхуэзыщIынур, хэт ди хабзэр зезыхьэнур? Зыми! Дызэвгъэплъыжыт, маржэ!

ТIэкIу сахущIэджэми сщIэркъым, ауэ ищхьэкIэ зи гугъу щысщIа дзыри, ди хабзэм пудыныгъэу къылъысри нэхъыбэу къызыбгъэдэкIыу си гугъэр загъэжьэрыIэзэу, хъуэркIэ загъэпIиину хэт, жьэхъу-жьэхъуу псалъэу, нэхъу-нэхъуу сытми бгъэдыхьэу щыт къалэм дэс ди щIалэгъуалэхэм я нэхъыбапIэрщ, абы хъыджэбз цIыкIухэри яхэтыжу. Дауи, ар абы я закъуэкIэ хъуакъым. Нэхъыжьхэм нэхъ пасэу къыщIадзащ а Iуэхур. ЩIэныгъэ тIэкIу зрагъэгъуэтауэ, къулыкъу гуэрхэри яIэу, я бзэ, я хабзэ хуэмеижу жаIэу, Iумпэм ящIу. А псом я лъабжьэр куущ. Нэхъыжьхэм ядэплъей щIалэгъуалэр нэхъ жыжьэж кIуащ. Иджы абы ящыщ куэдыр я анэшхуэ-адэшхуэхэм тэрмэш яIэу йопсалъэ, я нэхъыбэм жаIэнур ямыщIэу, зраIуэнтIыхь-зрашэнтIыхьри щытщ, ауэ къалэм къагъэзэжа иужькIэ, аргуэрыжьщи, хэт нартщ, хэти нартушкэщ.

АтIэ, абы нэхърэ мынэхъыфIу пIэрэт абыхэм нарт хъыбархэр къащтэрэ щIаджыкIамэ. Нарт гуащэхэу Сэтэней, Мэлэчыпхъу, Iэдииху сымэ яIэщ узыдэплъейуэ иджыри зыхэплъхьэ хъун хьэл дахэ куэд. А нарт гуащэхэмрэ адрей нарт щауэхэмрэ я щапхъэм щIапIыкIар зы адыгэ лIакъуэкъым. Абы яхэтщ а нобэрей «нарт», «нартушкэ», жызыIэу зи ныбжьэгъухэр ауан зыщI адыгэ щIалэ мыгъасэхэмрэ хъыджэбз сэхъуахэмрэ я анэшхуэхэри, абыхэм я анэжхэри. Адыгэ хъыбарыр пэжу щытмэ, я мащэм зыщаIубын хуейщ дунейм куэд щIауэ ехыжахэм, апхуэдэ щIэблэ гъуамэ къазэрыщIэхъуам щхьэкIэ.

«Нарт», «нартушкэ», жиIэу и ныбжьэгъу ещыф хъыджэбзым хуэдэу къыщIэкIынукъым, ди гуапэ зэрыхъущи, адыгэхэм пшэрыхь зыхущанэу щытар. Пшэрыхь зыхущанэр бзылъхугъэ гъэсарщ, адыгэ хабзэм, нэмыс дахэм щIапIыкIарщ. Апхуэдэхэм псом япэ ирагъэщыр зэрыадыгэ бзылъхугъэрщ, зэрыадыгэ анэрщ, атIэ зыгъэтIеиныркъым, зыгъэфIэныркъым, фIэмыфI гуэр илъагъумэ, «фу, цIыхумэ», жиIэу ежьэжыркъым. Ди насыпщи, апхуэдэ бзылъхугъэ нэсхэр ди гъащIэм щынэхъыбэщ, мыдрей «тхъурымбэ» къытрихьахэм нэхърэ.

ЕкIукъым бзылъхугъэхэр апхуэдизрэ шыбгъэ къиплъхьэну, итIанэми, ди лъэпкъым и зэIузэпэщыр, и щIэблэр зэрыхъунур, ди къэкIуэнур зэхутылIар ахэр аращ. «Зэманым декIур лIыфIщ», – жиIэгъащ Къэзанокъуэ Жэбагъы. Иужь зэманым ар нэхъыбэу зэхьэлIар ди цIыхухъухэр армырауэ, атIэ ди бзылъхугъэхэра хуэдэу къыпщохъур. СщIэркъым абы хэт дауэрэ еплъми, ауэ факIэлъыплъыт – цIыхухъу гъуэншэдж щызытIэгъа бзылъхугъэм и къэкIухьыкIэм зехъуэж, цIыхухъу пыIэ щхьэрызытIэгъа хъыджэбзым и псэлъэкIэр нэгъуэщI мэхъу. Уи гугъэ хъунукъым мыбы щхьэкIэ ди пщащэ щхьэзыфIэфI цIыкIухэм, ди нысащIэ гъэфIахэм я дуней еплъыкIэр занщIэу яхъуэжыну. Къэхъумэ, къэхъунур аращ – IупщIэ ящIу, ежьэжыну.

ИтIанэми, ди адыгэ бзылъхугъэхэм, анэхэм лъэIу яхузиIэщ: кхъыIэ, фипхъуи, фи шыпхъуи, фэ фцIыху хъыджэбзи лъакъуэрыгъажэ фымыгъэшэс, лъапэзэфIэху фымыгъэджэгу, штангэ къевмыгъэIэт, тракторист, шофёр IэщIагъэхэр къыхевмыгъэх, космосым фымыгъэлъатэ. Сыт абыкIэ бзылъхугъэхэм къахьынур? Фи фIэщ фщIы, фэ, бзылъхугъэхэм, фхузэфIэкIым хуэдэ хузэфIэкIыну мы дуней щIыIум зы цIыхухъу къытумышын. Фэ гъащIэщIэ къывогъэщIыф, фэ фыанэщ. Абы нэхъ лъапIэ щыIэкъым, абы нэхъ лIыгъэ щыIэкъым! Аращ цIыхухъухэм пшэрыхь зыхущанэр. Фэращ цIыхухъухэр зыгъэгушхуэр, къызыкъуэгушхукIыр. Фэ цIыхухъухэм я щIыбагъ фыкъыдэтщ. Ар зыкIи нэхъ тыншкъым япэ уитын нэхърэ. ФилIхэр, фи дэлъхухэр, фи бынхэр вгъэгушхуэ, вгъэлъатэ, хуейуэ щытмэ, дэни. Ауэ фи жагъуэ хъун, фыщIэукIытэн Iуэхугъуэ ямылэжьыну фелъэIуурэ вгъасэ, адыгэлI хуэдэу щытыну вгъэIущ.

Аращ адыгэ хабзэр. Абы цIыхухъухэмрэ бзылъхугъэхэмрэ зэпэщIигъэувэркъым, зэпригъауэркъым. ЛIымрэ фызымрэ зэщIэгъэкъуамэщ унагъуэр щыунагъуэр. Ахэращ щIэблэ гъэса зиIэ хъури. Къыхэхуэни лIым щригъэлей, фызым зыщигъэкIэрахъуэ. Абы щыгъуэми, лIыр лIыуэ, фызыр фызу къэнэжын хуейщ. «ЛIыхъу физ дэубзэщи, лIыбз физ дэуейщ», – жаIащ ди пасэрейхэм. ЛIыр тIэкIу гуэщIамэ, фызым зэтреуIэфIэ, фызым иригъэлеямэ, лIым дечых. Ар гъащIэщ.

Абы и IуэхукIэ адыгэ IуэрыIуатэр егъэлеяуэ фIыуэ зыщIэ, ди нэхъыжьыфI ГъукIэмыхъу Iэубэчыр къиIуэтэжауэ зы хъыбар кIэщI цIыкIу и гугъу фхуэсщIынт. Си гугъэщ абы цIыхухъухэми, бзылъхугъэхэми, хуей нэужькIэ, губзыгъагъэ гуэр къыхахыну.

Иджы Шовгеновск жыхуаIэ адыгей къуажэшхуэм япэм ХьэкIуринэхьэблэкIэ еджэу щытащ, ХьэкIуринэ Дыгъуэжь зэрижылэм щхьэкIэ. Ар зэфIэкI зиIэ, лIыгъэшхуэ зыхэлъ адыгэлIт. ПщылIхэр щаутIыпщыж лъэхъэнэм Дыгъуэжь мурад ищIащ и къуажэм хабзэщIэ гуэрхэр къыщиублэну. Ар фызхэм ягу ирихьакъым. Арати, зы пщыхьэщхьэ гуэрым Дыгъуэжь жраIэ иджы: жылэм фызу дэсыр, хэт дзасэ, хэт лэныстэ, хэти пэрыIэбэ иIыгъыу, уаукIыну къокIуэ. Дыгъуэжь гупэ щхьэгъубжэ цIыкIумкIэ дэплъмэ, пэж дыдэу, пщIантIэм бзылъхугъэр дэз хъуат. Абдежым, ищIэн имыщIэжу, щIакIуэ зытридзэри, къамэ къудей зыщIимылъхьэу, зэрыбгыутIэу, шыгъуэгу щхьэгъубжэмкIэ зыдигъэжщ, шы цIахуцIэ зридзри, макIуэ щIыкIэ, си Дыгъужьу плъагъур ежьэжащ.

Абы илэжьа, ищIа дэтхэнэ зыри емыкIушхуэт: лIым и Iэщэ къигъанэу, щхьэгъубжэмкIэ дэкIыу, псом хуэмыдэу, зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж цIыхухъу балигъ шы цIахуцIэ шэсу ежажьэу. Сытми, иужькIэ «щхьэлъащIэхэм, фызхэм уагъэшынащ», – жаIэу, ар Дыгъужьым щрахъуэным, мыдрейр къэпсэлъащ: «Тэмэм, щхьэлъащIэхэм, фызхэм! Ахэр лIыуэ щытатэми!.. Сэ дауэрэ си Iэ хуэкIуэнт фызхэм сахэлъэщыхьыну? Абы самыукIыпэнкIи хъунт, ауэ иужькIэ цIыхухэм жаIэнум сегупсысащ: «Дыгъужь, фщIэрэ, фызхэм езэуащ». Сыт напэр сиIэу жылэм сыдыхьэжынут абы и ужькIэ? А сщIам нэхъ тэмэм абы щыгъуэ щыIакъым. Адыгэхэм ауэ сытми я псэлъафэкъым: «Сэ гъущэрылъэ фыз зэщIэплъарэ». Ар упщIыIухукIэ пэплъэн хуейщ.

Иджыри зэ къытезгъэзэжынщи, цIыхухъурэ цIыхубзрэ адыгэ хабзэм зэпэщIигъэувэркъым, атIэ зэбгъурегъэувэ, щхьэж и къалэн пыухыкIа иIэжу. Хъарзынэр дэтхэнэ зыми а и къалэныр нэхъыфI зэрыхъункIэ яужь итурэ игъэзащIэмэщ. ЩIэныгъэлI гуэрым дунейм цIыхуу тетыр гупиплIу игуэшырт: лIыхэмрэ фызхэмрэ, итIанэ лIы фызыпхъэхэмрэ физ лIыпхъэхэмрэ. Шынагъуэу къысфIощI цIыхур физ лIыпхъэрэ лIы фызыпхъэу къызэхэнэмэ. Ахэр куэсэм къазэрыщхьэщыкI щыIэкъым. Сэ сыхуейкъым ди лъэпкъыр а плIыуэ иращIыкIхэм хагъэхьэну. Ауэ ди лъэпкъыр тIууэ – цIыхухъурэ цIыхубзу – бгуэшмэ, бзылъхугъэхэр лъэпкъым и зэпэныкъуэ къудейуэ аракъым. Бзылъхугъэхэр лъэпкъым и узыншагъэщ, и дахагъэщ, и щIэблэщ, и къэкIуэнущ. ИкIи ахэр нэхъ гупсэхухукIэ, нэхъ тыншыхукIэ, нэхъ зыхуей ягъуэтыхукIэ, псом хуэмыдэу гулъытэу, нэхъ сабий узыншэ, сабий губзыгъэ, сабий дахэ къалъхунущ. Ар щхьэдэдгъэIухмэ, хуэIуа щыIэкъым ди лъэпкъыр бгъунлъэным.

Псалъэшхуэщ «Анэр». И насыпщ дэтхэнэ зы бзылъхугъэми, анэ нэс хъумэ. Аращ хабзэр зэхьэлIар, аращ пшэрыхь зыхущанэр. Аращ, фи фIэщ фщIы, гъащIэр.

*«Адыгэ хабзэ» тхылъым къитхыжащ*

МАФIЭДЗ Сэрэбий

## ЩIАКIУЭ ФIЫЦIЭ

*Повестым щыщ пычыгъуэхэр*

* * *

А жэщ дунейкъутэжым Жанболэт ГупымыкI пэплъэрт. УафэхъуэпскIымрэ уэлбанэмрэ хъыджэбзыр ямыгъэшынэну Жанболэт и гум жиIэртэкъым. Ауэ ар ерыщу щыст и шы гъэпскIыпIэм деж. Уэшхым иджыри къыщIидзатэкъым. АрщхьэкIэ псори къызэщIищIат, жьышхуэ къепщэрт. «Гъуагъуэрэ гъущэу, ди Тхьэшхуэ», – лъаIуэрт Жанболэт. ИщхьэмкIэ зыгуэрым уэрэд щыжеIэ. И гъэфIэным текIуэда щIалэм и уэрэд-тхьэусыхафэр Жанболэт фIыуэ илъагъурт, ауэ иджыпсту, мы дунейкъутэжым, ар зыусами жызыIэми щIалэр яхузэгуэпырт. Псори зи лажьэр ГупымыкIт. КъакIуэртэкъым.

ГупымыкI и псалъэм епцIыжыну и гущхьи къэкIыртэкъым. Имыхабзэххэу, абы и жэщгъуэлъ фызыр ныщхьэбэ къещхьэукъуэхын дэнэ къэна, нэгъуд хъужауэ щыст. ИщIи щыIэтэкъым. Щхьэгъубжэ цIыкIум бгъэдэст, уафэхъуэпскIым еплъу.

ГупымыкI ар къигъанэу щIэкIами, иджыпсту къащIэнутэкъым. Ауэ къызэрытынур зыхуэдизыр ищIэркъым. Жеямэ... Хъыджэбзыр, хуэмышэчыжу, фызым еджащ.

– Си щхьэр мэуз, тIэкIу укъепщамэ, – жиIащ ГупымыкI здыхэлъым.

– Ассымыгъуэт, нобэ нэ къыптрагъэхуауэ пIэрэ? – фызыр ГупымыкI йотIысылIэри, тебжэу, епщэу щIедзэ. ИтIанэ мэхущхьэ. ИужькIэ, и жьэпкъыр щIэпкIэным хуэдэу, и жьэр еущI. Иджы нэхъ зэкIэлъыхущхьэ хъуащ. Фызым и жеин къэкIуащ. ГупымыкI и нитIыр зэтрипIащ. Хилъэфа хуэдэу зещI. Сыту фIыт, хъыджэбзым узыфэ Iей къыкIэрыпщIакъым. Жэщгъуэлъыр зыхуейр арати, жейм зэришэу, и пIэм хэгъуэлъхьэжащ...

Щызэхуэзэнум апхуэдизу пэплъа щIалэмрэ хъыджэбзымрэ, зэрызэбгъэдэт щымыIэу, зэфIэнэжащ. Абы зэпаубыдар Iуэхушхуэт. Лъагъуныгъэ! ГупымыкI и анэм и уэсятыр зэи игу ихуртэкъыми, Жанболэт жриIащ:

– Жанболэт, мыбдеж куэдрэ дыщыт хъунукъым. Сэ нобэ сча лъэбакъуэр цIыхубз, адыгэ цIыхубз ичын щхьэкIэ... Адрейхэр лъэныкъуэ изогъэзри, зыхуэкIуа щIалэм, лIым и нэмыплъщ абы хуэфащэр! Ауэ... сэ сызыгъэхыщIэ Iуэхум сигъэхеижынщ. Жанболэт, си анэм и уэсятырщ сэ уи деж сыкъэзыхуар.

– Сыт уэсят? – жиIащ Жанболэт.

ГупымыкI и анэр щылIэм къызэрелъэIуар, абы псалъэ быдэ зэрыритар – псори Жанболэт хуиIуэтэжащ.

– Ей, Жанболэт, Жанболэт, – щIигъуащ ГупымыкI, – сытым хуэдэу хьэлъэ, гукъутэ уи анэм и нитIыр, илъэс пщыкIубл фIэкIа умы-

хъуауэ, уи ӀэкӀэ зэтупӀэжыну, щӀэгъэкъуэн уимыӀэу, уи щхьэр зэпхьэлӀэн къыпхуэмынэу. Тхьэшхуэр фӀыгъуэ куэдкӀэ сэ къысхуэупсат, ауэ насып тӀэкӀу къызитыну къыщыгъупщагъэнщ.

– Си гур зэрыпщӀэгъуэр бжесӀэфамэ, насыпышхуэу слъытэжынт, ГупымыкӀ. Ауэ нобэ щыщӀэдзауэ уи гур зыгъэпыӀэ псори сэркӀэ лъапӀэщ.

ГупымыкӀ Жанболэт зришэкӀащ.

– Сэ псори бжесӀэн хуейщ, си ныбжьэгъу пэж! ФӀыуэ слъагъу Жанболэт, – Ӏущащэрт ГупымыкӀ. – Си псэр къыщӀигъэщӀар уэ зыр ращ. Уэращ сэ си дамэр, уэращ си жьауэр. ИкӀи сынасыпыфӀэщ си гухэлъыр къызэрыздэбгуэшым щхьэкӀэ.

– Ауэ сытми! ГупымыкӀ, си псэр зышхын, къызжыӀэт, сыт ди гурыщӀэр хабзэм тету... Нэчыхь едгъэтхыу...

– Ар зэлъытар уэращ, Жанболэт.

– Сэ иджыпстуи сыхьэзырщ.

– Хьэуэ, уэ къыбгурыӀуакъым. Ди анэм и уэсятым зыгуэр къимыкӀауэ, ди зэхуаку дэт, ди нэчыхьыр зыгъэгувэ бийр ди хэку къыщӀэмынэцӀыжу...

– А жыхуэпӀэм адыгэхэр зэи зэрышэн хуеякъым, дэри ди Ӏуэхум игъащӀэкӀэ кӀэ игъуэтынукъым...



– Игъуэтынщ, Жанболэт, си анэм и уэсятым... тхьэгъэпцӀ сримыхъуну, нэгъабэ ещхьу...

– Нэгъабэрейр... шыд зауэ иджы щыӀэжынукъым.

– Жанболэт, сыту тыншыӀуэу дыпсэуат мы илъэсым, нэщӀэбжьэ куэдыр мыхъуамэ... Апхуэдэу... зэ я гушыкъур ифкъутыхьыжарэ къэбгъэзэжамэ, дуней насыпым и курых псори къылъысауэ зилъытэжу, ГупымыкӀ лӀыхъужь хахуэм и щхьэгъусэ хъунут...

– ГупымыкӀ, жыпӀэр пщӀэжыркъым. А уэ узыщӀэлъэӀумрэ ди Ӏуэхумрэ зэхьэлӀакъым.

– ЗэхьэлӀащ, зэхьэлӀащ.

– Абы щыгъуэ ди Ӏуэхур иджыри щӀэхкъым. Уэ пщӀэркъэ: адыгитӀ жаӀэ зэтехуэркъым, адыгищ зэакъылэгъу хъуамэ, лъэбакъуищ яч, фӀым хуэдгъэлъагъу, жаӀэри...

– Жанболэт, сощӀэ, пэжщ. Аращ си анэм и уэсятри. КхъыӀэ, уи джатэр си лъагъуныгъэм и хьэтыркӀэ ди хэку...

– Щыгъэт иджы! – Жанболэт къызэщӀэплъащ. – Сопсалъэ жыпӀэу, умыпсэлъакъуэ! Сыт напэтех, сыт емыкӀу, сыт хьэдэгъуэдахэ! «Си лъагъуныгъэм щхьэкӀэ, си лъагъуныгъэм и хьэтыркӀэ, ди хэку уи джатэ къыхуих!» КъызжыӀэт, ГупымыкӀ дахэ, сытынэкӀэ уеплъынт уэ цӀыхубз лъагъуныгъэкӀэ и хэку хуищӀ лъагъуныгъэ иныр щӀэзыгъэстым! Ар цӀыху хьэрэмми игу къэмыкӀынщ. Ар зи адэ зи Ӏэ тезышэщӀэжми къыпхуимыдэнщ. ЗэгъащӀэ, ГупымыкӀ пагэ, сэ уэ фӀыуэ узолъагъу. Узолъагъу цӀыхубз цӀыкӀу, хъыджэбз дахэ хуэфэщэн лъагъуныгъэкӀэ, ублэмэ тӀэкӀуи нэхъ гуащӀэӀуэ, жысӀэу, уэрыншэу сэ си гъащӀэр мыхьэнэншэ къысфӀэщӀыжу. Ауэ а лъагъуныгъэр си хэкум, си лъэпкъым, ди лӀахэм къытхуагъэна хуитыныгъэм щӀэзэуным

къыпэщIэсхыу, ахэр – уи лъагъуныгъэмрэ хэкум хуэсщIа гухэлъымрэ – зэпэщIэзгъэувэну, зэпезгъауэм уи лъагъуныгъэр тезгъэкIуэну... Уэ иджыпсту «Iэщэ къащтэ», – жыбоIэри укъызолъэIу, иужькIэ, ди лъагъуныгъэм щхьэкIэ, лъэпкъым я напэм щхьэкIэ къипха уи джатэр илъхьэж, жыпIэрэ къыспэбубыдрэ згъэзащIэмэ, сэ нэлат фIэкIа схуэфащэкъым! Уэ хуит ухуэсщIынт, ГупымыкI, си щIалагъэ-делагъэми, си гугъапIэ дахэми. Ауэ уэ пхуэсщIа лъагъуныгъэр си хэку дахэм, си щIыналъэ хуитым, мо къуршыжьхэм, мэзхэм, мы псы цIыкIум, – псоми, псоми дэ хэку зыфIэтщым, уи анэ и зэгъапIи, уи дэлъху и кхъащхьи, ГупымыкI, абы хэту, яхуэсщIа гухэлъ IэфIхэм еплъытмэ, нэбжьыц хэхуа хуэдэщ, тенджызым и дежкIэ уэшх ткIуэпсыр зыми зэрыщымыщым ещхьщ. Ар фIыуэ зыгурыгъаIуэ. Сэ зэи си нэгу щIэкIыжыркъым, сыцIыкIуу, Темболэт и адэм тенджыз Iуфэм сишауэ щытати. УридэкIуеинум хуэдэу уэших къешхырт, тенджызым щхьэщыту. Абы щыгъуэ а лIыжьым жиIэгъащ: «Еплъыт, Жанболэт, мы тенджызыр уэшх щхьэщытым изи никъуи хуэщIынукъым. Ар гъащIэщ, ар инщ, зэрамыщIэжщ. Абы хэхуэ уэшх ткIуэпс цIыкIухэм дыхуэдэщ дэри!» Сэ абы щыгъуэ ар къызгурыIуатэкъым. Ауэ иджы сощIэ Темболэт и адэм жиIэну зыхуеяр. Ди лъэпкъ, ди гъащIэ, ди хабзэ, ди хэку и щIыхьыр дэ ди фащэщ. Ар фIыуэ тлъагъумэ, ди гъащIэр насыпым, щхьэхуитыныгъэм, пэжыгъэм, лIыгъэм хуэунэтIащ. ЦIыхубз лъагъуныгъэр а тенджызым хэхуэ уэшх ткIуэпсхэм хуэдэу къыщIэкIынщ. Зэ уэшх къешхыгъуэкIэ тенджызыр из хъуркъым. Жагъуэу ущыуа къысфIощI, ГупымыкI, уи лъагъуныгъэкIэ нэуфIыцIщхьэрыуэу зэуапIэ губгъуэм сипшэну къыпфIэщIамэ! Абы и чэзур сэращ зыщIэжыр! Ауэ нобэ сэ зэхэзбгъэхам щхьэкIэ зэгуэр сэ Iэщэ къэсщтауэ пфIэзмыгъэщIын щхьэкIэ, сэ си псалъэхэм къызогъэгъэзэж. Уи лъагъуныгъэмкIэ пхутечынIауэ хуэбгъэфащэмэ, сыппэрыуэркъым.

– ГурыIуэгъуэщ, Жанболэт, – жиIащ ГупымыкI, и анэм и уэсятым егупсысурэ. Хъыджэбзым, пэж дыдэу, гугъэ нэпцI ищIат. Абы аркъудеи и щхьэ къэкIатэкъым Жанболэт хьэуэ къыхигъэкIыну... ГупымыкI зыфIэауаныжу щыпыгуфIыкIым, уафэхъуэпскIым ар жэщ кIыфIым къыхипхъуэтащ.

Жанболэт укIытэжащ. ГупымыкI абы гу лъимытэу къэнакъым.

– Сыт пагагъыр тхэмылъами, дэ цIыхухъухэм делъэIуну емыкIукъым. ИкIи си гугъэщ Жанболэт сигъэкIуэтэжыну, – ГупымыкI хьэлъэу хэщэтыкIри ежьэжащ.

* * *

Уэс пасэ къесу, гъэм щинэжа яфIэщIу, цIыхур щыгузэвам къыщыщIидзэри, дунейм зиублэрэкIат. Махуэ и хьэдэгъуэдахэ къэхъурт. Псори нэхъеиж екIуащ Бибей лIа нэужь. Къанлы кIуэгъужэгъу къэзыщIа кърым тэтэрхэр иджы аузым дэз хъуат, унагъуэ я хьэщIэ яIэт, Иналыкъуэхьэблэ мызыгъуэгукIэ кърамыкуами. «ХьэщIэр тхьэм и лIыкIуэщ», – жаIэурэ, зи дзэ шы адыгэхэм я хаб-

зэр ямыгъэпудын щхьэкӀэ зашыӀэрт, ауэ абы я хьэщӀэхэр шха иужькӀэ бжэм еплъхэм ящыщтэкъым.

Жанболэт зэрежьэрэ и хъыбар зэ фӀэкӀа къэӀуакъым. Ари уи псэр зыгъэшынэт – Жанболэт уӀэгъэ хьэлъэу сонэхэм я деж щыӀэт. Фэ зэрытетымкӀэ, ар Темболэт игъэщӀэгъуэщакъым, кӀуэуэ и Ӏуэху зыӀут зригъэщӀэнуи гупыж ищӀакъым. Зи адэр щӀэзылъхьэжу, зеиншэ хъурейуэ къэна ГупымыкӀ уи Жанболэти, уи Темболэти – зыри къыфӀэмыӀуэхуж хуэдэт. Хъыджэбзыр махуэ псом унэм къыщӀэкӀыртэкъым, псалъэртэкъым.

Зэгуэрым абы и деж Къанлы щӀыхьащ.

– ГупымыкӀ, уи гузэвэгъуэр ди гузэвэгъуэщ, ауэ апхуэдэу ущыс хъунукъым. Дауэ щымытами, уэ пщы унагъуэ урапӀыкӀащ. ЩӀыхухъу фи лъэпкъ щимысыжкӀэ, унафэр...

– Сыт узыхуейр, Къанлы?

– Сызыхуейр мыращ... Ди уэркъхэм уи деж сыкъаӀуэхуащ...

– Сыт зыхуейхэр?

– Зыхуейращ... Кърым хъаным ди Ӏей зэрихуэркъым. Саугъэт лъапӀэ зримыта лӀакъуэлӀэши...

– АдэкӀэ...

– ... Мэт-Джэрий иджы дыдэ лӀыкӀуэ къытхуигъэкӀуащ... ЖиӀэр мыращ: фэ къызэфткӀэ сэ сыщӀэскъым. Ауэ сэ сыкъэралыгъуэщ, пащтыхь ныкъуэкъуэгъу сиӀэхэщ, хамэ къэралыгъуэхэм зыкъыздащӀ... Си мэсхьэб... си жыӀэ едаӀуэ, си ӀупэфӀэгъу, къикӀыу аращ... си мэсхьэб фызэрыщӀэтым и щыхьэту, унащхьэ чэзууэ унагъуэ къэсыху мэш Ӏэбжьыб зрыз илъэс къэс...



– Къанлы, угубзыгъэ уэ, – жиӀащ ГупымыкӀ хэгупсысыхьу, – хьэмэрэ Мэт-Джэрий делэу уи гугъэ?

– СыщхьэлъащӀэщ жыпӀэу, къызумыпэсын къызумыпэс! Сэ...

– Уэращ! Уэ пхуэдэхэращ дэ ди унагъуэбжэр худэзыгъэщӀыжыр! ЩӀэкӀ! ЩӀэкӀ, зызумыгъэлъагъуу!

Абы и ужькӀэ Къанлы екӀуэлӀащ Щэбэтыкъуэм. ЛӀыжьыр губзыгъэт, акъылрэ сэламкӀэ узыщыгугъ хъун хуэдэти, сыт къыхуримыгъэкӀуэкӀами, Къанлы хутечакъым Щэбэтыкъуэ. Абы и пӀэкӀэ жиӀащ:

– Уи пэшэгъу-пэщӀэщӀэгъухэм, Къанлы, кърым тэтэр фи хьэщӀэщ щӀэсхэрщ жыхуэсӀэр, нэмыси-асыли ябгъэдэлъкъым. Мы езыгъэзыхым, кӀуэ уэ сщӀэркъым армыхъумэ, абыхэм «хьэщӀэкӀэ» емыджэ дэскъым. АтӀэ, ущыхьэщӀэкӀэ, зы мардэ гуэри пщӀэ хъунти! Аращ а уи лӀыкӀуэм схужепӀэжынур. Мэт-Джэрий факъырэмэ, факъырэӀусу Ӏэбжьыб зрыз зэхуихьэсу...

– Уа, фыкъызыкъуэгушхукӀырщ сымыщӀэр! Мэт-Джэрий тыркур и телъхьэщ, и гъунэгъуу абы...

– Дэ дыщӀэувэнукъым абы и бэракъ! Дэ дыадыгэщ!

— Адыгэжь мыгъуэ – шыгъурэ пӀастэрэ!

Щэбэтыкъуэ и деж къыщӀэкӀыжри, Къанлы зэрыхуейуэ лӀыкӀуэм жэуап иритащ. Мыгувэу шу ӀэрамэфӀ и гъусэу лӀыкӀуэм къигъэзэжри,

Иналыкъуэхьэблэ нэмыщIа адрей къуажэхэм унагъуэ къэс ху Iэбжьыб зырыз къыхихащ, ар гуэн щхьэIухъушхуэхэм ирикIутэри, Къанлы и деж щигъэуващ. Езы лIыкIуэм и гъусахэр къигъанэщ, Къанлы зыщIигъури ежьэжащ.

А псори дыхьэшхэнт, кIэн джэгум хуэдэт. Ауэ жагъуэ ябгэри гувакъым.

ЩIымахуэпэ мазэр екIуэкIырт. Гъэм щинэжауэ зэрытешыныхьам тету, дунейр уэсыншэт, хуабэт, уэтIпсытIт, пшагъуэ иIыгъырилэу. Апхуэдэ зы пщыхьэщхьэ ГупымыкI и деж хьэчэхьэпсэу Нэгурэш дахэ къыдэлъэдащ:

– Ди гуащэ хужь, ди Тхьэшхуэм хьэтыр иIэмэ!.. – Нэгурэш дахэ унэлъэгум иукIуриящ. – Си напэр, си напэ тIэкIу мыгъуэр!

Унэ кIуэцIыр кIыфIти, ГупымыкI IупщIу Нэгурэш илъагъуртэкъым. Ауэ тхьэмыщкIагъэшхуэ къызэрыхъуам игъэщтауэ ар кIэзызырт.

Уэздыгъэ къахьащ. ГупымыкI и нэгу къыщIэувам и гур Iэпихри, тахътэмкIэ етIысэхащ. Нэгурэш дахэр дэнэ щыIэжт? Абы и нэкIур зэхэфыщIат, Iэгуэ зытехуэн псэууэ и щыгъыным хэлъыжтэкъым. Аслъэнбэч мыгъуэм щхьэкIэ иуIэжауэ щыта и бгъэ тIэкIур лъыпсыр къежэхыу къаплъэрт.

– Нэгурэш! Нэгурэш тхьэмыщкIэ, сыт къэхъуар? Къэвгъэтэджыт, – жиIащ ГупымыкI, пщIантIэдэт Исмэхьил сымэ захуигъазэу. – Нэгурэш, сытыр къэухъу?

ГуIэр зэрихьэу, Нэгурэш гъырт. ИтIанэ абы жиIащ:

– Лажьэ ябгэр зыхуэкIуэн! Ди Тхьэшхуэм и нейр зыщыхуэнхэ! Сытым фыкъытхуиухьт! Дэнэ фыкъиукIт.

– Нэгурэш, хэт ар?

– Кърымхэр! Тэтэрхэр! Сэмэн мыгъуэжь гущэр зыхуэсщIынхэр! Сахьащ! Сашхащ! Ар абы я Iэтащхьэу! Ди хьэщIэр! Хьэм яшхыжыныр! ТхьэмахуитI хъуауэ нащхьэIущхьэ къысхуищIми, сымылъагъу зысщIурэ... ИтIанэ къыщызикум, и Iэ бэлагъыр пызгъэвыкIащ! Хъарзынэу пэрыIэбэр сIыгъыт! Къызэрысхэмызэгъэнур къищIа... нобэ шэджагъуэм и ныбжьэгъухэр и гъусэу ди хьэщIэщым нигъэзэжащ. Боми кIуэри и шым еплъащ. Арати, хьэщхьэрыIуэм и сэмэнхэм яжриIащ: «Мы куэпэчым къилъхуа куэпэчыр адыгэ щылъху хуэдэкъым! Си шыр махуищ хъуауэ Iусыншэу бо нэщIым щIигъэтщ! Сыт мыбы хуэфащэр?» Зы къахэжаныкIри жиIащ: «Зиусхьэн, дэ къэдгъуэтынщ абы хуэфащэр! Мыдэ ди IэмыщIэ къилъхьэ, хуит дыхуэщI. Уэ абы урихьэщIэ щхьэкIэ, дэ...» Иджы мис! – зэфIэлIам ещхьу, Нэгурэш ехуэхыжащ.

– Исмэхьил, – жиIащ ГупымыкI, – Щэбэтыкъуэ дадэ къысхуэшэ псынщIэу.

Щэбэтыкъуэ гувакъым, Iуэхур зыIутыр къыщищIэм, абы и гъусэу къэкIуа НэфIо жриIащ:

– Жэи, бгы гъуанэжьым мафIэ щыщIэгъанэ!

Ар Иналыкъуэхьэблэ дэсхэм я нэщэнэт, Iуэхушхуэ, Iуэху пIэщIэгъуэ щыщыIэм и деж, жэщым гъуо сыт хамыгъэхьэу, ГупымыкI

IэщакIуэу зыщигъэсэну и гугъа бгы гъуанэжьым мафIэ щыщIагъанэу. Ар жылэ къедза куэдми ялъагъурт, къикIри ящIэрт – нэсын хуейщ бгы гъуанэжьым, Iуэхушхуэ къэхъуащ, Iуэху пIэщIэгъуэ, зыри зыщымыплъа.

Жэщыр и зэхуэдитI щыхъум, бгъуэнщIагъыжьым щыблэ мафIэр нэхъ щыужьыхыу хуежьат. Ари гурыIуэгъуэт Щэбэтыкъуэ дежкIэ. ЦIыху уэр къызэхуэсащ. НэфIо мафIэм пхъэ трилъхьэжыркъым. Нэхъыжь гуэрым къекIуэлIар игъуэу ебж, иджы Iуэхур зыIутыр ящIэмэ я гуапэщ.

ГупымыкIрэ Нэгурэш тхьэмыщкIэмрэ къызэкIэригъэхури, Щэбэтыкъуэ бгъуэнщIагъым щIыхьащ. Абы лIыжь, щIалэми зы щэ нэблагъэ щызэхэст, нэщхъейхэу, гумызагъэ псалъэмакъыншэхэу. БащлъыкъкIэ и нэкIур гъэпщкIуауэ, бгъуэнщIагъ пхащIэ дыдэм зылI псоми япэщхьэхуэу дэтт, Iуэху ямыщIмэ зэригуапэр и щытыкIэ псомкIи къиIуатэу. Щэбэтыкъуэ утыкум щызэтеувыIэри жиIащ:

– Ди нэхъыжьыфIхэ, ди щIалэгъуалэ! Фыкъедджэн щIэхъуа Iуэхур анэ быдзышэкIэ къуэш схуэхъуа, нобэ къытхэмытыж Иналыкъуэ Бибей – ди пщыщхьэ махуэм – и хъыджэбз цIыкIу ГупымыкI – си къан хъыджэбзым – и лъэIущ. Фэ фощIэ, фыщыгъуазэщ абы и фащэ нэщхъеягъуэ гуэрыр зэрыщитIэгъэжам. Иужьрей нэщIэбжьэр дэ псоми ди зэхуэдэщ. Дыгъуасэ хуэдэщ ди лъэпкъхэр лIы губзыгъэкIэ, лъэпкъыбзэкIэ дызэджэу щытар щыдгъеижар! Дэ унагъуэ, благъэ, бын, ныбжьэгъу-жэрэгъухэр диIэщ. Ди гъащIэм щытлъагъу насып, дуней насыпщ ар! Ауэ ГупымыкI и адэм щIыгъуу и гуфIэгъуэ псори щIилъхьэжащ. ИтIанэми, а псор IэщIыб ищIауэ, хъыджэбзыр и адэ Бибей ещхьу дяпэкIэ ди щхьэ илъым, ди сабийхэм я гъащIэм кърикIуэнум йогупсыс! Ар езы ГупымыкI къывжиIэнщ. Хъыджэбзыр мыдэ щыIэщ.

Щэбэтыкъуэ щIэкIыжри, ГупымыкI къыщIишащ. Щхьэтепхъуэ телъу, Нэгурэш тхьэмыщкIэри абыхэм ящIыгъут. ГупымыкI къащыхыхьэм, цIыхур нэхъ зэлъыIукIуэтащ.

– Си адэ и ныбжьэгъуфIхэ, лъэпкъхэм я щIалэ пажэхэ! Сэ кIыхьлIыхь зысщIынкъым, ауэ иужь зэманым си гущIэр къизысыкI гуэрхэм фезгъэдэIуэнщ, емыкIу сыкъэвмыщIмэ! Си ныбжьэгъу хъыджэбзхэм я нэгу зрагъэужьу, гугъэ дахэ щаухуэ гъэхэм сэ си нэпс къудамэ мыгъущу есхьэкIащ. Ди хуитыныгъэ щхьэкIэ зи гъащIэр зыта си дэлъху закъуэм и гуауэм си анэри ихьащ. Си адэр зэрыслъагъум, ар зэрыдигъусэм сигу уIэгъэр игъэжэпхъатэкъым, аргуэру гуIэгъуэр къыщыслъысам. Сэ япэ зизгъэщынт, ар зэмыгъэлъагъун щхьэкIэ. Ауэ ажалыр... Иджы сэ сызеиншэ къабзэщ, – ГупымыкI и гур къызэфIэзэрыхьащ, мыпсэлъэжыфу. – Тхьэшхуэм фIэфIт а си нэгу щIэкIа псом сэ сыкъелыну! – щIегъу хъыджэбзым, и гур пыткIуми, ткIийуэ зызэтреубыдэжри.

– Фигу къызэвмыгъабгъэ, ди тхьэмадэфIхэ! ЕмыкIу къысхуэвмыщI, ауэ сэ си гъащIэр ди хэку щхьэузыхь хуэсщIыныр сыкъэзылъхуахэм къащIэна уэсятщ, си псалъэ тащ... Борэныр зытекIуа сы-

жыгей пщIащэ закъуэми, сэ а уэсятыр зэрысхузэфIэкIкIэ, си къару къызэрихькIэ, къызэритIэскIэ згъэзэщIэнщ! ЕмыкIу къысхуэвмыщI...

Нэхъыжьхэм зы тхьэмадэ къахэкIуэтащ. Ар Къанлыкъуей щыщт.

– Си хъыджэбз цIыкIу, – жиIащ абы, – дэ зэи тщыгъупщэнкъым уи адэ и ныбжьыр! Абы и щыхьэт ирехъу ди хэкур нэгъуэщIым лъэгущIэтын зэредмыгъэщIынур! ЩIы унафэ! Ар уи адэ и псалъэщ! Сэ апхуэдэу жысIэну си ныбжьым хуит сещI! Арат иджы къэмыхъужар... ху Iэбжьыгу... ЖыIэ мыдэ! Мис псори къыппоплъэ!

– Си адэ хуэфщI щIыхьымкIэ, абы и хьэдащхьэр мыбдеж къыщызэхуэсахэм зэрывгъэлъапIэмкIэ сэ сышэчкъым. И быным хуэдэу фыкъилъэгъуащ фэ абы. Си адэм и гъусэу, куэдым фи нэгу щIэкIащ ди щIыналъэм тэтэрхэм кърахьа хьэзабыр. Абы ищIэрт бийм хущIэпчэ нэхърэ зауэ хэмыкIыу епхьэкIми зэрынэхъыфIыр! ИкIи лIэхукIэ и щхьэ яхуигъэтIылъакъым. Ауэ ар лIащ. Иналыкъуэхэ лъэпкъыжкъым. Си адэм и шу гъусэу щыта лIакъуэлIэш, уэркъ куэд, сэ абы сытешыныхьыркъым жысIэну, а си насыпыншагъэм, ди насыпыншагъэм игъэгуфIащ. Арати, фолъагъупэ! Кърым хъаным и дежкIэ зрагъэбащ. ЛIыгъэкIэ зэрытпимыхынуIар фIыуэ къызыгурыIуа хъанри бзаджагъэ къытхуеуащ. Феплъ. Тхуэмыхьыну, дигъэхыщIэу къытпиубыду щыта къалэным и пIэкIэ ху Iэбжьыб зырыз! ЛIыгъэ яхэлъми, хьэрэмыгъэ зигу имылъ ди цIыху куэд абы къигъэпцIащ, языныкъуэхэми хуейуэ зыкърагъэгъэпцIащ! Саугъэт, тыгъэ лъапIэхэмкIэ ди уэркъ куэдым я напэр ищэхуащ абы, ахэр зришэлIащ, зэщIишащ. КъафIэщIагъэнщ: Мэт-Джэрий къалэн хуэзыщIэр дэракъым, атIэ езым дэ къытхуещIэ! Мэт-Джэрий хуейр дэракъым, атIэ езыр дэ къытхуейщ! Абдеж къыщежьагъэнщ ди насыпыншагъэр! Ди лIахэм я къупщхьэм тращIыхьа Бахъчисэрай дэз хъуащ ди уэркъыжьхэр. Ахэр тэтэрхэм хэгъуэщэжащ, хэшыпсыхьащ. УегуакIуэмэ, ди фащэр зрамыпэсыжу, тэтэр хьэжы сарыкъхэр ящхьэрыгъщ... Хэт Мэт-Джэрий и Iэпыдзлъэпыдзщ, хэти и хьэиху-бжэхуэщIщ! Хъанри зыхуеиххэр арати, бэлэрыгъакъым. Iулъхьэ къыщеIыпхкIэ зыгуэр хуэщIапхъэщ. Мэт-Джэрий абыхэм къапкърихащ дэ къуажэ дапщэ дыхъуми, шу дапщэ дгъэшэсыфынуми! ЗигъэIэсэ, зигъэбзэIэфIурэ абы ди хэкур зригъэцIыхуащ, ди тIасхъэ псори щIихащ, ди хабзэ зригъэщIащ, ди зэуэкIэ щыгъуазэ хъуащ икIи, залымыгъэ лъэпкъ хэмылъу, диубыдащ. Диубыдащ, дызэплъэкIыудыкъызэплъэкIыжыху. Феплъ Къанлы. Ар ди хэку исми, зигъэадыгэ щауэми, Мэт-Джэрий и хьэрискхъуэрис фIэкIа зэрихуэркъым. Абы дэплъейхэр уи напIэр пIэтыху нэхъыбэ мэхъу, мэбагъуэ! «Хъаным и зауэлI-сэмэнхэр ди IупэфIэгъущ, ди хьэщIэщ хуит яхуэтщIащ, ди хьэщIэ лъапIэхэщ! Сыт, ди зэран лъыхъуэхэркъым, лей къыдахыркъым. ХьэщIэхэщ. Нобэ-пщэдей щхьэкIэ ди напэр, ди адыгэ хабзэр ткъутэн?!» – аращ ди гугъар! Догъашхэ, догъафIэ, махуэ и хьэщIэныш яхудоукI! Ари мащIэщ: «мэл зыхэвэ нэхърэ бжэн зыхэпкIэ», жыхуаIэр захедгъэхащи, бжэныщIэл нэхъ къащтэ ди хьэщIэхэм! А псори щекIуэкIым Жанболэт къытхэтакъым. И хъыбар къэIуар фэри зэхэфхащ. Иджы абы и щхьэ кърикIуари тщIэркъым. Ауэ дэ абы дежьэж

хъунукъым! Мис тэтэрхэм, Мэт-Джэрий и сэмэнхэм я Ӏэсагъри, я зэран мыщӀагъэри! Мис! – ГупымыкӀ и Ӏэр щхьэтепхъуэ зытелъ Нэгурэш дежкӀэ ишиящ. – Зытех, Нэгурэш, а хъыданыр! Уи тхьэмыщкӀагъэм дэ къыджиӀэн хуейщ хэтса жылэм къикӀыкӀа бэлыхьыр! Ар иджыри къикӀыкӀа къудейщ Мэт-Джэрий и сэмэнхэм етха хьэщӀагъэм. Феплъ, феплъ, си псэр зышхынхэ, мыбы! Феплъи, жыфӀэ яхуэдгъэгъунумрэ ящӀэдгъэкӀуэнумрэ!

Нэгурэш тхьэмыщкӀэр щалъагъум, куэдым я бзэгур яӀу щагъэджащ.

– НэхъыжьыфӀхэ! Нэгурэш адэ иӀэжкъым, дэлъху къыщхьэщытыжкъым. А зеиншэр нобэ тегушхуэгъуафӀэ ящӀамэ, пщэдей... Аращ сепӀэщӀэкӀыу фыщӀэзгъэпӀейтеяр. Апхуэдэу дыщысмэ, ди Ӏэхъулъэхъур хьэзыр ящӀ! Тэтэрхэмрэ дэрэ зэш дыхъунукъым. Ахэр дифӀ лъыхъуэмэ, мис фолъагъупэ!

– Ажалщ абы яхуэфащэр!

– Ди лъэпкъ напэ щхьэкӀэ!

– ФӀэдбзынщ, я кӀуэцӀыр къитхынщ дгъатхъэ-дгъашхэу удэфахэм.

– Дыгъэу къытхэпсэр ди Тхьэшхуэм и нэрщ!

– Ар ункӀыфӀынкъым!

– Тэтэрхэм ялъ!

– Сэмэнхэм ялъ!

Псори зэрыгъэплъат. Абыхэм зы дакъикъи заӀэжьэну я мурадтэкъым. Унафэ ящӀащ къуажэ-жылэхэм пхъэр яутӀыпщыну: фи тэтэр хьэщӀэхэм я псэр икӀэщӀыпӀэкӀэ вгъэн! Зыми хьэуэ къыхигъэкӀакъым. Ауэ бащлъыкъкӀэ зи нэкӀу гъэпщкӀуа лӀым жиӀащ:

– НэхъыжьыфӀхэм фи унафэр хабзэщ. Ауэ хъунумэ, зэ фызэтеувыӀэт.

– Хэт ар?

– Гу хьэлэл пкӀуэцӀылъмэ, уи нэкӀур щхьэ бгъэпщкӀурэ?

– ... Фэ фи хьэщӀэ, хьэщӀэ, – къывгурыӀуэрэ ар? – фукӀыжыну аращ. Ар зыщӀэм Тхьэшхуэр къебгащ!

– Ар зи макъыр Жанболэтщ! – къэкӀиящ Темболэт.

– ... Абы дэ ди Ӏэлъэ хуекӀуэнкъым! Ди дунейм ехыжахэми къытхуагъэфэщэнкъым!

– Жанболэт! Жанболэт! Сэрмахуэ! – Щэбэтыкъуэ абы зыхуидзащ, Темболэти ежэлӀащ.

Сыт хъуэпсэгъуэр иӀэу еплъат абыхэм ГупымыкӀ! А хъуэпсэгъуэ иным ГупымыкӀ бгъуэнщӀагъым къыщӀихуащ. Арыншамэ, Жанболэт бгъэдэлъэдэнурэ зридзынут, ӀэплӀэ, ба хуищӀынут, зрикъузылӀэу, зыщимыгъэнщӀу.

– ЩӀэпхъаджэ тӀуащӀэм дыщыпхъумаи!..

– ЖыӀэ, щӀалэ махуэ, дауэ тщӀымэ нэхъыфӀ? – зэхихащ яужьу ГупымыкӀ, щхьэхьу ежэжьам. Хъыджэбзым дэнэ щищӀэнт абы къыщыпэплъэ гузэвэгъуапцӀэр? «ЩӀалэ махуэр» абы и бзэгупэм пылъът, я куэбжэпэ дэлъэдэжрэ пэт щӀакӀуэ фӀыцӀэм и щӀагъ щыщӀэджэрэзам...

* * *

ГупымыкI, жеямэ, и пщIыхьэпIэ кIапэ къыхэмыхуэнур къыщыщIащ. Ар Бахъчисэрай, Мэт-Джэрий и щыхьэрым къыщыхутат. Махуэ шэджагъуэу ГупымыкI къалэм къыдахьами, Бахъчисэрай щызэпащэ Iуэхухэм хуэдэу фIей псы цIыкIум и къуэм зэрыдэсымрэ мэжджыт лъагэхэмрэ фIэкIа хилъагъукIа щыIэтэкъым. Япэ тхьэмахуэ зэхуакум ГупымыкI и нэпсхэрт и тегъэупIэр. Хъаным и унэIут зы цIыхубз дахэшхуэ фIэкIа абы и деж зыри щIыхьэртэкъым. Арат шхын къыхуэзыхьри, Iуэхутхьэбзащ Iэу иIэри. Ар зэ зэпащIыкIыу чыбжьэкIэ зэтрапхэжам ещхьт. И щIыбымкIэ упытIысхьэмэ, уиIыгъынт, и гупэмкIэ ущIэувамэ, уэшх къыптешхэнтэкъым. Зещатэу пшэрт, тIатIэшхуэт, абы ещхьуи псэлъэрейт, гу щабэт. А фызыр ГупымыкI икIи дэгъырт, икIи дэгушыIэрт, сыт жиIами щIигъэкIэрэхъуэжырти, хъыджэбзыр цIыхубз насыпым, цIыхубз гъащIэм хуигъэIущырт.

– Аращ дэ къытхуигъэщIар. Уи дахагъ тIэкIур умыгъэункIыфIыж, си хъыджэбз цIыкIу. Нэпсыр шыугъэщ, абы напэр ехул, егъэукъуей, жьыгъэм хуэзышэ лэдэххэр лъагъуэ цIыкIум ещхьу пхреш. Дахагъыр гъатхэ пасэ пщэдджыжь пшэплъым хуэдэщ. Абы хуэсакъын хуейщ. Ар пщэдджыжь къэс зэхуэдэкъым. Гъатхэм зы пшэплъщ, гъэмахуэм нэгъуэщIщ... Бжьыхьэм, щIымахуэм... Гъатхэ пшэплъым къебгъэхьыфам, щIымахуэ уэсыр къыптехэми, уиIыгъыфу уи гъащIэр пхуэухуэмэ... Аращ, си псэ, цIыхубзым дахагъыр зэрищIынур, къызеригъэсэбэпынур. Ар мылъкушхуэщ. Умыгъ, зумыфыщIыж. Хэт итIанэ ди тепщэ, ди тхьэпэлъытэ Мэт-Джэрий зэбгъэплъынур? Мазэр ара? А мазэ жыхуэпIэр гъуаплъэ фалъэжьщ уэ уэлъытауэ. Умыгъ, умыгъ, си псэ тIэкIур зышхын. Уи нэхэр плъыжь хъунщ. Уэ угубзыгъэщ, удахэ шырщ! Аджыдэ, иджы сэ сщIэр сщIэуэ, уи пIэ сыкъихутэжыну... СлIо Мэт-Джэрий! ЛIыжь хъуащ, ар IэфIагъ, щабагъ фIэкIа зыми хуеижкъым. Ахьей, и гур пхъэррэ хъуапсэу, ауэ... Уэрмыраи хъан гуащэу щытыныр къызыхуигъэщIар! ЖагъуэлI щыбгъуэтми, нэхъыжьыIуэу, нэхъ къулеиIуэу зэгъэгъуэтын хуейщ. ИтIанэ, зыми уримыхулIэу, уи гум и хэдэр, уи Iэпэ зыхуэпщIыр пIэщхьагъ пхуэщIыжынущ. АтIэ, уи хэку укърашащ, атIэ, уи щIыналъэ упэIэщIэщ. Ауэ ар сытым щыщ уэ узэрыпсэунум елъытауэ! Дыщэ-дыжьынкIэ уаблэнущ, фомрэ тхъумрэ IукIэ бгъэзынущ! Апхуэдэ насыпщ цIыхубзу дунейм тетыр зыщIэхъуэпсыр! Алыхьышхуэм зыр пхузэхуищIри, мыдрейр къыпхузэIуихащ. Уемылъэпауэ абы, си дыгъэ нур! Сэри зыгъэ зы зэман псалъэ пэж къызжиIат – уигу сыкъэкIыжмэ, зы щхьэфIэпхыкIкIэ си цIэр къипIуэнщ! СлIо щIалэ IэщхьэпцIанэ удэкIуэкIэ!? Уи дуней гъащIэр щIэщIауэ, епIыркъ-ешыркъыу, дэгъэзеигъуэу пхьынщ! Лъагъуныгъэр – ар икIи фащэкъым, икIи щапхъэкъым! Узыхуей бгъуэтмэ, лъагъуныгъэр къэбгупсысыж хъунущ, узэрыфIэфI дыдэу, узэрегуакIуэм ещхьу!

ЦIыхубзышхуэм ГупымыкI зы псалъэ пидзыжыртэкъым. Ар щымыгъым гупсысэрт, гупсысэрт, гупсысэрт, щымыгупсысэм гъырт.

Зэгуэрым цIыхубзым жиIащ:

– Иджыри къэс уи нэпс зэрымыгъущар, хъаныр къыщызэупщIым, схуэмыбзыщIу жесIати, сыIэщIэкIуадэ пэтащ. НэгъуэщI мыхъуми, сэ къызэплъ... къысщысхь, си сабийхэр зеиншэу къыумыгъанэ! Абы си щхьэр пилъэнущ, тIэу еплъынукъым. Сытым ещхь Жанболэт жыпIэу зыщIэпшхыжыр! Нэгъэсауэ пэрмэн зимыIэщ, мэзылIщ!

ГупымыкI къыщылъэтащ. Абы жьыр къыпиубыдауэ псэлъэфыртэкъым.

– Узыхэмытын ухэмыту, – жиIэрт адэкIэ фызым, – сэ къызэдаIуэ. А уи куэншыбэр щыдгъэх, зы махуэ тIощI хуэдэкIэ укъыспэрымыуэу сэ къыпхуэсхьыр шхы, сызыкIэлъыгъэIэбэ... Уи бгъэ цIыкIухэр псы зыщIагъэлъадэ удз дахэу къыхэлъэтынщ, къэщхьэлъэнщ, уи нэкIум лъы къыщIэувэжынщ... А уи Iэпкълъэпкъыр, а уи шхужь дахэр... Псори, псори зэрызыпщIынур сэ бжесIэнщ. ИтIанэ уэ къыппэувыфын мы хъан-сэрай къыдашакъым икIи къыдашэнкъым! Уи нэ фIыкIэ илъагъу ди Мэт-Джэрийрэ тырку султIанышхуэ Сэлимрэ зэщыбгъэхьэжынкIэ...

– Уэ... уэ, – икIэм-икIэжым къэпсэлъащ ГупымыкI, – Жанболэт дэнэ щыпцIыхурэ?

– Мыр зэгупсысыр! Къашащ дыгъуасэ Iэпхлъэпхыу! Къанлы сигъэлъэгъуащ, фи хъыбари сригъэдэIуащ... Абы ищIар цIыху ищIэн, сымыгъуэзэрабг?! Фи хэкур зэщIигъэстри, хъаным и сэмэн хахуэхэр зэтраукIащ.



– Пэжуи? – ГупымыкI фызышхуэм зришэкIащ. – Пэжу жыпIэрэ? АтIэ, иджы си хэку фи тэтэр сэмэнхэр исыжкъэ? Си хэкур щхьэхуит?

Фызым ГупымыкI иригъэкIуэтащ. А тIур дзэл жыг къуабэбжьабэжьрэ щиху лантIэ дахэрэ хуэдэу зэпэщытт.

– Исыжкъым, исыж, – жиIащ цIыхубзышхуэм губжьауэ. – Ауэ уэ сыт, тхьэмыщкIэ?! Уэ уцIыхубзщ! Уи хэку, уи щхьэхуит кIуэда? Хьэмэрэ...

– Ди Тхьэшхуэ! Ар сыт насып! Жанболэт! Жанболэт щIалэ махуэ!

– Жанболэт, щIалэ махуэми, иджыпсту уэ урилажьэкъым! Ар хьэпсым исщ! Мэт-Джэрий апхуэдизкIэ губжьащи, къаплъэн шынагъуэр зырикIщ! ТIум я щхьэ пилъа щхьэкIэ, уIурыIэбэ хъуркъым.

– Сыт, тIу? Жанболэт...

– Хьэуэ мыгъуэ! Арамэ, удэкIуэтэнти... и дзэзешэ фи хэку щыIахэщ! Къэрабгъэу... щтапIэ... ауэ а и щытыкIэр и щытыкIэмэ, Жанболэтри бжэгъу папцIэм фIэтIысхьэну къыщIэкIынщ!

– Бэяу! ЗэтепIэ уи жьэр! ЩIэкI! ЩIэкI, зызумыгъэлъагъуу! – ГупымыкI, Iэл къэхъуауэ, цIыхубзышхуэм ебгъэрыкIуащ.

А жэщым ар зэмыгупсысарэ абы зэпимылъытарэ къэнэжатэкъым. Ауэ псори Жанболэт и псэр къызэрыригъэла хъунум ирихьэлIэжырт ГупымыкI. Абы шэч къытрихьэртэкъым хъаным дэкIуэмэ, Жанболэт зэраутIыпщыжынум. Ауэ а гугъэм ГупымыкI щышынащ, итIанэ ирихужьэжащ. Ерыщагъщ, быдагъщ, лъагъуныгъэщ Мэт-Джэрий текIуэнур! Ар Жанболэт хэлъщ! Ди Тхьэшхуэ, си анэ лъапIэ, сэри сывмыгбгынэ!

8 Заказ №1683

А жэщым хуэдэу, куэд щIауэ, ГупымыкI жейм езэгъатэкъым. Дунейр фIэщIэщыгъуэу, гъащIэр фIэдахэу, фIэIэфIу, ар пщэдджыжь дыгъэпсым къигъэтэджащ, зитхьэщIащ, зыкIэлъыIэбэжащ.

Дыгъуэпшыхь Iэл хъуауэ щIихужа фызым иджы ар пэплъэрт, апхуэдиз махуэхэмрэ жэщхэмрэ щигъэкIуа Мэт-Джэрий и хьэщIэщ лъапIэхэм ящыщ зым и блынджабиплIыр зэпиплъыхьу, ар игъэщIагъуэу. Дыщэ-дыжьыну щIа жыг нэпцIхэр мыбы щIэтщ, унэ лъэгум псы гъуджэ хэщIыхьащ, абы вагъуэ, мазэ нэкъыфIэщIхэр къощ. Унэ блынджабиплIым щыр абджыпс зэмыфэгъукIэ гъэщIэрэщIащ, дэнэ дежи удз гъэгъарэ пхъэщхьэмыщхьэ дахэшхуэ уи гурыIупс къэзыгъажэхэмрэ зэрыт, зэрылъ фалъэшхуэхэм, щыкъу лъапIэхэм я сурэт хэщIыхьащ. ПлIанэпэхэм хьэкIэкхъуэкIэхэм – дыгъужь и дзэлыфэр тIауэ, щыхь, мыщэ, аслъэн, нэгъуэщI Iэджэм – я фэхэр пыпхэ щIауэ дэтщ. Унащхьэри, щхьэгъубжэ кIуэцIхэри, бжэхэри тхыпхъэщIыпхъэ гъэщIэгъуэнщ. ДэнэкIи алэрыбгъурэ арджэн уагъэщыгъэрэщ. А фIыгъуэ псом ГупымыкI занщIэу къызэрыхагъэтIысхьам мурад пыухыкIа иIэт, ауэ нышэдибэ хуэдэу ар зыми еплъакъым. Пыпхэ ящIа бжьэу дахэм ГупымыкI Iэ дилъэу здэщытым, зыгъэхьэщIэ цIыхубзышхуэр къыщIыхьащ. Ар щтэIэщтаблэт, дыгъуэпшыхь лъандэрэ гущтэ ищIауэ. Хъыджэбз дахэр щынэ IэрыпI и гугъати, щыуащ. Нэгъэсауэ гуащэ ткIий хъунщ ар! ЖимыIэн жиIауэ пIэрэ, Мэт-Джэрий бзэгу хуихьыжмэ, щIыр IэгупсэкIэ къригъэгъэзэнщ. Ар зи дахагъым и псалъэ Мэт-Джэрий емыдаIуэу къэнэнкъым. Ем зэрихуэу къигъэхъеят Жанболэт и Iуэхур! Иджы аслъэныбз жейр къигъэушащ.



ГупымыкI гуфIэжу фызым пежьащ.

– Къысхуэгъэгъу, дыгъуэпшыхь уи жагъуэ сщIащ! Сэ си щхьэр узмэ, уэ сыт уи лажьэт?

– Ягъэ кIынкъым, си хъыджэбз цIыкIу, – зэрыхузэфIэкIкIэ гу щабэу, бзэ IэфIу жиIащ фызым. – Схуэфащэу къызжепIащ, си гуащэ хужь, схуэфэщэпсу. ЦIыхум и мыIуэху зэрихуэн хуейкъым. Уи мыIуэху зепхуэмэ, уи щхьэм баш къихуэнщ, жаIэ. Ар уэращ къысхуэзыгъэгъун хуейр. Сэ сыцIыхубз тхьэмыщкIэщ...

– КъызжыIэт, уэ дауэ укъэкIуа мыбы?

– Ар кIыхьщ, си дахэ. Сэракъым мыбы къэкIуар, сэ мыбы сыкъыщалъхуащ. Си анэр гъэру Къафэ къалэм къыщищэхуат си адэм.

– АтIэ, адыгэбзэ...

– Уэ тэтэрыбзэ дауэ зэбгъэщIа?

– Сэ си адэм нэгъуей къуэнакъхэр иIащ. СыцIыкIуу, абы я къуажэ сашэу щытащ. УцIыкIуу зэбгъащIэр гум къонэ.

– АтIэ. Мывэ джафэм сабэ тепкIутэрэ уепщэмэ, къытенэIаркъым, мывэ фэрэкIнапэм... Сабийм и гур жьымрэ псымрэ ямыгъэжа мывэ фэрэкIнапэм ещхьщ. Хъунщ, тIасэ, сэ иджыпсту узэдзэкъэн къыпхуэсхьынщ.

ЦIыхубзышхуэр, жьы гуэр къыщIэувауэ, жану щIэкIащ. Ар пIащIэрт, и хъаныр, и тепщэр игъэгуфIэну. Хэт ищIэрэ иджыри жьыщ, къамыгъэгубжьауэ ирихьэлIэмэ, и нэфI къыщыхуэу, гуфIапщIэ къыхуищIынкIи хъунщ.

Сыхьэт дэкIатэкъым ГупымыкI «къызэрыпсэужам», ар зэрымыгъыжым и хъыбарыр, хъан-сэрейм и пщIантIэшхуиплIми дэкIыу, уэрамхэм, бэзэрым щынэсам. ЦIыхубзышхуэр темыгушхуащэурэ ГупымыкI елъэIуащ къызэрашэрэ унэм щIэмыкIа хъыджэбзыр къыщIишыну, жыг хадэхэр, удз гъэгъа щыгъэкIа хьэсэхэр зригъэлъагъуну. ГупымыкI хьэуэ къыхигъэкIакъым. Мэт-Джэрий лъытапсытауэ псэуртэкъым, абы иIэт узэплъыни бгъэщIэгъуэни. Абы и жыг хадэр жэнэт плIанэпэу гъэщIэрэщIат, жызумей зэгъэкIэкIа гъуэгухэр, гущхьэ къытет хуэдэ, жьауапIэт, дахащэт. АдэкIи-мыдэкIи бжьамийхэм псы къарыжырт, драутхейрт, зэбграпхъырт, дыгъэпсыр лэгъупыкъу ящIу. Аслъэн, къаплъэн зи жьэ ущIахэм псыр къаIурекIыкI, сэх иным зезышэкIа блапцIэшхуэми псы къыIурож. Дахэщ псори, нэр щыджылу. Апхуэдэхэр игъащIэм ГупымыкI илъэгъуатэкъым. Ауэ куэдрэ узделлъмэ, зэшыгъуэщ. Дэтхэнэ зы жыг цIыкIури, зы удз тхьэмпэри, езы ГупымыкI ещхьу, гъэрыпIэм ис хуэдэщ, мэжджыт мухьэрэбхэм къиувэу кIий-гуо муIэзинхэм едаIуэу.

Жыг хадэр къызэрикIухьа махуищым, ГупымыкI, сыщIэкIащэрэт иджыри жимыIэжу, псори IэщIэужэгъуат. АтIэми, ар зытеплъэ мыхъур мы махуэ ар «къызэрыпсэужрэ» зызэкIэщIаш-зызэблашу хъаным и къэфакIуэ абы и зэш тезыгъэухэрт. Пэжт, ГупымыкI зыри зэран къыхуэхъуртэкъым, ар еплъми емыплъми хъыджэбз ныкъуэпцIанэ цIынэжьхэм, цIанлъэжьхэм (ГупымыкI абыхэм еIэбатэкъым, ауэ зэрыцIынэжь, цIанлъэжьхэм шэч къытрихьэртэкъым) зызэкIэщIашырт, шым хуэдэу дэлъейт, къелъыхт, мыукIытэу я шхужьхэр «ягъэхьэжэрт», блэм хуэдэу заIуантIэрт-зашантIэрти, щIэжыжхэрт.



А махуищми ГупымыкI и деж Мэт-Джэрий къэкIуакъым. Ауэ хъыджэбзыр абы пэплъэрт. ЖриIэну-къыжриIэжынухэм егупсысырт. ЦIыхубзышхуэм и хъыбархэмкIэ Жанболэт хьэпсым ист.

Тырку ичындыр нэсауэ, ГупымыкI и деж фызыр къыщIыхьэжащ.

– Алыхьу зи нэмэз зыхуэсщI, жысIэмэ бдэнукъым, ауэ арэфу къуаншэкIэ а Жанболэт, – къэрикIутащ абы.

ГупымыкI и щхьэфэцыр тэджащ.

– Сыт къэхъуар? – жиIащ абы.

– Иджыри зыри къэхъуакъым. Ана-а-а, къаплъэныр къызэпхъуэркъым, жыпIэу, абы удэджэгу хъун? Лъэхъуэщым и тетым... Абырэ сэрэ ди щIалэгъуэм... Аращ сытми... сэ схуэдэ цIыхубз дунейм темыту жиIэрт. Иджыри къысхуэIейкъым. АтIэ, абы щэхуу, зыми ямыщIэу, сыкъригъэдэIуащ, дыгъуасэ жэщ и гурыфI къикIауэ сызэщIиубыдэри... СызэфIищIыкIырт... АтIэ, жиIэр аращ: Жанболэт, жи, хъаным и дзэм хигъэхьэнут, уеблэмэ дзэзешэ ищIынут! Схутечыркъым, жи, сызыхигъэзагъэркъым! Иджы, жи, ар имыдэмэ, е тырку сулътIаным иритынущ, е и щхьэр пилъэнущ. Сыту щIалэ делэ! Апхуэдизу уерыщ хъун?! Мэт-Джэрий, жи, и чэнджэщэгъухэм щIалэр яукIмэ нэхъ къащтэ. Ауэ, жи, ихауэ жызыIэн зы фIэкIа къахэкIатэкъыми, ар дыгъуасэ мыхъу вэсэмахуэ лъэхъуэщым ирагъэшащ, жи!... Ар пэжщ, ГупымыкI,

ар пэжщ. Мэт-Джэрий ар и хьэлщ. Псоми ечэнджэщынщ, псоми жаригъэIэнщи, е игъащIэкIэ зэрамыгугъауэ ищIынщ, е игу иримыхьын къызыжьэдэкIар лъэхъуэщым иридзэнщ. Ауэ псом нэхърэ нэхъ фIэфIыр псоми мыр «хужьщ» жыхуаIэм щхьэкIэ «хьэуэ, ар фIыцIэщ», – япигъэуву, апхуэдэуи ищIынырщ!.. ГупымыкI дахэ, зыгуэру Жанболэт къытегъэхьэ! ЯукIынущ щIалэр! ЯукI нэхърэ нэхъыфIкъэ?.. Абы нэхърэ мынэхъыфI щыIэкъым. Нэгъабэт ар, хьэмэрэ абы и щыпэгъэрат... Мэт-Джэрий и адэм и ныбжьэгъушхуэу щытащ... Зы дзэпщ... Мис а фи деж нэкIуауэ щыта хъаныкъуэ Ахьмэт-Джэрий мыгъуэ... Я хьэдрыхэ тIуми тхьэм фIы ищI. ... АтIэ, Ахьмэт-Джэрийр а дзэпщым игъэIуща, зыгуэр жриIа, хъаныгъуэр щхьэ умыубыдрэ, жиIэу! ЩIалэр кIуэри, и адэм бзэгу хуихьыжащ. Арати... Абы бзэгу яхьыжыну ищIа? Езы Мэт-Джэрий и адэр... аращ сытми... уIэгъэ мыхьэнэншэм илIыкIат. Ягъэхъыбарат абы Мэт-Джэрий зыгуэрхэр хигъэлIыфIыхьауэ... щхъухькIэ. А псор щIыжысIэр, а лIыжь мыгъуэрат... тхьэмыщкIэ... Мэт-Джэрий и лъабжьэм зыщIигъэджэрэзауэ, къипщэпщыхьырт: «Сыщыуащ, сыщыуа мыгъуэщ си жьыщхьэ, ауэ сумыукI! «Хьэжьым хуэдэу убанэу, мо куэбжэ къыдыхьэпIэм деж щылъ», – къызжепIэми, сыщылъынщ, сыбэнэнщ, ауэ сумыукI». ИтIани, и щхьэр теIущIыкIыпIэм тралъхьэри... Нэгъабэщ ар. Абы и ужькIэ кIэщIу Ахьмэт-Джэрий фи деж нигъэкIуат... А псор къыщIезгъэкIуэкIыр... ГупымыкI, Жанболэт зыгуэр хуэптхамэ...

– Сэ тхэкIэ сщIэркъым, Жанболэти къеджэфыркъым... КъимыдэкIэ, Жанболэт сэ къызэдэIуэнукъым, – жиIащ ГупымыкI, плъыжь къэхъуу.

– Дунейм сыт Iэмал?.. АтIэ, уэ Мэт-Джэрий къодэIуэнущи, елъэIу Жанболэт щхьэкIэ... МэзылIщ, жысIами...

Абы хэту, ГупымыкI зыщIэс унэм куэсэ зэрамыщIэжу ин къыщIыхьащ. Ар Мэт-Джэрий и щхьэхъумэхэм ящыщ зыт. Щхьэхъумэм зэрыIуплъэу, цIыхубзышхуэр куэд лъандэрэ зыпэплъа хьэщIэ лъапIэр къокIуэ, къэсащ, жаIэу фызхэм хъыбар щрагъащIэм и деж Iэрпхъуэр хъууэ зэрызэплъыж, я щхьэц, я щхьэфIэпхыкI, я бостей зэрепхъуэм ещхьу, зэкIэлъыIэбэжри умэзэхащ, ГупымыкI нэщхъейуэ утыкум кърихэри. Куэсэм къикIу щымыIэу, бжэщхьэIум пэмыжыжьэу лъэныкъуэкIэ текIуэтри зэтеувыIащ. Мэт-Джэрий къыщIохьэ. Абы и ужьым нэгъуэщI зылI абрагъуи итщ. Ари щхьэхъумэщ. УнэIут фызым Мэт-Джэрий щхьэщэ хуищIащ.

– КъакIуэ, зи фIыщIэкIэ дыгъэр къытхуепс...

Хъаным Iэ ищIри, цIыхубзышхуэр, щIэтаи-щIэмытаи, бзэхащ. ГупымыкI нэбгъузкIэ къыщIоплъ. Абы и гур къолъэт, и фэр пыхьэпыкIщ. Мэт-Джэрий жыхуаIэр апхуэдэутэкъым ГупымыкI и нэгу къызэрыщIигъэхьэр. ЛIышхуэу, нэкIэ пыджэу, зэплъар кIуэцIрисыкIыу... Абы и пIэкIэ илъэс хыщIхэм нэсагъэну лIы гъур цIыкIущ ГупымыкI и деж къыщIыхьар. Ар фагъуэщ, жьакIэ цIырхъ тетщ, нэгъуейнапIэщ. ГупымыкI илъэгъуахэу щыта дэтхэнэ зы нэгъуейми мыбы и щыгъыныр щытIагъи – хъанщ! Нэгъэсауэ хъанщ,

тетышхуэщ! Дауэ мыбы и фIыщIэкIэ дыгъэр къызэрепсыр? Сыт апхуэдизу цIыхур игъэгулэзыну мыбы хэлъыр? Фэкъым, щхьэкъым. ГупымыкI, хъаным и щхьэхъумэхэмрэ езы Мэт-Джэрийрэ зэригъапщэри, и дыхьэшхын къэкIуащ. «Щымыхъужми, сыкъыщадыгъуми, лIы хуэдэлI сыкъыхуахьамэ», – жиIащ абы игукIэ. ГупымыкI и мурада псори къутэжащ. Хъаныр щимылъагъум, Жанболэт мыбы къашауэ къызэрищIэрэ, ГупымыкI и гугъат хъаным дзыгъуэ-джэду тIэкIу дэджэгуну, зытримыгъэгушхуащэу дэгушыIэну. Ауэ иджы... Хьэуэ, хьэуэ! Жыжьэрэ гъунэгъуу зыбгъэдигъэхьэнкъым. ГупымыкI илъэгъуа щауэхэр апхуэдэкъым. Хьэуэ!

– Еблагъэ, дыгъэр фагъуэу дэзыгъэлъагъу тхьэIухуд! – жиIащ хъаным. Кхъуэщыным къипсэлъыкI хуэдэ, ар макъ гъуагъуэт. Абы и псэлъэкIэр и фэм зэребгъэщхьын щыIэтэкъым. Мэт-Джэрий арат хэлъыр – и макъ шынагъуэр! ГупымыкI къэшынэжащ.

– Сытым укъытхуихьа, жысIэну... укъытхуэзыхьар сэ сощIэ! Сытхэр уи узыншагъэ? Къысхуэгъэгъу, Iуэхум сыкъыдэмыхуэурэ...

– Еблагъэ куэд ухъу, хъан, – жиIащ ГупымыкI Iэдэбу.

– Уигу ирихьрэ си щыхьэрыр? Си хьэщIэщхэр? Уи жагъуэ къащIрэ си унэIутхэм?

– ФIыщIэ пхузощI, хъан.



Хъаныр пыгуфIыкIащ. ЩIэращIэт хъыджэбзыр, дахащэт. КъищынэмыщIауэ, нэмыс хэлъщ, зипIытI-зихузыркъым, Iэлу, адэмыдэ зыдиудыгъуэркъым.

– Берычэт бесын, къызжыбоIэр, ы? – Мэт-Джэрий кIуэтэну зигъэхъеящ. – Си хьэщIэ лъапIэм...

– АдэкIэ укъызбгъэдэмыхьэ, хъан, – жиIащ ГупымыкI, лъэбакъуэкIэ икIуэтри. – Сэ, пэжу, Iэщэ сIыгъкъым, си Iэбжьанэ къудей ирипызупщIыну лэныстэ къысIэрагъэхьэркъым, ауэ, уи фIэщ щIы, Iэ спыткIэ, дзэ сIуткIэ. Уащхъуэ мыващхъуэ кIанэ, е уи нэр исщIынмэ, е уи псэр хэсхынмэ!

Мэт-Джэрий зэтеувыIэри, и щхьэхъумэхэм еплъащ. А тIум зыкърачат хъыджэбзыр яIуэнтIэну, арщхьэкIэ хъаным Iэ щищIым сабырыжахэщ.

– Iэпщэрыбанэм дыхуекIуакъым, хъыджэбз дахэ! Уи Iэ цIыкIухэри уи щынэдзэ дахэхэри умыгъэуз. Сэ уэ IейкIэ уи ужь ситкъым.

– СощIэ, хъан, ауэ бжесIар пэжщ. АбыкIэ си Тхьэшхуэр щыхьэтщ... сэри фIыкIэ фи ужь сызэритымкIэ!

– Ар сыту!?

– Зи сытыращ, хъан. Мазэ нэсауэ сызыщIэс мы уи хьэщIэщым зы кIэртIоф уэздыгъэкъым щыблар!

Мэт-Джэрий и фэр пыкIащ. НапIэзыпIэм абы и нэгу щIэкIащ и щыхьэрыр мафIэсым зэщIищтауэ. Куэсэхэр щымауэ, хъаным къоплъ, щIэмычэу я нэхэр ягъэупIэрапIэ.

– ... Ауэ щыхъукIэ, мы уи щыхьэрыр сэ сиIа хуитыныгъэмрэ зы кIэртIоф уэздыгъэрэт зыхуейр, хъан. Сэ ар сщIакъым. Сэ цIыху, лъэпкъ сакъыхэкIащ. Сыщалъхуа хэку, абы и цIыхухэм я напэ, я

хабзэ дахэ! ФIыщIэ яхуэщI абыхэм, хъан! Ар си жьэ къемыкIуэххэу, дрезгъэлыпщIеифынут псори. Иджы... сыбукIынумэ, сыукI, хъан, ауэ екIэ си ужь укъихьэу... Уащхъуэ мыващхъуэ кIанэ! Ар си тхьэлъанэщ! Мис мы куэсэхэм зэхах...

– Ахэр дэгущ! – жиIащ Мэт-Джэрий. – Абы зэхахынури ящIэнури си IитIымкIэ згъэлъагъуэрщ! Догуэ, хъыджэбз пагэ, мы си къулеигъэм уезымыгъэплъ Жанболэт сукIмэ...

Хъаныр хущIэплъу, и нэ цIыкIухэр ГупымыкI триубыдащ. Хъыджэбзыр мамырт, ауэ абы и мамырагъыр толъкъун укъубеяр зыщхьэщыт хы лъащIэм ещхьт.

– ... Дауэ хъуну Жанболэт сукIмэ? Псоми абы сытрагъэгушхуэ! Жагъуэгъу куэд иIэщ! Къанлы скIэрыкIыжыххэркъым!

– УзэрегуакIуэщ, хъан! – жиIащ ГупымыкI. – Абы и унафэр си деж къэсакъым. Ауэ акъыл зиIэ абы утригъэгушхуэнкъым.

– Уэ акъыл уиIэщ, аркъэ?

ГупымыкI хъаным IупщI дыдэу еплъа мыхъумэ, жэуап иритакъым.

– ГурыIуэгъуэщ, – жиIащ хъаным. – Ауэ мы зыр си гъэщIэгъуэныпIэщ: Жанболэт хьэпсым исщ, уэ си хъугъуэфIыгъуэм ухэсщ! ТIуми... КIуэ, уэ аращ, уи ныбэ изщи, упэж щIэкъущ! Ауэ Жанболэт! Ар зыгъэерыщыр къызгурыIуэркъым! Абы и пэж, нэмыс, напэ къэт? МэжалIэр ерыскъыщ зыщIэбэнын хуейр! И ныбэ из зэрищIынщ! Ар гъащIэм и хабзэ нэхъыщхьэщ! Япэ щIыкIэ уи ныбэ нэщI, итIанэ... КъызгурыIуэркъым фи лъэпкъыр! Къанлы хуэдэхэр цIыхущ, былымкIэ, мылъкукIэ нэпсейхэщ. Я фейдэ хэлъмэ, уи анэ укъэзылъхуам и быдзитIыр къыщIэупщIыкIи къысхуэхь...

– Къанлы цIыхукъым, адыгэкъым! – ГупымыкI и макъым нэхъ зригъэIэтащ.

– АтIэ, си къуэм и щхьэр къысхуезыгъэхьыжа Жанболэт...

– Зи щхьэ къыпхуахьыжа уи къуэм си дэлъхур хьэдэгурышэу...

– Хъунщ, а псори блэкIащ! Зауэ щыхъукIэ зыгуэри хьэдэгурышэщ, зыгуэри яукI! Жанболэт и псэр уи IэмыщIэ изолъхьэ иджы... Арэзыныгъэ хэплъхьэрэ – къэзгъэнэнущ, хьэуэ...

– Хьэуэ, хъан, хьэуэ! Гугъэ нэпцI умыщI. Жанболэт и гъащIэр си Iуэху къыщепхакIэ, си ажалри абы пыщIа ирехъу! Сэ... сэ...

– Уэ упсэунущ!

– Сыпсэунукъым! Си IитIкIэ си псэр...

– Уи IитIыр езгъэпхынщ! – Мэт-Джэрий зигъэкIэрахъуэри щIэкIыжащ.

ГупымыкI япэу игу къэкIар Жанболэт щыIэжкъым, хэхыж уи псэр уи IитIкIэ, жиIэу арат. АрщхьэкIэ зыщIэгупсысыкIыжащ, и анэ, и адэ, я лIахэм я деж и гур жащ. Абы ГупымыкI щабэ ящIащ, зэтрагъэувыIащ. «Си IэкIэ згъэныж си псэр ди лIахэм зыбгъэдагъэхьэнукъым», – Iущащэу жиIэщ ГупымыкIи, мы иужьрей махуэхэм и нитIым къемыкIуэжа нэпсыр къырикIутащ.

А махуэм ещхьу, нэгъуэщIхэри кIуащ ГупымыкI зызыхуигъэхьэзыра, зыпэплъэ хъыбар бзаджэр – Жанболэт щыIэжкъым –

къыщIэмыIуэурэ. Пщэдджыжь къэс азэн джэ муIэзиным зэриухыу, ГупымыкI и деж къыщIыхьэ цIыхубзышхуэм хъыджэбзыр щтэIэщтаблэу еплъырт, мис иджыпсту къызэщыхьэкIуэнущ, жиIэу. АрщхьэкIэ фызым къригъэкIуэкIыр нэгъуэщIт. ГупымыкI хъаным и зы гъэрэм* зэрыщIагъэтIысхьам хъан-сэрайм дэт псоми кърахат адыгэ хъыджэбзыр IурыщIэ хъуауэ, ар Мэт-Джэрий и щхьэгъусэхэм яхыхьауэ. А хъыбар нэпцIыр пэжу къащигъэхъуну, хъаныр пщыхьэщхьэкIэрэ ГупымыкI и деж щIыхьэрт. А псор фIыкIэ иухынукъым. Арат ГупымыкI зи сабийм хуэдэу фIыуэ зылъагъу хъуа цIыхубзышхуэм игу щIэгъур. Фызышхуэр иригузавэрт ГупымыкI и дахагъыр зэрыкIуэщIынум, ар арэзы щIэмыхъум. Хъаным зэ пщихьынщ, тIэу пщихьынщ, итIанэ... Мэт-Джэрийми ар игъэщIагъуэрт. IэпэдэгъэлэлыIуэ ищIащ абы адыгэ хъыджэбзым и Iуэхур. ЩищIалэгъуэми ищIэжыркъым иджы хуэдэу цIыхубз щхьэкIэ гупсысэгъуэ хэтауэ... Догуэ, и жьыщхьэ лъагъуныгъэ жыхуаIэр къыхуэкIуа? ИгъащIэм зэмыгупсыса Iуэхугъуэхэм щIэгупсыс хъуащ. Тепщэныгъэу, залымыгъэу иIэ псори хъыджэбзым зэрыIуплъэу фIокIуэд. Апхуэдизуи ерыщыфэ теткъым адыгэ хъыджэбзым. ИтIанэми, бгъэдыхьэпIэншэщ. Лей ирихыну, залымыгъэ хуекIуэну езы Мэт-Джэрий тегушхуэжыркъым. Ар зыхуейр зыкъыхуагъафIэу, зыкърашытIылIэу къеубзэрэбзэныртиi, дэнэ?.. Аркъудей фэ теткъым зэгуэр хэшэну. Ди дин къудей къищтэркъым. Нэмэзыбзэ иригъэщIэну, нэмэз уахътитхур иригъэщIыну зыжриIа цIыхубз тхьэмыщкIэм иджы дыдэ лъы нэпскIэ зитхьэщIащ. Ефэндышхуэм и псалъэкIэ, нэщI мазэм дыгъэр къыщыщIэкIым щыщIэдзауэ къухьэжыху дзэкъэгъуэ Iуагъэхуакъым, итIанэми, нет къищтэу, зы нэщI махуэ къригъэзакъым.

Къурмэн махуищым Бахъчисэрай зикъутэжыпэрт. Ар гуфIэгъуэ тIуащIэт. Тыркудзэм щIыгъуу, Мэт-Джэрий и сэмэнхэр хьэмшырийхэм** ятекIуауэ хъыбар къахьащ. Абы щхьэкIэ тхьэлъэIуу ящIар, мулиду екIуэкIар! АрщхьэкIэ зы цIыху закъуэ къэнащ Бахъчисэрай и гуфIэгъуэм хэмыту, хэмыплъэу! Ар ГупымыкIщ.

– Ди текIуэныгъэр пхуэзгъэфащэмэ, сыт жыпIэнт? – Мэт-Джэрий абы щеупщIым, ГупымыкI жиIащ:

– Берычэт бесын! БжесIауэ щытарщ!

Мэт-Джэрий къызэщIэплъауэ, ГупымыкI зрипщытат, ауэ яужь зэманхэм хъыджэбзым дзыхь къыхуащIа мастэ-Iуданэ, хэдыкIхэм лэныстэр къахипхъуэтат. «Си гъэрыпIэм ис хъыджэбзым си гур гъэру иIыгъщ!» – зиумысыжащ Мэт-Джэрий.

* * *

Бахъчисэрай жейм хэтщ. Мэжджыт лъагэхэм я щхьэр мазэм егъэнэху. УIэбэу къипщыпыкIыным хуэдэу, уафэм вагъуэхэр изщ. Мэт-Джэрий и къалэр мамырщ, зегъэпсэху.

---

* Гъэрэм – хъаным и унэм щыщ Iыхьэу и щхьэгъусэхэр щыпсэурт. /Гарем.
** Хьэмшырий – къумыкъухэр къэжэр лъэпкъым зэреджэрщ.

Къулъшырыфу къещIэкIа хъан-сэрайм щхьэщыт чэщанэхэм хъаным и жэщ плъыр, къэрэгъулхэр щызэподжэ зэзэмызэ. Пшэ гуэрэн цIыкIум къыкъуэкIыжа мазэм Iуащхьэ лъагэм тет чэщанэмрэ абы хуэкIуэ цIыхуитIрэ къигъэнэхуащ. Зыр лIы есщ, гушхуауэ мэбакъуэ, адрей нэхъ зэIэщIэлъым IункIыбзэрэ финар щIэгъэнарэ иIыгъщ. Къэрэгъули плъыри абыхэм я гугъу ящIыркъым. Ахэр Iуащхьэм тет чэщанэм щIыхьащ. ПкIэлъей IэслъэсымкIэ щIыунэм йох. IункIыбзэр лъэхъуэщхэм я тетым Iуихри икIуэтыжащ. Мэт-Джэрий Iэ ищIащ, ар хуит зэрыхъужар къикIыу. Езым хьэпс гъуэщIыбжэжь улъияр ирегъэузэщIыкIри щIохьэ. Мыр Мэт-Джэрий и бий шынагъуэхэр щиIыгъ хьэпс щэхущ. Мывэу къищIыкIащ, щIыIэщ, псыIэщ. ЦIыху зырызу зыщIэс гъуэмбырэщхэу зэпрыхукIащ, языныкъуэхэм, гъущI хъар хэлъу, щхьэгъубжэ тIэкIу пхыгъэмбащ, адрейхэм дагъэ фам ипI хьэнэфий уэздыгъэ щIэтщ. Мэт-Джэрий зыщIыхьам щхьэгъубжэ хэлътэкъым. Хьэуазэм хэлъ Жанболэт финар нэхур трыригъэдзащ хъаным. Гъэрыр шынагъуэт. ЖьакIэ фIыцIэшхуэм абы и бгъэр зэхуищIырт, щхьэц кIырыр и нэкIу фагъуэм къихьэжат.

ЯпэщIыкIэ Мэт-Джэрий игъэщIэгъуащ Жанболэт зэрыжеифыр, итIанэ ар шынащ «мы псэууэ щIатIар», жиIэри. «Сэращ мыр зыIэщIэлъыр, сэ си IэмыщIэ къихуам гъазэ иIэкъым», – сэром и псалъэхэр мы хьэпсым и дэтхэнэ плIанэпэхэми къыдэщ хуэдэт. Мэт-Джэрий, и щхьэ хуэпсэлъэжу, Iущэщащ. Жанболэт къызэщоу. И нэкIум илъ щхьэцыр иридзэкIщ зыгуэрым щIэбжьахъуэ хуэдэуи, Жанболэт Iэдэбу къэпсэлъащ:

– Ухэт уэ? Си хьэдрыхэ пщIыхьыр щхьэ пкъута?

Хъаныр къэскIащ. Япэу абы игу къэкIар зищтэу къыщIэжыжынырт. Ауэ дзыхьмыщIу, Iэнкуну жиIащ:

– Сэ сыхэтми, уэркIэ зэхуэдэ си гугъэщ. Ауэ къыпхуэсхьа хъыбарым...

И Iэхъулъэхъухэр игъэпсалъэу, Жанболэт къызэфIэуващи, и нитIыр лыду, хъаным лъэбакъуэ хуеч.

– ХъыбарыфI къысхуэпхьауи?! СэркIэ иджыри хъыбарыфI щыIэщ!.. Уэ улIыукIщ! Аракъэ? Си ажал къэпхьащ! Ар сыт насып?.. Ди Тхьэшхуэм сызэрелъэIуар къысхуищIащ! Мы Мэт-Джэрий хьэпс зыфIища кхъэм зым и хьэдэкъым щIэфыхьар! Сэри абы я щхьэ къупщхьэм пIэщхьагъ щысщIат! – Жанболэт и Iэхъулъэхъухэр зэрегъэшх. – Мыбы хъан залымым епхъэшэкIа зыкъым яхьар! Сэри лIы и лIэкIэ ажалым пэIуджэ сащIащ. Иджы... ди Тхьэшхуэ! Мы дунейм тетщ захуагъэ! Уэ сыщIэпшынурэ... зы жьы Iурыхьэгъуэ, зы зыплъыхьыгъуэ къызэптынкъэ? А жьыр си хэку кърихунущ, си лъахэ вагъуэхэр... сэ, дауи, жэщущ сыщыбукIынур, иджыпсту жэщкъэ? НакIуэ, сэ сыхьэзырщ!

Мэт-Джэрий зигъэхъеякъым.

– Гъэрыр ущыуащ, – жиIащ абы. – Сэ сылIыукIкъым. Къыпхуэсхьари ажалкъым, атIэ гъащIэщ, щхьэхуитыныгъэщ!

Жанболэт икIуэтри, жыглыцым щIигъэна мывэ блыным зригъэщIащ. ИтIанэ хуумыгъэфэщэну ткIийуэ жеIэ:

– Щхьэхуитыныгъэр пщылIыныгъэкIэ сигъэхъуэжыну армыраүэ пIэрэ хъаным аргуэру къыщIысхуигъэкIуар?! Си напэр имыуасэу пIэрэ абы къысхукъуигъэплъ гъащIэм? Хъаныр зыхуитыр мы хьэпсырщ! НэгъуэщIкъым! Си напэр, си лIыгъэр, мыбы силIыхьми, сэращ зейр! Ар сэ си фащэщ! Лъы IэмпIэ сщIэтуи, зэстыни зэсхъуэжыни щыIэкъым, куэд щIауэ сагъэIулэми!

– Сэ сыкъыщIэкIуар уэ иджыри къэпщIакъым, – жиIащ Мэт-Джэрий и щхьэр къиIэтри. – Ар икIи гъэщIэгъуэнкъым: гъэрыпIэм ис хамэщI ныбжьэгъу щылъыхъуэркъым икIи щыпэплъэркъым. Дэнэ? Пэжщ, тхьэмыщкIэ, пэж. Уэ ныбжьэгъу къэбгъуэтащ. Ахэр хьэзырщ, хуит уащIыжу, уи хэку уаутIыпщыжыну! Иджы уарэзы хъыбарымкIэ?

– Ужин уэ, хьэмэрэ умелыIыч? Щхьэхуитыныгъэм, насыпым и хъыбар си деж цIыхум къахьэсыфынкъым. Зэ жыIэжыт! Сэ сыщхьэхуитмэ, си лъахэ слъагъужынщ! Сэ нэгъуэщI сыхуейтэкъым! Си хэку, фIыщэу слъагъу си хэку! Сэ уи деж нэзгъэзэжынущ, услъагъужынущ! СыщапIа губгъуэхэр! Ди къуршыжьхэр! Мэзыжьу зи жьауэ сыщIэхъукIа, си щIалэгъуэр хуиту, насыпыфIэу щысхьа си лъахэ! Дапщэрэ къэхъурэт мы бэным сыдэсу къуршыбгъэ лъэщхэм я макъ си тхьэкIумитIым къыщиIуэ! Абдеж лъэгуажьэмыщхьэу... Уоу, си лъэпкъ пагэ, къысхуэгъэгъу!.. Сэ лъэгуажьэмыщхьэу къэрэгъулым селъэIурт сылIа иужькIэ къемыхьэлъэкIыу си хьэдэр а къуанщIэ лъэщхэм яхуидзыжыну! Си гугъэт а уэшхуэр зи щапхъэ, хуитыныгъэм и бын къуршыбгъэ дахэхэм сэ сагъэщIэхъункъым, си зы къупщхьэ нэхъ мыхъуми, си хэку нахьэсыжынщ, жысIэу. Ахэри сэ схуэдэу ди къурш щхьэ лъагэхэрщ зыпIар! Дэ дызэщ, дызэрощIэ... Иджы сэ сыщхьэхуитщ, си лъахэ згъэзэжынущ! Абы и акъужь къысщIихунущ, и уафэ къащхъуэ сиплъэжынущ! Си гъащIэр абы и щхьэлъапIагъым щIэстынщ, сылIэмэ, си хьэдэр абы щыщIалъхьэжынщ. Уоу, ди Тхьэшхуэ! АркъэнкIэшым* сытесу, шы емылыдж... – Жанболэт и нэпс къекIуащ. Абы и нэгу къыщIидзэжащ мы бэлыхь псом щыхэхуа махуэр. АркъэнкIэш аркъэн, шы мыгъасэ... Зауэм и гуащIэгъуэу, Жанболэт и пцIэгъуэплъыр щIаукIыкIат. Япэ къыпэщIэхуа шым зридзри, Жанболэт хъаным и сэмэнхэм я дзэзешэр щIигъэIат. Псоми яхэжауэ, Жанболэт аркъэн кърадзащ. Бетэмал, шыр аркъэнкIэшу къыщIэкIынт, зэщIэувыIыкIащ. Ар пцIэгъуэплъырауэ щытамэ, аркъэн къэзыдзар Жанболэт къихьынт, е жэрыжэм зэрыхэту, е игъэкIэрэхъуарэ аркъэным иринжэу. Абы и пIэкIэ, езыр, шым трачри, чачэу иралъэфэжьащ. ИтIанэ...

Жанболэт ину щэтащ.

Мэт-Джэрий сын гъэжам ещхьт. Абы и щхьэм Iэджэ гупсыси къэкIат, ауэ псом япэр и гъэр щIалэр, сыт хьэзаб темылъами, зэрыбыдэрт, абы и хэку хуищIа лъагъуныгъэшхуэм, зыри пэмылъэщауэ, зэрыригушхуэрт, зэрырипагэрт. Гъэрым апхуэдиз нэмыплъи хэлъщ.



* АркъэнкIэш – аркъэнауэм и IэщIагъэм хуигъэса шы. /Специально тренированная лошадь арканщика для ловли лошадей.

Лъагъуныгъэрэ нэмыплъу зэпэгуэшащ Жанболэт и гъащIэр. ЦIыхум и щхьэр зыгъэлъахъшэ гуэри абы я зэхуаку дэткъым. Апхуэдэр е псэун, е лIэн – аращ. Зи къарур ин! Мэт-Джэрий къурIэным и зы сурэ игу къэкIыжащ: «ЦIыху цIыкIу, уи щхьэр бгъэлъапIэкIэ, Алыхьым и цIэр уоIэт. Абы псори къигъэщIащ. Уэ пщIэфымкIэ ар щыхьэтщ. ЗылъэкIи зылъэмыкIи, фщIар фи фащэу, Алыхьым и пащхьэ фиувэжынущ. Ар хейщIакIуэщ».

– Дапщэщ сэ хуит сыщыхъужынур? – жиIащ тэлай дэкIауэ Жанболэт.

– Ар плъагъуркъэ, – Мэт-Джэрий мэгупсысэ, – хъаным и деж Бибей и пхъур щыIэщ.

– ГупымыкIи?

– ГупымыкI.

– ГурыIуэгъуэщ иджы. Хьэуэ, – жиIащ Жанболэт, – апхуэдэ уасэкIэ сэ си щхьэхуитыныгъэ къэсщэхужыфынкъым. Хъанми сэ щауэкъуэт сыхуэхъункъым. СызыхуэкIуэжым сыт къызжаIэн? Хьэмэрэ пхъуантэм сыдэсу си гъащIэр схьын? Сэ къызэрызгурыIуэмкIэ, хъаныр си арэзыныгъэ къыщIоупщIэ. Ауэ щыхъукIэ... Хьэуэ. ГупымыкI сэ фIыуэ солъагъу! Си арэзыныгъэ хэлъу, ар хъаным схуетынукъым! Ар къызогъанэри... Хьэуэ, – Жанболэт и хьэуазэпIэм гъуэлъыжащ. Мэт-Джэрий, зи жагъуэ ящIа цIыхуу, нэщхъей хуэдэу зещI. Абы фIэфIт, дихьэхырт и гъэрыр адэкIи игъэунэхуну. Бий фIэкIа ныбжьэгъуи, жэрэгъуи, лъагъуныгъи зимыIэ хъаныр нобэ теуащ. «Си гъащIэм нэхъ гуакIуэу, нэхъ дахэу хэлъа дакъикъэхэм ящыщщ иджыпсту», – и фIэщу зыжриIэжырт Мэт-Джэрий.

– Догуэ, уэ ухэлIыфIыхьамэ, ГупымыкI арэзы хъуну уи гугъэж? – жиIащ абы хъуэр хэлъу.

– Си хьэтыр, жысIэми... Кърым хъан Мэт-Джэрий къызогъанэри, си хьэтыр жысIэмэ, ГупымыкI хьэщхьэвылъэм дэкIуэнщ, – Жанболэт и фIэщу жиIащ. – Иджы абы шэч къыщIытезмыхьэр... ГупымыкI ещIэ, сэ си гъащIэр кIыхь-кIэщIми, апхуэдэу сызэремылъэIунур!

– ДумыгъэщIэхъу, – жиIащ Мэт-Джэрий, дыхьэшхыурэ. – Сэ сы-Мэт-Джэрийщ, Жанболэт. Щылъ, укъэмытэдж! Иджы, Жанболэт, сэ сызыхапIыкIар бзаджагъэрэ нэмыплърэщ! Сызыхэтхэр е напэншэщ, е IуитIбзитIщ. Зыкъым сэ си псэм къыхузэпещэр. Абыхэм аслъэну забжыж! Ауэ ящIэркъым аслъэным нэхъ хьэлъэу уеуэхукIэ нэхъ IурыщIэ зэрыхъур! Аслъэн гъэсар хьэм нэхърэ зэрынэхъ Iэсэр!

Жанболэт игъэщIагъуэу Мэт-Джэрий къеплъащ.

– Догуэ, Мэт-Джэрий, укъыщIысхуэкIуам нэгъуэщI щхьэусыгъуи иIи! КъызэрызгурыIуэмкIэ, уэрэ сэрэ дызэбгъэкIужынут. ПщIэрэ уэ уи сэмэнхэм си хэку щащIар? Плъэгъуа шы лъабжьэкIэ сабий яутэу, уи нэгу къыщIэбгъэхьэфын тхьэм и щIасэ хъуа лIыжьыр, ажэ щхьэгуэжьым хуэдэу, жьакIэкIэ кърашэкIыу? ЦIыхур, хъан, дэзыхьэхым и гъэрщ. Ауэ абы яхэлъщ фIыщIэ щIахуэпщI хъун! Ар и хэку, и цIыху яхуищI лъагъуныгъэрщ, залымыгъэм, и хабзэ, и псэукIэ зэхэзыкъутэну яужь къихьам, зэрызыдимыгъэшырщ! И хэку и бийм

ирипэс нэмыплъырщ! Аслъэныр пхуэгъэсэнщ узэрыхуейуэ, хъан! ЦIыхур... сэ цIыхурщ жыхуэсIэр... и лIыгъэкIэ псыхьащ! Абы аслъэныгу кIуэцIылъмэ, – аслъэнщ, гъасэ! Дыгъужьыгу кIуэцIылъмэ, – дыгъужьщ, гъасэ! Бажэр – бажэщ, тхьэкIумэкIыхьыр – тхьэкIумэкIыхьщ – гъасэ ахэри! Ауэ цIыхум цIыхугу кIуэцIылъмэ! Ар цIыхущ, абы лей къыуихынкъым, епщIаи къыпщIигъэкIуэнкъым!

– Си къуэм и щхьэр...

– Уи къуэм и щхьэм уэ ухуеижтэкъым, Мэт-Джэрий!

Хъаныр гъэрэщым къыщIэкIыжащ. «Ещэн, ещэн тIури джунузхэм! Ещэн, си натIэм ихын», – и щхьэм щыджэрэзу, Мэт-Джэрий щIыхьащ къызэришэрэ илъэс мыхъуа и фыз нэхъыщIэ Заирэ дахэ деж.

Заирэ ныкъуэзытIэщIу гъуджэм кIэрытт. Ар бгы псыгъуэт, и шхужьитIым еплъагъулIэмэ, плIэ Iузэт, и лъакъуэхэр гъумт, захуэт. Тырку сулътIаным зригъэщхьу, Мэт-Джэрий лъакъуэ гъум фIыуэ илъагъурт.

Узыншагъэрэ зэIузэпэщкIэ къыщыпкIыу гъэнщIа и Iэпкълъэпкъыр блэм хуэдэу иIуантIэу, Заирэ Мэт-Джэрий къыбгъэдыхьащ. Ар хъаным и къэкIуэныгъэм щыщыгуфIыкIыну зэманыр зэрыблэкIрэ куэд щIат. Нэщхъейт. Адрей жэщхэми ещхьу, Заирэ игу зэщыуэхункIэ и лIым пэплъэри, щымыгугъыжу, и шыгъушыпсыпIэ хэгъуэлъхьэжыну зигъэхьэзырат.



– Сыт къэхъуар, Заирэ? – жиIащ хъаным, и фыз гъэфIэныр къызэрыхуэгущIыIэр и нэ къыфIэнауэ.

– Зыри, – жиIащ цIыхубзым, и напIэр игъалIэри.

Мэт-Джэрий и щхьэгъусэр и бгъэ щIикъузащ. Абы и натIэм IупэкIэ йоIусэ. «Аращ, кIэ иIэщ лъагъуныгъэм. Седжакъэ, уи натIэм ба... Си насыпым нэхърэ нэхъыбэкIэ сэ щхьэ сыпсэуа?» Заирэ къыщиудащ. Ар магъ, гуащIэу, гуIэу. Псалъэхэр и тэмакъ тена хуэдэ, фызым жиIащ:

– Сыту сынасыпыфIат! Iэуэ къыздэплъэм сыдэумэзэхыу... Абы щыгъуэ щхьэ сымылIарэ? Иджы гъыбзафэр згъэшу, нэху къыстощхьэ! Нейхъэрэт, сыт щIа? Сыт щIа? Си закъуэ...

– Заирэ, Iуэху...

– Си пщышхуэ, си тепщэ, си псэр щхьэузыхь зыхуэсщIын! – Заирэ гуапэу, быдэу Мэт-Джэрий зришэкIащ, и нэпсыр джэшым хуэдэу къелъэлъэхыу, – сэ уэ уи IэмыщIэ силъщ, сэ уэращ нэкууи напIэуи сиIэр, ауэ си гур къыумыгъапцIэ! Япэхэми щыIащ шынагъуэ! Ар дэ зэдэдгуэшырт! Япэхэми Iуэхум уэ си бгъафэм ущIашырт. АрщхьэкIэ укъэпIащIэу... АбыкIэ сэ сынасыпыфIэт, си гъащIэр изт! Сэ сыцIыхубзщ! Уи IэфIагъ фIэкIа сыузыншэхукIэ, сыдахэхукIэ жысIэркъым. ИтIани, уэ псоми сыщIэбгъэдэIурт, сыбгъэгуфIэрт, сыбгъэинырт! Абы сэ хэсщIыкIпарэт, джунузхэр къобзэджэкIыну хэтами, Истамбыл и жагъуэ пщIами, Арысейм уатегуплIами! Ауэ сыумэзэхауэ, си тепщэр зэрыакъылыфIэ, зэрылъэщ, зэрыдахэ, жысIэу сэ а псом сыщIэдэIурт, нэхъри нэхъыфIу услъагъуу!.. ИтIанэ, адыгэхэр! Зи цIэр зэхэзмыхыжын адыгэ IумпIейхэр! Уоу, ди Алыхьышхуэ! Узыфейм, емынэм, талом щхьэ иумыгъэхьрэ ахэр?! Мы си гум, мы си псэм бампIэу къыдалъхьар...

– Заирэ! Заирэ дахэ! Сыт жыпIэр? Си гъэр хъыджэбзыр...

– Аращ, аращ а щыблэр зэуэныр!

– Дауэ? Заирэ, абы и Iуэхур узэрыхуейуэ...

– Пылъэ и щхьэр! Хьэтыр уиIэмэ, пылъэ! – Заирэ и нэ пIащэшхуэхэмкIэ Мэт-Джэрий еплъащ, елъэIуу.

– Бзылъхугъэм и щхьэ пыплъэну Аллахьу тэхьэлам фIэдурыскъым, – гушыIэрт Мэт-Джэрий.

– Шы емылыджкIэ зэкIэщIегъэтхъ! – и фIэщт цIыхубзым.

– Абы зинэ ищIакъым, Аллахьу тэхьэлам фIэкъабыл хъункъым.

– Сэ щхъухькIэ...

– Сэ лIыукI и гупэ сыгъуэлъыжыфрэ? – сэмэркъэум* дихьэхырт Мэт-Джэрий.

– АтIэ, ещэ джунузхэм...

– Догуэ, уи унэIуту...

Заирэ мэгупсысэ. Ар къэгуфIэжащ. Мэт-Джэрий абы и нэпсыр илъэщIри ба хуищIащ. И Iупэхэм. Лъагъуныгъэм, бам хуащIа Заирэ и Iупэ дахэхэм.

– Си Заирэ дахэ, си Заирэ бажэ! Къапщтэрэ унэIутыр? Куэдрэ ухэмыплъэ, сыщIегъуэжынщ! – и гурыфI къызэрикIам тетт хъаныр.

Заирэ насыпыфIабзэу и щхьэр игъэкIэрэхъуащ.

– Ар сыт щхьэкIэ? – игъэщIэгъуащ Мэт-Джэрий.

– Си деж укъакIуэмэ, ар нэкIэ къэплъыхъуэу... Бадзэ и дзапэ узылъэщ, сыхуейкъым.

Хъаныр дыхьэшхащ.

– Си Заирэу джэдум хуэдэ, умышынэ. Гъэр пщащэми, гъэр щауэми пщэдей сапыкIынущ. Хъунщ ар. Мэт-Джэрий жыхуаIэр абыхэм иджыри ящIэркъым! ЗакъезгъэцIыхунщ! – Мэт-Джэрий ябгэу жиIащ.

– Армырати хабзэр! СлIо ахэр? Хабзэкъым, бзыпхъэкъым. ХьэкIэкхъуэкIэм хуэдэу, нэмыси-асыли яхэмылъу, мэзым, къуршым исхэщ! Iимани дини ящIэркъым. Хьэндыркъуакъуэ нэгъунэ яшхыу жаIэ, уегуакIуэмэ! – бзэрабзэрт Заирэ, игъащIэм зэхимыхахэри къыжьэдэужьгъыкIыу.

Мэт-Джэрий аргуэру пыгуфIыкIащ.

– Си жагъуэгъущ, жыпIэу пцIы ятумылъхьэ! Хьэндыркъуакъуэ зышхыр ахэр аракъым. Iимансызхэр пэжми.

– Аращ, ди Алыхь дотэ! – и гур къызэрыгъуэтыжыпауэ, псалъэрт Заирэ.

– Аракъым! УмыщIэ умыIуатэ!

– НтIэ, хэт? Хэт? Плъагъурэ? – Тырку сулътIанышхуэм нэхъыфI дыдэу илъагъу пэщэм ипхъу Заирэ цIыхубз Iэсэхэм ящыщтэкъым. Абы и гужьыр илът иджыри.

– Аракъым жысIащ! – Мэт-Джэрий и макъ шынагъуэм Заирэ дэумэзэхащ. – Хьэндыркъуакъуэ ямышхми, абы яшхын ягъуэт! Шхынрэ хьэщIагъэкIэ абы ядэбгъуэн щыIэкъым. Ауэ IумпIейхэмэ...

– Адыдыд! Щхьэ ямыщIэжрэ абы зызыпашэр?!

* Сэмэркъэу – ауан, гушыIэ. /Шутка.

– Пагэ я куэдщи! Пагэхэщ зэрыщыту.

– Я пэр щIым яхущыхуамэ, сыкъащIэнт пагэ! Уи щIалэ хъарзынэр зыIэщIалъхьащ. Абы щхьэкIэ хъунт а Жанболэт жыхуэпIэр бжэгъум фIэбгъэтIысхьэ! СыкъищIэнт итIанэ, – Заирэ абы щIытригъэчыныхьыр, Жанболэт яукIмэ, ГупымыкI зиукIыжыну зэхихати арат.

Мэт-Джэрий ней-нейуэ и фызым еплъащ.

– Ари уи мыIуэхущ! Укъызэрыкlа хуэдэ! Ахьмэт абы ямыукIами... гъащIэшхуэ зиIэхэм ящыщтэкъым. Бийм ущыIущIэ и пIалъэщ. Абы ар ищIакъым, япэ зэрыIууэу, и щхьэр фтреящ. Зыхуэмыщ уэщыкI и Iыхьэщ. Ауэ мы Жанболэт IупэфIэгъу къэсщIыфамэ... Мис апхуэдэкъуэ зиIэм ухуей-ухуэмейми уехъуапсэ хъунущ... Абы и щхьэм и лъэпкъ псор телъхьэ къысхуищIыфынут сэ... Гъэш зыщыбэм цIыхур щыбейщ. Абы Iэщышхуэ яIэт, къулейхэт, – и щхьэ хужеIэж Мэт-Джэрий.

– Биижь благъэ пщIынуи?..

– Хъунщ. Сешащ. Биижьыр ахэр аракъым. Биижьыр нэгъуэщIыпIэщ здэщыIэр. Арат сэ абы сащIыхуейри. Шууейхэщ, шыщхьэмыгъазэхэщ.

– ТхьэмыщкIэ, узыщысхьыжыркъым, уи щхьэ уеплъыжыркъым. Уи вакъэхэр лъызгъэхыт. Уи лъакъуэхэр пхуэстхьэщIын? Псы хуабэм хэбгъэувэн? – къэгуфIэжыпат Заирэ, и пщышхуэ лъакъуэ гъумым «сешащ» щыжиIам. Ар мыдрей псалъэхэм едэIуэжакъым.



Гъэр хъыджэбзым езым и насыпыр текIуа фIэщIыжу, иджыпсту жиIэ псори нэгъуэщIым хъаным къыхуищIэу зэхихмэ, зэрылIыкIынур, и ажалыр зыхэлъыр ара къыщыхъужу, Заирэ тас-къубгъан къещтэ, Мэт-Джэрий и лъакъуэхэр хуетхьэщI. Фызым тIуанэ къытращIауэ зэхих нэхърэ и псэр и IэкIэ хихыжмэ нэхъ къиштэнут.. Езыр тIуанэ зытращIа физ нэхъыжьхэм зэрызамылIэжар игъэщIагъуэрт. Ахэр зэгуигъэпырт, IупщIэ яхуищIу, сытри ярипэсу. Абыхэм ещхьу Заирэ къэнэжынуи?! ЗыщIэнэкIа псори къыпекIуэкIыжынуи?! Ар Алыхьым имыухкIэ. Япэ махуэхэм, ГупымыкI къыщашам, сыт хуэдиз абы игъэвар. Пщыхьэщхьэ къэсыхукIэ, пщэдджыжь къэсыхукIэ адыгэ хъыджэбзым и унэIут фызышхуэр IупэфIэгъу къищIарэ псори жригъэIэу, еубзэу, зыгуэрхэр ириту... Iэрымылъхьэу, зыми зыри къыпхуащIэнукъым. ПщIэншэ уадэ Iэтыгъуейщ. Хьэщхьэвылъэ хуэдэ, а фызышхуэри бзаджэт. ГупымыкI жыхуаIэ а блащхъуэжьейм зыгуэр иригъэшхамэ, зэфIэкIати, ириIуэкI-нриIуэкIми мыхъуурэ, иджы къэсащ. Куэду фIыкъэ атIэ иджы! Хъаным езым си деж къигъэзэжащ. Адыгэ хъыджэбзыр Iей хъууэ аращ фызышхуэм жиIар. Хъарзынэкъэ-тIэ ар! Уэдыр Iушэщи, пшэрыр дахэщ. Си хъанми ар къыгурыIуэжагъэнщ.

* * *

ГупымыкIрэ Жанболэтрэ гъэрыпIэм къызэрикIыжар гуфIэгъуэшхуэу яIэтат. Иналыкъуэ хьэблэ хьэщIэу щыпэкIур тIэкIу нэхъ

щытеум, Темболэти щыту, Жанболэт и анэ Дыгъэнэху и пIэщхьагъ къыщIихыжри, и щIалэ апхуэдизу зыхуэгузэвауэ иджы зыхуэгуфIэжам и кIэрахъуэр иритыжащ.

– Мыр, тIасэ, а е махуэм губгъуэм щыпкIэрыхуауэ, НэфIо къысхуихьыжат! Уи фэ есплъу... – фызыжьым игу къызэфIэнащ.

– Щхьэ угърэ атIэ? Умыгъ, си мэхъан дыщэ! Мыр ди деж хьэщIэу щыпэкIуам тыгъэу къысхуащIам и уаси! Си кIэрахъуэжь! Дызэрыгъуэтыжащ!

Жанболэт здэгуфIэм, Темболэт нэщхъей зэрыхъуар илъэгъуакъым. ЩIалэ цIынэм псоми къаужэгъуауэ, зыми къафIэмыIуэхуу, зыри къыхуэмеижу къыфIэщIыжащ. И анэм хуэдэу илъагъу фызыжьым абы къыщибзыщIащ Жанболэт и кIэрахъуэр зэрымыкIуэдар, ар абы щигъэпщкIуащ. ГупымыкIрэ Жанболэтрэ къэтыхукIэ Темболэт куэдрэ Iууат Къанлы. ИкIи Жанболэт гъэрыпIэм къимыкIыжыну зи фIэщ хъуа Къанлы щIалэ цIынэр хуигъэIущырт, нэгъуэщI мыхъуми, и адэр зыукIа лъэпкъым я лъэпхъуамбыщIэкIэ илъ ищIэжыну.

Ауэ Къанлы зэримыгугъэххауэ Iуэхур къекIэрэхъуэкIащ. Жанболэт сымэ гъуэгу тетт, абы и хъыбар Къанлы къыщыIэрыхьам. Абы Темболэт зэщIигъэплъэфатэкъым абы щыгъуэ пежьэ ящIыну. Езы Къанлы япэтIысат. Ауэ Жанболэтрэ ГупымыкIрэ аузым къызэрыдыхьэжу, зы дакъикъэ хуэдизкIэ цIыхуншэ хъуакъым, укъамыщIэу епкун хуэдэу. 

Иджы Темболэт хамэгу-хамащхьэ дыдэу зибжыжат. КIэрахъуэр апхуэдэу зэрилъагъу лъандэрэ ар гурыщхъуэм хэкIыртэкъым. А псом ГупымыкI щхьэкIэ зэрыгупсысэри хэтщ. ГупымыкIт, Темболэт и лъагъуныгъэрт, Исмэхьил зригъашэу, Бахъчисэрай тхьэмахуэ псокIэ щIыдэтар! Лъыхъуэу, имыгъуэту, хъан-сэрай пщIантIэм дамыгъэхьэу! ИужькIэ щIэупщIэ щыхъум, Iуэху къащIри, ерагъыу я щхьэр къыдахыжыфа къудейт Бахъчисэрай.

Жанболэт и кIэрахъуэр и анэм иритыжри, махуитI нэхъ дэмыкIауэ, пхъэ къутапIэм хэт Темболэт Жанболэт бгъэдыхьащ:

– Темболэт, ди анэм схужеIэ: сэ физ къэсшэнущ. «ЗыхуэмышыIэ пщтырафэщ» къысхужремыIэ, адэкIэ ди щхьэ илъ зыри щыгъуазэкъым. ЗэрыпщIэщи, ГупымыкI къызэрыкIуэжрэ Щэбэтыкъуэхэ я деж щыIэщ. Абы и Iуэхур Щэбэтыкъуэ зэрихьэнущ. Ди адэ къуэш, ди благъэ щIэупщIапхъэр ди анэм ищIэнт. ИтIанэ, и жагъуэ мыхъунумэ, схуелъэIу ехьэлIэ-къэхьэлIэ, кIыхьлIыхь къыхэмыкIыу, ди деж къатшэ хъунрэ мыхъунрэ.

Темболэт и нэхэр щыункIыфIыкIащ. Абы иIыгъ джыдэр зэрылъэкIкIэ пхъэ къутапIэм хиупцIащ, тIэкIущ къэнар и къамэм епхъуэным. ЗишыIащ, зиIыгъащ. «Схуэхьыжыркъым. Сыт сщIэнур? Аращ гупсысапIэу сиIэр – ГупымыкI! ЗылъэмыкI и IэфракIэхэр еубыдыжри мэубзэ... Сытегушхуэн? Хьэуэ. Сыту сынасыпыншэ!» – Темболэт, чэфым хуэдэу нещIэ-къещIэу, и IэфракIитIыр иубыдыжауэ, пхъэ къутапIэм къыхокIри, Жанболэт и анэм деж щIохьэ. Анэр арэзыт, лъэтэнум хуэдэу гуфIащ. Iуэхур хъунумэ куэдрэ. Жанболэт и адэ къуэшхэр къызэхуэсри, унафэ ящIащ ГупымыкI щIэупщIэнхэу. Лъэпкъым

нэхъыжьыгъуэр зей Джырандыкъуэ фIэкъабылтэкъым Жанболэт и фызышэм епIэщIэкIхэу.

– ЕмыкIукъэ, зи унагъуэр бэгъуэжын, адыгэ хабзэр дывмыгъэкъутэ. Пщащэ цIыкIур зеиншэми, уардэжь унагъуэ ирапIыкIащ, нэмысыншагъэ кIэлъызетхьэмэ, и жагъуэ хъунщ. Ар Щэбэтыкъуэ и къан хъыджэбзщ, лIыжьми сыт къытхужиIэн? ДыщIэвгъэупщIэ, и нэчыхь едвгъэгъэтхи, зы илъэс...

– А Дотэ, – жиIащ Жанболэт и анэ Дыгъэнэху (ар и пщыкъуэ нэхъыжьым ДотэкIэт зэреджэр), – кхъыIэ, псэ зиIэм уахъты иIэщ, пщэдей ди щхьэ илъыр тщIэркъым, кхъыIэ... Мыбдеж къаIэтащ, сэри зыри жызмыIэурэ сахэдэIухьащ. Ди тхьэ, сэ сыхьэзыркIэ. Пщащэ зи щыпэдэрэ фызыжь мыдэжыфрэ, жывэзмыгъэIэн. ЩIалэм мурад ищIмэ, сигу илъурэ мэрэмэжьейр мэрэмэжьейуэ, махъсымэр махъсымэу... Ауэ зым зыр къытехъуэурэ... – фызыжь гумащIэм и нэпсыр къызэпижыхьат.

– А зиунагъуэрэ, мэрэмэжьейр ара Iуэхур здэщыIэр? Хабзэр... КъимыдэкIэ, иджыпсту гъатхэщ. Гъатхэ тхьэмахуэ щIымахуэ Iусщ.

– «Къэбублэр хабзэщ», – жиIащ пасэрейм. Тхьэ гуIэ, си щхьэкIэ абы сэ зыри хэзмылъагъуэ. Уасэу щIэттын диIэщ, хъыджэбз цIыкIури дыщэм хуэдэщ. Гъэсащ, псыхьащ, зэрыжаIэу. Хэт ГупымыкI зымыцIыхур? И нэчыхь тхауэ, илъэс дэдгъэсыжкIэ сыт къэтхьыр? Ар хъунт и ныбжь нэмысатэмэ, унэ и пIалъэ имыщIэтэмэ... А илъэсым ягъэIущынщ, яущиинщ, жыпIэнт. Мыбы, тхьэ гуIэ, унагъуэ Iуэху мыхъуу къэрал унафэ бгъэдэлъхьи, укъигъэукIытэмэ! – жиIащ Джырандыкъуэ и шынэхъыщIэ хьэгъуэлIыгъуэ, хьэкъувыкъу тIэкIухэр фIыуэ зылъагъу лIы тхъуэплъышхуэм. Жанболэт и щэхур, хуэгушхуэри, абы псом япэ ирихьэлIат, арат щIытригъэчыныхьри.

– Хъунщ атIэ, – пыгуфIыкIащ Джырандыкъуэ, – сэра фи гугъэрэ нысашэ зи жагъуэр. ДгъэкIуэнщ, дыкIуэнщ Щэбэтыкъуэ и деж, делъэIунщ табущхьэщэщкIэ, деплъынщ жэуапу къыдитым. Хэт нэхърэ хэс! ИIэ, маржэ!

А пщыхьэщхьэм Щэбэтыкъуэ, тIэкIуи ешауэ, тIэкIуи зигъэгукъыдэмыжу, нэхъ жьыуэ гъуэлъыжауэ, Джырандыкъуэ сымэ абы и пщIантIэм дыхьащ. И адэм и щхьэ зэрижагъуэр зэхахауэ къэкIуа фIэщIри, абы къапежьа НэфIо жиIат:

– Фыкъеблагъэхэ, дауэ фыщытхэ... Ди адэр мыбыкIэ щIэлъщ, – унэшхуэмкIэ и Iэр ищIри.

АрщхьэкIэ Джырандыкъуэ хьэщIэщымкIэ иукъуэдиящ. НэфIо жиIар зэхамыха фIэщIу, аргуэру къытригъэзэжащ.

– КъызгурыIуащ, тIу, – къызэпсэлъэкIщ лIыжьри, хьэщIэщ зи бжэр игъэузэщIыкIам щIыхьащ.

Иджы НэфIои къыгурыIуат Джырандыкъуэ сымэ сымаджэ Iуэху зэрызэрамыхуэр, щIэупщIакIуэ къызэрымыкIуар. ЩIалэм гурыщхъуэ ищIащ. Ар и адэм бгъэдэмыхьэ щIыкIэ, ГупымыкI сымэ зыщIэс пэшымкIэ щIыхьащ.

– Зыкъэумысыт, си бжьыр зыдыгъуа! – жиIащ НэфIо, ГупымыкI бгъэдыхьэри.

– Сыт? Сыт? – НэфIо щыщIыхьэм къэтэджа хъыджэбзыр плъыжь къэхъуащ.

– Сыт? Аргуэру зыгуэрхэр къигупсысащ, – мэдыхьэшх ГупымыкI и гъусэу къызэфIэува физ лъэщыджэшхуэ ЖанIэфI – Щэбэтыкъуэ и нысэ нэхъыщIэр.

– ИмыщIэ зэрызищI... Псэлъыхъу къытхуэбгъакIуэу... СабырщIэгъей!

ГупымыкI нэхъри плъыжь къэхъурт. Абырэ Жанболэтрэ гъэрыпIэм къыщикIыжа япэ махуэм губгъуэм жэщ къащытехъуат, зыгуэр и хьэщIэщ еблэгъэну мыкIуэжыфхэу, яшри езыхэри ешаелIауэ. Щхьэхуитыныгъэм и гуфIэгъуэшхуэм, я псыхъуэ зэрыхуэпIащIэм ахэр бысым хуэмей цIыхухэм ящыщ ищIат. Абы щегупсысыну я акъыл щынэсам, мазэгъуэнэху дахэу дунейр бзыгъэми, Iэгъуэблагъэу жылагъуэ гуэр щыIэтэкъым. Iэджэрэ псэлъа, Iэджэм я щхьэфэ иIэба и ужькIэ, ГупымыкI зэрыхущхьэпцIым гу лъитэри, Жанболэт и щIакIуэр иубгъуащ, хъурейуэ кърихъэтIылъэкIыну аркъэн иIэтэкъыми, ГупымыкI ириубыдэу гъуэ къитхъыхьщ къамышыкIымкIи, хъыджэбзым гъуэлъу зигъэпсэхуну жриIэри, езыр IукIащ. ГупымыкI шынащ, и закъуэ губгъуэ нэщIым... Ар игъащIэм щIыбым нэху къыщекIатэкъым.

ГупымыкI ищIэрт Жанболэт жыжьэ зэрымыкIуар, укIытэрт еджэну, итIани хуэшэчакъым. Апхуэдиз хьэзаб ятелъар, а псор щIашэчар... ГупымыкI жиIащ:

– Жанболэт!

Абы къежьэ хуэдэ, щIалэм зигъэгувакъым:

– Сыт?

– КъакIуэт мыдэ... Къэгъуэлъ, мы щIакIуэм дытехуэнущ... Апхуэдэу зэрыжысIэр умыгъэщIагъуэ. «Лыр зыс мафIэм пхъэ дзасэр къелыркъым», – и псэлъафэт си анэ мыгъуэм.

Жанболэт зыри жимыIэу и сэшхуэр кърихщ, я зэхуаку дилъхьэри бгъукIэ зригъэщIащ. Ар ГупымыкI и жагъуэ хъуат, къыщылъэту губгъуэм ихьэжын хуэдизу.

Тэлай дэкIауэ, Жанболэт къэпсэлъащ:

– Ужейрэ?

– Хьэуэ.

– Сыт узэгупсысыр?

– Уэ сытым уегупсысрэ?

– Уэрэ сэрэ ди гъащIэм. ГупымыкI, дапщэщ?

– Дынэсыжрэ... Ей, Жанболэт...

ГупымыкI и гупэр щIалэм къыхуигъэзащ. Абы я Iу бахъэр зэрыщIэрт. Зыри жаIэртэкъым. ИужькIэ шыр щхьэусыгъуэ ищIри, Жанболэт къэтэджыжащ.

– Дынэсыжрэ, зы махуэ тIощI хуэдэ дэкIмэ... Сэ Щэбэтыкъуэ и деж сыщыIэнущ. КъысщIэгъэупщIэ.

– ЗанщIэу дызэрышэнщ, аракъэ? – къэгуфIащ Жанболэт.

Иджы мис... ГупымыкӀ и псэлъыхъухэр къэкӀуащ. Къызэрагъэзэжрэ абы Жанболэт илъэгъуакъым. ЩӀэпхъаджэ гуэр къылъыкъуэкӀа хуэдэ, хъыджэбзыр укӀытэрт, и напӀэр къыхуэмыӀэту.

НэфӀо щыщӀэжыжым, ГупымыкӀ и гум къишхыдыкӀыу, ЖанӀэфӀ жиӀащ:

– Фо, якӀэщӀэдэӀухьи, унафэр къыджеӀэж, кхъыӀэ. Хъункъэ? И, зо!

– Ерэхъурэ хъунрэ щыӀэу, фи ней къысщыхуэ!

Щэбэтыкъуэ и хьэщӀэхэр зыпигъэплъакъым.

ЗигъэӀыхьшыхьми, ар хьэщӀэщым кӀуащ. Фэхъус сэлам зэӀэпахыу, Ӏуэхур зыӀутыр къыщищӀэм, абы и щӀалэ нэхъыщӀэм жриӀащ:

– КӀуэ, шыгъупӀастэ къегъащтэ. Адыгэ хабзэм къезэгъыркъым япэу псэлъыхъу къэкӀуам Ӏэнэ къыхуащтэу, ауэ... Дедзэкъэнщ, Джырандыкъуэ. Къуэш зиӀэм къуэпс иӀэщ, тхьэуэ дыкъэзыгъэщӀам махуэ ищӀ. ФӀыр фӀыщ, ухуеймэ, дэдзей, ухуеймэ, къедзых.

Джырандыкъуэ, зэрамыгъэщӀэхъуам щыгуфӀыкӀыу, тэдж хуэдэу ищӀащ.

– АтӀэ, иджы, – жеӀэ абы и пащӀэхэр иӀуантӀэурэ, – тхьэуэ дыкъэзыгъэщӀа, Щэбэтыкъуэ, мыпхуэдэ нэхъыжь губзыгъэ, нэхъыжьыфӀ диӀэу, ди лъэпкъыр мыкӀуэдын...



– ЖумыӀэ ахэр, жумыӀэ! Лъэпкъыр губзыгъэмэ, нэхъыжьхэри фӀыщ. Хабзэр дахэмэ, хабзэр екӀумэ, бзыпхъи трах. Тхьэм фӀы къытхудигъакӀуэ! Тхьэм иджы нэхъыкӀэ димыщӀкӀэ! Мыдрейуэ, «атӀэ, иджы», – жыхуэпӀам къикӀыр къызгурыӀуамэ, уасэм утепсэлъыхьыну аращ. КъызгурыӀуа? Абы щыгъуэмэ, Джырандыкъуэ, хъыджэбз цӀыкӀу нэрыбгэ фщӀыну фызыщӀэхъуэпсыр си къанми, си унэ къыщӀэлъадэ-щӀэжыжу къэхъуами, сэ гугъу сыдехьакъым. Къэзылъхуахэм увыӀэпӀэ дахэ тхьэм къарит. «Къэзылъхуар мэупӀэри, зымыпӀам хуолажьэ», – къыфхужаӀэнкъым цӀыхуми. Апхуэдэ къан хъыджэбз тхьэм псоми къыдит! Сыхуэарэзыщ, ауэ уасэу фпэзубыдыр... ТхьэмыщкӀэм игу иудауэ фӀэкӀа гъащӀэ илъэгъуакъым. Абы и пӀэ нэгъуэщӀ итамэ, дуней гъащӀэр фӀэмыӀэфӀыж, фӀэмыӀуэхуж хъунт... фӀыншэ щӀилъхьэнт, псоми ебэкъуэнти, и нэгу гуфӀэгъуэ иумылъэгъуэжу, и фэри, и гъащӀэри кӀуэщӀынт. Мыр аракъым. Мыбы къэзылъхуарэ зыпӀарэ игъэгъуащэркъым. КӀэщӀу жысӀэнщи – сыфщогугъ хъарыпым иджыри къэс имылъэгъуа насып тӀэкӀу, гуфӀэгъуэ тӀэкӀу... Аращ и уасэр... Къысхуэвгъэгъу, тӀэкӀуи едгъэлеягъэнщ. Пщащэ цӀыкӀухэм, фӀыщ жыпӀэу, цӀэ яфӀэпщ хъунукъым. Абы я цӀэр, унагъуэ ихьэмэ, езым зыфӀащыж. Тхьэм фызэрыхуей ищӀ.

– Тхьэм уиузэщӀ, Щэбэтыкъуэ... Ауэ дэри дылъэпкъщ, уасэншэу нысэ...

– Ӏэу, тобэ, тхьэуэ дызэзыгъэпсалъэ, сэ абы семыгупсыса, Джырандыкъуэ. Аращ атӀэ «гупсыси псалъэ, зыплъыхьи тӀыс» щӀыжаӀар. Плъагъуркъэ ар. ЛӀыжь хъэрахъэм... «Дзыгъуэр и гъуэм имыхуэжмэ, и кӀэм къэб кӀэрещӀэ», – жыхуаӀэр къысхуэкӀуэртэкъэ, нэхъыфӀ сощӀ жысӀэурэ. Бибей ипхъу уасэншэу... Тхьэм уигъэпсэуи, Джырандыкъуэ,

9 Заказ №1683

тхьэм уи гум упщIэжь щадэжыхукIэ уигъэпсэуи! Тобэ! АтIэ, жыIэ, уэ хуит узощI. Гумызагъэ Iэмбатэ гъунэ къехь, жи! ЖыIэ!

– КIэмыргуей ТхьэматIэ и пхъум...

– Iэу, ар цIыхум яхуэIуэтэщIыжыркъым...

– ... Сэри къысхуэгубзыгъыжыркъым мызыгъуэгукIэ абы нэхъ уасэшхуэ зыщIата... Моуэ зы шы-уанэ зэтелъкIэ нэхъ мыхъуми дефIэкIмэ... Шыпэрыту си алащэр зумыусыгъуэджэмэ...

– Хъунщ, Джырандыкъуэ, хъунщ, тIасэ. Ауэ ари плъагъуркъэ: зэхьэзэхуэ мэунэри, зэижитI мэунэхъу, жи. УасэкIэ дызэпеуэу щIэддзэмэ, тхьэ гуIэ, ди лъэпкъыр кIуэдыжыпэнкIэ. ЗэгурыIуэу, зэдэIуэжу, къуэбынщэбыну бэгъуауэ псэухэмэ, аращ насыпыр. ЩIэблэ диIэмэ, псори диIэщ.

– Тхьэ соIуэ, къызыхэтхын диIэкIэ. ГупымыкI зиунагъуэрэ... Сэ а хъыджэбз цIыкIум щхьэкIэ сымыщIэн щымыIэу фIыуэ солъагъури...

– Тхьэм фIылъагъупIэ уищI, тхьэм куэду къывит. ЦIыхур вгъэлъапIэмэ, фи щхьэрщ вгъэлъэпIэжыр. Фызытеджалэр фи былыму, тхьэм фигъэпсэу.

– АтIэ, иджы дапщэщ? – жиIащ Джырандыкъуэ.

– Дапщэщ? Дапщэщ? – Щэбэтыкъуэ хэгупсысыхьащ. – Дапщэщ? КхъыIэ, Джырандыкъуэ... Хъунщ, пщэдей вжесIэнщ дапщэщми. Ар нэхъ тэмэмщ.



* * *

ХьэгъуэлIыгъуэр къыщыдахыну зэманыр Щэбэтыкъуэ щIримыIуэфам щхьэусыгъуэшхуэ иIэт. ЛIыжьым и хьэщIэхэр зэрыщIэкIыж нэхъ пIалъэ къыхимыгъэкIыу, абы и къуэ нэхъыжь ЛIыкIэщI Жанболэт хуиIуэхуащ.

– Гуващ, ауэ ягъэ кIынкъым. Къэгъэтэджыжи, фи закъуэу... жеIэ щIалэм сызэрелъэIур, – Щэбэтыкъуэ пIейтеяуэ ЛIыкIэщI кIэлъыкIуатэрт.

ЛIыжьым зэригугъауэ, Жанболэт гъуэлъыжатэкъым. ЩIалэхэр шыгъуэгумкIэ зэрешэкIащ.

– Жанболэт, – жиIащ ЛIыкIэщI, – ди адэр мы Iуэху епхьэжьамкIэ арэзыщ. Ауэ мыпхуэдэу... нэгъуэщI Iуэхухэри къыкъуэкIати, и хъыбар къыпхузигъэхьат. Дыгъуасэпшыхь мыхъуу абы ипэ пщыхьэщхьэм ди деж хьэщIэ щыIащ, къэбэрдейхэм, ди лъэпкъэгъу къэбэрдейхэм япщ Идар Темрыкъуэ къигъэкIуауэ. Абы урыс пащтыхьым и деж лIыкIуэ игъэкIуэну егъэхьэзыр, дызэкъуэвгъэт, дызэгуэвгъэхьэ, зыр зым дыкъыщхьэщывгъэж, ди бий зыщ, жаIэу... Ди адэм ар фIэкъабылщ. Иджы, уэри бощIэ, зетхьэжьащэмэ, хэт мышыущ, хэти шыугъэщ, жаIэнущ. Абы къыхэкIыу, ди адэм, уэ гъусэ пщIынумкIэ ухуитыжщ, мы махуэхэм къриубыдэу Темрыкъуэ улъыгъуэзамэ, щэхуу, зекIуэ сыт уежьа хуэдэу, и гуапэт.

– Захуэщ, – жиIащ Жанболэт хэгупсысыхьурэ. – Захуэщ икIи пэжщ! Сэ абы нэгъуэщI схухэлъхьэнкъым. Ауэ... догуэ, къэсыжа къу-

дейуэ сытым и зекIуэ, лэжьэгъуэ зэманщ, вэгъуэ мазэщ, цIыхум... Зэтзэт... «сыт и зекIуэ» къызамыхъуэнын щхьэкIэ, мыпхуэдэу тщIынщ ар. Пасэ зэманыжьхэм щауэщIэ и зекIуэ ежьэу щытащ! Ар хабзэ дахэт! ИтIанэ, Iуэху къызэресхьэжьэу, пщэдей семыжьэныр емыкIущ! Хъунукъэ?

– Хъарзынэщ, жесIэжынщ ди адэм.

Щэбэтыкъуэ ар и гуапэ хъуащ. ИкIи щхьэусыгъуэ дахэщ, икIи Iуэху зэфIэкIщ. Хъыджэбзыр яритынщи, Жанболэт ежьэнщ. АпщIондэхукIэ ГупымыкI и дыщырыкI сытхэр Щэбэтыкъуэ гупсэхуу зэфIигъэхьэнщ.

Iэ псынщIэ-лъэ псынщIэу къыдахами, Жанболэт и фызышэр цIыхум гукъинэж ящыхъуат. Гъубж махуэр нысашэщ, жаIэу зэрыIу нэхъ пIалъэ имыIэу, аузым дэс жылэхэр зэщIэхъеящ. Псом хуэмыдэу зызыгъэхьэзырхэр шуейхэрт: хэт Жанболэт и фызышэм шу гъусэ зыхуащIыну, хэти Щэбэтыкъуэ и лъэныкъуэр яубыдарэ абы пыIэзэфIэхь къадэджэгуну. А псор щалъагъукIэ цIыхум жаIэрт: «Дэнэ пыIэзэфIэхь ущыджэгунур? Ар хъунт зы къуажэ ирашу нэгъуэщI къуажэ яшамэ! Мыбдеж я бжьыхьэкIапэ зэпыт хуэдэщ. Пхъэхьым трагъэтIысхьэу яхьами зы ягъэ кIынутэкъым». АрщхьэкIэ шухэм ядакъым: «Гъуэгу кIэщIыр кIыхь пщIы мэхъу, гъуэгу кIыхьыр кIэщI пхуэмыщIми». Арати, пащIэгъэлыгъуэ джэгу хэлъкъым, тхьэр игъэпцIащ къикIуэтым, жаIэри, шы зимыIэ щIалэгъуалэми загъэхьэзыру щIадзащ, шурылъэс джэгунхэу.



Дыгъуэпшыхь лъандэрэ Темболэтрэ Джырандыкъуэ и щIалэ ЩумэфIрэ фызышэ зэрыкIуэну выгур ягъэхьэзырырт. Темболэт езыр зыдалъхьэну пхъэмбейр и IэкIэ ищIыжу фIэкIа пщIэнтэкъым. Ар нэщхъейт, псалъэмакъыншэт. Къулъшыкъушхуэ нэсауэ, Джырандыкъуэ и пщIантIэм зыкъыщезыгъэлъэтэха Къанлы абы къабгъэдыхьащ:

– IуэхуфIэхъу апщий!

– Щауэ ухъу, – жиIащ ЩумэфI, Къанлы и Iэр иубыдри.

– Сыт ухуэдэ, Темболэт? СлIо, къурагъыр къыуаупсеинущ, итIанэми... А гущхьэр нэхъыфIыIуэу вгъэбыдэт. Нэщхъыцэ сымэ, тхьэ соIуэ, тфIафыщIыну арамэ жаIэр фызышэ гуимэр!

– Дгъэбыдэнщ, – жиIащ ЩумэфI, и адэ къабгъэдыхьэмкIэ еплъэкIыурэ.

– Уоу, Джырандыкъуэ, дауэ ущыт? Тхьэуэ дыкъэзыгъэщIам гуфIэгъуэ кIыхь, гуфIэгъуэ махуэ ищI. ЗыIэзыбжьэу, фи къызэкъуэхи, фи фызыши... Сехъуэхъунхэщ, я Iэр субыдынщ, жысIэри сыкъыдэлъэдат, – Къанлы фэрыщIу Джырандыкъуэ пожьэ. – СыщыIакъым, иджыпсту сыкъекIуэлIэжати... Си гуапэ хъуащ. Тхьэм зэрыжылэу, зэрылъэпкъыу махуэ тхуищI!

– Тхьэм и щIасэ ухъу, Къанлы! Дауэ фыщыт? НакIуэ, ныщIыхьэ, неблагъэ. Шу гъусэну щIалэ хьэщIэхэр къэкIуащ, уабгъэдэсынщ.

– Тэтэрхэми жаIащи, берычэт бесын, тхьэм уиузэщI. Мыдэ Дыгъэнэху и Iэ субыдынщи... Дапщэщ щежьэхэр? Жанболэт дэнэкIэ щыIэ?

– ЩауапIэ кIуэжагъэнщ... Дгъэгувэжынукъым. Ди нэ нэху илъагъуу. КIуэжакъэ Жанболэт щауапIэ? – Джырандыкъуэ щIалэхэм йоупщI.

– КIуэжащ, Мамсырхэ щыIэщ, – жиIащ ЩумэфI.

«Плъагъуркъэ абы къигъуэтхэр». Мамсыр и къуэ Беслъэн щауэкъуэт хъунущ, абы и къуагъ укъуэсри ди Тхьэшхуэм и гуфIакIэ удэсри зыщ», – жиIащ Къанлы игукIэ.

Къанлы пщэфIапIэмкIэ кIуащ, Темболэт къыхуенэцIэкIыурэ. Фызышэ гуимэр хьэзыр хъуат.

Гущхьэ гъэшам, цIыху зигъэщхъауэ щIэхуэну, щэкI плъыжь тракъуэдиящ, абы и кIапэлъапэхэр быдэу гу IэдиитIым ирагъэубыдыжащ, гублащхьэдэсэми теувапIэ тIэкIу дащIыхьащ.

– Шыгу дыбгъэщIын хуеящ, – жеIэ ЩумэфI, и адэм зыхуигъэзауэ.

– Хуеякъым, хуея! КIэмыргуейхэ я пхъур шыгукIэ зэрашам щхьэкIэ нэхъ насыпыфIэ хъуакъым. Модэ нэгъабэ ягъэса вы пэху цIыкIуитIыр щIэфщIи, абы шы къалъэщIыхьэнукъым уегуакIуэмэ. Хэт иш зи напэ иджы тезбгъэхынур? Шы щIащIат, жаIэу. Шыр уанэщ къыщIигъэщIар, выр бжьым къызэрыхуигъэщIам ещхьыркъабзэу. ЛIыгъэр аракъым шы зэреутIыпщкIэ фызышэ гуимэр, тепхъуэр трамыхыни, зэфIамытхъыни, жыпIэу, цIыхум кIуэцIрыпхуну, нэуфIыцIщхьэрыуэу. ЛIыгъэ фиIэмэ, фэ – мис Темболэт, Къанлы, адрей шууейхэр фышу гъусэщ – тревмыгъэх. Аращ. Модэ иджы а гу лъэгум мэкъу ифлъхьэ, щIакIуэ ивубгъуэ, тIысыпIэ гупсэху хуэфщI.

Фызышэ кIуахэр щIалэгъуалэ защIэт. Щэбэтыкъуэ и пщIантIэшхуэм цIыхур дэхуэртэкъым. Хэгъэрейхэм цIыхубзыр щхьэхуэу, цIыхухъур щхьэхуэу зэбграшащ. Шу гъусэу кIуа щIалэ хьэщIэхэр, Къанлы я нэхъыжьу, хэгъэрей тхьэмадэхэри къабгъэдэсу, хьэщIэщым щIэст. Къанлы и гур къивыкIми, мы Iуэху ехьэжьа хъуар къызэрызэтримыгъэувыIэжыфынур и фIэщ хъужауэ, Iэдэбт, ирифи ишх щIагъуи щыIэтэкъым.

Щоджэн лIыжьыр къашэри, ЛIыкIэщI ГупымыкI и уэчылу, нэчыхь ирагъэтхащ.

Iэнэм и тхьэмадэ хэгъэрей лIыжьым жиIащ:

– Тхьэм пщIэ къывит. Нобэ зэпсэгъу хъу ныбжьыщIитIым гугъуехь ятелъащ, иджы яIуэтэжащи, ди Тхьэшхуэр фIыкIэ къахуэупсэ. Абы я насып щхьэкIэ бжьэ тIэтынщ.

– Тхьэм фомрэ цымрэ хуэдэу зэкIэригъапщIэхэ, – жиIащ зыгуэрым, нэхъыжь и хъуэхъум зэрыхэпсэлъыхьам щхьэкIэ щIегъуэжарэ и макъым щэху зригъэщIыжу, щIилъэфыжу.

Ефэ-ешхэр шэджагъуэнэужьыфI пщIондэ зэхэтащ. ХьэщIэхэм хьэщIэнышым трагъэчыныхь щыхъум, Щэбэтыкъуэ унафэ ищIащ:

– Яхуэфхь хьэщIэнышыр. Ди щIалэхэри ирешэс. ГупымыкI и гуапэ хъунщ и фызышэр Аслъэнбэч мыгъуэм и IуащхьэмкIэ блэкIмэ. Ар хьэщIэ нэхъыжьхэм схуажефIэ. Мыдрейуэ, лIыгъэкIэ флъэкI къэвмыгъанэ, ауэ я щыгъын сыткIэ фызыхэмытыIа.

АрщхьэкӀэ цӀыхур пхуэӀыгъынт. ГупымыкӀ и ӀэщхьэубыдыпщӀэ, гъэтэджыпщӀэ, бжэщхьэӀутенэхэр зэрызэфӀэкӀыу, ар, адыгэ фащэ дахэ щыгъыу, къепхъух хужьыбзэ телъу, пхъэ вакъэ лъагэм тету, пщӀантӀэм къызэрыдашэу, хэгъэрей щӀалэгъуалэхэм сэ кърахри, фызышэ къэкӀуа хъыджэбзхэм я щыгъыныр зэхаупщӀатэу щӀадзащ, гум нэсу зрадзэжыху. Шу гъусэ щӀалэхэм я цей къуащӀэхэри къыпаупщӀырт, теджэлей ящыгъхэм яфӀепхъуэурэ зэфӀатхъырт. Псори зэрызехьэрт, зэрыгъэкӀийрт, къызэрехьэкӀырт. Шэсыжыбжьэ хьэлэлу ирагъафэртэкъым.

Сытми, нысащӀэм гу кӀуэцӀыр ирагъэгъуэтащ. Зыгуэрым джыдэ къищтат гупэӀунэр икъутэу, гуимэр тригъэуэну, ауэ НэфӀо идакъым. ГупымыкӀ и жэмхэгъэсэу гуимэм Нэгурэш тхьэмыщкӀэр ирагъэтӀысхьащ. ХьэщӀэхэм ящыщу нэхъ лъэщу щӀалиплӀ – тӀур гупкӀэм, тӀур гуплӀэм – дэувахэщ, гублащхьэр ЩумэфӀ иубыдащ.

– Неуэ иджы, ЩумэфӀ, къуажэ гупэмкӀэ, Аслъэнбэч и Ӏуащхьэм-кӀэ, – жиӀащ Беслъэн.

Гъатхэ махуэр гуапэт. Псори шэкӀэ тхьэщӀам ещхьт. ГупымыкӀ къуажэм къызэрыдашу, шу гъусэхэмрэ къакӀэлъежьахэмрэ зэдэджэгуу щӀадзащ. Зым и пыӀэр адрейм щхьэриудрэ ирихьэжьэу. ПыӀэр драдзейрэ нэщанэ зэдеуэу, хэт уанэгум иувэрэ ислъэмей щищӀыну яужь ихьэу, хэти жэрыжэм тету, пыӀэ яӀэщӀэхуар къащтэжу. МызыгъуэгукӀэ Къанлы зыми кърикуатэкъым и пыӀэр щхьэричыну. Абы и шыр зэщӀигъаплъэрт, игъатхъуэрт, куэдми шыбгъэрыуэ ядэджэгуну зрипщытырт. Темболэт и нэгу къызэрыщӀэхуэу, Къанлы къэкӀиящ:

– Неуэ, Темболэт, плъэкӀ къыумыгъанэ! СыпщӀыхьэмэ, уи пыӀэр сысейщ!

Абы и шыр иригъэлъат, ауэ Темболэт лъэбакъуэ лей ичакъым.

Аслъэнбэч и Ӏуащхьэм деж гуимэр щызэтеувыӀащ. Псори йопсых. Гъуэгубжьэу къыздрахьэжьар къызыкъуах. Фадэ, шыгъупӀастэ...

ЩӀалэгъуалэр етӀысэкӀащ. ГупымыкӀрэ Нэгурэшрэ, хъыджэбзхэр ящӀыгъуу, Аслъэнбэч и Ӏуащхьэ лъапэм нэсащ.

– Си дэлъхушхуэ, си дэлъху закъуэ, Аслъэнбэч! – жиӀэщ ГупымыкӀи, и гур къызэфӀэнащ. – Нобэ, нобэ уэ узиӀэжамэ... Сызэрызеиншэ къабзэр пщӀэрэ?

— Темболэт, ГупымыкӀ сымэ игъэтӀысхьэжыт, – къэӀуащ Беслъэн и макъ.

ГупымыкӀ и гупэр Ӏуащхьэм хуигъазэщ, и ӀэпхъуамбитӀыр, и анэр щылӀэм псалъэ зэрыритауэ щытам хуэдэу, зэблидзри, зы бжьиз щытащ, итӀанэ и щхьэтепхъуэр кърадзыхыжщ, хъыджэбзитӀым абы и блыпкъыр яубыдри гум ирашэлӀэжащ.

Псори шэсыжащ.

«Фи пыӀэхэр фхъумэ!» – кӀиящ Къанлы – шу гъусэхэм я нэхъыжьыр. АрщхьэкӀэ жиӀэнур и кӀэм нимыгъэс щӀыкӀэ абы и пыӀэр НэфӀо щхьэриудри ежьэжащ. Къанлы къызэкӀуэкӀащ. Абы и шыр щригъэлъам нэгъуэщӀ шууитӀ-щыи, пыӀэхэр яӀыгъыу, къуажэмкӀэ кӀуэжырт. Беслъэн и пыӀэр зыхьым лъэщӀыхьэщ, пыӀэр къытрихы-

жыным и пIэкIэ ар езыхьэжьа щIалэр шым къытричщ, езым и шыплIэ къыдигъэтIысхьэри къигъэзэжащ, псори игъэдыхьэшхыу. Къанлы ар мурад ищIат. АрщхьэкIэ НэфIо тIасхъэ цIыкIут сытми. ШыфI имыгъуэтами, ар лIыфI хъуат. Къанлы лъэщIыхьами, ар зылъимыгъэIэсу, пыIэр IэщIимыгъэхьэу, зэ зы Iэм ириту, зэм адрейм ириту, зэми шы ныбэгу дыдэм щIигъэзэрыхьурэ, къуажэм хуэжэрт. Зэныкъуэкъум НэфIо пыIэр IэщIэхуащ. Абы и шыр къыжьэдекъуэ, зыкъегъэкIэрахъуэ. Къанлы губжьар шэм хуэдэу блолъэт. Ар яужь зэрыхъуам иригуфIэу, НэфIо йолъэдэкъауэ пыIэм хуэжэу. Къанлы къыгурыIуащ НэфIо зыхуэпIащIэр. ЩIопщыр игъэпсалъэу, ар и шым йоуэ. НэфIо гуэрыр къыщIегъэIэ. НэфIо шыщхьэмыгъазэу къыздэкIуэм, йопхъухри, Къанлы и пыIэр къещтэж, ауэ асыхьэтыпцIэм къылъэщIохьэ Къанлы. НэфIо уанэгур имыгъуэтыж щIыкIэ къыIэщIоуэри, пыIэр трехыж, кIэлъопхъуэ НэфIо и пыIэм щхьэкIэ, арщхьэкIэ модрейри бэлэрыгъатэкъым.

Апхуэдэу НэфIо къуажэмкIэ егъэзэж, Къанлы нысашэ шу гъусэхэм яхохьэж.

Беслъэн къихьа щIалэр иутIыпщыжатэкъым. Къанлы къызэрысыжу, абы жиIащ:

– СлIо, Къанлы, мыбы етщIэнур? Тхьыуэ, джэдэщым щIэдгъэтIысхьэн?

– Тхьэ соIуэ, – жеIэ Къанлы, бауэбапщэу, – джэдэщ зыхуэфащэр а щIалэжь цIыкIуратэм. Ари...

– Абы и пIэкIэ мыр хъунукъэ? – мэгушыIэ Беслъэн.

– Хьэуэ, Беслъэн, мор плъагъуркъэ, мис иджыщ сэмэркъэу щыщыIэнур, – жиIащ Къанлы, и Iэр къуажэмкIэ ищIурэ.

Пэж дыдэу, бжэгъу кIэмщхьэмыфIхэр яIыгъыу, къуажэм лъэсыдзэ псо къыдэкIырт.

– Мис иджыщ, – жиIащ ар зылъэгъуа Беслъэни. – ЩIы унафэ, Къанлы!

Къанлы и унафэкIэ, шу тIощIырыпщIым гуимэр къаувыхьащ.

– ЩумэфI, уи тхьэ къихь къыумыгъанэ иджы, – жиIащ Беслъэн.

ЩумэфI гущхьэIыгъыр гублащхьэдэсэм дэуващ, и выуэчыр игъэдалъэу.

– Соуэ, – жиIащ абы.

– Еуэ!

ЩумэфI зэрылъэкIкIэ витIым яхэуэри, гуимэр ежьащ, вы хьэмкIэхэм яхьу. Шу гъусэхэми ар къауфэрэзыхьу, мажэ.

Лъэс гупыр инт. Ар бжыхьу иувыкIауэ къакIуэрт, фийуэ, зэрыгъэкIийуэ, бжэгъухэр я щхьэм щагъэкIэрахъуэу. Гущхьэм хъыдан плъыжьыр зэрытелъу, нысащIэр здашэну пщIантIэм нагъэсмэ, дагъэхьэмэ, лъэсыдзэм я напэр текIат.

Шухэр лъэсым тезэрыгуащ, зэбграхуу гуимэм гъуэгу иратыну. Лъэсхэм яхузэфIэкI къагъанэркъым. Къуалъхьэ я бжэгъухэмкIэ шыми абы тесми. Гъуэгу хуащI, йобгъэрыкIуэ гуимэм. Лъэсхэм я Iуэху нэхъ къокI. Ахэр пэIэщIэжкъым я плъапIэм – гущхьэ плъыжьым. ГупкIэм

пыт щIалитIри Iуэхум хыхьащ. Къабгъэдэлъадэхэм лъакъуэкIэ йоIунщIри ирауд.

Шухэр зэрогъуэтыж. Я къамышыхэмкIэ лъащэурэ, абы лъэсыдзэр зэпратхъ, гуимэм гъуэгу ирату. ВитIыр йолъ. Шу гъусэхэр токIуэ. ПщIантIэм нэсынми къэнэжа щыIэкъым. Ауэ НэпщIацэ ар игъэкIуэн?! Зэрыхьзэрийр кIуэцIритхъуурэ, ар гуимэм ипэ къихуащ. Шу гъусэхэм я гугъу имыщIу, щхьэхьу къакIуэ витIым я зым и фIалъэ лъакъуитIым зытрешащIэри, и зей бжэгъу хьэлъэмкIэ зэрифIэщкIэ йоуэ. Выр пIэжьажьэу къриудащ. «Зи бзэ мыпсалъэ хьеуаным»... – жаIэри, цIыхум ар я жагъуэ хъуат. Ауэ НапщIацэ гу кIуэцIылъ сытми, гущIэгъу ищIын хуэдэу. Уеблэмэ, вы джалъэу щылъыр фIэгуэныхьыщэ хъуауэ, НапщIацэ ехъурджэуа Исмэхьили абы зрипщытат, зей бжэгъумкIэ еуэну, ауэ цIыхухэр Iэжьэгъуу уври зэбгъэдашыжащ.

Арати, гуимэр дэнэ кIуэжынт? Лъэсыдзэр абы тезэрыгуэри, хъыдан плъыжьыр, телъаи-темылъаи, ячэтхъащ чэсэч-чэсэчу*. Нэгум щIэлъыр лъэгум кIуащ. НапщIацэ зи лъакъуэ зэпиуда вы пэху цIыкIур щIатIыкIри, абдеж щыфIагъэжащ. ХьэгъуэлIыгъуэм ар лей хъунутэкъым.

Жэщыр и зэхуэдитI нэсыхукIэ гуфIэгъуэр зэхэтащ, къафэхэу, джэгухэу, гушыIэу. Жанболэт и фызышэр псоми я гуапэт. ИужькIэ цIыхухэр зэбгрыкIыжу хуежьат, ешарэ, тIэкIу загъэпсэхуу, пщэдей пащэжын я мураду.



Къызэхуэсахэр нэхъ кIащхъэ щыхъум, щауэр и лэгъунэ къишэжащ Беслъэн. НысащIэм и деж щIэсхэм Темболэти яхэтт. Абы и напIэр къиIэту ГупымыкI еплъыфыртэкъым. КъехьэлъэкIырт мыбы зэрыщIэсыр, ауэ пщIантIэм зэрыдихьэу, зэгъуэкI зэрыхъуу, Къанлы къыщишэрти, арат щIыщIэмыкIыр.

Щауэр къашэжауэ лэгъунэм щIэс щIалэгъуалэм зыкъыщаIэтыжым Жанболэт жиIащ:

– Темболэт, тIэкIу зыIэжьэт, сыпхуейщи, – унэм псори къыщыщIэкIыжым абы пещэ: – Темболэт, пщэдей щауэщIэ и зекIуэ дожьэ. Уэрэ сэрэ. Уарэзы? АтIэ, ухэмыжае, дызэгурыIуащ.

ГупымыкI щхьэтепхъуэм здыщIэтым къэскIащ. БжэIулъэр Жанболэт зэригъэбыдэ нэхъ хэмылъу, абы жеIэ:

– Жанболэт, си псэ, кхъыIэ, умыпIащIэ, гу зэщыдгъахуэ. Сэ уэ...

– Зыщытхуэнкъэ, ГупымыкI. Зыщытхуэнщ. Си фIэщ хъуркъым иджыри зэгъусэ дыхъуауэ. АтIэ, абы щхьэкIэ, дызэрызэгъусэм, унэгуащэ узэрысхуэхъуам щхьэкIэ, ди адыгэ хабзэжь пхуэзлэжьмэ...

– Ар зэрыкIуэдыжрэ... Сэ сигу къезгъэуэнкъым, си жагъуэ сщIынкъым. Сэ... Сэ... Догуэ, сэ сынызэролъэIу гуэри къысхуэпщIэнукъэ-тIэ?.. Жанболэт, си псэм хуэдэу Жанболэт! Сымыделэтэмэ, а жэщым, мис а жэщым, си адэ тхьэмыщкIэри псэууэ.. Апхуэдиз бэлыхьым дыхэттэкъым...

---

* Чэсэч – бзыхьэхуэ-бзыхьэхуэ.

– Сэри щауэщIэ зекIуэ сызэрежьэрэ илъэсым щIигъуат, – жиIащ Жанболэт гушыIэу.

– КхъыIэ, Жанболэт...

ЩIыбымкIэ лъэ макъ къиIукIащ. Жанболэт бжэм ежэлIат, «пIащIэхэрти мыхэр» – зыгуэрхэм жаримыгъэIэу, щэхуу бжэIулъэр Iуихыжыну, арщхьэкIэ лъэ макъыр ужьыхыжащ.

А тIум якIэщIэдэIухьар Темболэтт. И щхьэр и IитIымкIэ иубыдыжауэ, гуIэу, къыртIыжу, ар губгъуэм дэжащ. КъэувыIэркъым. МэкIэрахъуэри и щхьэм илъщ: «Жанболэт ГупымыкI и щхьэтепхъуэр трихащ. Жанболэт ГупымыкI етIэщI. Жанболэт ГупымыкI и куэншыбэр къыщех!» Ешауэ, хьэчэ-хьэпсэу, ар мывэ джафэжь тетIысхьащ. И щхьэр фIолэл, и IэпкълъэпкъыР къемыдэIуэжу, зи фэ тралъэфа Iэщ щIыфэ хуабэу, мапкIэ, мэкIэзыз, холъэт. Тэлай щысауэ, абы и дамэм зыгуэр къытеIэбащ. Ар Къанлыт. ЩIалэм игу щIэгъуу, фIэгуэныхьу, и щхьэ ирилъыту, абы зыкъом кърИгъэкIуэкIащ, итIанэ жеIэ:

– Темболэт, жэщыр кIыфIщ. Зыми дыкъищIэркъым. Уэ нэгъуэщI пхуэщIэнукъым иджыпсту, ауэ щхьэусыгъуэ гуэр щIыи, Жанболэт къысхущIэш. Уи адэм щхьэкIэ, уи анэм щхьэкIэ, уи лъагъуныгъэм щхьэкIэ. НакIуэ, Темболэт, накIуэ! ГупымыкI зы илъэс щыгъуэнщи...

Темболэт къэтэджащ. Йожьэ, зэщIэувыIыкIыжащ.

– НакIуэт, Темболэт. Уи лъагъуныгъэр...

– Дэ пщэдей щауэщIэ...

– Пщэдей... Пщэдейрей ныбгъуэ нэхърэ нобэрей бзу...

– «Бзу», «ныбгъуэ». IукI, IукI, хьэ щылъху, уи кIуэцIыр къизмых щIыкIэ! – Темболэт и къамэр кърипхъуэтат, ауэ Къанлы Iулъэтащ.

– Хъунщ пщэдейми, – жиIащ Къанлы, кIыфIым къыхэмыкIыу. Макъыр къыздиIукIамкIэ къамэ пцIанэр иIыгъыу Темболэт зидзат, ауэ джэлащ.

– УзэфIэкIмэ, си деж... – къэпсэлъащ Къанлы гуэрыр. Абы и зэгуэпкIэ, а жэщым нэху щыху жыхуаIэм хуэдэу, Темболэт Жанболэт тхьэ хуиIуащ, минрэ и адэр иукIами, хуэпэжыну. АрщхьэкIэ...

Бэрэжьей махуэм Жанболэтрэ Темболэтрэ гъуэгу техьащ. Ахэр IэщэкIэ зэщIэузэдат, ауэ щIакIуэ фIыцIэхэм зыри уагъэлъагъуртэкъым. Жанболэт шы хуэхъуа брулым, брулым шибл я къару хэлъщ, жаIэми, хуэарэзытэкъым. И пцIэгъуэплъыр куэдрэ игу къигъэкIыжырт, ар Iэщын угъурлыуэ зэрыщытам хуэмыIуэтэщIыжу тепсэлъыхьырт. ИтIанэ абы игу къигъэкIыжащ гъэрыпIэ зэрысар, гугъу зэрехьар, МэтДжэрий къызэрыхуэкIуауэ щытар, ауэ ГупымыкI щхьэкIэ зэрызэпсэлъар ибзыщIащ. УкIытащ Жанболэт абы и гугъу ищIын.

Махуэ псом Темболэт жиIа щыIэкъым. Абы и тхьэрыIуэ къомыр гукIэ щIищыкIыжырт, зыхузэгуэпыжу, мо жэщ зэрымыжеям къещхьэукъуэхыу. Мей губгъуэ къыщысахэм ар жейм ирищIыкIырт.

– Хъунщ атIэ, Темболэт, мыбы нэху дыкъыщекIынщ... Зыдгъэпсэхунщ. Ауэ япэщIыкIэ тIэкIу дедзэкъэнщ...

– Сэ сыхуейкъым, – жиIащ Темболэт. Абы и шыщIагъщIэдзыр иубгъущ, уанэр щхьэнтэ ищIщ, щIакIуэр зытридзэри, и щхьэр

пIэщхьагъым зэрынэс нэхъ пIалъэ имыIэу, Iурихащ. Темболэт жэщыбгым къыщызэщыуам, Жанболэт шыхэм якIэлъыплъри къигъэзэжат.

– Щхьэ умыжейрэ? – жиIащ Темболэт.

– Зы жеипэфI къезгъэзащ сэри, – жиIащ Жанболэт, – Мэт-Джэрий и хьэпсым зыщызгъэнщIыжащ жейкIэ.

Темболэт зигъэзауэ пырхъыжырт. Ауэ Жанболэт и нэбдзыпэ зэтрилъхьэжакъым. Ар щIежьа Iуэхум, Идар Темрыкъуэ лIы Iущу къызэрыщIэкIынум, ГупымыкIрэ абырэ я псэукIэ хъунум, Iэджэм, Iэджэм егупсысащ, нэху кIапэ дунейм къищIыху. ИтIанэ шитIыр къиубыдыжри, Темболэт еджащ.

Махуэку махуэм, шэджагъуэнэужьыфI хъуауэ, а тIур къэсащ Аслъэнбэч и хьэдэр къихьыжу Жанболэт зыщигъэпщкIуауэ щыта банэ гуэрэнхэм. Дыгъуасэ нэхърэ нэхъ къызэрелъэдэкъэуар арагъэнт – шыхэр къэпщIэнтIат, ешат. Мыр нэхъ Iувщ, жыхуиIэ банэ гуэрэнышхуэ хуейм къыщилъыхъуэри, Жанболэт епсыхащ.

– Сыт, дыкъэса? – жиIащ Темболэт гушыIэ нэпцIу.

– Хьэуэ. Дишхэр тIэкIу дгъэбэуэнщ. Иджы гъуэгушхуэ къытщIэлъщ, ауэ адэкIэ губгъуэрысхэм  я хьэщIэщ нэху дыкъыщекI хъунущ.

Жанболэт и брулым шхуэмылакIэр тридзэу иутIыпщцын дзыхь ищIакъым. Ар иджыри гъэсэн хуейщ. Шыр зы банэ лъабжьэ ирипхри, Аслъэнбэч и хьэдэр щигъэпщкIуам ещхьу, абы банэ гуэрэным гъуэгу цIыкIу пхихащ, Темболэт зыдигъэIэпыкъуурэ. Жанболэт иригъэбэта хьэцыбанэм Темболэт и Iэр кърихтхъащ. Лъы плъыжь-фIыцIафэ къытрикIутам еплъри, Темболэт пыгуфIыкIащ.

– Хуэзауэ плъагъуркъэ, банэ гуэрэным и кур нэщIщ, – жиIащ Жанболэт, пыжьей цIырхъ хъуахэм кIуэцIрыплъурэ.

Абы шитIыр дашэри уанэхэр трахащ, лъагъуэр «ядыжащ», щIакIуэр ядзри, лъэныкъуабэу зрагъэщIащ. Темболэт хэгупсысыхьауэ шхий цIыкIу дзапэкIэ зэпигъэпкIырт. Дунейр мамыр дыдэт. Пыжьей къэтIэпIхэм, бзум кърашуэрэдым, Iус зрата шитIым я Iэуэлъауэ мащIэ фIэкIа щыIэтэкъым. Зэзэмызэ банэ лъабжьэхэм дзыгъуэ щызежэрт, щыкIийрт, аргуэру удэIужырт. И дамитIыр имыгъэхъейуэ, уэгум бгъащхъуэ щесырт, и нитIыр щIым къетауэ, шындырхъуо, адэжынэ сыт къилъыхъуэу. Бзу быным зы къашыргъэ къахэуэри, игъэгулэзахэщ. Ари, даущ зэрищIа щымыIэу, ужьыхыжащ.

– Жанболэт, – жиIащ Темболэт, – мыбдежым зыгуэрым дыхиукIыхьмэ, хэт дыкъищIэн?

– Сыт щхьэкIэ, адыгэ хъыбарыжьыр-щэ? Е къуанщIэ хэшэнщ, е жьуджалэ хэшэнщ!

– А-а, хъыбарыр хъыбарщ. Си адэр зэраукIрэ сыт щIа? Зыри хашэркъым, – жиIащ Темболэт гуэрым.

– Хэшэнщ, Темболэт, хэшэнщ. Уи адэр апхуэдэу щIэнэнкъым, – жиIащ Жанболэт и фIэщу.

– Жанболэт, уэ си адэр фIыуэ пцIыхурэт? Ар...

– Ауэ сытми, Темболэт! Уэ уи адэм хуэдэлI ди хэку исакъым.

Абы хуэдэу IэщакIуэ, бланэ. Ар уащхъуэдэмыщхъуэу ямыукIамэ, и лIыжьыщхьи, ди адэм и гъусэу я афэ джанэр, дылIыжьщ, жаIэу здыщахыжами, къытекIуэн щыIэтэкъым. Зыгуэрым абы лей кърихащ, зыгуэрым ар игъэбзэщхъуащ, – Жанболэт и псалъэхэм гурыщхъуэ щIэпщIын лъэпкъ хэмылъми, Темболэт гурыщхъуэ бзаджэм иIыгът. Ар имылъагъуу, Жанболэт абы и адэм и щытхъупсыр игъажэрт, дихьэхыу, зи гугъу ищIым и лIыгъэм ехъуапсэу. Жанболэт зигъэкъуэншэжурэ а здэпсалъэм и щхьэр зыфIиудыжырт игукIэ. Дауэ хъуа ар? Жанболэт иджыри къыздэсым Темболэт и адэм щхьэкIэ хъыбар нэс иригъэдэIуакъым. Ар и адэм иригушхуэну, ирибжьыфIэу, къару, акъыл, нэмыс къыхилъхьэну. Атэлыкъ жыхуаIэр апхуэдэ? Къуаншэщ, къуаншэщ арэфу Жанболэт! Темболэт лIы зэрыхъуар, ар и адэ и хъыбарыфI, и лIыгъэ зэрихьэу щытам зэрыщIэхъуэпсыр ищIакъым. ЩIалэр абы пэплъащ, иджы хуэмышэчыжу къеупщIащ. Темболэт и адэр аратэкъэ ар езыр япэу шы зыгъэшэсар, «зыкъебгъэхуэхмэ, мы къамышымкIэ уи пхэр пхущIэзудынщ», – жиIэу. Аратакъэ япэу къамэ фIыцIэшхуэ къезытар, щакIуэ зышар, аратэкъэ «уи Iэмалрэ уиш и хьэлрэ зыми иумыгъащIэ», – жиIэу зыгъэIущар. «Уэ хьитIым яку къыдэкIам си Iэмали бжесIэнукъым! Уэ къэлъыхъуэж, уэ къэгъуэтыж». Дауэ, щхьэ IэщIэгъупщыкIа а псор Жанболэт? Хьэуэ, Жанболэт ежьащ и къаныр – Темболэт – лIы хъуауэ, и лъэпкъ щахуишэжкIэ псори хуиIуэтэну. Ар кIыхьлIыхь хъури, щIалэр балигъыпIэ иуващ, и адэ, и лъэпкъ я псэукIа, я цIыху хэтыкIа щIэупщIащ, абы фащэу, напэу, хабзэу хуейуэ... 

Жанболэт лъэкI къигъанэртэкъым. Дзыгъуэ гъуанэ дихьахэри къиулъэпхъэщыжырт. Ахэр Индыл зэрызэпрыкIар, шы гуартэ къызэрахуар... Ауэ Жанболэт нэхъыбэ жиIэхункIэ, Темболэт и гурыщхъуэм хэхъуэрт. Мыбдеж къабгъэдэмытми, щIалэм Жанболэт и псалъэу хъуар Къанлы къриIуэтэлIэжа псомкIэ ипщырт, иухуэнщIырт. Къанлырэ Жанболэтрэ зэныкъуэкъурт, улI-сылI зэригъэхуарэ зэрытхьэлэу.

– Уи адэм хуэдэу хьэлэл, Темболэт, – жиIэрт Жанболэт, – мы дэзыгъэзейм зы цIыху дэсакъым.

– «Уи адэм хуэдэу хьэлэл, Темболэт, – жиIэрт Къанлы, – ди хэку исакъым. Абы и хьэлэлагъыр, и гу пцIанагъыр Къазий къигъэсэбэпащ».

– Абы хуэдэу цIыхум фIыуэ ялъагъуу щыта къэгъуэтыгъуейщ. Ар икIи захуэт, икIи къикIуэтыртэкъым, – жиIэрт Жанболэт.

«Уи адэм и ткIиягъым, и захуагъым, и лIыгъэм бзаджагъэ тIэкIу, набдзэгубдзаплъагъэ тIэкIу хэлъыжамэ, а къыщыщIар къыщыщIыртэкъым», – жиIэрт Къанлы.

Къанлы Жанболэт къытекIуэрт, Къанлы Жанболэт къыхигъащIэрт. Ар япэ яужь ихьат, Темболэт и адэм и шыфэлIыфэр и къуэм и гущIэм нигъэсыну, хейуэ кIуэда тхьэмыщкIэр, и щхьэ зыхьам илъ къыщIэбэну, щIы фIыцIэжьым гурыму зэрыщIэлъым щIалэ гу пцIанэр хуиущиину.

– Мыдэ дгъэзэжмэ, ГупымыкIрэ уэрэ фызгъэтIысынщи, ди анэм къывжезгъэIэнщ уи адэр зыхуэдар! – жиIэрт Жанболэт.

«Уи адэр зыIэщIалъхьащ, иджы уи лъагъуныгъэр... ГупымыкI... НакIуэт, Темболэт, накIуэт», – жиIэрт Къанлы...

– ... Ауэ иджыпсту, – Жанболэт къыщылъэтащ, – сэ уи адэм и джэгукIэ хьэлэмэт уэзгъэлъагъунщ. Абы хуэдэу зэкIэлъхьэужьу, зэкIэлъыпыту дамэкъуэшэс джэгуф ди жылэ дэсакъым, – ар жиIэурэ Жанболэт банэ лъэдакъитI, дамэкъуэ и кIыхьагъ я кIыхьагъыу, къыпиупщIащ.

— Уэ пщIэрэ дамэкъуэшэс жыхуаIэр? – еупщIащ ар Темболэт. – АтIэ, еплъ. Сэ ерагъыу плIэ схуэщIу аращ. Еплъ, ар гъэщIэгъуэнщ. Уи адэм, куэдщ дебгъэзэшащ, тхуэбжыжыркъым, жаIэхукIэ ищIырт ар.

Апхуэдэу псалъэурэ, Жанболэт дамэкъуитIыр, сэшхуэ Iэпщэ зэраубыдым хуэдэу, Iэ зырызымкIэ иубыдри зигъэщхъащ, дамэкъуэ кIапэхэр щIым тригъэувэу.

– Иджы зыр бгъэIэпхъуэм, адрей щIым къытепчамкIэ мыдрей щIым тетым укъетIыркъмэ, узэтIыркъар щIым тету, узэретIыркъар бгъэIэпхъуэмэ, модреймкIэ укъетIыркъыжурэ... Гъуэрыгъуэххэу, лъапэпцIийхэмрэ мы дамэкъуитIымрэ фIэкIа утемыту, зыпшэщIын хуейщ. Апхуэдэу уи бгыр захуэ хъуа... Къыбогъэзэжри, аргуэрыжьщ, укъызэфIэувэжыху. Абы къару, Iэпщэ хуейщ, а уи адэм и джэгукIэм. «Мис, еплъ», – жиIэщ Жанболэти ежьат, ауэ, и бгым дэхуа фокIэщIыр зэран къыхуэхъури, къызэфIэувэжащ.



– Мэт, убыдыт, – Жанболэт кIэрахъуэр Темболэт хуишиящ. Езым зигъэщхъри, дамэкъуэшэс джэгуну щIидзащ. ДамэкъуитIыр зотIыркъ, Жанболэт бауэбапщэу зешэщI, Темболэт зэ зи щIыб къыдэгъэзеяуэ дамэкъуитIымрэ лъапэхэмрэ тету щIым зыдэзыукъуэдий Жанболэт йоплъ, зэми кIэрахъуэм. Жанболэт зишэщIащ. Иджы къигъэзэжын хуейщ. АсыхьэтыпцIэм абы и тхьэкIумэ иIуащ кIакхъу къапкIэу. КIэрахъуэр уащ. Жанболэт щIым нэкIукIэ хэхуащ.

– Уи адэр су... – Жанболэт и псэр хэкIащ.

* * *

ЛIыукIым и напэу, жэщыр къарэт.

Къанлы и унэм фIэкIа Къанлыкъуей нэху щыблэркъым. Пщыхьэщхьэ етхуанэ мэхъу Къанлы пIэ кIуэцI имыгъуалъхьэу жэщхэр зэригъакIуэрэ. Япэ жэщитIым ар Нэщхъыцэ пэплъащ. Нэщхъыцэ Жанболэтрэ Темболэтрэ аузым дэкIыхукIэ щэхуу ядэкIуэтэн хуейт. ИтIанэ здагъазэ лъэныкъуэр зригъащIэу къигъэзэжынут. Нэщхъыцэ, Жанболэт сымэ япэ зизыгъахуэу ауз пхащIэм къуэгъэнапIэ зыщцызыщIам, и къалэныр игъэзащIэри, и чэзуми къэсыжащ. Иджы Къанлырэ Нэщхъыцэрэ зэжьэр Темболэтщ. ЩIалэжь цIыкIур тегушхуэмэ, ныщхьэбэ е пщэдей жэщ къэсыжын хуейщ. Темыгушхуэкъэ, адэкIэ Iэмал щыIэжкъым, езыр япэтIысынщ.

– Ауэ сыхуеятэкъым сэ си IэкIэ, къыбгурыIуэрэ? – йопсалъэ Къанлы, япэм щибзыщIыну хэтами, иджы псори зыщIэ Нэщхъыцэ. – Абы сыхуейуэ щытамэ, куэд щIат сабэ къызэрыхезгъэхрэ, щIыкъатиблкIэ зэрезгъэхыжрэ! Сэ Жанболэт сукIмэ, псори зэIыхьэнущ, куу хъунущ. ГупымыкI, си псэм жеIэ, ар гува-щIэхами къищIэнущ. Ар Темболэт IуипIамэ, ГупымыкIрэ сэрэ ди зэхуаку лIыукI къыдэувэнут. ИтIанэ а цIыхубзым кIуапIэ иIэжкъым. Си зы уэгъуэм... Хьэуэ, сыкъэпцIэн хуейкъым...

– Хъарзынэ хъунущ а псори!

– Губзыгъэу зэрахьэ Iуэхур сыт щыгъуи хъарзынэ мэхъу. ЦIыхум шыIэ хэлъу сытми ежьэфын хуейщ. Щхьэгуэш зыщIэ щхьэ шхыгъуэ йохуэ. МащIэрэ яужь сита сэ Темболэт. Уи адэр, уи анэр... Сыщыхэмызагъэм, сепIэщIэкIакъым... Ауэ псоми Мэт-Джэрий дыхигъэкIыж пэтащ. АрщхьэкIэ... Ар апхуэдизкIэ фIэкхъыу делэщ, армыхъумэ...

– Ар уэркIэ нэхъыфIи, – жиIащ Нэщхъыцэ, псэлъэну пIэцIеижу.

– Пэжщ. Иджы сэ ГупымыкI сIэщIэкI хъунукъым. ТIэкIу къызэпIэщIэкIахэщ, нэчыхь хуатхащ, ауэ нэчыхьыншэми, ар илъэскIэ Жанболэт хуэщыгъуэнут. ТIури зыщ. Уи къалэн тIэкIур бгъэзащIэмэ, Темболэт... Хьы! И адэкIи, и анэкIи схутемычар лъагъуныгъэм тричынщ. Плъагъункъэ.

– Сэ абы шэч къытесхьэркъым. Уа, пэж дыдэу...

– Сыт пэж дыдэр? – къэгубжьащ Къанлы, Темболэт и адэр зыукIам куэдрэ щIэупщIэ хъуа Нэщхъыцэ щхьэкIэ. – Уэ пэж дыдэ ухуейкъым! – Догуэ, мы Темболэт ныжэби къэмысыжмэ... Хьэуэ, утегушхуэнщ. Утегушхуэнщ, щIалэжь цIыкIу. Уоу, итIанэ «афэрым» бжесIэнти! Уи Iуэху фIы ирикIуэт! ЗыкъиптIэнщи, уэ у-Жанболэткъым. КъимыдэкIэ, уи адэр щIэнами, уэ... уи шэукI къуанщIэ жыжьэ ихьынкъым...

– Догуэт... Шы лъэ макъ, – жиIащ Нэщхъыцэ.

– Къанлы-ы! – зыгуэр къэджащ.

– Темболэтщ, Нэщхъыцэ, Темболэт, – Къанлы къыщылъэтри, къамэ къудей къимыщтэу, зэрыбгы пцIанэу, гуфIащэри, щIэжащ.

– А лыр зэщIэгъэхуэбэж, фадэ, Iэнэ, – къызэридзэкIащ абы.

ПщIантIэкум зы шу щыуфэразэрт. Къанлы щыхуэкIуэм, ар къепсыхащ.

– Уоу, Темболэт, Темболэт! Дызэбгъэжьаи! – гуфIэу, убзэрабзэу, Къанлы щIалэм пежэжьащ. Ар къамэ къихам фIэлъэдэным мэскъалт къэнар. Къанлы кIэзызу чом ирахулIащ. Абы и бзэр иубыдат, пщIэнтIэпс щIыIэр и щIыфэ псом къызэпхиваруэ, кIэкуэкуэжырт.

– Ыхьы, ар тэмэмщ, – жиIащ щIалэм, Къанлы здикIуэтын. щимыгъуэтыжым. – Уэ у-Къанлыщ? Аркъэ?

– Сы... сы-Къанлыщ. Уэ ущоуэ, – жиIащ Къанлы, и псэфылъэ дыдэм къегъэкъуа къамапэ папцIэмрэ и гущIэм къыщIагъэува хьэджэсэмрэ къазэремылынум тегулэзыхьу.

– Хьэуэ, Къанлы, сэ сыщыуакъым. Уэращ щыуар. Сэ, зэрыплъагъущи, сы-Темболэткъым. Ауэ сызэрыщымыуэр тIэкIу уигу къэзгъэкIыжынщ. ИлъэсипщI е нэхъыбэIуэ ипэкIэ, Къанлы, бес-

лъэней зы щIалэ цIыкIурэ зы хъыджэбз цIыкIурэ къэбдыгъуауэ пщIэжрэ? А тIур зэдэлъхузэшыпхъут, Къанлы. Я адэр лIауэ, я анэ кхъащхьэдэс зыщIу кхъэм дэсыр къашэжыну кIуэрт, шхын щхьэкIэ лIэуэ, кIэнтIхэу... Уэ япэ узэIэнур пщIэрт, хуэIэзэ ухъуагъэнт апхуэдэ Iуэхухэм. А хъыджэбз цIыкIу шым укъепхъухыу бубыдар шыбгым уису нэхъ пхуэпхынут. ИтIанэ унеплъэкIри, сыкъажэу, къамэ къудей скIэрымылъу, сыкъэплъэгъуащ. Кхъэм Iэщэ яIыгъыу дыхьэртэкъым дыдейхэр. Укъэгушхуэжри, нэбгъэкIэрэхъуащ. УоIэбэри уоIэбэ... Зы къэлэрри къэлэрищэри зыщ. Гугъу удехьыIуэми, уи дзэр Iуиудын?.. А телъхьэ пщIар сэрат, Къанлы. Ди жьэм хъыданыжь жьэдэкуауэ, дэ тIури Iэпхлъэпхыу депхьэжьащ а пшапэм. Уэ узыхуекъур а жэщым нэхъ жыжьэIуэ узэрыIукIынт, цIыху къыптемыплъэу. Уэ уIумахуэт, Къанлы. Ауэ нэху кIапэ къыщищIым, нэхъ зэгъуэкI ухъуауэ къыщыплъытэжым, сэ къызэрызгурыIуамкIэ, абы щыгъуэ уи цIыхугъэ лIыжь тхьэмыщкIэ хабзэщIэкъум дыхуэзащ. ЛIыжь зэкъуэхуа, лIыжь хьэлэлым тепшэщIа къамэр сэ слъэгъуащ, Къанлы! Абы жиIэу сэ уи цIэр зэхэсхащ: «Къанлы»... Сыт щIа абы лъандэрэ? Сэ сыздэщымыIа, уи фIыщIэкIэ, къэнэжа? ЯпэщIыкIэ румхэм я деж, итIанэ алыджым, иужьыIуэкIэ – щам щIыналъэ! Ауэ шхын щхьэкIэ сыщIэмылIари, узыфэу къызэфыкIам сезымыгъэхьари, псым сыщIимытхьэлари, благъуэм сыщIимышхари уэращ, Къанлы. Уи цIэр сщыгъупщэртэкъыми. А уи цIэр си тхьэкIумэ къизыгъэIуа лIыжь тхьэмыщкIэр... Иджы сэ сощIэ ар Темболэт зэриадэр. ГуфIэгъуэкIэ абы уэ укъыпежэжьат. Зэныбжьэгъу фыхъужауэ ара? АтIэ, арами, сэ уи ныбжьэгъум сыхуэхэшэнукъым, Къанлы! Дзыхь хуэсщIыркъым. Сэ зилъ сщIэжыр, Къанлы, а лIыжь хей тхьэмыщкIэрщ, ди бампIэм ихьа си анэрщ, зи кIуэдыкIэ сымыщIэ си шыпхъурщ! Уи щхьэр уи ныбжьэгъу Темболэт фIэлъапIэу, уилъ ищIэжынумэ, сэ сыкъигъуэтынщ!

ЩIалэр Къанлы епыджащ. Ауэ уафэм зы вагъуи ижакъым.

Зи Iуэху зэфIэкIа щIалэм Иналыкъуэ хьэблэкIэ кIуэцIридзауэ щхьэхьу къех зы шу къыблэцIэфтащ. Къанлыкъуей хуэжэр Темболэтт. Ар пIащIэрт, Къанлы и лъым щIэбэгыу...

«Си закъуэкъыми Iуэху зиIэр», – и щхьэ хужиIэжу, беслъэней щIалэр Иналыкъуэ хьэблэ дыхьэрэ пэт шы-уанэ зэтелъ хуэзащ. Абы и лъабжьэм щIакIуэ фIыцIэм кIуэцIылъу зыгуэр щIэлът. Беслъэней щIалэм ар игъэщIэгъуащ: «Къуажэм къэсащ, зигъэпсэхуну хуеймэ, зыгуэрым и хьэщIэщ щхьэ щымыгъуэлъарэ? Е а шу зблэжам и гъусэ? Я щхьэ зэрыхьщ. Абыи зы Iуэху зэрахуэ. Сэ си Iуэху злэжьащ».

Жанболэт и къаныр зэримытыжам щыгъуазэ беслъэней щIалэр «абы и пщIантIэщ» жаIэу нобэ ирагъэцIыхуам дыхьэри джащ:

— Темболэт-т-т! Уоу, Темболэт-т!

Зы тэлай дэкIри, хьэ зызылIэжым хуилъу, Жанболэт и анэр къыщIэкIащ. Фызыжьыр гъумэтIымэрт: «УхьэщIэмэ, жэщыбгым укIий-угуоууэ...» Шум екIуэтэлIэIуэри жиIащ:

— Еблагъэ, тIыкIуэ! Месыр хьэщIэщыр, зи узыгъуэ кIуэдын...

— Еблагъэ куэд ухъу, ди анэ. Темболэт сыхуейт.

— Темболэт щыӀэкъым, къэтщ, – жиӀащ фызыжьым, шыбгым ису къепсалъэ хабзэмыщӀэ гъуамэм хузэгуэпу.

— ЦӀыхухъу гуэри дэскъэ?

— Ан-а-а, цӀыхухъу дэсамэ, сэ фызыжьыр... Ыр, теурэзыр зыхуэкӀуэн!

— Ди анэ, къысхуэгъэгъу. СопӀащӀэ. Мыр Темболэт схуетыж. И адэ и щхьэуасэу. Къысхуеймэ, сыбеслъэнейщ! – щӀалэм и бащлъыкъыр, зы хьэлъэ гуэр кӀуэцӀылъу, Жанболэт и анэм иритри къигъэкӀэрэхъуэжащ. Иджы ар шыжьэрыутӀыпщу, шэч хэлъкъым, нетӀэрей шууитӀым къаблэлъэтащ. «ГъэщӀэгъуэнщ, – жиӀащ абы аргуэру игукӀэ, – нетӀэ апхуэдиз пӀэщӀэгъуэр телъу зыр ежэхащ, иджы лъабэдий ящӀри къуажэм дэтщ. «Хэт и хьэщӀэщ нэхъ зэгъэпэща?» – жаӀэу, хэдэу къыщӀэкӀынщ». Ар къуажэ щӀыб хъуа къудейуэ, пщӀэу макъ хуэдэу зэхихащ. Дыгъужь, хьэӀуцыдз сытмэ, шыр щхьэ сабыр? Беслъэней щӀалэм къыжьэдикъуэри зэщӀэдэӀукӀащ, зэпхыдэӀукӀащ. Макъыр цӀыхубз гъы макът. ЯпэщӀыкӀэ зы къыхэгуӀыкӀащ, итӀанэ нэхъыбэ, жэщыр къагъэпсалъэу. Хьэхэр зэщӀэбэнащ. Къуажэм уэздыгъэ щыщӀагъанэ. Зы, тӀу, щы...

Беслъэней щӀалэр тэлайкӀэ щытащ чэнджащэу. «ФӀы сощӀэ», – жысӀэурэ, псори зэӀысщӀа? Къанлы и щхьэр... Ар бгъей хъун цӀыху?.. ГуӀэ макъыр абы илэжьа Ӏуэхум теухуа фӀэщӀыжри, щӀалэр, Ӏэбэмэ лъэмыӀэсыжу, щӀегъуэжат. Ауэ игъэзэжакъым къуажэмкӀэ. «Вгъей атӀэ, вгъей! Сэ зилъ сщӀэжар си анэрщ, си шыпхъурщ! Ар сыт хуэдэ цӀыхуу щытами сщӀэркъым... А лӀыжьыр. Ауэ абыи хуэфащэт илъ ящӀэжмэ! Ар хейт. Хейм илъ сэ хамэм сщӀэжащ! Фи ней, фыкъысхуеймэ, сыкъэвгъуэтынщ! Сыкъалъэгъуащ фи шууитӀ. Къреувэ си ужь! КърыращӀ пхъэр! ФыкъыслъэщӀыхьэ, абы щхьэкӀэ лъэбакъуэ лей счынкъым!» – шхыдэу, хъущӀэу, и шыр игъэжьажьэу, беслъэней щӀалэр ауз гъуэгу шынагъуэмкӀэ ехыжырт жэщу. Абы дэнэ щищӀэнт Иналыкъуэ хьэблэ щӀэпыхьэр Жанболэт тхьэмыщкӀэу. Темболэт ефтыж, жиӀэу къигъэна и бащлъыкъыр тхьэмахуэ дэкӀа иужькӀэ пщэфӀапӀэм хьэм къыщӀилъэф пэтрэ къытрахыжыну, абы Къанлы напэншэ, укӀыкӀей хъуащ, жаӀэу цӀыхум ятеӀуам, и щхьэр къыкӀуэцӀыхуну?..

# «ЗЕПХЬЭНУ МЫФЕЙДЭМИ АДЫГАГЪЭР, ЩЫМЫIЭ АР ЗЕЗЫХЬЭМ КЪЕФIЭКIА»

*(Шэрджэс усакIуэ, тхакIуэ, журналист Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ и тхыгъэхэм ятеухуауэ)*



Дызэрыт зэманым адыгэ литературэр, дыхуей-дыхуэмейми, езы лъэпкъми хуэдэу, хэгъэгу зыбжанэкIэ зэкIэщIэчащ, абы къыхэкIкIэ къэбэрдей, шэрджэс, адыгей, хэхэс адыгэ (е хыщIыб адыгэ) литературэу зэхэгъэщхьэхукIауэ дытепсэлъыхьын хуей мэхъу. Абы къикIыркъым ахэр зэщымыщу, зэхамэу, атIэ зы жыгым къыкъуэжа къудамэ цIыкIухэу е «зылI и быну» къэлъытэн хуейуэ аращ. Апхуэдэу лъэпкъ литературэр гуэшыныр куэд щIауэ къежьа Iуэхущ, абы щхьэусыгъуэ хуэхъуахэри зэмылIэужьыгъуэщ, тхыдэм къыхэщыж жылагъуэ-политикэ Iуэхугъуэ пыухыкIахэм къыщегъэжьарэ адыгэбзэм и къуэпсхэу литературэбзэу тIу (адыгеибзэмрэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ) къэрал унафэкIэ къызэращтам и деж щиухыжу. Зызэман а бзэхэм я алыфбейхэр зэхагъэхьэжу зы бзэ къыхащIыкIыжыну щIэныгъэлIхэри, тхакIуэ-усакIуэхэри, щэнхабзэ лэжьакIуэхэри, лъэпкъ Iуэху зезыхьэ нэгъуэщI IэщIагъэлI куэди иужь итахэщ, абы щIэныгъэ конференцэхэри къинэмыщI зэхуэс-зэIущIэхэри мызэ-мытIэу иращIэкIащ, ауэ нобэр къыздэсым ар яхузэфIэкIакъым. Абы и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщ: псалъэм папщIэ, ди къэралым и кIуэцIкIэ нэхъыбэу адыгэ зыщыпсэу хэгъэгуищым ящыщу Адыгей Республикэм адыгеибзэр щызокIуэ, абыкIэ я телевиденэр, радиор, еджапIэхэр, сабий гъэсапIэхэр щолажьэ, а бзэмкIэ тхылъхэр щытрадзэ, газетхэмрэ журналхэмрэ къыщыдокI. Апхуэдэ дыдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я IуэхущIапIэ псоми зэхуэдэу къэбэрдей-шэрджэсыбзэр къыщагъэсэбэп, абы щыгъуэми къэбэрдейхэмрэ шэрджэсхэмрэ я лексикэм зэщхьэщыкIыныгъэ мащIэхэри иIэу. Бзэхэм нэмыщI, щIыпIэ щхьэхуэхэм диалектхэмрэ говорхэмрэ щызокIуэ. А псор къэплъытэмэ, мызыгъуэгукIэ гурыIуэгъуэращи, адыгэр щIыпIэ-щIыпIэкIэ зэпэIэщIэу щытыхукIэ икIи лъэпкъ литературэр къызэрагъэщI бзитIыр щыIэхукIэ, «къэбэрдей», «шэрджэс», «къэбэрдей-шэрджэс», «адыгей», «хэхэс адыгэ» терминхэмкIэ езы адыгэ литературэри зэхэдгъэщхьэхукIын хуей хъунущ. Апхуэдэ гуэшыкIэм упщIэ бжыгъэншэхэри зэдауэ мыухыжхэри кърокIуэ, ауэ щхьэж дызыхуейр жытIэкIэ зэфIэкIыркъым, сыт хуэдэ къэхутэныгъэри, ар тхыдэм, щэнхабзэм, бзэм, IуэрыIуатэм, литературэм е нэгъуэщI унэтIыныгъэхэм ехьэлIауэ ирехъуи, зытещIыхьыпхъэр Iуэхур зэрыщыт дыдэращ.

Лъэпкъ литературэм и Iуэхур зэрыщытыращи, блэкIа лIэщIыгъуэм и 20-30 гъэхэм абы и къуэпс щхьэхуэхэу Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым къыщежьа-щызэфIэувахэм я зыужьыныгъэр, куэдми-мащIэми, зыгуэрхэмкIэ зэщхьэщыкIыурэ къогъуэгурыкIуэ – псалъэм папщIэ, жанр зэхэтыкIэкIэ, зытеухуазэрыухуа я лъэныкъуэкIэ (усэ гъэпсыкIэри хиубыдэу), уеблэмэ тхыгъэхэм тегъэщIапIэ яхуэхъу лъапIагъэхэмкIэ, нэгъуэщIхэмкIи. Ауэ щыхъукIи, зы лъэпкъ литературэм и къуэпсу щыткIэрэ, ахэр куэдкIэ зэтохуэ, зэподжэж – къапщтэмэ, адыгэм и зэхэщIыкIыр, щыIэкIэ-псэукIэр, IуэрыIуатэр, мифологиер, хабзэр, диныр, тхыдэр къызэщIэзыкъуэ образхэмрэ абыхэм ехьэлIа гупсысэхэмкIэ («национальное своеобразие» жыхуэтIэмкIэ) зэрыпсыхьамкIэ. Ахэращ лъэпкъым псэемыблэжу хуэлажьэ тхакIуэ-усакIуэ нэсхэм я тхыгъэхэм нэхъыбэрэ лъабжьэ яхуэхъур. АрщхьэкIэ къедбжэкIа лъапIагъэхэр куэдым я IэдакъэщIэкIхэм мащIэ-мащIэурэ хэухуэнауэ яхэплъагъуэми, зи творчествэ псор адыгагъэмрэ адыгэм и дуней лъагъукIэмрэ я гъуджэу гъэпсахэр закъуэтIакъуэххэщ – КIэрашэ Тембот, МэшбащIэ Исхьэкъ, IутIыж Борис, Бещтокъуэ Хьэбас, Бемырзэ Мухьэдин, Уэрэзей Афлик, Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ, ныбжькIэ нэхъ щIалэхэм ящыщу Бемырзэ Зураб, Чэнджэщауэ Артур сымэ хуэдэхэращ, зи цIэ къитIуэну къытщыгъупщэнкIэ хъун нэгъуэщI зыбжани яхэту. Мы гупым адыгэ литературэм и адыгей, къэбэрдей, шэрджэс къуэпс нэхъыщхьищри къызэщIеубыдэ. Мыбы хыхьэ дэтхэнэ тхакIуэ-усакIуэми гулъытэ лей хуэфащэщ икIи я нэхъыбэми датетхыхьащ, ауэ нобэр къыздэсым зи творчествэм дыхунэмысахэри яхэтщи, а щыщIэныгъэхэр зэрыдгъэзэкIуэжыным иужь дитщ. Апхуэдэщ шэрджэс усакIуэ, тхакIуэ, журналист, Урысейм и Журналистхэми и ТхакIуэхэми я зэгухьэныгъэхэм икIи ТворчествэмкIэ Дунейпсо Академием хэт, Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Адыгей Республикэмрэ щIыхь зиIэ я журналист Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ Асчэрбий и къуэр.



Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ тхакIуэ, усакIуэ, щэнхабзэ лэжьакIуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэ куэд зи куэщI ирапIыкIа Инжыдж псыхъуэм, къуажэкIэ Али-Бэрдыкъуэ (Хьэгъундыкъуей) къыщыхъуащ. Ар дыдэм къыщыхъуа Бемырзэ Мухьэдин лIэщIыгъуэ плIанэкIэ узэIэбэкIыжмэ пэжу гу лъитэгъат «цIыхубэ усакIуэ къудейуэ плIы (езы Бемырзэри яхэту. – **Хь.Л.**) къызыдэкIа а къуажэм ижь угъурлыр Увжыкъуи къызэрыщIихуам».

Тхьэгъэпсэур лъэпкъ литературэм усыгъэкIэ къыхыхьами, иужьрей лъэхъэнэм прозэ тхыгъэхэри и къалэмыпэ къыпокI. Абы и IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэсауэ щхьэхуэу тхылъищ къыдэкIащ: «Дуней гущэ» (Налшык, 2001), «Тхьэм и бынхэр» (Черкесск, 2007), «МэкIэрахъуэ дунейр» (Черкесск, 2023). Мыбыхэм хыхьа тхыгъэхэр жанркIи, я ухуэкIэкIи, зытеухуа IуэхугъуэхэмкIи, ахэр зыхуэгъэзазытегъэпсыхьа я лъэныкъуэкIи куэду зэмылIэужьыгъуэщ.

Тхьэгъэпсэу У. и усыгъэм нэхъ купуэ зыщызыужьахэм ящыщщ философие, хэкупсэ, жылагъуэ (жылагъуэ-политикэ, жылагъуэ-экономикэ) лирикэ лIэужьыгъуэхэр. Абыхэм нэхърэ нэхъ мащIэу щытми, усакIуэм и тхылъхэм щIыпIэ хэха щаубыд лъагъуныгъэ, пейзаж лирикэм, цIыкIухэм папщIэ усэхэм, ауанхэмрэ гушыIэхэмрэ. Иужьрейхэр усыгъэуи прозэуи тхауэ урохьэлIэ. Апхуэдэуи «МэкIэрахъуэ дунейр» тхылъым урысыбзэкIэ тхахэри а бзэмкIэ зэрадзэкIахэри хыхьащ.

ЗыкъомкIэ зэпэгъунэгъуу икIи язынықъуэхэм деж зэхэгъэшыпсыхьауэ къакIуэ философие, хэкупсэ, жылагъуэ мотивхэр зи лъабжьэ усэхэм гъащIэм и мыхьэнэр, иджырей лъэхъэнэр, цIыхухэм я зэхэтыкIэ-зэхущытыкIэхэр IупщIу къыщыгъэлъэгъуащ. Апхуэдэхэм гупсысэ нэхъыщхьэу щыпхрышар усакIуэр зыгъэпIейтей, зытегузэвыхь Iуэхугъуэхэрщ – кIуэ пэтми лъэпкъым и цIыхухэм бзэр, хабзэр, цIыхугъэр, гъэсэныгъэр, напэр, пэжыгъэр, лIыгъэр, уеблэмэ езы Ухыгъэ дыдэри IэщIыб ящIу, мылъкумрэ щхьэхуещэ псэукIэмрэ япэ зэрырагъэщырщ. Мис, псалъэм папщIэ, усэ зэмылIэужьыгъуэхэм дызыщрихьэлIэ щапхъэ зыбжанэ: *«Иджы гупсысэр псыдзэу къэутхъуауэ, / ЕмыкIури екIури тфIызэхозэрыхь. / Ямыгъэса нэхъыщIэхэр сэхъуауэ, / Нэхъыжь хьэлыншэм хуамыщIыжу дзыхь»* («УсакIуэ нэсыр»); *«Нобэ куэдым Тхьэ зэхуаIуэ, / ЯмыIэжми Тхьэ»* («КъулыкъущIэ щыкIам», *«Мысэм щIегуэ хейр, – / Хеш щIыхьыншэ гъуэгур»* («Зэгуауд лъэпкъыгур»); *«Къару зыгъуэтыр хабзэм доджэгу зэхифыщIэу, / Адэ щIэиныр цеижь пытхъахуэ къыфIэщIу»* («Гукъеуэ»), *«Напэ уиIэ?», – жиIэу нэкIум тоуIуэж, / Жыгым фIэс кIыгугуу и цIэр ирeIуэж. / Бегъымбар хъуа фIэщIми, зэрыцIыху жьгъейщ, / А нэмэз зыхуищIри Тхьэуэ фIэщ щIыгъуейщ...»* («Напэ уиIэ?...»), н.ку.



А псор къыщритхэкIкIэ, усакIуэм фадафэхэм, къулыкъущIэкъухэм, щыкIахэм, щытхъу лъыхъуэ зэпытхэм, сондэджэрхэм я образ гуемыIухэр сурэтым хуэдэу уи нэгу къыщIегъэувэ, уеблэмэ, и губжьыр къытекIуэу, мис мыпхуэдэу гуащIэIуэу щыпсалъи къыхэхуэу:

*ЦIыхугъэншэ-щIыхьыншэ бажэжь,*
*Къэрал хабзэр здыхуеймкIэ зышэщI,*
*ЩIакIуэ Iув, щIакIуэ быдэ, бэшэч!.. –*
*Напэ Iув, напэ быдэ, куэпэч!!!*
**(«ЩIакIуэжь»)**

Мыпхуэдэ усэкIэм художественнэ лъапIагъыу хэлъыр мащIэми, ар зи IэдакъэщIэкIыр абыкIэ бгъэкъуаншэ хъуну къыщIэкIынкъым, сыту жыпIэмэ, япэрауэ, дэтхэнэ усакIуэ нэсми хуэдэу, ар, мыхъумыщIагъэ лъэпкъ и гум худэмыгъахуэу, пэжым и телъхьэщи. ЕтIуанэрауэ, мыр Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ зэсагъэжьу сыт щыгъуи зытет и тхэкIэ хьэлкъым, и гупсысэр нэхъ щабэу, телъэщIауэ икIи купуэ къызэриIуэтэн Iэзагъэ бгъэдэмылъуи щыткъым. ИужьреймкIэ щыхьэтщ абы и адрей усыгъэхэри прозэ тхыгъэхэри. Абыхэм къазэрыхэщымкIэ, ар къэзы-

10 Заказ №1683

ухъуреихь псоми яхущIэбжэу, тхьэусыхафэр игъэшу псэухэм икIи апхуэдэу тхэхэм ящыщкъым. Сыт хуэдиз гутехуэгъуей, гъэпцIагъэ, фэрыщIагъ гъащIэм щримыхьэлIами, а гъащIэм и IэфIагъыр усакIуэм зыхещIэ, абы нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэри фIыуэ къыгуроIуэ. И зы усэм деж щетх:

*Гугъэ нэхухэр гуауэу лъэлъэжами,*
*Угужьейуэ гугъэр къуэплъхъэжами,*
*НасыпыщIэм уегъэгуфIэжыф. –*
*Сыту гъащIэр гъэщIэгъуэну IэфI!..*
**(«Сыту гъащIэр гъэщIэгъуэну IэфI!..»)**

НэгъуэщI и зы усэм дежи усакIуэм гъащIэр фIыуэ зэрилъагъур къыхэщу, абы ифIри и Iейри гурэ псэкIэ къиштэу, фIыщIэ псалъэкIэ зыщыхуегъазэ:

*УкъызгурыIуэн си гугъэу, гъащIэ,*
*Мы дунеижьым сыщохъэщIэ.*
<...>
*СыбгъэджэлакIи – сымыхыщIэ.*
*КъысхуиигугъэрI сымыщIэ...*
*Насыпу сиIэр зы IэмыщIэ?!*
*ТIум щыгъуи уэ пхузощIыр фIыщIэ.*
**(«ГъащIэ»)**



Философие лирикэм пэгъунэгъуу, языныкъуэхэм дежи абы и зы къуэпсу, Тхьэгъэпсэум и тхыгъэхэм жылагъуэ мотивхэр къахощхьэхукI. Абыхэм цIыхухэм я зэхэтыкIэ-зэхущытыкIэхэм кIуэ пэтми хэпщIыкIыу зэрызахъуэжыр, щэн-къэщэхун Iуэхухэр гъащIэм тепщэ зэрыщыхъур, щIэблэм гъэсэныгъэ екIу зэрахэмылъыжыр, нэгъуэщI куэди къызэщIаубыдэ, жылагъуэ Iуэхухэр политикэм щыхуэкIуэжи къэхъуу.

БлэкIа лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм, «перестройкэ» цIэр зытеIукIа лъэхъэнэм, ди къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр гъащIэм и гъуджэу къалъытэ литературэми къытещащ, абыхэм тхакIуэ-усакIуэхэри хуит зэращI мардэрэ я зэфIэкI къызэрихькIэрэ пэджэжахэщ, гуащIэIуэу, пхъашэу жыпIэ мыхъунухэр щIагъыбзэм щIагъапщкIуэу е гушыIэм хуагъакIуэу; ноби абы тетхыхьхэр щыIэщ. Тхьэгъэпсэу Увжыкъуи къыхэдгъэща лъэхъэнэри иджырей зэманри къызэщIэзыубыдэ апхуэдэ тхыгъэ зыбжанэ иIэщ – «Перестройкэ» (ауан; 1997), «Iуэху гуэри мэкIуатэ» (2014), «Ей, Америкэшхуэ» (ауан; 2014), «И снова в бой» (2022) жыхуиIэхэр. Я фIэщыгъэхэми къызэрагъэлъагъуэщи, мыбыхэм къэрал кIуэцI зэхэтыкIэ къудейр мыхъуу, дуней псом щызэрахьэ икIи щызэрахъэ жылагъуэ-политикэ Iуэхухэр къыхощ. УсакIуэ набдзэгубдзаплъэм хеймрэ мысэмрэ хъар-

зынэу хузэхогъэкI, язынықъуэ къэралхэмрэ къэрал унафэщIхэмрэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэр, абыхэм цIыхубэм ирах лейр сэтей къещI икIи, къалэм нэхъ Iэщэ IэщIэмылъу, и псалъэ шэрыуэхэмкIэ апхуэдэхэм япэщIэтщ.

ИщхьэкIэ къызэрыщыхэдгъэщащи, Тхьэгъэпсэу У. нэхъыбэ дыдэу зыгъэпIейтейри, гуфIэгъуэ-гугъапIэкIэ зытетхыхьри, и хэкупсэ лирикэр зэрыщыту къызэщIэкъуауэ зытегъэпсыхьари лъэпкъ Iуэхуращ. Абы теухуауэ усакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэр я бжыгъэкIэ куэд мэхъу: «Ди адыгэбзэ», «Адыгэ пщащэм», «Хабзэжь уардэ», «Адэжь лъахэ», «Хабзэжь», «Адыгагъэ», «Адыгэ Iэнэ», «Адыгэ», «Си насыпщ», «И насыпщ», «Сытесщ адыгэш», «Ди Хэку и уафэ», «НэхъыжьыфI», «Лъэпкъ бэшэч», «Лъэпкъ щхьэмыгъазэ», «Гугъущ уадыгэну» (Бемырзэ Мухьэдин и усэм пэджэжу), нэгъуэщI зыбжани. Мыбыхэм къыщыIуэтахэр зэхэплъхьэжмэ, адыгэм и дуней псо къагъэщI: лъэпкъым и гупсысэкIэр, Iуэху зехьэкIэр, и тхыдэр къызэрыгъуэгурыкIуар, нобэ иIэ хъуа псэукIэр, адыгэ хабзэ екIур, хэкум и дахагъыр, адыгэ шхыныгъуэхэм я IэфIагъыр, адыгэлIым и хахуагъыр, адыгэ пщащэм и теплъэ гуакIуэмрэ хьэл-щэн Iэдэбымрэ, адыгэшым и жэрагъымрэ бэшэчагъымрэ, анэдэлъхубзэм и къулеягъымрэ шэрыуагъымрэ икIи нэгъуэщI куэди IупщIу уи нэгу къыщIагъэувэ. Псалъэм папщIэ, блэкIам хуеплъэкIыж-хуехъуэпсэкIыжу, усакIуэм и зы усэм мыпхуэдэу щетх:



*А лъэпкъыр дэгъагъэт адэжь Хабзэ екIум,*
*Нэхъ уарди имысу яIуатэт мы Хэкум.*
*Вагъуэбжу бэгъуауэ шагъдийхэр зэрахуэт,*
*ЦIыхугъэ – Тхьэ Хабзэр мыубзэщхъуу зэрахьэт.*
**(«Лъэпкъ щхьэмыгъазэ»)**

Мыбдежым дызыхэплъэр теплъэгъуэ телъыджэщ, ауэ адыгэм и дунейр гуфIэгъуэ, дахагъэ зэфэзэщу усакIуэм къигъэлъагъуэркъым (фIыри Iейри щызекIуэ щIылъэ гъащIэм и кIуэцIкIэ апхуэдэу щытынкIи Iэмал иIэкъым). А Iуэхум ехьэлIауэ гурэ псэкIэ игъэв бэлыхьхэм ар «Гукъеуэ», «Адыгагъэ» «ДиIэжкъым нэхъыжь», «Ди зэхэтыкIэр», «Зэгуауд лъэпкъыгур», «Жылэ хэкIуэдэж», «Нэрынэр махэмэ...», «Сыт ди Iэмал?», «ГурыфIыгъуэншэ», «Напэншэхэр», «Уадэншэ сыдж» усэхэм деж зэIухауэ щытопсэлъыхь. ИтIани лъэпкъым къэкIуэну нэхутхьэху зэриIэр абы хьэкъыу и фIэщ мэхъу икIи и гущIэм щигъафIэ гугъапIэ-хъуэпсапIэхэр щIиуфэркъым:

*Адэжьхэр псэущ гуащIэхукIэ гукъэкIыжыр,*
*Гугъэр диIэхукIи псэр IэфI къытфIегъэщI.*
*Къухьэжми Дыгъэр, гуфIэу къыкъуокIыжыр,*
*Ищтэжми зы псэ, псэщIэ Тхьэм къегъэщI.*
**(«КъэкIуэнум»)**

Апхуэдэуи усакIуэр адыгэм къыщIэхъуэ щIэблэщIэм хабзэжьхэр къызэрагъэпсэужым, ди ныпым щIыгъуу абыхэм адэжьхэм я щIыхьри зэраIэтыжым, езы лъэпкъри гъуэгу махуэ зэрытеувэжым хуабжьу щогуфIыкI. И зы усэм къызэрыщигъэлъагъуэмкIэ, адыгэм и къэкIуэнур екIуу зыгъэпсыфын щIэблэ щыпкъэ нобэ ди лъэпкъым къыщIохъуэ. Апхуэдэ ныбжьыщIэхэм

*БлэкIам хуэфащэу яIэщ плъапIэ,*
*ИкIи ящIэтщ адэжьхэм ялъ.*
*Теувэ хъуми щIакIуэкIапэ,*
*ЖрагъэIэнущ «АдыгэлI»!*
**(«ЩIэблэщIэм ныпыр къеIэтыж»)**

Тхьэгъэпсэу У. и хэкупсэ лирикэм абы и «хэку цIыкIум» («малая родина» жыхуэтIэм) теухуа усэхэри зы къуэпсу къыгуэжащ. Апхуэдэхэщ ар къыщыхъуа жылэжьым, абы и гъунэгъу къуажэхэм, и сабиигъуэмрэ щIалэгъуэмрэ щигъэкIуа псыхъуэм теухуахэр; адэжь лъапсэр къэзыухъуреихь бжьэпэхэмрэ бгыхэмрэ, мэкъуауэ здэкIуэу щыта щIыпIэхэр къызыхэщыжхэр; апхуэдэуи еджапIэ нэхъыщхьэр къыщиуха икIи и гъащIэм щыщ Iыхьэф I щрихьэкIа Налшык къалэ хуигъэпсахэр – «Хьэгъундыкъуей», «Сытетщ бгыпэм», «Си лъахэ», «Уэгъумрэ уэшхымрэ», «Мэкъуауэ», «Ди Инжыдж цIыкIу», «Жьакуэ-на-ЛампIу», «Жьакуэ – бгырыс жылэ», «Налшык», «Налшык сыкIуэнущ», нэгъуэщIхэри.



Хэкупсэ лирикэм хыхьэу Тхьэгъэпсэум и IэдакъэщIэкIхэм иджыри зы усэ гуп къахощхьэхукI. Ахэр лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ мифологиемрэ лъабжьэ зыхуэхъуахэрщ е абыхэм ящыщ мотивхэмрэ образхэмрэ зыхэухуэнахэрщ – «Редадэ», «Нартхэр», «Сосрыкъуэ», «Iэдииху». Мыбыхэм лъэпкъым и тхыдэ жыжьэри яхэгъэшыпсыхьащ – псалъэм папщIэ, лъэпкъ лIыхъужь Редадэ тэмтэрэкъеипщ Мстислав зэребэнам, зэщхьэгъусэхэу Iэдиихурэ Псэбыдэрэ икIи Iэдииху и чэщанэу Инжыдж псыхъуэ къыщхьэщытым теухуа хъыбархэр.

ИщхьэкIи къызэрыхэдгъэщащи, сыт и щхьэусыгъуэми, Тхьэгъэпсэу У. и усыгъэм лъагъуныгъэ лирикэр хэпщIыкIыу щынэхъ мащIэщ. ЗыкъомкIэ ар хуэпхь хъуну къыщIэкIынщ адыгэлIым и гухэлъыр зэIухауэ иIуатэу зэрымыхабзэм, ди зэманым апхуэдэ Iуэху еплъыкIэм куэд темытыжми. Абы щыгъуэми усакIуэм и тхылъхэм гухэлъ усэ Iэрамэхэми уащрохьэлIэ. Ахэр гурыщIэ нэхурэ лъагъуныгъэ куукIэ гъэнщIахэщ, абыхэм гуфIэгъуи гуауи щызэщIэлъщ. Псалъэм папщIэ, усакIуэм и тхыгъэхэр псори къыщызэщIэкъуа «МэкIэрахъуэ дунейр» ещанэ тхылъым лъагъуныгъэ лирикэр «Гухэлъ макъамэ» фIэщыгъэм щIэт Iыхьэ щхьэхуэу итщ. Абы хыхьахэщ «Гукъеуэ уиIэм», «Уи гъусэщ си гур», «Уэсыр сигу пыкIкъым», «ПIалъэншэ гухэлъ», «СиIэщ гугъэ», «ПцIащхъуэ», «Дытету нэпкъ зырызым», «Жэщмыжей» усэхэр, нэгъуэщI зыбжани. Мыхэр щIэбджыкIа нэужь, «ПцIащхъуэ» усэр

лъэныкъуэкIэ «къахокIуэт» – япэрауэ, абы къыщыхъуа-къыщыщIауэ усакIуэм къритхэкIахэм зэман кIыхькIэ уамыутIыпщыжу узэрызэщIаIыгъэмкIэ. Мис мыбдежым псом хуэмыдэжу наIуэ щохъу Бемырзэ Мухьэдин: «Увжыкъуэ <...> и усэхэм укъеджа нэужькIэ ахэр мамыру лъэныкъуэкIэ зэбгъэтIылъэкIыжу, зэуэ уи Iуэху пщIэуэ уежьэжыфыркъым...», – жиIэу щIитхыгъар.

«ПцIащхъуэр» строфаиплIу зэхэт усэщ, ауэ абы балладэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр хыболъагъуэ – зы сюжет унэтIыныгъэр, гуащIэу екIуэкI Iуэхугъуэр, зэфIэхыпIэ зимыIэ конфликтыр (мыбдежым – «внутренний конфликт»-кIэ зэджэр), лIыхъужь нэхъыщхьэм и лIэныгъэу тхыгъэм кIэIунэ езытыжыр. Усэм къыхэщ пцIащхъуэ зэрыбыныр «антропоморфнэ образ» жыхуаIэм хуэдэщ – цIыхум и хьэл-щэн гуэрхэр, зэхэщIыкI-гупсысэр, зыхэщIэр, гудзакъэр ядэплъагъуу ухуахэщ. Къызэрыхэдгъэщащи, тхыгъэм пэщIэдзи, кIэухи, зызыужь сюжети иIэщ. Япэ строфам деж усакIуэм конфликтыр къызыпкърыкIыр, абы и щхьэусыгъуэр къегъэлъагъуэ – мафIэс къэхъуащ. А теплъэгъуэ шынагъуэр абы художественнэ Iэзагъ хэлъу, зэгъэпщэныгъэ, метафорэ, эпитет щIэщыгъуэхэр къигъэсэбэпурэ къретхэкI:

*Жыхъэнмэр уи нэгум щIэзыгъэкI*
*МафIэсыр уэнжакъ унэм пэлъэщауэ,*
*И бзийхэр яхуищIауэ Iупхъуэ бжэхэм,*
*Плъыжьыбзэ и джэбыныр ирешэкI.*

**(«ПцIащхъуэ»)**

Мыпхуэдэу гузэвэгъуэкIэ ешэжьа хъуа сюжетыр, дауикI, фIым зэрыхуэмыкIуэнур гурыIуэгъуэщ. АдэкIэ къыкIэлъыкIуэ строфаитIым деж конфликтым зыщеужьри и гуащIэгъуэ дыдэм (кульминацэм) нос: унэ къуапэм кIэрыщIыхьа абгъуэм ис шырхэр къигъанэу лъэтэжын лъэмыкIыу, пцIащхъуэ-анэм и бынхэм зарекъузылIэ. ПцIащхъуэ-адэми, гуIэгъуэр къылъысауэ, «насып IэщIэкIыр къыхуэмыубыдыжу», абыхэм я Iуфэлъафэр къелъэтыхь. Мыбдежым укъыщеджэкIэ пцIащхъуэ унагъуэр зыгуэрым къригъэлыну ущогугъ, икIи, уегупсысмэ, абыхэм я абгъуэр унэ къуапэм щыкIэрыщIыхьакIэ, ар унэ бгынэжауэ щымытмэ (апхуэдэу тхыгъэм къыхэщкъым), дауикI, цIыхухэр, гъунэгъуу щыIэщ, ахэр къадэIэпыкъун хуейщ... АрщхьэкIэ, балладэм зэрыщыхабзэу, Iуэхур гуузу еух – пцIащхъуэ зэрыбыныр мафIэсым хокIуадэ. Апхуэдэу щытми, гущIыхьэ е гукъинэж тщыхъун къудейр аракъым тхыгъэм и гупсысэ нэхъыщхьэр, и щIагъыбзэр зыхуэунэтIар, абы щIэлъ философиер куэдкIэ нэхъ куущ: езы гъащIэри щхьэузыхь зыхуэпщI хъун лъапIагъэхэрщ – пэжыгъэрщ, лъагъуныгъэрщ, адэ-анэм я псэ зэхэлъыкIэрщ – усакIуэм зи гугъу ищIыр. Псом хуэмыдэу ар усэм и кIэух ещанэ строфам деж щынэрылъагъущ. ПцIащхъуэ-адэр и унагъуэм

*ДэIэпыкъуфкъым... Абгъуэр къощэтэх,*
*ИкIуадэу пцIащхъуэ быныр мафIэ Iэгум...*
*ЩилъагъукIэ ар, зеIэт, йохъэжри уэгум,*
*Зыкъыхедзэж и абгъуэр зыс мафIэкум...*

**(«ПцIащхъуэ»)**

Строфа бжыгъэкIэ зэрымащIэр, итIанэ абы къыщыIэта Iуэхугъуэм жылагъуэ мыхьэнэ иIэу, цIыхубэр къызэщIикъуэу зэрыщымытым и гугъу умыщIмэ, зы лъэныкъуэкIэ, мы тхыгъэр балладэу къэплъытэныр щыуагъэкъым. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ, къэдгъэлъэгъуа щыщIэныгъэ мащIэхэр тхыгъэр балладэ жанрым хуэзышэ гъуэгум фIэкIыпIэншэ лъэпощхьэпоуэ къытеувэ нэужькIи, абы щыгъуэми «ПцIащхъуэр» усэ къызэрыгуэкIкъым, атIэ сюжет зиIэ усэщ – урысыбзэкIэ «сюжетный стих» е «фабулярный стих» жыхуаIэращ.

Лъагъуныгъэ лирикэм и зыужьыпIэр цIыхухъумрэ бзылъхугъэмрэ я зэхуаку къыдэхъуэ гурыщIэм деж къыщыувыIэркъым. Лъагъуныгъэр езыр плъыфэбэщ, къуэпсыбэщ, абыкIи лъапIэщ. Тхьэгъэпсэу У. и адэ-анэм яхуигъэпса усэхэри лъагъуныгъэ лирикэм хэдгъэхьэми дыщыуэнукъым, сыту жыпIэмэ, «Си адэ», «Анэ», «Пщхьэщымытыжмэ адэр», «Си анэ», «Си адэм и гъуэгу», «Анэм и сурэт» усэхэр гухэлъ куукIэ гъэнщIахэщи. Мы тхыгъэхэм дежщ усакIуэр псом хуэмыдэу щынэхъуеиншэр, щыхейр, и сабиипсэ къабзэр щихъумар.

Ныбжьэгъугъэри, къуэшыгъэри, уеблэмэ адыгэхэм Iыхьэлейм икIауэ ягъэлъапIэ зэгъунэгъугъэри лъагъуныгъэм и зы лIэужьыгъуэщ. Тхьэгъэпсэум и усыгъэм и ныбжьэгъухэмрэ и къуажэгъухэмрэ яхуигъэфэща усэхэми щIыпIэ хэха щаубыд: «Шэрджэс Алий» (2006), «Гу пщтыр мызагъэ» (Шэрджэс Алий и фэеплъу; 2021), «Къыр щэща» (Пхъэш МуIэед и фэеплъу; 2001), «Иджырей шэрджэсхэр» (Жыкъуэ Аслъэн и фэеплъу), «ЗекIуэлI» (Нэхущ Мухьэмэд и фэеплъу), «ЩIэблэм» (IутIыж Борис и фэеплъу), «Зэтрилъхьащ и напIэр» (Шыд Юрэ и фэеплъу), «Фыпсэущ ди къуэшхэр» (Абхъаз зауэм хэкIуэда доброволецхэм я фэеплъу), «Согъей ныбжьэгъур» (Афган зауэм хэкIуэда си ныбжьэгъу Къущхьэ Iэуес и фэелъу), «Къуажэхь» (Бемырзэ Мухьэдин хуэгъэза ныбжьэгъу шарж), нэгъуэщIхэри.

Жанр икIи жанр фащэ и лъэныкъуэкIэ ухэплъэмэ, Тхьэгъэпсэу У. и IэдакъэщIэкIхэм яхэтщ усэхэр, усэ кIэщIхэр, сюжет зиIэ усэхэр («фабулярный стих»), сонетхэр (езы усакIуэм жанрыр имыгъэнахуэми), сабийхэм папщIэ усэхэр, ауанхэмрэ гушыIэхэмрэ (усыгъэуи прозэуи тхауэ), басняхэр, таурыхъхэр, шыпсэхэр, рассказхэр. КъедбжэкIа къудейми къегъэлъагъуэ усакIуэм лъэпкъ литературэм жанркIэ зегъэужьыным ехьэлIауэ хуищIа хэлъхьэныгъэр зэрымымащIэр. Абыхэм ящыщу сонетхэм кIэщIу къытеувыIэн хуейщ.

Тхьэгъэпсэум и тхылъхэм езым сонету къигъэлъэгъуауэ зы тхыгъи иткъым, ауэ абыхэм ящыщ зыбжанэ а жанрым хуэфIу йозагъэ – «Налшык», «ЩыкIым щысхь имыIэ», «Мэбанэ хьэр», «Илъэс

хыщI», «ДиIэжккъым нэхъыжь», «ГурыфIыгъуэншэ», «Гур мэпIейтей» жыхуиIэхэр. Я купщIэм, къыщыIэта упщIэхэм, зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэм ятепщIыхьмэ, мыбыхэм я нэхъыбэр зыхиубыдэр иужьрей лъэхъэнэм нэхъ зызыужьа философие сонет лIэужьыгъуэращ. Псалъэм папщIэ, «ЩыкIым щысхь имыIэ» сонетым гъащIэм и хабзэ нэхъыщхьэхэри, лъэпкъым и щыIэкIэ-псэукIэри, езы усакIуэм и дуней тетыкIэри (автобиографизм хэлъу) щызэхэуухуэна гупсысэхэр щыпхрышащ. И гъэпсыкIэми занщIэу дриплъэн папщIэ сонетыр зэрыщыту къэтхьын хуейщ:

*Нэхъ лъэщым зэи щытакъым сыщышынэу,* A
*ЗыщызгъэцIыкIу сом щхьэкIи* ***къэмыхъуа.*** b
*ИкIи, напэншэм* <u>*сыкъыхуэгъэшыну,*</u> A
*Тхьэм техьэ-текIыу сыкъимыгъэхъуа.* b

*Сопсэу си гъуазэу адэм и* <u>*пэжагъыр,*</u> C
*Губгъэн хуэзмыщIу мылькум* ***щигъэкIам.*** d
*Зепхьэну мыфейдэми* <u>*адыгагъэр,*</u> C
*ЩымыIэ ар зезыхьэм* ***къефIэкIа.*** d

*Псэ Iуту къальхуу мылIэжын* <u>*щымыIэ,*</u> E
*Шхын Iыхьи иIэу псори Тхьэм* ***къегъэщI.*** f
*Ауэ сэхъуа щхьэхуэфIхэм щысхь* <u>*ямыIэ,*</u> *–* E
*ЗытекIуэр ялIми яшхми* ***замыгъэнщI****...* f

*Сыт яшхми, ахэр зэтолIэж* <u>*хьэпIацIэу,*</u> G
*Бын къащIэнахэр напэ щхьэкIэ* <u>*нацIэу*</u>*...* G

**(«ЩыкIым щысхь имыIэ»)**

Сонетым и рифмэ ухуэкIэри и строфа зэкIэлъыхьыкIэри инджылыз фащэм итщ: катренищрэ гупсысэр къызэщIэзыкъуэж сатыритIу зэхэтщ, сатырхэр мыпхуэдэ щIыкIэм тету рифмэкIэ зэпыщIащ – AbAb CdCd EfEf GG (цIыхубз рифмэхэр хьэрфышхуэкIэ, цIыхухъу рифмэхэр хьэрф цIыкIукIэ къэгъэлъэгъуащ). Абы къищынэмыщIауэ, тхыгъэр сонетым нэхъ хуэщу къалъытэ стопаитху ямбым и жыпхъэмкIэ тхащ, зы щIыпIэ гуэрхэм деж ар къызыхуэтыншэ дыдэ мыхъуами. Мис, псалъэм папщIэ, етIуанэ катреным и ухуэкIэр:

U – | U – | U – | U U | U – | U пир. 4[1]
U – | U – | U – | UU | U – пир. 4
U – | UU | U – | UU | U – | U пир. 2, 4
U – | U – | U – | UU | U– пир. 4

[1] Пиррихий зытет стопар къегъэлъагъуэ.

Мыпхуэдэ гъэпсыкIэр адрей катренхэми, иужьрей сатыритIми (дистихым дежи) щыболъагъу. Къэдгъэлъэгъуа щхьэхуэныгъэхэр зэхэплъхьэжмэ, дызыхэплъа усэр сонету зэрыщытым щыхьэт тохъуэ.

Тхыгъэхэм я ухуэкIэм мащIэу я гугъу щытщIакIэ, Тхьэгъэпсэур усэ гъэпсыкIэми зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр къыхэгъэщын хуейщ. Абы и IэдакъэщIэкIхэр утезашэу зы къупхъэм иту псыхьакъым, атIэ языныкъуэхэм деж усакIуэм, псалъэхэри, рифмэхэри, усэ жыпхъэхэри, стопа бжыгъэ зэхуэмыдэхэри зэридзылIэ-зэдигъэджэгу щIыкIэурэ, абыхэм я купщIэм пэджэж ритмикэ зэмылIэужьыгъуи ящIелъхьэф. Зи гъэпсыкIэр нэхъ гъэщIэгъуэнхэм, зи ритмикэр нэхъ щIэщыгъуэхэм ящыщщ «Псэмрэ Iэпкълъэпкъымрэ», «Сыту гъащIэр гъэщIэгъуэну IэфI!..», «БжьыхьэкIэ», «Тхьэм и бынхэр», «Дыгъэмыс» («Дагомыс»), «ЩакIуэм и хъыбар» жыхуиIэ тхыгъэхэр. Иужьрейм нэхъ гупсэхуу къытеувыIэн хуейщ.

«ЩакIуэм и хъыбар» тхыгъэр езы усакIуэм и тхылъхэм таурыхъыу къыщигъэлъэгъуащ, арщхьэкIэ и купщIэкIэ таурыхъми, и зэхэлъыкIэкIэ, образ къэгъэщIыкIэкIэ, сюжет ухуэкIэкIэ, апхуэдэуи эпикэ гупсысэкIэм зэрытещIыхьамкIэ ар поэмэу къэлъытапхъэщ. Пэжщ, абы IуэрыIуатэ таурыхъыр и лъабжьэщ, ауэ аркъудейкъым, и кIыхьагъкIэ мифри (миф персонажхэр, миф мотивхэр, миф щIыпIэхэр) бгъуфIэу кIуэцIрокI. А псор къэплъытэмэ, тхыгъэр поэмэ жанрым зэризагъэм нэмыщI, абы и жанр фащэри IупщI мэхъу – дэ дызэреплъымкIэ, ар поэмэ-мифщ.



Тхыгъэм и пэщIэдзэм деж къыщегъэжьауэ и кIэухым нэсыхункIэ уимыутIыпщу удэзыхьэх сюжет гъэщIэгъуэн иIэщ. Абы и лIыхъужь нэхъыщхьэу хъыбарыр къэзыIуэтэжыр зы махуэ гуэрым «пылыпкъ-пылынэ» хъужауэ зы бгъэшхуэ ирохьэлIэри, ахэр зэпэщIоувэ, щакIуэм и куэпкъым бгъэм и пэр хехуэ, езы щакIуэми бгъэм и нэ лъэныкъуэр къреху. Бгъэр игъэIэсэу и пэр кIапсэкIэ пипхыкIа нэужь, щакIуэр абы и пэбгым допщейри, абдежым зы сыхьэт щощхьэукъуэ. ЗэрыхуэбгъэфэщэнкIэ, адэкIэ тхыгъэм къыщекIуэкIхэр щакIуэм илъагъу пщIыхьэпIэщ. Мы Iуэхугъуэми – сюжетым пщIыхьэпIэр къызэрыхыхьэм икIи и нэхъыбэкIэ абы тещIыхьауэ зэрыщытым – зи гугъу тщIы тхыгъэр поэмэ-мифым и жанр фащэм зэризагъэр иджыри зэ щIегъэбыдэ. АдэкIэ абы къыщыхъу-къыщыщIэ псори, дызыщрихьэлIэ антропоморфнэ персонажхэри, поэмэм и кIэухри жытIам щыхьэт тохъуэ. Бгъэм и пэбгым шэса щакIуэр вагъуэм дрехьей, абы дуней телъыджэ и нэгу щыщIокI, зищIыс-зыщыщ дыдэри къыпхуэмыщIэ псэущхьэ гуэрхэм щаIуощIэ икIи тхыгъэм и кIэухым деж ар «шыжь» нэ лъэныкъуэм щIылъэм кърехьэхыж. Пэжщ, зэ еплъыгъуэкIэ, сюжетыр къызэрыгуэкIыу пфIэщIынущ, ауэ усакIуэм и къэIуэтэкIэмрэ образ ухуэкIэмрэ нэхъыфI уигъэлъыхъуэну зэпэщщ, уеблэмэ языныкъуэхэм деж укъигъэуIэбжьу гъэщIэгъуэнщ. Мис, псалъэм папщIэ, вагъуэм щыпсэухэм я «шыфэлIыфэр» усакIуэм къызэригъэлъагъуэр:

*... Къыпыту я кIэхэм я щхьэр,*
*Я щхьэнишэ пкъыхэр зэфIэтщ.*

*ЦIыхуIэщ яфIэтыр зэуэ,*
*Iэбжьанэ фIейхэри кIырщ.*
*Я щIыбыр къысхуэгъэзауэ,*
*КъысIуплъэ я нэхэр плъырщ.*

*Джанэншэ япкъ Iуплъэгъуэджэм*
*Щыгъын ямыщIэ къыпфIощI.*
*Жьэпкъым еуалIэ гъуэншэджым*
*И лъапэм шыд лъакъуэ къощ.*

*Шыд лъэбжьанэжьхэр лыдыжу*
*ДыщэпскIэ зэхэлыхьащ.*
*ХьэщIагъ къызах я гугъэжу,*
*Жин джэгури зэхаублащ.*
**(«ЩакIуэм и хъыбар»)**



Мыпхуэдэу телъыджэ защIэщ адэкIэ тхыгъэм дызыщрихьэлIэ псори: ищхьэкIэ къэдгъэлъэгъуа персонажхэм я унэIуту къыхэщ удхэри *(«Я мэл Iэпкълъэпкъыр зэфIэту, / ЛъакъуитIкIэ ахэр зокIуэф. / ЦIыхущхьэ екIуи яфIэту, / ТэрмэшкIэ зэгуроIуэф»)*, «абджыхуу и джийр» псынэ гуащэри, «дыщэ IэдэшхуэкIэ зэгуэкIа щIыгур зэхуэзышэж» лIыжьри. Иужьрейр жинхэм я пашэм и нэкIэ къызэрыщыгъэлъэгъуам тхыгъэр нэхъ гъэщIэгъуэныж ещI. «Дзыбэ дзыусщ» зэрыжаIэу, жиным цIыху сурэтым ит, цIыхугъэ зыхэлъ, Iуэху щхьэпэ зылэжь лIыжьым теухуауэ мыхэр къепсэлъ:

*– А лIыр мэпсэу къыдэижу,*
*ЕмыкIур екIуу къыщохъу.*
*И Iэпкълъэпкъ фаджэм декIужу*
*Щытыжщи, худощI гущIэгъу.*

*Дэ жытIэр къыддыжимыIэ,*
*Iэбжьанэ кIыхь имыгъэкI.*
*Шыд лъакъуэ дахи имыIэ,*
*Щхьэр кIэпкъкIи къримыхъэкI.*

*Дэр хуэдэу мыкъуий и щхьэжьыр,*
*Нэбжьыцри зэи имыупс.*
*Сэбэп и гугъэу илэжьыр,*
*ЩыгубжькIэ къытфIещ «пцIыупс».*

*ЩIыдагъэ щIыгум къыдэжмэ,*
*Мажэри шхэпскIэ едыж.*

*ЖыгыщIэ гуэр къыращамэ,*
*Здыхэта дыдэм хетIэж...*

*Аргуэру, еплъыт, хуэпIащIэу,*
*ЩIы зэгуэчар зэхуешэж.*
*Ар хъуамэ, Iуэхур зи бащэу,*
*ДыркъуэщIэ лъыхъуэу йожьэж.*

*Хуэзгъатхэ пэтми си удхэр,*
*Гъуэгу пэж тесшэну слъэмыкI.*
*Я къуэшщи ар унэIутхэм,*
*Дэщхъ хъуну и гум къэмыкI...*

**(«ЩакIуэм и хъыбар»)**

Мыбы укъыщеджэкIэ Бальзак и зы Iущыгъэ уигу къегъэкIыж: «Псори щытхышэм пкъыфIэр лъагъугъуей щохъу» – «Там, где все горбаты, стройность становится уродством» жыхуиIэр. Мыбдежми аращ – жиным цIыхур фIэлъагъугъуейщ. Зэ еплъыгъуэкIэ, мыр дыхьэшхэнщ, ауэ нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ ухэплъэмэ, Iуэхур куэду дыхьэгъщ. Жиным и псалъэхэмкIэ усакIуэм и тхыгъэм щIагъыбзэ куу щIилъхьащ: нэхъыщхьэу абыкIэ къигъэлъагъуэр иджырей зэманым цIыхухэм я зэхэтыкIэ, дуней тетыкIэ хъуахэрщ. Дызэрижагъуэщи, куэдым цIыхугъэр, цIыху хьэл-щэныр яфIэкIуэдащ, я напэр мылъкукIэ ящэжащ, щыкIахэщ, я теплъэ къудейкIи цIыху сурэтым икIахэри гъунэжу яхэтщ икIи апхуэдэ дунейм захуэу, псэ къабзэу, гущIэгъу хэлъу къытенэжа закъуэтIакъуэхэр ауан ящIу къызэхэнащ. 

АдэкIэ поэмэм лъэпкъ Iуэхури щIагъыбзэ куукIэ къыхохьэ, нэхъ зэIухауэ жыпIэмэ, нобэкIэ лъэпкъым езым и хабзэр IэщIыб ищIыжкIэрэ икIи хамэхэм ядэплъейкIэрэ езым и IэкIэ зэрызиукIыжыр лIыжьым и псалъэхэм щIэгъэпщкIуауэ тхыгъэм къыщокIуэ. Нэхъ кууржу ухэплъэмэ, адыгэм и тхыдэр къызэрекIуэкIам и кIапэлъапэ гуэрхэри (псалъэм папщIэ, зэгуэр абы и щIыналъэр Iузэу къызэрабзыхьар) хыболъагъуэ. Мыращ тхьэмадэм жиIэр:

*– Вагъуэбэр Тхьэшхуэм къигъэщIу,*
*ЩIыгуищэ къыщыхихам,*
*Мы вагъуэ плъагъур щIы нэщIу*
*Дэ япэу дыкъехыгъат.*

*Тхьэшхуэ унафэм дыщIэту,*
*Мы щIылъэр дгъэщIэрэщIат.*
*ЩIыхъым, пэжагъым дытету,*
*Хабзэ зэкIуж къэдгъэщIат.*

<...>

*Ауэ гу бзаджэу, щхъэхуещэу,*
*КъытхэкIыу хъуащ щхъэзыфIэфI.*

*Ягу ирихъ хабзэр зэIуащэу,*
*Щыхуейм деж ящIу ней-нэфI.*

*Псэ къабзэр хъури жыIэщIэ,*
*Щхъэхуещэр хъуащ унафэщI.*
*ДащIащ ХАБЗЭШХУЭМ пэIэщIэ,*
*КъафIэщIу Тхъэшхуэм пэлъэщ.*

*ИкIи, дэIуахэм емынэ*
*КъащыщIри, унэIут лъэпкъ*
*ЗэдыкIэ хъуащ зы къэмынэу,*
*Хъуащ теплъэкIи мэл Iэпкълъэпкъ.*

*Тет хъуахэри щIыбырыкIуэу*
*КъакIухьу къызэхэнащ.*
*Тхъэм и IэмыркIэ, зэмыкIуу,*
*ЯщIэм ещхъыжхэу къэнащ.*

**(«ЩакIуэм и хъыбар»)**



Мыхэращ – жин пашэмрэ лIыжьымрэ я псалъэхэращ, дэ дызэреплъымкIэ, поэмэм и гупсысэ нэхъыщхьэр зыхэлъыр, абы и фIагъри зыщылъагъупхъэр. УсакIуэм образ жыIэкIэ гъэщIэгъуэнкIэ къигъэлъэгъуэн хузэфIэкIащ цIыхубэм, лъэпкъым нобэкIэ зыкъамыщIэжмэ, цIыхугъэр къезыгъэлыну лъапIагъэхэу IэщIыб ящIахэр, псалъэм папщIэ, хабзэ дахэхэр, къыдахыжу къамыгъэпсэужмэ, ахэр мыгувэу щыхупIэм зэрыхуэкIуэнур, псэущхьэ къудейуэ дунейм къызэрытенэнур.

«ЩакIуэм и хъыбар» поэмэ-мифым хужыпIэныр куэд дыдэщ, абы и купщIэм къыщегъэжьарэ и фащэм деж щиухыжу къэхутэныгъэ щхьэхуэ хуэфащэщ. Псоми я гугъу дымыщIыфми, рифмэ ухуэкIэр къыхэдмыгъэщу хъунукъым. Зы строфам и щапхъэкIэ дыхэплъэнщ:

*БгъуэнщIагъым сыщощхъэукъуэ,*
*Къуэ зэвхэм зыщызоухъ.*
*Щыхъыхъур, слъагъумэ и бжьакъуэр,*
*КъурыкъукIэ къызопшэрыхъ.*

**(«ЩакIуэм и хъыбар»)**

Мыбдежым къыщыхьа сатырхэр кIэух рифмэмкIэ *(сыщощхъэукъуэ ↔ бжьакъуэр, зыщызоухъ ↔ къызопшэрыхъ)* нэмыщI, IуэрыIуатэм и рифмэ къулейхэмкIи *(сыщощхъэукъуэ ↔ къуэ, зыщызоухъ ↔ щыхъыхъур, бжьакъуэр ↔ къурыкъукIэ)* зэпхащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, мы строфами поэмэм хыхьэ адрей едзыгъуэхэм я нэхъыбэми усакIуэм «рифмэ тIуащIэр» Iэзэу щегъэлажьэ, абыкIи тхыгъэм и ритмикэр къеджэгъуафIэу икIи гум иубыдэгъуафIэу шэщIа мэхъу.

Тхыгъэм и бзэри абы и купщIэмрэ фащэмрэ яхуэфэщэжу зэрытелъыджэр, зэрыщIэщыгъуэр «къызопшэрыхь» («пшэрыхь къызощI», «пшэрыхьу къызохь» къикIыу) жыхуиIэ псалъэ закъуэмкIи наIуэщ.

«ЩакIуэм и хъыбар» поэмэ-мифым хужытIэну дызыхунэмысахэр нэхъыбэми, ар лъэпкъ литературэм, хэхауэ къапщтэмэ, лиро-эпикэм и тхыгъэ нэхъыфIхэм ящыщу зэрыщытым ищхьэкIэ къыщыдгъэлъэгъуа къудейхэри щыхьэт тохъуэ.

Апхуэдэуи къэхутэныгъэ щхьэхуэ яхуэфащэщ усакIуэм таурыхъыу е шыпсэу къигъэлъэгъуауэ, ауэ басня жанрым изагъэхэу нэгъуэщI тхыгъэ зыбжанэми (и япэрей тхылъхэм басняу къыщигъэлъэгъуаи яхэтщ): «Дыгъужь бын», «Аслъэнымрэ бажэмрэ», «Джэдэщ», «Бжьэмрэ бадзэхэмрэ», «Дыгъужьыр чэтым» жыхуиIэхэр.

Мызэ-мытIэу къызэрыхэдгъэщащи, Тхьэгъэпсэу У. и Iэдакъэщ IэкIхэр сыт и лъэныкъуэкIи, псом хуэмыдэу жанркIэ, зэмылIэужьыгъуэщ. Апхуэдэу, абы и сабий усэхэри псэ къабзагъэр, гупсэхугъуэр щытепщэ зы дуней щхьэхуэу и творчествэм къыхолыдыкI. Ахэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи (Бемырзэ Зураб зэридзэкIауэ) «МэкIэрахъуэ дунейр» тхылъым хыхьащ.

ГъащIэм щыщу, гупсысэ куу ящIэлъу, ауэ зи гугъу ищIыр «тыншу», утемызашэу ауанрэ гушыIэкIэ къыщыIуэтауэ тхащ Тхьэгъэпсэум и рассказхэри: «ТхьэлъэIу», «Унагъуэ псэущхьэ», «ГАИ-м сыхэтщ», «ДызэбзэпсэлъыкIащ», «СыкъыпкIэроху», «Нэчыхьытх», «Сывохъуэхъу, фыхуэмеймы», нэгъуэщI зыбжани. 

Дызыхэплъахэм къызэщIэкъуауэ дызыхуашаращи, Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, ноби абы хуэлажьэ усакIуэ икIи тхакIуэ гуащIафIэщ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэжращи, ар зэрытхэ и анэдэлъхубзэр хъарзынэу ищIэ къудейм къыщынэркъым, атIэ псэкIэ зыхещIэ (псалъэм папщIэ, «Псалъэжь Iэрамэ» усэр псалъэжь защIэкIэ тхащ), лъэпкъ тхыдэм, IуэрыIуатэм, мифологием фIыуэ щыгъуазэщ. Иджырей лъэхъэнэм апхуэдэ зэфIэкI ин зиIэ цIыху зэчиифIэхэр зырызыххэщ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*

*Усэхэр* ТХЬЭГЪЭПСЭУ Увжыкъуэ

## ТХЬЭМ И БЫНХЭР

Вагъуэ бжыгъэншэ исщ ди щыгу,
ЗэщӀэблэу жэщкӀэ.
Абыхэм яӀэу псэуныгу,
МэпщӀыпщӀ нур жэркӀэ.

Шыхулъагъуэм, телъу хьэуа хъар,
Хьэршым и гъунэу,
ЩӀыгу, цӀыхуу хъуам анэ тхуэхъуар,
Къыхощ щхьэхынэу.

ЦӀыху псори дыщопсэу а щӀым,
ПсэлъэкӀэ тщӀэуэ.
Тхьэм дрибынми, дошэс жьым,
Куэдри дыщоуэ.

Къытхэтщ Тхьэ бынхэм чристэн,
Къытхэтщ иудейри.
Сэ сыадыгэ – муслъымэнщ,
А Зырщ дызейри.

ДолъэӀу бзэ мин зэмыщхькӀэ Тхьэм,
Къэтпсэлъыр зыуэ.
ИтӀани, гур йоижри щхьэм,
Къохъей щхьэхь зауэ.

Уэ, Тхьэм и быну цӀыху хьэлэл,
Зыщумыгъауэ!
Дунейкъутэжым зыкъегъэл,
ЩӀыр къыумыгъауэ!

Ей, Тхьэм и нэфӀыр зыщыхуэн,
Умыудафэ!
Зыхуэбгъэувыж къысфӀощ къапхъэн,
ЦӀыху щыкӀыгъуафӀэ!..

## IУФИТI

Гур ешамэ — псэр йош,
Псэр ешамэ — гур йош,
Зэхуэсакъыу щопсэури
Зы бгъэгум...

Гъуджэм къощ пщIыхь слъэгъуар,
Гупсысэх сызыщIар,
КъыщIохьэж слъэгъуа псори
Си нэгум.

Щэхур — сыту Iэпэгъу,
Жыжьэр — сыту гъунэгъу! —
Хуожэ гур уафэ лъащIи
ВагъуэщIи!

... ЩыIэщ гъащIэ нэгъуэщI,
Дуней — псэ къыщагъэщI,
Хьэрш архъуанэм адрыщIи
МыдрыщIи...

Сэ иджыкIэ сыщыIэщ мыдрыщIкIэ,
Си псэ Iыхьэ хьэулейми адрыщIкIэ...



## ФIЫР ЗЭХЭЗЫМЫЩIЫКIЫМ

Зэи фIы умыщIэ, фIыщIэ ущыгугъыу,
«ФIы щIэи псым хэдзэ!» — жиIащ пасэрейм.
Зыхуэмыфащэм, дунейм тетыр фIыгъуэу
Ухуейми хуэщIэ — хуигъэкIуэнущ Iейм.

Ар зэуэ уи жагъуэгъухэм яхыхьэнущ,
И мурад щэхуу лъапIэу уарищэн.
ФIыуэ хуэпщIари, пщIэри щIихъумэнущ,
КъыфIэщIу дыуэ зэи къытрамыщIэн.

Ауэ Тхьэ Хабзэр гушхуа бзаджэнаджэм
ЩыхуэжыIэщIэ зэгуэр къэмыхъун,
Адэжь фэеплъ — псалъэжьхэм ящIэнакIэм
ИкIагъэу илэжьар къыхуэмыгъун...

ЩІумыуд и лъэр, бжэр къыпхуІузыхым,
Къозытым гъуэгу и гъуэгу зэпумыупщІ.
Хыумыдзэ фІей псыкъуий псы къызэрыпхым,
Биижь бгъэблагъэу, благъэжь бий умыщІ!

## ЦІЫХУГЪЭМ И ФЭР ПОКІ

Къащхъуэжкъым...
Хъуащ гъуабжафэ пшэншэ уафэр,
КъыпфІэщІу нэхэм щІыІуху къытрищІа.
Е, щІылъэр щыжея хьэрш-анэ бгъафэр
Быдзышэ ІувкІэ Тхьэшхуэм илъэщІа?

Ерагъыу зи дзэлыфэр зытІа дыгъэм,
ЩІэкІами и къарур, ихъумэу дигу,
Къыдделъэ Іэ, къытхилъхьэу фІэщхъуныгъэ,
ИгъащІэкІи итынущи ди щыгу.



Абы зыр худоплъей, пхроплъри хьэршым,
И гугъэр хилъхьэу хуабэ къеІусам.
Адрейм зыщІеубыдэж зыщІэс и пэшым, —
Хуэарэзыкъым насып къылъысам.

Зым зешхыхьыж... Игъуэткъым зыхуей вакъэ,
Адрейм, гуфІэпсми, лъакъуэ пымытыж...
ЩыкІа хэплъыхьыр хуэгузавэу щІакъуэм,
Гупсысэ жэбзэжын Тхьэм къритыж!..

## УЩЫМЫКІ ИКІИ УМЫГУЖЬЕЙ

Си щхьэгъубжэм зыгуэр къытоуІуэ,
Сынэбэнэушэу сыкъотэдж,
КъысхуэкІуа си гугъэу Тхьэм и лІыкІуэ,
КъыдэгъуэгурыкІуауэ Тхьэгъэлэдж.

КъытеуІуэ ткІуэпсхэм щІагъэхуабжьэ,
Ауэрэ къежэхыу кърекІых.
Псыхьэлыгъуэм гъуэгу щыхеш бжыхь лъабжьэм,
Итхмэ фІэфІу псыдзэм и нэчыхь.

Сыщогугъ уэших ятӀэ кърихыхым
Къытхуихьыну гъэм и хъыбарыфӀ.
ЩӀыр къэзыгъэча мы уэгъу лъэкӀыхьым,
КъыкъуэкӀыну къару пэлъэщыф.

Пшэ зэжьэхэуахэр щыблэу мауэ,
Тхьэм щтаучхэр зэщихъуа нэхъей.
УафэхъуэпскӀми мэзымкӀэ зидзауэ,
Нэхъ жыг лъагэ дыдэр дрелыгъуей...

Псыдзэми къелынщ цӀыху цӀыкӀур, уэгъуми,
Насып гущи щыпсэхунщ щӀэжьейр...
«СхулъокӀ» жыпӀэу ущымыкӀ зэгуэрми,
«СлъэкӀкъым» жыпӀэу зэи умыгужьей...

## ШХЭКЪУАХЭМ

ЦӀыху цӀыкӀур гъащӀэм ихъуэжми,
Шхэкъуахэм загъэщӀэгъуэжми,
Къытхукъуигъэплъу и щэхур,
ЗэпӀэзэрытщ дуней хьэхур.

КъыкъуэкӀ-къухьэжщ псэм фӀэфӀ дыгъэр,
Псэхэлъхьэу Тхьэм къытхуищӀ тыгъэр.
Щопсэу ди щӀыгу вагъуэ минхэр, —
Ахэм зэрапх уафэ лъынтхуэр...

Мо бгыри, мо пшэ зэхуэсри,
Мо мэзри, мо бзу зэхэсри,
ДызыӀэпкълъэпкъ-зы лыджанэщ,
Дыкъыщалъхуари ЩӀы-анэрщ.

Захъуэж, итӀани, цӀыху цӀыкӀум,
Хаухуанэу екӀур емыкӀум,
Шхэкъуахэм загъэщӀэгъуэжу,
Зыгуэруи закъыщыхъужу...

## ДИ ИНЖЫДЖ ЦӀЫКӀУ

Алэрыбгъу пӀащӀэу, мыл щхъуантӀэ тажыр
Къыр джабэ лъагэм къеубгъуэхащ.

Абы зиIуантIэу къуршыпс къыщIэжыр
Псэхэлъхьэу уэру ди деж къэсащ.

Марыхъу Псыхуэмыр къыхэлъэдэжри,
А IэгъуапитIыр хъуауэ Инжыдж,
Къожэх мамыру, и гукъыдэжри
ФIыщ... Къэгубжьамэ, мэхъу емылыдж.

Ар и зы лъынтхуэщ ди Хэку Iэпкълъэпкъым,
Къыхилъхьэу лъахэм адыгэ хьэл.
А псым сыт щыгъуи ефэ ди лъэпкъым
Ирифыр Тхьэшхуэм къыхуищI хьэлэл!..

## АНЭ

ПщIэдджыжьым, дыгъэ нурыбэу,
КъытщыгуфIыкIыу, Iэ щабэу
КъыдэдэхащIэу, гумащIэу
Дыкъегъэуш анэм гуапэу.

ЗыгуэркIэ уэшх къыттешхамэ,
Е къыдэджамэ цIыху хамэ,
Анэм и гущIэм зегъазэ,
И гум къеIа нэхъей къамэ.

Ди гур щIэпхъуэху дызыхещIэ,
Дэ къыттехьэлъэр къытощIэ...
Ди псэр зыпыщIа анэм
ХуэтщIэжыр дэ сыту мащIэ!

Ди гур изщ и нэгу диплъэхукIэ,
Дысабийщ Iэ къыддилъэхукIэ...
Зэи гузэвэгъуэ хэтынкъым
Быныр, и анэр псэухукIэ...

## АДЫГЭ ПЩАЩЭМ

Гъатхэ гъагъэу, нэгу зэлъыIуха,
Тхьэм и нэфI дахагъкIэ зыщыхуа,



11 Заказ №1683

Къурш псынащхьэ гуакIуэу, макъ жьгъыру,
Ди лъэпкъ уардэм ухурехъу къару!

Акъыл жану куэдрэ урепсэу,
Ену плъагъуу гъагъэу дуней псор,
Ухуэфащэу укъызыхэкIам, —
УкI телъами, псэун зылъэкIам!

Дыщэху щхьэцу, пщащэ нэ къуэлэн,
Лъэпкъыжь гуащэ хъуну зи къалэн,
Узижагъуэу хъуар къурмэн къыпхухъу,
ЩIалэфI натIэу насыпыфIи ухъу!..

## ЗЭГУАУД ЛЪЭПКЪЫГУР

Техьэ-текIщ дунейр,
Техьэ-текIщ цIыху цIыкIур:
ЯмыщIэж зыхуейр,
ЯгъэгуIэ щIыгур.

Жьыбгъэр зэм къыкъуоу,
Зэм мэятэ уэгур,
Зыр мэсэмэркъэу,
Зым зэхэлъщ и нэгур.

Техьэ-текIщ дунейр,
Техьэ-текIщ цIыху цIыкIур:
Мысэм щIегуэ хейр, —
Хеш щIыхьыншэ гъуэгур.

Тхьэми щимыIэж
Лъэпкъым егъэзыпIэ,
Паши димыIэж,
Иуващэ лIыпIэ.

Техьэ-текIщ дунейр,
Техьэ-текIщ цIыху цIыкIур:
ЯмыщIэж зыхуейр,
Ягъэпуд ЗИ лIыкIуэр.

Зэпок1уэт, загуэш
Мыгъуэр зи нэгу щ1элъхэм,
Трагъэу я зэш
Лыжь хъуа щхьэзыф1эф1хэм.

Техьэ-тек1щ дунейр,
Техьэ-тек1щ ц1ыху ц1ык1ур:
Ещ1э щхьэж зыхуейр, —
Зэгуауд лъэпкъыгур...

## ГУГЪУЩ УАДЫГЭНУ

*(Бемырзэ Мухьэдин и усэм пэджэжу)*

Гугъущ уадыгэну мы зэман ерум,
Щ1ихъумащи напэр «к1апэм» и къарум,
Лъэпкъым къыщ1энахэм ди1экъыми гъуазэ,
Унэ1ут к1эсыжхэр ироджэгури хабзэм.



Гугъущ уадыгэну, уису адыгэщ1,
Лъэпкъыл1 нэсым и шыр щащ1ым уанэгу нэщ1,
Хьилэшым, пц1ыупсым ищ1эр къыздыхуэгъум,
Щыпкъэр здыхагъэтым ену гуныкъуэгъуэм.

Гугъущ уадыгэну, зепхьэу адыгэгу,
Псэжь дуней тетык1эм щигъуэтак1э гъуэгу,
Лъапсэми, тхыдэжьми, жьэгуми хуимытыжу
Шэ хьэлэл ефахэр здагъэпсэум зэижу...

## ГУКЪЕУЭ УИ1ЭМ

Гукъеуэ уи1эм, ещ1 дунейр нэщхъей,
Уи гъащ1эм 1эф1у щ1элъыр тк1уа нэхъей.
Зэхэпхкъым я уэрэдыр гъатхэ бзухэм,
Плъагъужкъым я дахагъыр вагъуэ ц1ухэм.

Лъэужь уи нэк1ум нэпсым щрегъэщ1,
Гупсысэм гущ1эм бамп1э къыщегъэщ1.
Дыгъэр къыпф1ощ1 хуэдиз хъуа пэш уэздыгъэм, —
Ар и 1эужьщ уэсэпс хъуа лъагъуныгъэм...

## УИ ГЪУСЭЩ СИ ГУР

СиІащ гухэлъ, гурыщхъуэм илъэхъауэ,
Имыдэу теплъэхьэ хьэлъэр зыхищІэн.
Утехьэ-текІыу жыпІэ пэтми «хьэуэ»,
Къысщыхъут абы «хъунщ» псалъэр къыпыпщэн.

Сыхъуапсэт, псэкІэ щІасэ дызэхуэхъуу,
Сыхъуну уи нэ фІыцІэхэм я фІэщ.
Мазэгъуэ дахэр къыткІэлъыплъу, щэхуу
ПхуэсщІыну тыгъэ абы и зы жэщ.

Си псэ пхьэхуар ныщыджэм, къыхуІупхри,
Упэрымыуэу къэбгъэбырсеят.
Псэр кІэлъыпхъэру си дунейр сІэщІэпхри,
ПщІыхь нэхъ ІэфІ дыдэу щыІэм сыхэпшат...

Иджы сыщысщ Шыхулъагъуэр си псэлъэгъуу,
Жэщ кІасэм хэзэрыхьу си щхьэ тхъуар.
Сигу щхьэрыутІыпщри здепшэжьащ уэ пщІыгъуу,
Сыбгъэпшыныжу сызэродыгъуар.



## ЖЭЩМЫЖЕЙ

Уэздыгъэ нэфым игъэзащІэу
Унафэ къыхуащІар,
Щхьэхынэу нуркІэ мэпэщащэ,
Елъагъури зигу хэщІар.

Жьыху пэбжу щабэ къауц пІэкум
Гухэлъыр имыхуэж.
Гугъэ щхьэхуитыр хъуэпскІри, уэгум
Ихьащи, къэмыкІуэж.

Гупсысэм ихьу пІэкум исым
И нэпсыр къощэщэх.
Ар лъагъуныгъэ мафІэ зысым
КъиутІыпщкъым зыри щІэх.

Абы, щхьэгъубжэм къыIухьауэ,
МазэщIэр къыкIэлъоплъ.
Пщащэ дахащэм дихьэхауэ,
И нэкIур нэхъри къоплъ.

Уэздыгъэ нэфым ар ефыгъуэу,
ЩIобакъуэ пэш нэщхъейм.
ХуэгъэудэIун езым и гугъэу,
ХуещI IэплIэ дахэкIейм.

Ауэ гухэлъыр мыуэздыгъэ, —
УхуейкIи мыункIыфI.
МазэщIэр щыхъукъым гущIэм дыгъэ,
Гупсысэр ищIу чэф.

... Дунейм жэщ джанэр зыщехыжыр,
Уэздыгъэри песыкI.
МазэщIэр пэшым къыщIокIыжыр,
Нэхущри хым къосыкI.

НэкIуплъ-нэкIухуу пIэкум исым
И нэпсыр елъэщIыж.
И лъагъуныгъэ, мафIэу зысым,
Хуэзэну мэжеиж...

# ХЭХЭС ГЪАЩІЭМРЭ НОБЭРЕЙ СИ ДУНЕЙМРЭ

Илъэс зыбжанэ хъуауэ Лэскэн районым и Урыху къуажэм, унагъуэ дахэ щыхъуауэ, дэсщ Сирием къыщалъхуа щІалэ, Идрисхэ (Къардэн) Мухьэмэд-Омар. И щхьэгъусэ Битокъу Ларисэ сцІыхурт, Омар и хъыбар кІапэлъапи зэхэсхат, илъэс куэдкІэ Хьэрыт Эмиратым зэрыщыпсэуар сщІэрти, сыхуэзэну, сепсэлъылІэну си нэ къикІырт. «Узыдэмыс къуэладжэ лы дэзщ» адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэу, жыжьаплъэу гъащІэ къэукъубеяуэ къытщыхьу хамэ къэрал дунейм къыхэкІыжа щІалэр къуажэ псэукІэ Іэсэлъасэм зэрыхэсыхьыжар сфІэгъэщІэгъуэнт. ИщІэн-илэжьынкІэ, и лъэпкъыу щытми, къызыхэтІысхьэжахэм яхэсыхьыжынкІэ гугъу емыхьу пІэрэ жысІэу сегупсысырт. Мы махуэхэм си лъэ нэсхусащ Омар и деж, сыхьэтищым нэблагъэкІэ дызэбгъэдэсати, дакъикъэ бжыгъэущ къызэрысщыхъуар, щІэныгъэ куу зэрыбгъэдэлъым, жиІэн зэрикуэдым, и псэлъэкІэм узэрызыІэпишэм къыхэкІыу. Си гуапэщ абы къысхуиІуэтахэм щыгъуазэ фысщІмэ.



**Омаррэ и щхьэгъусэ Ларисэрэ.** *2023*

Омар и адэшхуэр (ари Омарт) илъэсипщІ-пщыкІуз хъууэ и гъусэу абы и адэж Идрис хэкум ирашауэ щытащ. «Хэтхэ уащыщ?» упщІэм и жэуап «Идрисхэ сарейщ» жыхуиІэм къытекІыгъащ Хьэтуей къуажэм щыпсэуа Къардэнхэ ящыщ лъэпкъым я хэхэс-унагъуэцІэр. Омар и адэ Хьэсэн генералу Сирием и дзэм хэтащ. И анэ Хъейрие Ботэщхэ япхъут.

– Адыгэ кІуэдахэм дащыщкъым дэ, – жеІэ Омар. – Си адэанэр щыпсэуащ Сирием и Хъанасир къуажэм. Ди адэр дзэм хыхьа иужь, къалэм Іэпхъуэри, абы дыкъыщалъхуащ, дыщапІащ. АдыгэбзэкІэ фІэкІа ди адэ-анэри ди анэшхуэри къыдэпсэлъакъым, хьэрыпыбзэ мащІэ ящІэми. ДызыщІапІыкІар адыгэбзэщ, адыгэ хабзэщ. Таурыхъ къыджаІэхэмкІэ Хэкур ди нэгу къыщІагъэхьэрт, дыдрагъэхьэхырти, зэпымыууэ си гур мыбыкІэ щыІэт, зэгуэр сыкъызэрыкІуэжынури си дежкІэ хьэкът.

ЗэкъуэшитІрэ зэшыпхъуищрэ мэхъу Омар сымэ. И шыпхъу нэхъыжь Бушрэ Эмиратым щыпсэуауэ 2015 гъэм Мейкъуапэ къэІэпхъуэжащ. Иджыпсту и бынхэм я деж Канадэм кІуауэ, пІалъэкІэ абы щыІэщ. КъыкІэлъыкІуэр Юсрэщ, Сауд Хьэрыпым щопсэу, и щхьэгъусэр дунейм ехыжащ, бынищ иІэщ. Сирием и Дамаск къалэр зи псэупІэ Юмнэ зэрыбынхэм я ещанэщ. И щхьэгъусэр генералу дзэм хэ-

тащ, езыр инженеру, дзэм хуэлажьэу щытащ, иджыпсту тIури пенсионерщ. ЩIалитI яIати, зыр дзэм хэту щIэпхъаджащIэхэм яукIащ. Омар и къуэш закъуэращ абы къыкIэлъыкIуэр – Ясерщ. Хьэрып Эмиратым и Дубай къалэм дэсщ, интерьер-дизайнерщ. Хэкупсэу, адыгэлъ ящIэту къызэрыхъуам и щыхьэту, абыхэм псоми адыгэбзэр ящIэ.

– Дауэ нэгъуэщIу?! – жеIэ Омар. – ИгъащIэм къэралым симысауэ адыгэбзэ щысщIэкIэ, емыкIукъэ къуажэм дэсым имыщIэну?!

Сирием и университетым инджылызыбзэмкIэ и къудамэр къиуха иужь, илъэс 25 ныбжьым иту Омар Катарым кIуащ, зы илъэс фIэкIа абы щымыIэу Хьэрып Эмиратхэм Iэпхъуащ. ИлъэсипщIкIэ тыкуэнышхуэ, иужькIэ ресторан ягъэлэжьащ, нэгъуэщI хьэрычэт Iуэхухэри зэрахуащ. 1992 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 22-кIэ абы щыпсэуащ Омар.

Дзэ унагъуэ зэрыщапIам къыхэкIыу я хьэлыр псыхьа зэрыхъуар, зыри хуэмыныкъуэ пэтрэ сытым дежи я щхьэ щыгугъыжу къызэрытэджар къыхегъэщ Омар. Анэм и кIэ къуащIэм къуэсыну и адэм къахуидэнутэкъым, езыми апхуэдэ хьэл хэлътэкъыми, хуиту и щхьэ Iуэху зэрихуащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, еджэху и ныбжьэгъумрэ езымрэ университетым и буфетыр ягъэлэжьащ. Къэрал хъуэжри къызэрыгуэкI Iуэхуу фIэкIа зыкIи къытехьэлъакъым. «Эмиратым апхуэдизкIэ ущотыншри, укъыщалъхуар, узэсауэ къэплъытэр пщегъэгъупщэ. Абы щыгъуэми сэ къэралым епхауэ зэи сыщытатэкъым, унагъуэм пэжыжьэуи сыпсэуати, си щхьэ Iуэху фIэкIа зезмыхуэжу а псом пэIэщIэ сищIат хьэрып щIыналъэм. Уи гур быдэ ещI жыхуэсIэщ. ЦIыхум елъыта къыщIэкIынщ ар къазэрыщыхъур, ауэ сэ сфIэIеякъым».



Омар и къуэшыр Абу-Даби щыпсэурт, езыр Дубай дэст. Ларисэ Абу-Даби и клиникэ гуэрым щылажьэу, Ясеррэ и щхьэгъусэмрэ щIыхьащ абы IуэхукIэ, ахэр адыгэбзэм зэришалIэри цIыхугъэ зэхуэхъуахэщ. Ларисэ Къэбэрдейм къэкIуэжыпат 2013 гъэм Омаррэ и къуэшым и унагъуэмрэ Хэкум къэкIуэну мурад щащIам. Къэпсалъэу Ларисэ къыщыжраIэм, «хьэуэ» къыхигъэкIакъым. Апхуэдэ щIыкIэкIэ япэ дыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къихьэри, махуипщIкIэ щыхьэщIащ. КъэкIуэжыну игу ирилъхьат Омар, хьэрычэт Iуэху гуэрхэри мыбы къыщызэригъэпэщыну и гурылъти, абырэ Ларисэрэ зэхуэтхэу, я Iуэху зыIут зэхуаIуатэу хуежьащ. Зы илъэс нэхъ дэмыкIыу къэIэпхъуэжыпащ щIалэр Хэкужьым, Ларисэрэ абырэ унагъуэ зэдаухуащ.



**Омар и адэ Идрис Хьэсэн.** *1990*

Мазэ зытIущкIэ Нарткъалэ щыпсэуат ахэр. «Къуажэм сыкъыщалъхуащ сэ, ауэ фэтэрыр дахэ цIыкIуу зыхуей хуэдгъэзати, гу щызмыхуауэ сызэплъэкIыурэ сыкъэкIуэжын хуей хъуат, – жеIэ Ларисэ. – Нарткъалэ дыдэсыху, жэщым дыгъуэлъыжырт Омар зы план ищIауэ, лъапсэ иIэ хъумэ, жыг цIыкIу нэгъунэ зыхэтынухэр иубзыхуауэ. Нэху дыкъекIырти, нэгъуэщI план иIэт. КъызэрыщIэкIымкIэ, жэщым мыжейуэ арат. Къуажэм щIапIитI щыдиIэщи, узыхуейр псэуалъэ тщIынщ, щыжысIэм си анэм и гъунэгъур къыхихри дыкъэIэпхъуэжащ. Иджы, сыт хуэдэ мылъкукIи, фэтэр сыщIэтIысхьэжынукъым».

КъэкIуэжа иужь джэд, гуэгуш ягъэшхащ, мэл ягъэхъуащ, жыг хадэ дахэ иIэщ, балий Iэрысэ изу иту. ПщIантIэм узэрыдыхьэу нэм къыIуидзэр къабзагъэщ, дахагъэщ, егупсысауэ зэгъэкIуа, зыхуей хуэгъэза, гъэщIэрэщIа псэуалъэщ. И гуэщи, и уни, пщIантIэм идза мывэ нэгъуни плъыфэкIи щIыкIэкIи зэщIэжьыуэу екIупсщ. Абы къыбжеIэ зэщхьэгъусэхэр зэхуэдэ гумызагъэу зэрызэрихьэлIар. «Алыхьым иужькIэ Ларисэ и фIыгъэщ нобэ сиIэ псэ псэхугъуэр, – жеIэ Омар. – Хьэрыпым сыщыщыпсэум унагъуэ щIэзмыухуэм къыщIэупщIэхэрт. «Сэ Хэкум сыкIуэжынущ, адыгэ бзылъхугъэ фIэкIаи гъусэ сщIынукъым», жысIэ щхьэкIэ, зыгуэр сиIэу, абы сегупсысу аратэкъым. Иджы согъэщIэгъуэж а къэспсэлъар наIуэ зэрыхъуар».

– Дунейм теткъым мыр зэрысхъуэжын, сыхьэт бжыгъэкIэ сыдэкIын хуей щыхъукIэ, сыкъызэплъэкIыурэ сыдокI, пэжым ухуеймэ, – къызжеIэ Омар. – Эмиратым сыщыщыIэми фэтэрым сыщIэубыдауэ зэи сыщIэсакъым. Зэпымыууэ си гур щIыбым щыIэт, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм псы щIагъым дыщIыхьэрт. Си IэпкълъэпкъыIм си щхьэми зегъэпсэху зыгуэр щысщIэкIэ, псом хуэмыдэжу щIым сыщытележьыхькIэ. Уделэ, Дубай укъикIыжу мыбы укъыдэтIысхьэжыну, къыщызжаIэкIэ си жагъуэ мэхъу. Урысейм къыфхуищIэр къывгурыIуатэмэ, апхуэдэу жыфIэнтэкъым, яжызоIэ. Европэм, Америкэм я псэукIэу телевизорымкIэ, интернетымкIэ къагъэлъагъуэхэр псори пцIыщ. Ар тэмэму фи нэгу щIагъэкIатэмэ, абыхэмкIэ фыхъуэпсэнтэкъым. Хэкупсэ къудейуэ сыпсалъэркъым сэ, слъэгъуарщ зи гугъу сщIыр. НэгъуэщI къэралхэм зэрыщыпсэури слъэгъуащ, Урысейм и цIыхухэм яхуищIэри солъагъу. Сыт хуэдэ къэрал сабий ахъшэ къозытынур? Сабий ахъшэ къэгъэнауэ, цIыхубзыр зэфIэкIрэ махуищ дэкIмэ ахъшэр пачынущ, тхьэмахуитI нэхъ дэмыкIыу лэжьапIэм къыIуагъэкIыжынущ. Хэт унэ зимыIэр мыбы? Зы-тIу къэбгъуэтынуми аращ проценти 100-м хуэзэу. Унагъуэ къэс машинитI-щы дэтщ. ШхынкIи бэлыхьщ, зыри мэжалIэу жеижыркъым. Африкэракъым зэслъытыр, ди сабийхэр зэхъуапсэращи, фи фIэщ зэрыхъун, зыри хъуэпсэгъуэкъым. Бынхэм къагурыгъэIуэн хуейщ мыр. Зы махуэ Урысейм сызэрыхуэмылэжьауэ пенсэ къызет сэ къэралым. Сирие къудейр къэсщтэнщи, унэй Iуэху фIэкIа зумыхуамэ, къэралым ухуэмылэжьамэ, пенсэ къуитынукъым. Дохутыр Iуэхутхьэбзэхэращи,

пщIэншэщ, ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа къэралхэм хущхъуэ къудей къуащэнукъым, урицIыхуу щымытмэ.

Жьы къабзэ, пхъэщхьэмыщхьэ куэд, псыежэх... Ахэракъэ жэнэтым и плъыфэу къагъэлъагъуэр, Мухьэмэд бегъымбарыр къыщеха хьэрып пшахъуэщIым щыщымыIэр?! Мис ахэр щыкуэдкъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, атIэ жэнэт щIыналъэкIэ сыт абы уеджэ щIэмыхъунур? СыщIалэу сызэрегупсысынур сщIэртэкъым, ауэ иджыпсту сызыхуейр щэхуу, си Iэм хуэщIэр ищIэу сыпсэунырщ. Лэжьыгъэ леи, ахъшэ леи сылъыхъуэркъым. Нэхъ пасэу сыкъызэрымыкIуэжаращ сызыхущIегъуэжыр. ГъащIэр нэхъыбэу зытеухуар ахъшэракъым, узыншагъэращи, куэду Алыхьым къыдит, – жеIэ Омар.



**Омар и анэ Хъейрие, и бынхэмрэ абыхэм я быныжхэмрэ яхэсу.** *2011*



КъызэрывгурыIуащи, нэгъэсауэ хэкупсэщ Омар. Абы и щыхьэтщ я пэшхэм ящыщ зым ди къэралым и гербыр зэрыфIэлъыр. Апхуэдэуи гумызагъэщ. Зыгуэр ищIэну егупсысамэ, жэщым мыжея пщIондэ, етIуанэ махуэм ар зэщIауэ щытын хуейщ. Апхуэдэщ и хьэлыр. Абы гугъу иригъэхьу къыщысщыхъукIэ: «Сесащ, сфIэфIщ. Схъуэжын Iуэхуи къесхуэкIыркъым. Аргъуейм сыхуэдэщ. Сэри сыжейркъым, адрейхэри згъэжейркъым», – мэдыхьэшх Омар.

Гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым Омаррэ Ларисэрэ я зэхуаку дэлъ хуабагъэм. Адыгэхэм я нэхъыбэм ар ямыгъэлъагъуэущ дызэресари, згъэщIагъуэу гу щылъитэкIэ, Омар къызжеIэ:

– Бзылъхугъэм пщIэ хуэсщIу сезыгъэсар си адэращ. ЛэжьапIэм къикIыжа иужь зы дакъикъэ ди анэм къыбгъэдэкIыртэкъым

ар, «кхъыIэ, скIэрыкI» къыжриIэми, «и, Хъейрие», – жиIэрти бгъэдэтIысхьэрт. Дэри ар хьэлу къытхуэнащ. СогъэщIагъуэ я унагъуэм нэхърэ нэхъыбэ зэман я ныбжьэгъухэм зэрытрагъэкIуэдэфыр. Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, зыщIыпIи сыкIуэну сфIэфIкъым Ларисэ симыгъусэу.

ЛъэпкъкIэ зыщыщ Хьэтуей къуажэр фIыщэу елъагъу. Зы Iэмал цIыкIу къигъанэркъым абы щытхъуфыну къимыгъэсэбэпу, и цIыхухэращи, абыхэм хуэдэ щымыIэу къыщохъу.

ПщэфIэныр зыхилъхьэ щыIэкъым Омар. Илъэс пщыкIущ щыхъум щегъэжьауэ и анэм ипщэфIхэр къигъанэурэ езым щIэщыгъуэ гуэрхэр къигупсысу щытащ, и анэкъилъхухэр зригъэхъуапсэу. ПщафIэ нэтынхэм кIэлъоплъ, лъэпкъ куэдым я пщэфIэкIэм хещIыкI. Иджыпсту къегъэIурыщIэ адыгэ шхыныгъуэхэр. «Хугум плов къыхэсщIыкIыну сыхунэсакIэщ, – мэдыхьэшх Омар. – Къапщтэмэ, дыкъызэрыкIуэжрэ дызэгурыIуащ: сэ сопщафIэ, Ларисэ хьэкъущыкъухэр етхьэщIыж. ЗыхуэмышыIэ пщтырафэу, шей IэфIу щезмыгъафэ къэхъуу, а хьэкъущыкъу дыдэми сынос».

Инджылызыбзэр къыдалъхуами ярейуэ ещIэ Омар, зыхуеджари илъэс куэдкIэ щыпсэуа Хьэрып Эмиратым нэхъыбэу щызекIуэри аращ. Ауэ абы къыдэкIуэу итальяныбзэри франджыбзэри зригъэщIат. «Бзэхэр къызохъулIэ сэ, ауэ урысыбзэм нэхъ сыхэзагъэркъым. Адыгэхэм сакъызэрыхэтIысхьар арами сщIэркъым, ауэ ар къызохьэлъэкI», – жеIэ си псэлъэгъум.

Хьэрып Эмиратым илъэс тIощIым щIигъукIэ щыщыпсэуакIэ, плъэмыкIыу диным ехьэлIа упщIэр бзэгупэ къыпфIохъу. «Ар бгъэлъэгъуэн хуейкъым, зейр уи щхьэращи. Сытепсэлъыхьыни сфIэфIкъым, дин Iуэхуи къесхуэкIыркъым. КъурIэн деджэми, нэмэз тщIыми ди щхьэщ зыхуэтщIыр. Урысейм и ефэнды нэхъыщхьэм нэхърэ нэхъыфIу хызощIыкI диным жысIэкIэ езгъэлеину къыщIэкIынкъыми, ар Iуэху тыншкъым, дин щIэныгъэ зэбгъэгъуэтынуи гугъу дыдэщ. Утепсэлъыхьын хуэмейуэ аращ къызэрыслъытэр. Дин жыфIэу, хабзэ къевгъэжьэу, зыхэвмыщIыкIым фи Iуэху хэфлъхьэу, зыгуэрхэр къэвгупсысу фызыщымыгъуазэм фыхэмыIэбэ, яжызоIэ сэ зыгуэркIэ къызэупщIхэм. Фыадыгэщи, фи хабзэм фытет, фи бзэр зыщывмыгъэгъупщэ, абы фыкъигъэпцIэнукъым. Уи хабзэр хьэрып хабзэм хуэкIуэнукъым. Къэрал, лъэпкъ къэс зытетын хуейр и хабзэращи, нэгъуэщI къапщтэ хъунукъым, зэи нэсу хэпщIыкIынукъыми», – жеIэ Омар зэрызримыгъэубгъущэнум яужь иту.

Си щIалэр Ларисэ и деж инджылызыбзэм щыхуоджэ. Абы екIуалIэ сабий къэс гулъытэшхуэ къахуищIу, адыгэбзэ зымыщIэ цIыкIухэр игъэукIытэрэ къигъэпсалъэу, шхын щIэщыгъуэ къакIэлърихьэкIыу апхуэдэщ Омар. Езы цIыкIухэми я псэр апхуэдизкIэ кIэрыпщIащи, я псалъитIым языр абы и цIэращ. Сабийхэм набдзэгубдзаплъэу зэракIэлъыплъыр къэсщIащи, Омар соупщI: «Лъэпкъ теухуауэ, ди

щIэблэм ират гъэсэныгъэм сыт хуэныкъуэ, сыт щIыгъун хуейуэ къыпщыхъурэ?» ХощэтыкIри, жэуап къызет:

– Сабийхэр адэшхуэ-анэшхуэм я закъуэ ягъэсэн хуейкъым, ягъафIэурэ ягъэфIэIунущ. Ар зи пщэ дэлъын хуейр адэ-анэращ. УхущIыхьэу умыгъэсэфынумэ, къыумылъхуми нэхъыфIщ. Адэмрэ анэмрэ зэгурыIуауэ, зым жиIэр адрейм дыжиIэжу щытыпхъэщ. Абы утекIмэ, уи сабийр кIуэдынущ. Дэ адыгэхэм адэ-анэм хьэлу къытхалъхьар ди сабийхэм яхэтлъхьэжын хуейщ. Нэхъыжьхэм я зэманым хуэдэжкъым, нэгъуэщI хъуащ дунейри, абы нэсу хащIыкIыфынукъым адэшхуэ-анэшхуэм, хэзагъэуи яхуэгъэсэнукъым. Аращ нэхъыщхьэу къысщыхъур, адыгэр зэрыщыуэри а зы закъуэращ. Зыми ди лъэпкъыр къыкIэрыхуркъым, хэкупсэу адэ-анэм дыкъагъэхъуащи, ди бынхэри апхуэдэу къэдгъэхъун хуейуэ аркъудейщ.

**ИСТЭПАН Залинэ**

## АДЫГЭ ПСЭЛЪАФЭХЭР*

**ДЫГЪУЖЬЫГУ ШХЫН.** 1. ЛIыгъэшхуэ зехьэн, хахуэу, щхьэмыгъазэу щытын. *Дыгъужьыгу зышха бий бзаджэм и закъуэ езэуэн хуей щыхъукIи, Бышэн Тембот дилъэгъуа лIыхъужьыгъэм Мурат къару къыхелъхьэ.*

2. Шынэкъэрабгъэу, лIыгъэншэу щытын. *Шынэкъэрабгъэм ауан хэлъу, дыгъужьыгу ишхащ жаIэу, щыщыдыхьэшх къохъу.*

**ДЫЖЬЫНЫГЪУЭ УЭНЖАКЪ.** Жьы. Къулейуэ, фIыуэ, хуэщIауэ псэум хужаIэ. *(Дыжьыныгъуэ – адыгэ феодальнэ обществэм лIакъуэлIэшхэм къакIэлъыкIуэу, абыхэм хуэдэу хуитыныгъэ зиIэу щыта уэркъ лъэпкъщ).*

**ДЫЩЭКIЭ ГЪЭЛЫН (ЛЭН).** Зыгуэрым саугъэт лъапIэ дыдэхэр етын, дуней хъугъуэфIыгъуэр къегъэлъэлъэхын.

**ДЫЩЭМ ХЭСЫН.** Егъэлеяуэ къулеин, зыхуейр къелыжу псэун.

**ДЫЩЭР И IЭПЭМ КЪЫПЫЩЫН.** IэщIагъэ гуэрым хуэIэзэу, хуэIэкIуэлъакIуэу щытын, абы хъер, фейдэ къыхэхын. *Хъыджэбзым имыщIэф щыIэтэкъым, дыщэр и Iэпэм къыпыщырт.*



### ДЖ

**[И] ДЖАБЭР ЩIЭУДЫН.** 1. Зыгуэр убэрэжьын, къун. *Иджы ущабэ хъунукъым, зи джабэ щIэудын хуейр мащIэкъым.*

2. Зыгуэр (п.п. бийр) зэхэкъутэн, хьэбэсабэу зэтеукIэн, зыгуэрым псынщIэу кIэ етын. *Тэрчкъалэ деж нэмыцэм и джабэр щыщIаудащ жаIэу зэрызэхихыу, аргуэру партизан Iуэхум зритыжащ [Якъуб].*

**ДЖАБЭЩIЭЛЪ ЕТЫН.** Зыгуэрым хуабжьу ешхыдэн. *ЖыхуаIар щимыгъэзащIэм, и щIалэм адэ къэгубжьам джабэщIэлъ иритащ.*

**ДЖАКIУЭ ХУЭЩIЫН.** Зыгуэр пщIэ хэха хуэпщIу егъэблэгъэн. *Нобэрей махуэм, джакIуэ хуащIами ярейуэ, цIыхур щыпэкIурт правленэ пщIантIэм.*

**ДЖАНЭ IЭЩХЬЭР ПЫШХЫКIЫЖЫН.** Зыгуэрым щхьэкIэ хуабжьу гузэвэн. *Мэз кIуа щIалэм къыщимыгъэзэжым, и анэр мэгузавэ, и джанэ Iэщхьэр пешхыкIыж.*

**ДЖАТЭ ИХАМ ХУЭДЭН.** Сытми хуэгъэзауэ щытын. *Хьэсэн зы къуэш иIэщи, джатэ къихам хуэдэщ, пыIэ жыпIамэ, щхьэр къихьынущ.*

**ДЖАТЭР ГЪЭБЗЭН.** ДжатэкIэ IэкIуэлъакIуэу зэуэн. *Лъэпщ и джатэр нартхэм ягъэбзащ куэдрэ.*

---

* КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр нэгъабэрей етIуанэ-етхуанэ, мыгъэрей япэ, етIуанэ номерхэм итщ.

**ДЖЭГУ ХЭМЫЛЪУ.** ГушыIэ хэмылъу, и фIэщу. *А къалэныр, джэгу хэмылъу, езы Алыхьталэм къалэн къыхуищIауэ къилъытэжырт Къазий-Мухьэмэд.*

**ДЖЭГУ ХЫХЬЭГЪУЭ.** НыбжьыщIэр балигъ, джэгум хэтыфу щыхъу ныбжь. *[Лолэ:] Си джэгу хыхьэгъуэ щыхъум, зауэ угъурсызыр къыттепсыхащ, икIи ар [Батий] зауэм кIуащ.*

**ДЖЭГУЭН ЩIЫН.** *Еплъ* **джэгупIэ щIын.** *Дахэ цIыкIур къыдишащи, Ар пщы хьэщIэм къегъэуджыр, Джэгуэн ищIу унэIутым Псалъэ хъуэркIэ догушыIэр.*

**ДЖЭГУПIЭ ХЪУН.** И нэмыс фIэкIуэдын, и напэр текIын, щIэнэкIалъэ, ауан хъун. *ЗыкъэфIэти, фи джатэ жанхэр Дзэ фIыцIаем, уей, нытевгъабзэ, Армырамэ джэгупIэ дохъу.*

**ДЖЭГУПIЭ ЩIЫН.** Зыгуэрым щIэнэкIэн, и напэр техын; ауан щIын. – *А сэ джэгупIэ сыкъэзыщIахэм сэ сахурикъункъэ,* – *жери мурад ищIащ Хъуэжэ.*

**ДЖЭДУ ФIЫЦIЭ ЯКУ ДЭЖЫН.** ЗэщыIеин, зэфIэнэн, зэфIэкIуэдын. *ЗэныбжьэгъуитIыр зэпсэлъэжыртэкъым, джэду фIыцIэ яку дэжам хуэдэт.*

**ДЖЭДУ ХЬЭРЭМЫНЭ ЗЫЩIЫН.** Хуэмеифэ зытегъэуэн, пфIэмыфI нэпцI зыщIын. *Джэду хьэрэмынэ зищIу щысащ хъыджэбзыр, псоми зыхуейр къащтэху.*

**ДЖЭДУХЬЭЖЫ ЗЫЩIЫН.** Iэдэбыфэ, сабырыфэ зытегъэуэн. *ЩIалэ цIыкIу къуейщIеяр, и анэр къемышхыдэн щхьэкIэ, джэдухьэжы зищIауэ, шэнтым тесщ.*

**ДЖЭДЫГУР ХУЗЭГЪЭДЗЭКIЫН.** Ней-нейуэ зыгуэрым еплъын, нэмыплъ етын, гуапагъ хэмылъу IущIэн. – *Хьэжым и къуэми си джэдыгур къыхузэзгъэдзэкIынщ,* – *жиIащ Мурат.*

**ДЖЭДЫКIЭ ПЦIАПЦIЭМ ЕЩХЬУ КЪЕХЬЭКIЫН.** Хуэсакъыпэу, щысхьыпэу зехьэн. *ЩIалэм и Iэпщэ сыхьэтыр джэдыкIэ пцIапцIэм ещхьу кърихьэкIырт.*

**ДЖЭДЫКIЭ ЩЫЗЕБГЪЭЖЭН ХУЭДЭУ.** Джафэу, и щыгур зэхуэдэу. *Хьэмыр джэдыкIэ щызебгъэжэн хуэдэу ягъэкъэбзат, ягъэхьэзырат.*

**ДЖЭДЫКIЭМ ЦЫ КЪЫХЭХЫН.** Iупэцабэу щытын, хэплъыхь куэд щIын, дзы фIэщын. *Къабзэлъабзэныр апхуэдизкIэ фIэфIыщэу, джэдыкIэм цы къыхех жыхуаIэ Вадим Геннадиевичым и теплъэр иджы хуабжьу зэхэуат.*

**[И] ДЖИЙМ ЕМЫХЫН.** Зыри имышхауэ щытын. *Дыгъуасэ лъандэрэ Мусэбий и джий ерыскъы емыха пэтми къэкIуэжакъым.*

*КъыкIэлъыкIуэнущ*

**БИЩIО Борис,**

*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*

# Псалъэжьрэ къуажэхьу зэхэлъ псалъэзэблэдз




*ЕкIуэкIыу:* **5.** Къан хъыджэбзитI зэлъэпагъщ *(къуажэхь)*. **7.** ... зэгухьэмэ, хьэмыр ягъэнщI. **9.** Хуарэр ..., гум йокъу. **11.** ХьэщIэ къашэ щыIэщи, хьэщIэ ... щыIэкъым. **12.** ХабзэмыщIэ щытхъухьым хьэгулывэм фо ... . **13.** Гъатхэ нагъыщэ, псэущхьэ дахэ *(къуажэхь)*. **14.** Уэ узыхьыну псым сэри ... . **18.** ... зыгъэщауэр гуащэщи, гуащэр зэрыгуащэр и щэнщ. **22.** Уи вакъэр ..., дуней псор зэв къыпщещI. **24.** Умылъытэр уимыIэ ... . **25.** Ди бжэгъу щхьэкIэм джэдыкIэ хужь цIыкIу пылъщ *(къуажэхь)*. **26.** ... и анэ гъыркъым. **27.** ЛIым ... зыхуиIыгъыр зы дакъикъэщ. **28.** Дунейр зи кIыхьагъыу пабжьэм

къыхэмыщ *(къуажэхь)*. **32.** ... фIэмылIыкIыр жылэм и нэхъыкIэщ. **33.** И гурыфIыр мэхъалэщ, и ... щыблауэщ. **34.** Езым имыщIэми, ... едэIур делэкъым. **39.** Щхьэнтэ щIыIум щыпырхъ, Iэнэ щIагъым щытхъэж *(къуажэхь)*. **40.** Зи губгъуэр хужь, зи жылэр фIыцIэ *(къуажэхь)*. **42.** Зи бзэ IэфIым блэр гъуэмбым ... . **44.** ЛIым шы имыIэмэ, бгъэм ... темыт хуэдэщ. **45.** ... гъуэгум щыхьэлъэкъым. **46.** ... нэфрэ зэрыщIэркъым. **47.** ... пшахъуэщи, гъащIэр пцIащхъуэщ.

*Къехыу:* **1.** БгъэнышкIу пэтми хэмыз, ныбэр из зымыщI *(къуажэхь)*. **2.** МыIэфI, мыдыдж, джэд лыбжьэр гурыхь зыщI *(къуажэхь)*. **3.** ... цIыкIу псышхуэ итхьэлэрэ? **4.** ... гъэбжьыфIэщ. **6.** Тхьэмпабгъуэ и къуэ лIы хъуреижь *(къуажэхь)*. **8.** Къуэ уиIэмэ, нысэ ... . **10.** ... лIыфIрэ хэт дэзэшын? **15.** И псалъэ нахуэщ, и Iуэху ... . **16.** ... итхьэлэм блэм зрешэкI. **17.** ... и бэщмакъыу зыкърегъанэ. **19.** ... жьы хъумэ, хьэIуцыдзыр щодыхьэшх. **20.** Зи Iуэху мыхъунум ... кIэрыщIащ. **21.** Мывэ сыныр ... , мыкIуэдыжыр уэрэдщ. **23.** ... псыдзэрэ уадэмыджэгу. **29.** ... я гугъу ящIурэ, тхьэмыщкIэм и уэздыгъэ мэс. **30.** Фыз фIыцIэ нэгъуд, щIым дыд хэзыIу *(къуажэхь)*. **31.** Зи щыгъыныр хыщI, зи щыгъынхэр щIыIуншэ, хэт итIэщIми зыгъагъ *(къуажэхь)*. **33.** ... зиIэ и Iэщ лъэпантхуэркъым. **35.** ... зыщихъумэурэ мащэм ихуащ. **36.** ... лIыхъужьщ, зэуэгъуэм жьындущ. **37.** Хэмыхъуэ ... . **38.** ... благъэгъэкIуэдщ. **41.** НэхъыщIэ нэхъ ... . **43.** Псым хэкIуадэ пшахъуэху шыугъэ *(къуажэхь)*.

*Зэхэзылъхьар* **МЫКЪУЭЖЬ Людмилэщ**



**Ещанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкIуэкIыу:* **5.** Къуэшкъым. **6.** Ныбжьэгъу. **8.** Гъэмахуэм. **9.** Мылъхуэ. **11.** Ишхыр. **15.** Iэнэ. **17.** Адэрэ. **18.** Гъунэгъу. **20.** ПхъащIэ. **21.** Арэфу. **23.** Хейщ. **26.** Шхэмэ. **27.** Гъуэгур. **29.** Жылэм. **31.** ХьэщIэр. **32.** Акъылищэ. **33.** Гуращэщ. **36.** Джэркъым.

*Къехыу:* **1.** Хьэдрыхэ. **2.** ЦIыхугъэ. **3.** КIыхьми. **4.** Мэкъумылэ. **7.** ЖьантIэм. **10.** ХущIэ. **12.** Шыгъу. **13.** Напэншэ. **14.** ФIэдахэщ. **16.** Нэхъей. **19.** Нэфрэ. **22.** Гъуэмылэ. **24.** Емынэрэ. **25.** Щхьэ. **27.** Гъусэ. **28.** Гугъэжкъым. **30.** МафIэм. **31.** Хьэрэм.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№4**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Залина Истепанова (ответственный секретарь),
Астемир Татроков, Юрий Тхагазитов,
Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 05.08.25. Выход в свет 25.08.25
Формат 70х108 $^{1}/_{16}$. Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 15,4.Уч-изд. л. 12,3. Тираж 1911 экз. Заказ №1683
Подписная цена на 2 месяца 75р. 87к.
Подписная цена на 6 месяцев 227р. 61к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион»
357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩIЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыIэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркIэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэмэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Ставрополь щIыналъэ, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэм и уэрам, 5а, ООО «Издательство «Южный регион». Телефонхэр: 8-879-342-22-09; 8-879-346-87-66.

ДЖЭДГЪЭФ Борис
*(1938)*

## СИ АДЫГЭ НАПЭ

Сэ соупщІыр, сэ соупщІ дыгъуасэм,
Тхыдэм и дыгъуасэ гум и щІасэм:
– Яхъумахэр сыт ди адыгэлІхэм,
Я псэ Іэфlыр мафІэм щыпэралъхьэм?
Зыщ жэуапыр: ар адыгэ напэщ,
ГъащІэм елъэпІэкІ адыгэ напэщ.
Ноби си гум арщ щІигъэнэхъапэр
Си адыгэ, си адыгэ напэр.

Сэ соупщІыр, сэ соупщІ си махуэм,
Си нобэрей махуэ псэм и хъуахуэм:
– Зыхуэлажьэр сыт си гъащІэ мащІэр,
СыщІэпагэ мы си лъэпкъ гумащІэр?
Зыщ жэуапыр: ар адыгэ напэщ,
ГъащІэм елъэпІэкІ адыгэ напэщ.
Ноби си гум арщ щІигъэнэхъапэр
Си адыгэ, си адыгэ напэр.

Сэ соупщІыр, сэ соупщІ си гъащІэм,
Си къэкІуэну гъащІэ нуру сфІэщІым:
– Къыхуэзгъанэр сыт си лъахэ дыщэм,
Сыпсэуну сэ сащымыгъупщэу?
Зыщ жэуапыр: ар адыгэ напэщ,
ГъащІэм елъэпІэкІ адыгэ напэщ.
Ноби си гум арщ щІигъэнэхъапэр
Си адыгэ, си адыгэ напэр.